К. З. ЧОКАЕВ

# ВАЙН МОТТ — ВАЙН ИСТОРИ

Грозный «Книга» 1991

ББК 81
Ч 75

**Чокаев К. З.**
Ч-75 Наш язык — наша история. — Грозный: Книга, 1991. — 192 с.

Ч $\frac{4402000000 - 65}{М135(03) - 91}$ 4 — 91 ББК 81

ISBN 5—7666—0243—0

© К. З. Чокаев, 1991

Деден Чоккин безамна.

**Автор.**

## АВТОРЕРА

Нохчийн, гIалгIайн къаьмнаш шаьш цхьана орамах схьадевла делахь а, къаьсттина ши къам ду.

Амма и къаьмнаш схьадевлла некъаш лоьхуш беш болчу талламашкахь уьш вовшех къастадойла яц вайн, хIунда аьлча тIаьхьарчу 1—2 бIешарчохь кхиаран некъаш вовшех къаьстина хиллехь а, амма схьадовларан туш цхьаъ ду церан. Цхьаъ ю церан хьалхалера истори а. Ткъа церан и туш лоьхуш а, хьалхалера истори Iамош а беш болчу талламашкахь, вайна а лаахь а, ца лаахь а, цу шина а къомо шаьш шайх йоккхуш хилла йолу а, ткъа хIинца а йоккхуш йолу а юкъара цIе ца лелийча ца довлу вай. И цIе **вайнах** ю.

Цу цIарца хIокху тIаьххьарчу заманахь Iилманехь гIалгIайн, нохчийн къаьмнаш билгалдо вай, амма 10—15 шо хьалха а цу цIаро хIинца гуьржийн махкахь Земо-Олвани олучу юьртара нохчашний, гIалгIашний шайн схьадовларца юххера болу бацой а (гуьржийн маттахь цIова-туши) юкъалоцуш хилла.

Таханлерачу денна вай дуьйцучу къаьмнийн бацой а тIехь юкъалоцуш Iилманехь йоккхуш йолу цIе **нах** ю, **нахски мотт** а олу. Делахь а, талламашкахь лело бIегIийла йоцуш ю и термин, хIунда аьлча вайн заманан нохчийн, гIалгIайн шуьйрачу гонашна иза «адамаш» бохучу маьIнехь бен ца евза. Ткъа «вайнах» боху дош, коьрта долчу декъана, нохчийн а, гIалгIайн а къаьмнаш билгалдеш евзаш а, муьлххачу а нохчочун а, гIалгIачун а кхетамехь нохчийн, гIалгIайн меттанашца мелла а богIуш болу мотт буьйцу къам ша юкъалоцуш а ю. Ткъа хууш ду, бацойн маттах хала кхетахь а, нохчий, гIалгIай кхеташ хилар.

Цундела оцу дерригенна а тIе а доьгIна, хIара болх шуьйррачу дешархойн гонашна лерина хилар тидаме а эцна, вай лакххахь дийцинчу маьIнехь, кху балха тIехь «вайнах» боху цIе лелор ю вай. Ткъа нохчий, гIалгIай къастийна билгалбаха безаш хилахь, цу шина къома цIе къастийна а йоккхур ю вай. Кхин цхьаъ ду. Оцу шина къоман шен-шен йолу материалаш яло езачохь, оха коьрта долчу декъана нохчийн материалаш

ялайо. Иза дац гӀалгӀайн материалаш кӀезиг ю бохург. Нохчийн материалаш авторна алсамо евзаш хилар ду иза.

ХӀокху белхан Ӏалашо — маттах пайда а оьцуш, вайн республикан бахархойн шуьйррачу гонашна кхета долччу кепехь нохчийн къоман исторех а, генна хьалха заманахь хиллачу культуран а хьокъехь болу цхьаболу хаамаш балар ю.

Балха тӀехь далийна вайн дешархошна кхета атта хиндолчу кепара дуккха а хӀуманаш. Тхо тхешан ницкъ ма кхоччу кӀезиг дало гӀиртина цхьацца хьостанашкахь долу къийсаме гӀуллакхаш а, кхоччуш теллина боцу шеконан хаамаш а. Дуьйцуш дерг коьрта долчу декъана Ӏилманан кепара оха а, кхечара а язбинчу белхашкахь теллина ду. И белхаш оха ша къаьсттина ялийначу спискехь гойту. Бакъду, цхьадерг дуьххьара далийна а ду кхузахь.

Цу дерригено а таро хуьлуьйту хӀара нохчийн маттахь Ӏилманан-популярни кепехь язбина дуьххьарлера болх бу ала. Шен темица а дуьххьарлера таллам бу хӀара.

Ткъа хууш ду, дуьххьарлера гӀулчаш даима а хала хуьлуш хилар а, гӀалаташ доцуш хуьлуш цахилар а.

Иза муьлххачу гӀуллакхехь а иштта хуьлуш ду, ткъа Ӏилманехь-м къаьсттина а.

Советан Ӏедалан заманахь къоман политика дахарна юкъа ялор бахьанехь кхоллабелла болчу нохчийн литературни маттахь Ӏилманан, Ӏилманан-популярни а стиль кхоччуш кхиаза ю хӀинца а.

Цу тӀе доьгӀна аьлча кхеташ ду, кху балха тӀехь болу цхьаболу эшамаш а, гӀалаташ а, хӀара санна болчу муьлххачу а балха тӀехь санна, объективни бахьанашца нислуш хилар.

ТӀейолчу ханна дешархойн гӀоьнца гӀалаташ нисдеш, болх тобан а хьовсур ду тхо.

# МИЧАХЬ БАЬХНА ВАЙНАХ ХЬАЛХА ЗАМАНАХЬ?

Вайн мотт — вайн истори.

(А. С. Пушкин)

Нохчий, гIалгIай, Кавказан кхидолу орамера къаьмнаш санна, дукха хьалха дуьйна Кавказехь баьхна хиларна тоьшалла до церан матто. Изза гойту ткъа йозанан, археологин материалаша а. Масала, вайнехан маттахь ю Кавказан Iалам билгалдеш йолу ерриге а цIераш. (Уьш коьрта долчу декъана меттиг кхоорхьама нохчийн маттахь ялайо оха, гIалгIайн маттахь а уьш йолуш ю).

**Д и т т и й н  ц I е р ш:** дакх, дагI, къахьшту (гIалгI. къаьхьъэст), бIаьллинг, наж, пха, поп, элхьамч, хьамц, тал, хьиех, лиеге, муьшдечг, маъ, цIулдечг (гIалг. цIондахч), дак, IандагIа и. дI. кх. а.

**Б е ц и й н  ц I е р ш:** кIабуц, чIим, вирчIим, вирбаI, баI, динберг, хьоькхург, нитт, кхазарш, хьожа йогIу буц, бIоста, кхо га долу буц, эрз, буоь, муьжгаш, хьонка, муьста, IаI, балг, и. дI. кх. а.

Кавказерчу дерриге а акхаройн, олхазарийн а цIерш ю вайн маттахь.

**А к х а р о й н  ц I е р ш:** ча, нал, борз, була, цхьогал, луом, акхацициг, цIуокъ, къиезаг, масар, хьиех (тур), акхагаза, лу и. дI. кх. а.

Вай цIераш яьхна цхьадолу акхарой хIинца Кавказехь дацахь а, амма хьалхенгахь уьш кхузахь хилла хилар гойту цу дешнаша.

**О л х а з а р и й н  ц I е р ш:** леча, куьйра, чIегIардиг, хIуттут, алкханча, нIаьвла, лекъ, аьрзу, гIиргIа, кхокха, чIегIаг, суьличIегIаг, хьоза, бIаьстенхьоза, хIуьрцIелдиг, цIирцIирхьоза, чолхахьоза, жагIжагI, атйокх, къоркхокха, чIерийлоьцург, гIургIаз и. дI. кх. а.

Юьхьанца вайнехан генна хьалхалера дай баьхначу меттехь хIордаш хилла цахиларан билгало ю «хIорд» боху дош цара скифийн маттера тIеэцна хилар (скиф. **форд**, гIалгI. **форд**).

Даккхий хийш ца хилла вайнах юьхьанца баьхначу меттехь. Иза иштта хиларан билгало ю догIуш долу хий, молуш долу хий «**хи**» аьлла, цхьана дашца билгалдеш хилар. Бакъду, ла-

манан охьадогӀу хиш **«ахк»** олий билгалдоккхуш ду, амма оцу дашо цхьа хи билгалдина ца Ӏа, цо и хи догӀу чоь а (**Ӏин, чӀож, цхьа кӀоргалла**) гойту.

Вайнах баьхна территори лаьмнаш долуш хилла хиларан тоьшалла ду **«лам»** боху дош церан маттахь хилар. Оцу дашах ду **«лами»** боху дош. Цо гойту, лами хьалхенгахь ламанех киртигаш йохий беш хилла хилар. Ткъа ша **«лам»** боху дош шина декъах лаьтта: **ла+м**. Цуьнан хьалхара дакъа **ла** — **«лакха»**, **«лаха»** бохучу шина маьӀнехь лелаш ду (**ла+кха+ха**). Делахь хӀета, **ла** боху дакъа лакхаллица я лахаллица доьзна хиларо гойту **м** — дакъа маьлхаца доьзна хилар а, хӀунда аьлча, хьалха маьлхах **ма** олуш хилла (хьовса лахахь). Шера йоцучу меттагашкахь вайнах Ӏийна хилар гойту иштташу дешнаша а: **барз, басне, гу, ирхие, Ӏин, чӀож,** и. дӀ. кх. а.

Иштта бу меттан тоьшаллица хьалха заманахь вайнах баьхначу меттигах лаьцна болу хаамаш. Цу хаамашна тӀе доьгӀна аьлча, нахски меттанаш буьйцуш долу къаьмнаш Кавказан орамера къаьмнаш лара таро ю. Амма иза дац уьш, шайн схьадовларца царна гергара долу Кавказан кхидолу къаьмнаш санна, цхьана заманчохь кхуза кхечахьара даьхкина дац бохург.

Дуккха а Ӏилманчийн, къаьсттина аьлча, академикийн Н. Я. Марран, А. И. Джавахишвилин, Г. А. Меликишвилин, А. С. Чикобаван, проф. Ю. Д. Дешериевн, Р. М. Магомедовн, иштта кхечеран а тоьшаллица, Кавказан орамера къаьмнаш Кавказе Хьалхарчу Азера даьхкина. Уьш кхуза шина новкъа кхаьчна.

Хьалхара некъ — иза Малхбалехьара некъ бу. Дербент юххехула ХӀинж-хӀорданий (Каспийски хӀорд), Кавказан лаьмнашний юккъехула къилбехьара къилбаседехьа богӀуш берг. Оцу новкъа схьадаьхканарш коьрта долчу декъана дегӀастанан къаьмнаш ду. Кахети олучу хӀинцалерачу Малхбале Гуьржичоьнан махкахула хьалабаьхкина вайнах, юьхьанца Кавказан лаьмнашна къилбехьа агӀор, хӀинцалерачу Къилба-ХӀирийн махка кхаччалц охьахевшина.

Амма тӀаьхьуо цара Кавказан лаьмнийн чӀежнаш а, церан къилбаседехьара басош а дӀалаьцна.

И дерриг а чӀагӀдеш ю хӀинца а оцу цӀераш яьхначу меттигашкахь хаалуш йолу, нахски меттанашца бен тидалуш йоцу топонимаш (меттигийн цӀерш). Цул сов, и чӀагӀдо Ӏилманчаша А. И. Джавахишвилиссий, Г. А. Меликишвилиссий, А. С. Чикобавассий и. дӀ. кх. а.

ШолгӀа некъ — иза малхбузехьара некъ бу, Ӏаьржачу хӀорда йистехула Къилбехьара Къилбаседехьа боьдуш берг. Цу новкъа баьхкина коьрта долчу декъана Ӏаьржачу хӀорда йисте, хӀинцалерачу Малхбузе Гуьржийн территори тӀе а, Абхазски АССР-н территори тӀе а охьахевшина кхузаманахьлерачу чер-

газойн, абхазойн, гIебартойн, иштта шаьш Iилманехь адыгаш аьлла девзаш долчу кхечу къаьмнийн а геннара дай.

Юьхьанца Кавказан лаьмнийн къилбехьарчу меттиге хевшина уьш, амма тIаьхьо церан цхьадакъа (абхазой) цигахь диса а дуьсуш къилбаседехьа бевлла царех цхьаберш. Ткъа церан цхьа га ларалуш болу гIебартой шаьш хIинца болчу территори тIе 12—13-чуй бIешерашкахь кхаьчна. Цул хьалха уьш Кавказан лаьмнийн къилбаседехьа агIор йолчу Iаьржачу хIорда йистехь Iаш хилла.

Оцу тайпана, цхьана туьшара арадевлла долу и къаьмнаш цхьана новкъа цадахкар бахьанехь вовшашна дикка херадевлла.

Вовшашна юххерачу некъашкахула даьхкина долу ДегIастанан, вайнехан къаьмнаш маттаца юххеро ду. Царна гено ларало адыгаш, уьш дикка генарчу новкъахула бахана хиларна а, Закавказьехь а, Iаьржачу хIорда йистехь а севцна бехо Iийна хиларна а. Вай лакхахь ма-аллара, XII—XIII-чуй бIешерашкахь бен нахско-дагестански мотт буьйцучу къаьмнашца юха вовшах кхетийла ца хилла церан.

Мотта тарло и дерриге а йоццачу хенахь хилла гIуллакх ду, аьлча а доггIушехь Хьалхарчу Азера Кавказе а даьхкина охьахевшина вай дийцина къаьмнаш. Иза иштта дац. БIешерашкахь некъ бина орамерачу Кавказан къаьмнаша хIинца шаьш дехачу меттигашка кхочуш. Масала, ламанан Кавказан къаьмнаша шаьш хIинцалерачу мехкашка кхачале ехха хан яьккхина Закавказьехь. Цул тIаьхьа еххачу хенахь лаьмнашкахь Iийна уьш. Шайн хIинцалерачу мехкашка кхочу-кхочуш кхаьчна вайнах а, кхиберш а. Iилмано бахарехь, вайн эра тIекхачале V-чу эзарлагIчу шарахь, аьлча а 7 эзар шо гергга хьалха, доладелла и кхалхарш вайн эран II-чу бIешарралц дахделла. Доцца аьлча 3 эзар шарахь дахло и гIуллакх.

Оцу тайппана Кавказехьа цхьадолу дакъош схьаоьхуш Хьалхарчу Азехь буха дуьсуш долчу тайпанаша кхоьллина аьлла ду Iилманехь Хетски а, Шумер (вайн эра тIекхачале долу IV—III эзарлагIа шераш), Митани, Урарту (I-ра эзарлагIа шо) пачхьалкхаш. Цу пачхьалкхашкахь дуьйцуш хилла долу меттанаш а, хIинцалера Кавказан меттанаш а вовшашна юххера хилар гучудаьлла ду Iилманехь (хьовса цунах лаций лахахь).

Вайн заманахь нохчий, гIалгIай дукхах берш Нохч-ГIалгIайн республикехь беха. Цул сов, уьш бу вайн вежараллин къаьмнийн республикашкахь а: ДегIастанехь (нохчий), Гуьржехь (нохчий), Къилбаседа-ХIирийн АССР-хь (гIалгIай а, нохчий а), ГIалмакхойн махкахь, Киргизехь, Казахстанехь, Россехь.

Дозанал арахьарчу пачхьалкхашкахь а бу уьш, масала, Тур-

цехь, Иорданехь, Сирехь (нохч. Шема), Иракехь а. Цу мехкашка уьш коьрта долчу декъана 19-чу бIешарахь дикане сатуьйсуш Iехабаларца кхаьчна.

## ВАЙНАХ СХЬАБОВЛАРХ ЛАЬЦНА

### ВАЙНЕХАН МЕТТАН УРАРТУН ПАЧХЬАЛКХАН МАТТАЦА ХИЛЛА ЙОЛУ УЬЙР

Муьлхха а къам а схьадаларан лорах кхиар халачех лоруш гIуллакх ду Iилманехь. Иштта шаьш схьадовлар мичара ду ца хууш къаьмнаш дуккха а ду.

Къаьсттина хала ду вайнах схьабовларх лаьцна дийца, хIунда аьлча, церан хьалхенгахь йоза хилла цахилар бахьанехь, цу гIуллаках яздина бухадисина хIума дац. Цу тIе доьгIна аьлча, вай дуьйцуш долчу гIуллакхан коьрта хьоста вайнехан мотт бу. И иштта хилар къобалдина ду Iилманчаша а. Цундела вай хIокху талламехь вайнах схьабовларах а, церан генна хьалхалерачу историх а дуьйцуш коьрта долчу декъана маттах пайда оьцу, къаьсттина аьлча меттигийн — лаьмнийн, яртийн, хийн, къаьмнийн, тайпанийн цIерех а, иштта кхечу ширачу дешнех а, халкъан барта кхолларалех а.

Амма вай тидаме оьцур ду иштта йозанан хьостанаш а, къаьсттина гуьржийн, эрмалойн йозанан хьостанаш.

Иза дац вайга и гIуллакх кхоччуш къасталур ду бохург. Вай дуьйцуш дерг, дешархоша тидам тIебохуьйту болу вайнехан генна хьалхалерачу историх, церан схьабовларх лаьцна цхьацца болу хаамаш балор бу, бохург ду.

Вайнах — нохчий, гIалгIай, бацой — шаьш иберийско-кавказски меттанаш дуьйцуш долчу Кавказан кхечу къаьмнашна (гуьржашна, черзагашна, абхазошна, гIебартошна, ДегIастанарчу дуккха а долчу къаьмнашна (жIайшна, лаьзгашна, цIадахьрошна, иштта кхечарна) схьадовларца а, маттаца а, культураца а юххера а долуш Кавказан орамера къам ду.

1990-чу шарахь нохчий миллион гергга, гIалгIай 300 эзар бу. Гуьржехарчу цхьана юьртахь Iаш бу бацой. Уьш юххерчу хьесапехь 5—6 эзар стаг хир ву. Цигарчу Ахметовски районехь 7 юьртахь беха цIаьнгазхой олу нохчий (гуьржаша кисти олу царах).

1959-чу шарахь Тбилисехь араяьлла академика Г. А. Меликишвилис язйина йолу авторна ша бахьанехь Ленински премиелла йолу **«К истории Древней Грузии»** цIе йолу книга. Цу книги тIехь аьлла ду: «Иберийско-кавказски меттанаш дуьйцуш долу тукхамаш, схьагарехь, дукха хьалха заманахь дуьйна а Закавказьян а, Къилбаседан-Кавказан а территори тIехь а даха схьахевшина ду... Иберийско-кавказски къаьмнел хьалха

кхин къам Кавказехь хилла бохург чIагIдеш материал яц историехь гучуяьлла»[1]. Цунна тоьшалла до ширачу топонимаша а, археологически ахкамаша а.

«Амма, — боху Г. А. Меликишвилис кхидIа а, — и дац кхечара (схьахетарехь, къилбехьара) маццa а даьхкина а иберийско-кавказски къаьмнаш кхуза даьхкина дац бохург»[2]. Г. А. Меликишвилис Кавказан къаьмнаш вовшахкъаста доладелла хан вайн эра тIекхачале долу 2-гIа эзарлагIа шо чекхдолу мур лору. Цул сов, Урарту олуш вайн махкахь дуьххьара кхоллаелла хилла йолчу пачхьалкхах вайнехан орам а боьзна академика. Проф. Е. И. Крупновс шен **«Древняя история Северного Кавказа»** цIе йолчу балха тIехь Кавказан къаьмнаш вовшах къаста доладелла хан кхин а гена йоккху[3]. Ткъа меттанийн тоьшаллица а 4—5 эзар шеран хьалхенга дIадоьду и гIуллакх. Цунах лаьцна, юххерачу хьесапехь дерг бен, билггал хууш хIума дац. Iилманчаша И. Манандяна, А. Чикобаевас, Г. А. Меликишвилис, и ишта кхечара а чIагIдарехь, Кавказан дукхах долу къаьмнаш, шайца цхьана вайнехан геннара хьалхалера дай а болуш, вай лакхахь цIе яьккхинчу Урарту пачхьалкхан юкъа догIуш хилла. И ишта хилар гучудаьккхина коьрта долчу декъана Уpартун меттанашца Кавказан хIинцалерачу къаьмнийн меттанийн йолчу уьйраша. И дерриге а кхоччуш билгалдаьккхина дац, амма тIаьхьа-тIаьхьа чIагIлуш ду.

Бронзан зама чекхйолучу муьрехь (вайн ара тIекхачале долу III-гIа эзар шо, хIинцачул 5—6 эзар шо хьалха) Закавказьехь, Севан, Ван Iаьмнашна гонах, Аракс-хи йистошкахула дехаш хилла вовшийн гергара а долуш, цу замане диллича лаккхара культура а йолуш долу 40—60 тукхам. Лулахь йолчу **Ассирия** пачхьалкхан паччахьаша даима а тIелеташ хьийзош хилла и тукхамаш. Цунах лаьцна йозанан хьостанаш ду вайн эра тIекхачале хиллачу XIII-чу бIешеран заманахь дуьйна.

Оцу тукхамийн **Наири** олучу нуьцкъалчу тукхаман олаллица къаьсттина пачхьалкх кхоллаелла вайн эра тIекхачале долчу IX-чу бIешеран заманахь.

Кхаа бIешарахь лаьттина и пачхьалкх, VI-чу бIешарахь (вайн эра тIекхачале йолу зама) Ассирия, Мидия пачхьалкхаша йохийна Урарту. Урарту пачхьалкх йохаран бахьанех цхьаъ ду, цигарчу къинхетам боцуш хьолахоша бацош Iазапехь латтош хиллачу лайша бина болу гIаттамаш а. Вай лакхахь далийнарш арахьара бахьанаш хиллехь, ткъа и тIаьхьарниг Урарту йохоран чоьхьара бахьана хилла.

Iилманехь гучубевлла болу **Урарту** паччахьаш хIорш бу: **Арам** (860—825), **Сардур, Сардуран** кIант **Ишпуин, Ишпуинан** кIант **Менуа, Аргишты, Аргиштын** кIант **Руса**.

**Урарту** шен хьолаца а, ницкъаца а цу заманахь, ша **Ассири** яцахь, кхин шега кхочуш пачхьалкх йоцуш, лейш бацоран пач-

хьалкх хилла. **Урартун** шен йоза а хилла, чIогIа говза бронзан а, дезчу металлан а пхьераш а хилла. Гуттар лакхарчу тIегIан тIехь кхиъна латталелор а (кхузахь дуьйш хилла кIа а, борц а, мукх а), даьхнилелор а, стоьмийн бошмаш лелор а хилла. **Урартун** паччахьан, цу замане диллича, лаккхара кхиъна тIеман техника а йолуш эскар а хилла. Цу эскаран гIоьнца дуккха а мехкаш схьа а лецна Урартун паччахьаша. Нуьцкъала карадерзийначу къаьмнаша а, лайша а гIаттамаш беш а хилла.

И дерриге а хаарехь коьрта меттиг дIалоцу археологически ахкамаша. Оцу ахкамаша гучудаьккхина Урарту пачхьалкхехь хилла юкъараллин политически хьал а, цуьнан бахаман кепан сурт а.

Масала, хIинцалерачу **Ереванна** юххехь бинчу ахкамаша гучуяьккхина **Урартун** «Тейшабан гIала» аьлла хилла гIала. Кхузахь карийра шаьш буьйдачу кибарчигех дина чIогIа пенаш долуш, 120 чоь йолуш хилла йолу йоккха гIишло, шена чохь ялта а, чагIар а иштта дуккха а паччахьан долахь хилла хазнаш а йолу амбараш. Гучудаьлла ду Урартухь лейш бацош, ламанан мокхазан тархаш охкуш, даьхна татолаш, хийш дало хершнаш а, апаре а. Оцу тайпана, мокхазан тархаш охкуш, хийн айманаш а, Iаьмнаш а деш хилла. Нохчийн, гIалгIайн туьйранашкахь юьйцуш йолу дашо исбаьхьа гIаланаш, ницкъаш болу паччахьаш, исбаьхьа мехкарий — и дерриге а Урартун пачхьалкхаца дозаделла дуй-те, аьлла хетало, вайнехан мотт а, материальни культура а цу пачхьалкхаца уьйр йолуш хилар тидаме эцча муххале а. Амма туьйранашкахь ма-дуьйццу дахар ца хилла Урартухь. Кхузахь цхьана агIор дуьне дууш, деш хIума а доцуш буьзна, хьоло букъа а бина, нехан хьацарх бехаш цхьаберш хилла, ткъа вукха агIор даа а, мала а доцуш диймахь а, буса а садаIар доцуш, хьолахошна бецаш вуьйш а хилла.

Урартун культура а, Iер-дахаран кеп а, цигахь кхоллаелла хилла цивилизаци а Iамор чIогIа мехала хеташ дуккха а мехкашкара Iилманчаш бу и пачхьалкх хиллачу территори тIехь археологически талламаш беш. Цу мехалчу гIуллакххехь коьрта дакъа кхочу советски Iилманчашка а.

**Вай** лакхахь цIе яьккхинчу Г. Меликишвилис бахарехь, цигахь дуьйна а шен къаьсттина территори йолуш **Ефрат** хи аьрру бердайистехь, хIинцалерачу **Сирия (Шема)** пачхьалхан территори тIехь бехаш хилла вайнехан генна хьалхалера дай.

Вайнехан дийцаршкахь нохчий, гIалгIай Шемара схьабевлла бохург цхьана догIу цу гIуллакхаца. Цу дийцаршкахь **Халба** гIалина юххера схьабаьхкина вайнах аьлла ду. Ткъа **Халеб** олуш гIала ян а ю кхузахь хIинца а.

Цу махках **Цупа-ни** аьлла ду, ткъа цигарчу бахархойх, вайнехан геннара дай бу аьлла болчийх, **Цоп-к** аьлла ду. Ткъа ан-

тични литературехь цу махках **Софена** аьлла ду (хьовса: Паулюс, «Энциклопедия классических древностей»).

Вайна а, академикана Г. А. Маликишвилина а хетарехь, цу цIеран орам вайнехан язычески динан заманан делан цIе **ЦIу** бу (бацойн **ЦIав**).

Ткъа хьалхенгахь «цIув» (цIуп) аьлла а хилла и орам, гIалгIаша хIинца а олу **ЦIув**.

Цигара адамаш билгалдеш хиллачу цIарехь йолу суффикс **-к** (**Цоп-к**) эрмалойн меттан дукхаллин терахьан суффикс ю. (Эрмалойн хьостанашкахь а билгалъяьлла ю и цIе). Мохк билгалбечу хорманехь йолу суффикс **-ани** вайн меттигийн цIерашкахь хIинца а йолуш ю масал: **Веда-на, Гуьна БелгI-ани** (ГIалгIай-чоь), **Эрса-на**, и. дI. кх. а. Кхузахь **Веда, Гу, БелгIа, Эрс** ← **Эрс** — орамаш ду, **-на, -ни** — суффиксаш ю.

Iилмано гучудаьккхина ду, хьалхенгахь къоман а, тукхаман а уьш Iачу мехкан а цIершший, церан делан цIей а цхьана дашах лаьтташ хилла хилар. Масала, хIокху сохьта а вайнехан цхьа дакъа лоруш болчу бацойх цхьаболчу вайнаха цIойбацой а, гуьржаша цIова-туши а олу. (Кхузахь массанхьа а орам изза цIов//цIой бу. Иза дукха деланашна корта беттачу заманахь, вайнехан хиллачу лакхарчу делан цIе ю. (Хьовса цунах лаций лахахь).

Цупанин (и белгалъяьлла ю вайн зама йолаялале долчу IX—VIII-чу бIешерашкахь яздина долчу **Урартун** йозанан хаамашкахь) цу хена хилла болу юкъараллин дIахIоттам а, иштта кхидерг а вайна хаац. Амма вайна хууш кхин ду. Вайн эра (зама) тIекхачале долчу 783-чу шарахь Урартун паччахьа Аргиштис цигара нах бала а бина, хIинца Ереван-гIала йолччохь хиллачу **Арин-Берд** олучу меттехь **Ирпуни** (иштта олущ хилла хьалха хIинцалерачу Ереванах) цIе йолуш гIала а йиллина, цу гIали чу баха охьа а ховшийна. Уьш берриге а хате олуш хилла болчу кхечу къоман нахаца цхьана 6600 бIахо хилла. **Аргишти**-паччахьо тешаме лоруш а, цунна юххера а хилла **цопкаш**.

Амма уьш кхуза хIунда балийна а, церан **Аргиштица** хилла йолу ма-ярра юкъаметтиг а вайна хууш яц. И дерриг а талларо дикка хIуманаш гучудаха тарлора.

Хууш ду, вайнехан меттанаш а, кхидолу Кавказан орамера меттанаш а, Урарту меттана юххера хилар. Iилманчаша и гIуллакх талларехь баккхий кхиамаш а баьхна. Иштта Iилманчаша билгалдаьккхина ду вайнехан меттанаш Урартун маттана а, иштта церан гергара хиллачу хурритийн маттана а, муьлххачу а кхечу Кавказан маттал, юххера хилар. Цунах лаьцна академика А. С. Чикобавас иштта аьлла: «ХIинца а ала йиш ю вайн, Урартун меттан цхьайолу агIонаш иберийско-кавказски, къаьсттина, нахски (нохчийн, бацойн) меттанийн гIоьнца бил-

галъялуш хилар»[4]. Иштта боху цу гIуллакхах лаьцна кхечу Iилманчаша а.

Кхузахь далор вай вайнехан а, Урартун а меттанашкара, уьш вовшийн гергара хилар гойтуш долу дешнаш а, грамматически хорманаш а.

И дешнаш вай хIокху кепара далор ду: а) меттигийн, гIалийн, лаьмнийн цIераш (топонимаш);

б) делийн, адамийн, къаьмнийн, тукхамийн цIераш (ономастика);

в) кхидолу дешнаш;

г) грамматически хорманаш.

*Топонимаш (меттигийн цIераш)*

Эрмалойн а, иштта кхечу а Iилманчаша билгалдаьккхина ду, Урартун исторически территори тIера топонимаш Къилбаседан Кавказерчу топонимех йогIуш ю аьлла. Иза иштта хилар чIагIдо вайнехан топонимаша а. Ткъа халкъийн историхь хилла дерг къасторехь, топонимаш талларо деш долу гIуллакх Iилманехь къобалдина тIеэцна ду, хIунда аьлча эзар шерашкахь а хийца ца луш, вайн замане кхаьчна меттигийн цIераш, ткъа хууш ду меттан кхидолу дакъош хийцам боцуш иштгачу ехачу ханна дуьсуш цахилар. Хьовсур вай цуьнга.

Вай лакхахь йийцина йолу Ирпуни я Эребуни (хIинцалера Ереван) йиллина меттиг Арин-берд аьлла билгалйина ю Урартун йозанашкахь; и цIе йолуш меттиг хIинца а ю Ереванна юхехь.

Урартун маттахь **берд** гIап (крепость) бохург хилла, ткъа **арин** вайнехан **аре** бохучу маьIнехь а хилла.

Делахь хIета нохчийн, гIалгIайн **берд**, гIап дешнийн маьIна юххера хилар тидаме эцча (хьалха заманахь **гIап** берда тIехь еш хилла Кавказехь а, кхечухьа а) «Арин-Берд» бохург «аренан гIап» бохург ду аьлла хетало. Цул сов, и иштта хилла хилар чIагIдо, тIаьхьуо вайнах шена юкъахь а болуш, Закавказьехь кхоллаеллачу **Албани** олучу пачхьалкхехь **Чары-Берд** цIе йолуш гIап хилла хиларо а. ХIинцалера Ереван цу заманахь Эренбуни олуш хилла. И цIе вайнехан маттаца дика тидало: **эра** — урарт.-хурр. господский, вайнехан хIинцалера эра цхьана маьIница хилла, буни, бун цхьаъ ду.

**Парда** цIе йолуш гIала хилла Урартухь; вайнехан ширчу маттахь цу дешан хьалхарчу декъах догIуш «пхьа» дош хилла. Иза «адам», «юрт», «адам деха меттиг» бохург хилла. ХIинца а вайнехан гергара болчу бацоша а, ШIаьнгазарчу нохчаша а юьртах пхьа//пхье олу. Цул сов, вайн лаьмнашкахь шира топонимаш (яртийн цIераш) ю **ПхьатIе, Пхьамта, Пхьанчу, Пхьарчу** цIерш йолуш. Цу цIеран тIаьххьара дакъа **-да** вайнехан **тIа//тIе**

дештIаьхьенца догIий те, аьлла а хета, къаьсттина и дештIаьхье хьалхенгахь **да** бохучу хорманехь хилла хилар а, ткъа хIинца а итум-кхаьллахоша а, пIаьнгазоша а оццу хорманехь лелош и хилар а дагалаьцча муххале а. Масала, Итумкхаьллахь **а**, ПIаьнгазахьа **ламда, гуда** олу хIинца а, нохчийн, гIалгIайн литературни меттанашкахь ламтIе//ламтIа, гутIе//гутIа аларан меттана. Нохч-ГIалгIайчоьнан лаьмнашкахь дуккха а ю оцу ширчу хорманехь и дештIаьхье шайца йолу топонимаш: **Хуланда, ЦIайпхьеда, Накарийн Пхьеда** (ламанан Нохчичоь) и. дI. кх. а.

Вайнехан генна хьалхара дай хилла бохуш вай лакхахь билгалбаьхна **цопкаш** бехаш хиллачу меттехь **Арцани** цIе йолуш хи хилла. Дуста цуьнца нохчийн **арц**, ткъа -**ни** — меттиган суффиксо: **Эрсана, Гуьна, Ведана, БелгIани** (ярташ). **Тушхи** олучу хи тIехь лаьтташ гIала а, **Тушхини** олуш мохк а хилла кхузахь. Вайнехан **Туш, хи** дешнаш ду, ни — суффикс (меттиган).

Урартухь **Урми** олуш Iам хилла. И цIе -**р** сехьа а даьлла нохчийн **Умри** аьлла зудчан цIе хилла йисиний-те, аьлла хета, хууш ду меттигийн цIераш вайнехан меттанашкахь адамийн долахь цIераш хуьлий лелаш хилар; масала, **Руми** — Византех олуш хилла вайнаха хьалха, ткъа хIинца **Руми** аьлла зудчан цIе ю.

Ишттаниг хиллачух тера ду Урартун **Киндари** олучу меттиган цIарах а: нохчийн Киндаров олуш фамили ю, **Киндар** олучу стеган цIарах схьаяьлла.

Урартухь **Биайна** цIе йолуш мохк хилла. Наггахь Урартух шех а олуш хилла иштта. Иза урартхоша шаьш шайх йоккхуш йолу цIе хилла. Делахь а, и цIе меттиган цIарах йозаелла хилла ю. Нохчийн **Бена** цIе йолуш юрт а, **беной** тайпа а ду, **Бенуо** борщастеган долахь цIе а ю. ГIалгIашна а евза и цIе: цара мохевцех **бений** олу. Мальсага-некъех а олу цара иштта.

Урартухь **Хой** цIе йолуш чIагIйина меттиг хилла. Нохчийн Хой — юьртан цIе ю (ЧIебирлахь), ГIой-хин цIе а (иштта цIе йолуш хиш дуккха а ду Нохчичохь), ГIойтIа-юрт а (х←→гI) ю. Цу дешан юьхьанцара маьIна «ха лаьтташ, чIагIйина меттиг» бохург хилла, **ха** бохучу дашах схьаяьлла и вай цIераш яьхна меттигиийн цIераш (-**й** — дукхаллин терахьан чаккхе). Иштта меттигаш хиш тIехь а, я кхечу аьтто боллучу меттехь а еш хилла. Ткъа и тайпа меттигаш дукха ю вайн республикехь. Цу меттигашкахь цхьана хена хаш лаьттина. **Хой** — тайпанан цIе а ю. Иза а ха деш берш бохучара хила дезаш ду, ткъа корматаллех йоьзна тайпана цIе хилар хууш ду.

Урартухь **Дурдукка** цIе йолуш гIала хилла. И гIала **Мана** бохучу махкахь Урми-Iома юккхехь хилла. Вайнехан хьалхале-

рачу дайх дзурдзукаш олуш хилла исторехь, **Дзурза-коьрта** олуш меттиган цIе а ю. **Дзуьрза** боршастеган долахь цIе а хилла. И ерриге а цIераш Урартун Дурдукха а цхьана орамах хила мега.

Урартухь **Мана** олуш меттиган цIе хилла, ткъа нохчийн **Мана, Мани** бохуш боршнехан а, зударийн а долахь цIераш ю.

Урартухь **Цови-кар** цIе йолуш гIап хилла. Цу дешан хьалхара дакъа вайнехан делан **ЦIу** цIарца догIу.

ЧIагIйина а, я вуьшта цхьа политически маьIна долчу меттиган а цIарехь делан цIе, дукха хьолахь ЦIу дела цIе ялош хилла вайнаха. Иштта хилла Урартухь а.

Урартухь **Эритиа** цIе йолуш лам хилла, нохчийн «эртина», **Эртина-корта** олуш ламанан корта бу Веданан районехь. Оццу орамах йолчух тера ду эрасной олу тайпанан цIе а, **Эрасана** — юьртан цIе а. Кхузахь массанхьа а юьхьанцара орам **эрд** бу, ткъа иза **суьпа** «святой» бохург хилла, хIинца гIалгIаша оццу маьIнехь лелош ду и дош (ерд).

Урартухь **Арзашку** олуш меттиг хилла, Веданан районерачу **Хороче-юьрта** юххехь **Ирзешка** олуш меттиг ю. И дош Ирзу дашах схьадаьлла, -ка — суффикс тIе а кхетта; -ш — дукхаллин терахьан суффикс.

Урартухь **ЦIудала** цIе йолуш гIала хилла, дуста: нохчийн (чIеб. диалект) ЦIу-дала, гIалгIайн ЦIу-даьла (Бог цIу). Деланийн цIераш юкъахь йолуш топонимаш вай лакхахь ма-аллара, дукха ю Нохч-ГIалгIайчохь, къаьсттана ламанца: **ДайделитIа, ДолтIа, ЦIушка** и. дI. кх. а.

Урарту коьрта гIала (столица) хилла **Тушпа** цIе йолуш. И цIе вайнехан маттахь шина декъе екъало: Туш — делан цIе, тIаьхьуо — схьаваьлла меттиг, **пхьа** — дела цIе, тIаьхьуо «адам», «адам деха меттиг», «юрт». Вай лакхахь ма-аллара, и дош «юрт» бохучу маьIнехь хIинца а леладо бацоша а, пIаьнгаяхоша а. И цIе вайнехан меттанашца Iаламат дика тидалуш хилар билгалдаьккхина ду профессорша Д. Д. Мальсаговс а, Ю. Д. Дешериевс а.

Урартухь а, **Арцани** хина юххехь (хьовса лакхахь) **Алзи** олуш мохк хилла, дуста нохчийн Эласи — стеган цIе. Иштта кхузахь хилла **Бабхи, Хани** олуш мехкаш; дуста нохчийн, гIалгIайн Ха (на) а, гIалгIайн **Ханиев, Бабхоев** аьлла йолу фамилеш а.

ХIокху вайн заманахь эрмалойн махкахь хаалуш йолу цхьайолу топонимаш а ю вайнехан маттаца йогIуш. Иштта ю, цигахь шех **Гихи** олу меттиг. Иза вайнехан **Гихи** цIарца догIий-те, аьлла хета. Иштта цIе йолуш хи а, юрт а ю вайн республикехь.

Кхузахь вай ялор ю Урартун, вайнехан меттанашкахь цхьана йогIу къаьмнийн, тукхамийн, деланийн, адамийн долахь цIераш.

Урартухь а, цуьнан луларчу пачхьалкхашкахь а бIаьстенан дела хилла **Кибела** цIе йолуш. Нохчийн зудчан цIе ю **Кебила.** И цIе йолу зуда 1944-гIа шо кхаччалц ехаш яра Шелахь.

Бусулбан а, керстан а дин доцчу заманахь хиллачу делийн цIераш адамийн долахь цIераш хилла йисина меттигаш йолуш ю Iилманехь. Масала, иштта Урартун **Ма** делан цIарах юй-те аьлла хета нохчийн зударийн долахь цIерш **Маа, Меа.** Ткъа хууш ду, **Ма, Урартухь** санна, вайнехан а хилла **Малх** я **Маьлхан** делан маьIнехь (цунах лаций хьовса лахахь).

Урартухь **Дика** — делан цIе, вайнехан (нохчийн) Дика — боршастеган цIе. **Дика** цIе йолуш дела а хилла вайнехан а (хьовса гIалгIайн **Дика-села** — делан цIе; меттигийн цIерш: Дикло-юрт) — ло — меттиган суффикт); Дако-Корта, гуьрж. Диклос-мта (лам). Грекийн а хилла **Дика** цIе йолуш дела. Иза бакъдолчуьнан дела хилла грекийн. Вайнехан **дика** — хорошо, хороший (ее, ая). Цигара дуй-те аьлла хета. (Дуста хьалхалерачу оьрсийн хорь — делан цIе; хорошо, хороший (ая, ое) циггара.

Урартун паччахьан ков-кертахь чIогIа яьржина хилла зудчан долахь цIе **Азани.** Нохчийн, гIалгIайн туьйранашкахь яьржина йолчу **Маьлх-Аьзни** (нохч.), Малх-Аза (гIалгI.) цIерийн шолгIачу декъах йогIий-те аьлла хета и цIе. Цул сов, нохчийн хIинца а йолу зудчан цIе **Айзан** цигара хила а мега. Урартун цхьана мехкан цIе а хилла **Азани.** Цо цу дешан тIаьхьара дакъа **-ни,** лакхахь ма-аллара, вайнехан меттанашкахь чIогIа яьржина йолчу меттиган дештIаьхьенах юй-те, аьлла хета, масала, **Гуьна, БелгIа-ни, Веда-на** и. дI. кх.

Урартун **Ашура** делан цIе хилла, нохчийн **Ашура** зударийн цIе ю. Кхечу Кавказан къаьмнийн а хаало иштта цIе. **Ашуров** аьлла фамили а ю. Урартухь а, Ассирехь а евзаш хилла Апку олу гIала, нохчийн Апка боршастеган долахь цIе ю. Урартухь Алале ялтийн делан цIе хилла. И цIе ялта хьокхуш олучу иллин мукъамехь ялош хилла цара. Ткъа вайнаха а олу **алалай, валалай** назманан мукъамехь. Назманца делан цIе йоккхуш хилар тидаме эцча а хуьлу и дешнаш цхьана орамах ду ала таро. Схьахетарехь, вайнехан **ялта** боху дош а ду цу дешан орамах: **ял//ал** — орам, **-та** — дештIаьхье. Иштта хууш ду **Ялта//Елта** вайнехан хьайбанийн, тIаьхьуо ялтийн дела хилла хилар а. Г. А. Меликишвилис бахарехь, гуьржаша а ялайо и цIе шайн халкъан иллин мукъамехь.

**Субарен** — хурритийн-урартхойн дуьххьарлера цIе, нохч. Субара — зудчан цIе.

Хепа — хурр. — урарт. делан цIе, нохч. **Хена** — зудчан цIе.

Хурр. — Алалу — делан цIе, нохч. **Алла** — делан цIе а хилла, хIинца Алла стеган цIе а ю.

Вавилонехь **Иштар** — делан цIе, гIалгIайн **Эштар** — эхартан делан цIе.

Урартун **Ашту** — делан цIе, нохчийн **Ашту** — зудчан цIе.

**Лагаш** олуш долахь цIе хилла Урартухь, нохчийн а ю долахь цIерш **Лага, Лака, Лакаш, Лагаш.**

Урартухь **Тайшеби** делан цIе хилла, гIалгIайн **Тайша-бание** олуш берийн ловзар хилла. Цул сов, **тайша** — бос беза лоруш а хилла, дуста: Урартхоша маттаца юххера хилла болчу хурритийн эла цIе **Эхли-Тешшуба.**

Урартун паччахьан **Менуа** говран цIе **Арци-бини** хилла. И дош шина декъах лаьтта: **арци, бини.** Дуста хьалхара дакъа: нохчийн **аьрзу,** гIалгIайн **Эрзи** (ц—з); гуьрж. **арциви,** эрмалой **арцив** оццу маьIнехь. ШолгIа дакъа, дуста: нохч., гIалгI. **бени** — тайпа, юрт, Бенуо — долахь цIе. Бени Урартухь а, вайнехан а делан цIе а хилла. Делахь хIета, вай хьахийначу говран цIе «Аьрзунан дела» аьлла хила езаш ю.

Урартухь **Андиа** — тукхаман цIе, дуста нохчийн **Iаьнда,** Iаьндий — ДегIастанарчу мехкан а, тукхаман а цIераш.

## *Кхидолу дешнаш*

**Лулу** олуш хилла урартхоша шайн лулахойх. Делахь а и дош «мостагIа», «нехан стаг» бохучу маьIнехь хилла церан. Иза мостагIа бохучу маьIнехь хиларан бахьана кхеран лулара къаьмнаш кхарна даима а тIелеташ, кхаьрца мостагIалла лелош, тIемаш беш, зенаш деш хилла хилар ду, ткъа «нехан стаг» боху маьIна-м цу дешан вайнехан маттахь хIинца а ду: нохч. **лулахо,** гIалгI. **лоалахо** шен чоьхьара воцуш арахьара стаг ву. Хан-зама дIаяларца маьIна мелла а хийцаделла, хIинца шен долчу маьIнехь дисина иза, суффикс **-хо** тIекхетар **бен,** кхин шен куц ца хуьйцуш. Ткъа и суффикс йоцуш далийча-м, цуьнан маьIна оьрсийн маттахь «по-соседству» бохург хуьлу. Цу тайпана болу хийцамаш мотт кхиаран законашка диллича хилаза ца бовлуш бу дешнашкахь.

Амма кхузахь шена тIе тидам бохуьйтуш кхин ду: цхьадолчу Урартун йозанашкахь **лулаби** аьлла далийна ду и дош, «дуккха а лулахой» бохучу маьIнехь. Делахь хIета суффикс **би** хIинцалерачу вайнехан **-хо** суффиксан маьIнехь хилла дешан дукхаллин хорма а кхуллуш. Ткъа и суффикс хIинца а ю вайнехан цхьа дакъа лоруш болчу бацойн маттахь. Бацоша шаьш

шайх хIинца а бацби олу, ткъа иза бацой бохург ду церан. Кавказан кхечу меттанашкахь а хаалуш ю и суффикс, масала, ДегIастанарчу цхьадолчу меттанашкахь.

Генна хьалха заманахь вайнаха эскарх **сура** (кхузара ю Сурхо цIе а) олуш хилла. Иштта кхидолу шира дешнаш а санна, и дош хIинца а хаалуш ду цхьацца къамелашкахь а, ширчу топонимехь а. Масала, «сура догIу» бохург «эскар догIу» «бIо богIу» бохург хилла, ткъа хIинца-м цхьа дуккха а ца оьшу, зене хIумнаш йогIу бохучу маьIнехь кхетадо и дешнаш. СуратIа олуш меттиг а ю Варанда юххехь. Урартун маттахь а **суре** олуш хилла эскарх. И дош а вай лакхахь далийна долу вайнехан дешнаш а цхьаъ хилар шеко йоцуш хета тхуна.

Урартун але, нохч. ала, гIалгI. ала — «сказать» цхьана орамах долчух тера ду.

Хурр. **тага** — человек, нохч. **таг.**

Урарт. кар — карс — разрушать, нохч. къарш — къарш (аьлла кагьян).

Хурр. **хIала** — гайтаман цIерметдош, нохч. **хIара.**

Урарт. из — этот, нохч. **иза.**

Хурр. **хазилие** — пусть услышу (хотел бы услышать), нохч. **хезийла,** гIалгI. **хезилга.**

Хурр. **хIене** — теперь, нохч. **хIинца,** чеб. **хIанци,** ца/це — хетарехь суффикс ю.

Урарт. **тараи** — могучий, нохч. **таруо,** гIалгI. **таруо** — возможность.

Урарт. **сиел,** гIалгI. **сайр,** бац. **псарло,** нохч. **суьйре** — вечер.

Урарт. **иесе,** нохч. **аса,** гIалгI. **аз** — я.

Урарт. **ари,** нохч. **арие,** гIалгI. **ари** — поле (дуста вай лакхахь далийна Арин-Берд (Урартун гIап).

Урарт. **тан,** нохч. **дан,** гIалгI. **дие** — делать.

Урарт. **агуби,** гIалгI. **аьгнаб,** нохч. **аьгна//аьгна** бу, чеб. **агне//агне бу** — прорыл.

Кхузахь Урартун а, вайнехан а вариантийн чаккхенехь долу би (б) гIоьналлин хандешан классан гайтам бу, дуста: нохч. **аьгна** бу, гIалгI. **аьгаб: аьгаб** ← **аьгна бу.** Цо а гойту и дешнаш цхьаъ хилар.

Кхузахь кхин цхьаъ ду, дош Урартун йозанан тексташ тIехь **пили** бохучу дашца далийна ду, ткъа и дош хIинцалера вайнехан (нохчийн апари, гIалгI. оапар) бохучу маьIнехь хилла хила мегаш ду, хIунда аьлча **апари** цхьа хIума огий доккхуш ду, иштта хилла Урартухь а. Цо а гойту и дешнаш а, вай лакхахь далийнарш а Урартун а, вайнехан а меттанашкахь а цхьаъ хилар.

**Урарт. хаза,** гIалгI. **хаза,** нохч. **хаза** — слышать.

Урарт. **арди** — калым, гIалгI. **урдув,** нохч. **урдо.** И дешнаш Урартун а, вайнехан а меттахь цхьаъ ца хила а там бу.

Урарт. **уелиду** — собирать, нохч. **оьлайа,** гIалгI. **иелйа** — собрать в кучу.

Урарт. **хутади** — обратился, нохч. **хаттарди** — спросил.

Урарт. **асти** — марехь йолу зуда, нохч. **стие,** гIалгI. **сие.**

Урарт. **алаё** — господин, нохч. **эла,** гIалгI. **аьл.**

Хурр. **ки** — три, нохч., гIалгI. **кхуо.**

Хурр. **низи** — девять, нохч., гIалгI. **ис.**

Урарт. **нек** — разливаться, нохч., гIалгI. **нека** — плавание.

Хурр. **сиейа** — вода, нохч., гIалгI. **ша** — лед.

Урарт. **текх** — преклоняться, нохч., гIалгI. — **текха** — ползать, **текъа** — молиться.

Урарт. **атиби** — эзир, нохч. **итбIе.**

Хурр. **хIажолеш,** нохч. **хьажалаш.**

Урарт. **алуче** — правитель, дуста: нохч. (чеб. **ала**) — князь, са — мохк.

Хурр. **хIейорунна,** нохч. **хIорунна** — каждому.

Урарт. **ерс,** нохч., гIалгI. **ерз** — возвращаться.

Урарт. **акхаркхи** — дикого зверя мех, дуста: нохч. **акханан кха.**

Урарт. **ша** — один, сам, нохч., гIалгI. **цхьа.**

Урарт. **шале** — год, нохч. **шуо,** гIалгI. **шу.**

Урарт. **ши-н** — два нохч., гIалгI. **ши-шиъ.** Хьовса вайнехан меттанашкара цу дешан лач хорма — шин(а) говро. Хьалхенгахь хилла йолу юьхьанцара хорма вайн заманан маттахь лач хорманца нислуш хуьлуш ду маттахь. Кхузахь а иштта нисделлачух тера ду.

Урарт. **тиш** — старый, нохч. **тиш** (а), гIалгI. **тиш** (а) оццу маьIнехь.

Урарт. **Iу** — делан цIе, нохч. **Iу,** гIалгI. **Iу** — пастух.

Хурритийн махкахь ши лам хилла: ХIурри — Iуьйренан лам, Шери — суьйренан лам; дуста: нохч. Iуьйре, суьйре, гIалгI. Iийр, сайр. И ши лам маьлхаца хан билгалъеш, ма дарра аьлча, Iуьйрей, суьйрей маьлха леларца билгалъеш динца базбина хурриташа корта бетташ, тIебовлий сагIа а доккхуш хилла. Вайна ма хаъара, динца даздина лаьмнаш вайн ламчохьа хилла — гIалгIайн Метта-лам, нохчийн Эрсан-корта, Эртина-корта иштта кхин а. Цул сов, маьлха леларца хан билгалъеш лаьмнаш а хилла ламчохь, масала, Iийрие дукъ (ТIерла, Iура тIехьал (чIента), Сайра-ламанаш корта (Гучумкхаьлла-юрт), Сайрие-хьиех мулкъахь) и т. дI. кх. а.

Цу ламанан кортошца билгалъеш хилла вайн хьалхарчу дайша Iуьйре а, суьйре а. Иза ишта хилла хиларна тоьшалла до ламароша баккхийчу наха а (Мажиев Умархьаьжа). Цул сов, хур-урарт ХIурри, Сери, дустур вай вайнехан ишттачу деш-

нашца: нохчийн Іура, Іуьррие, сара, сарахь, гІалгІайн Іуррие, сайрие, и дІ. кх. а.

Меттан Іилманахь хуьлуш болчу хийцамашна тІе доьгІча и хур-урартий дешнаш а, вайнехан меттанийн дешнаш а цхьана орамах хилар шеко йоцуш ду. Іуррии//хІурии дашах схьадаьллла лору оха урарту а, хурриты Арарат-лам а, грекийн Аврора а иштта кхидерш а, кхузахь юьхьанцара орам Іу//хІу бу, сайрие/сери дешан юьхьанцара орам са бу. Иза вайнехан хьалхалера маттахь латта, мохк бохург а хилла.

Цул сов, дуккха а грамматически хорманаш а ю вайнехан, Урартун меттанашкахь цхьана йогІуш. Масала, -с (-се) урартун маттахь а, вайнехан меттанашкахь а дийриг дожаран чаккхе ю, дуста; урарт. Менуа-с але Менуа-паччахь, нохч. дадас эли (чеб. дадас али) гІалгІ. дада-с аьннад). Урарт. Пили нару илдаруниани агуби (канал провел от реки Илдаруниани), нохч. Илдараниан тІера апари аьгнаду, гІалгІ. аьгнад, чеб. агнеду. Дагалоцур вай вайнехан маттахь апари цхьа хІума (тІулг я дечиг) аьгна доккхуш хилар. Урартун маттахь а олу апари (пили) иштачу гІуллакхах. Муьлх-муьлххачу а хоршах олуш ца хилла урархтоша апари. Вай далийначу къамелахь долу «Илдаруниани» дештІаьхьара **-ни** — чаккхе ю. Иза тІе (тІера) дештІаьхьенца йогІуш а ю, дуста: нохч. цІийна тІера, хьуьна тІера и. дІ. кх. а. Урартхойн маттахь а иштта хиллачух тера ду. Урарт. **-ини** — лург дожаран чаккхе. Наггахь доланиг дожарца а ялош хилла церан и чаккхе, дуста: нохч. **-на** — лург дожаран чаккхе (Ахьмадана, кІантана), **-ин, -ан** — доланиг дожаран чаккхе (Султанан йоІ), хьовса: урарт. **ХІалди-ни ули машини Сардури-се але** «Богу Халду могущественному Сардур говорит». Нохчийн маттахь далор вай и къамел: ХІалдине ницкъ болчу Сардури-с эли (чеб. але). Урарт. **-ли** — меттиган суффикс (Урарт. **-та -ли**, АрдирштихІини-ли), нохч. **-ли** (-ла) оццу маьІнехь, масала, ЧІебар-ла, Нижа-ла, Саьрба-ла, БІаьв-ла — меттигийн цІераш). Урарт. **-на, -ни** — мохк, латта, меттиг билгалйоккху суффиксаш, масала: Наксуа-на, ХІалди-на, Ма-на, Хити-на, Абае-ни, ХІуша-ни, Аза-ни, Арди-ни (дуста: нохч., гІалгІ. Эрдса-на, БелгІа-на, Шоь-на, Бе-на, Веда-на). Кхузахь гуш ду Урартун а, вайнехан а цІерашкахь динний, деланаш билгалбеш дешнаш хилар, масала урарт. **ХІалди, Ма**; нохч. **Эрд, Бе.** Оцу гІуллакхо гойту Урартухь а, вайнехан а кхечу Кавказан къаьмнийн а санна, делан цІе а, мехкан цІе а цхьана дашца билгалъеш хилла хилар [5].

Урарт. **Урми**-Іома юххехь — та тІаьхьа долуш дукха меттигийн цІераш хилла: **Массита, Мис-та** и. дІ. кх. а. Нохчийн маттахь и тайпа чаккхенаш йолу меттигийн цІераш дукха ю: **Шуьйта, Сатта, Суьйрота, ГихтІа, ГІойтІа, ЭгІашта, МахкатІе, МартантІе** (Дуста. Тушетера: **Этелта, ЦІовата, Индурта**-та).

Урартун а, вайнехан а дешнашкахь йолу и чаккхе вайн -тIе//-тIа боху дештIаьхье юй-те, аьлла хета. ХIирийн махкахь а ю -та тIехьа долуш меттигийн цIераш.

Урартхойн маттахь гучуяьлла ю дукхаллин терахьан чаккхе **-аш**: хьовса: нохчийн, гIалгIайн -аш, **-аж** (**-ш**←→ **ж**): Iовра-ш, бера-ш и. дI. кх. а. Урартун маттахь меттиган (направительни) дожарехь дукхаллин терахьахь **-ашта**, **-ажта** чаккхе йолуш меттигаш нисло (церан -да дIахьажоран дож. чаккхе ю). ГIалгIайн маттахь а нисло и гIуллакх иштта: говрашта «лошадям», лоама-шта «горам», бира-шта «детям»; бакъду вайнехан маттахь кхузахь тI — аз ду, амма иза тIаьхьуо кхолладелла, хьалха и хилла дац, цуьнан метта -д хилла. Нагахь Урарту маттахь и чолхе аз хилла хиллехь а, Iилманчашка вай пайда оьцуш йолчу материалашкахь дала ца луш дисина хила а тарлуш ду. Иштта дустур вай Урарт. **асти** а «его жена». А — **иза**//**и** маьIнехь ду вайн ламаройн маттахь, ткъа **асти сте** дашца догIу.

Хьалха вайнехан меттанашкахь билгалдош тIаьхьа а долуш хилла къамелехь дешнийн вовшахкхетар. Масала: **йоI хаза**, олуш хилла хаза йоI аларан меттана. И иштта хилла хилар гойту хIокху чолхе дешнаша а: **догцIена** (стаг), **бIасийна** (Терк), **Iадсакх** (секхаIад аларан метта) и. дI. кх. а. Иштта шира чолхе дешнаш вайн фольклорехь дуккха а ду. Урартун маттахь а иштта хьал хилла ду. Цул сов хIинцалера лач хорманаш йоцуш олуш а хилла хьалха дешнаш. Иштта хилла **а** — иза вайн масалехь далор а.

Вай кхузахь далийна долу масалш долуш долчу цхьакIеззиг долу дакъа бен дац, амма цара а дикка хIуманаш дага доккуьйту. Вайнехан, Урартун культура а, хьал-дахаран кеп а мелла а цхьана йогIуш хилар гойтуш материалаш ю хааелла.

1300 шо хьалха *«Агванийн истори»*, аьлла болх язбина ша Кавказан цхьана къомах схьаваьлла хилла волчу историна М. Каганкатвацис. Цо иштта яздо: **«Утой, садой, гергарой вежарий** бу, шаьш, **Ура**, бохучу цхьана дех схьабевлла хиларна»[6]. Садой вайнехан (нохчийн) цхьа тайпа ду. **Гергарой** (гаргареш) вайнах хилла аьлла а ду. **Утой**, шаьш вайнахана гергара лоруш болу хIинца Азербайджанехь Iаш болу удинаш шу. **Ура** Урарту бохучу дешан орам хила мегаш хилар дагалаьцча, и вай цIераш яьхна къаьмнаш, Урартура схьадовлар а долуш, вовшийн схьадовларца гергара хиларна тIедогIу гIулакх.

Шен чоьхьарчу а, арахьарчу а хьал-дийне хьожжий, Урартун дозанаш гатлуш а, шорлуш а хилла. Цуьнан политически тIеIеткъам генна малхбалехьа а, малхбузехьа а хилла хила а тарло. Вай лакхахь ма-аллара, VI-чу бIешерахь Ассири а, а Миди-пачхьалкхаша йохийна Урарту (2,5 эзар шо хьалха). И йоьхначул тIаьхьа цуьнан территори тIехьа а, цунна гонах

хилла йолчу меттигашкахь а кхин пачхьалкхаш кхоллаелла.

Делахь хIета и цIераш вай лакхахь дийцинчу къаьмнийн бухайисина ю грекийн маттахь а, иштта латийнийн маттахь а. Ялор вай и цIераш: греч. **Дике** — бакъдолчу хIуманан дела, нохч. **Дика** — дикачу хIуманан дела, греч. **Медея** — грекийн мифийн турпалхо — зуда, нохч. **Меда** — зудчун цIе, греч. **Паллада** — стигалан делан зуда, нохч. **Палада** — зудчун цIе, лат. **сонтис** — виновный, подлежащий наказанию; нохч. **сонта** — дурной, нохч. **Анта** — стеган цIе, греч. **Антей** — миф. турпал, лат. **хIинца** — отсюда, с этого момента, нохч. **хIинца** — сейчас, теперь и. дI. кх. а.

Вайнехан орамаш Закавказьехь хиларан лар ю йисина, масала: **Цунда, Эрети, Арцах*** (ярташ), **Арциан** (лам). Иштта меттигаш ю Закавказьехь. Хьовса нохчийн — **ЦIун-та** (тIа), **ЦIун** — делан цIе, та,→да,→тIе — дештIахье, кхузара юй те, аьлла хета нохчийн юьртан цIе — **ЦIоьнтара**; **Эрта**; **Эртан-куорта** олуш меттигаш ю Веданан районехь. И цIе **Эр-тIе** бохучу шина декъе екъало вайн маттахь: **эрд** — святой, делан цIе, **тIе** — дештIаьхье, **Арца**-х (арц — хьун яьлла лекха меттиг, **ар//эрд** — святой, ц (са) — мохк, латта), **-х** — меттиган дожаран Чаккхе, дуста: бердах, гонах и. дI. кх. а. Арциан (дуста: вайн Эрдсана ←→ Арсана (ар), эр — делан цIе, -на — меттиган суффикс), юста: Урарту -на, -ни — меттиган суффикс), -ци, ца→са (латта, мохк).

Урарту йоьхначул тIаьхьа Албани олуш пачхьалкх кхоллаелла Закавказьехь. Цуьнан дозанаш хIинцалера Азербайджански ССР юкъа а лоцуш, Кахети а, ДегIастана а кхочуш, цхьаболчу хаамашца кхин а къилбаседехьа а гIоьрташ хилла.

Вайнехан мохк а юкъалоцуш хилла хила а мега Албанис, иза билггал хууш дац. Амма хууш кхин ду: Албанехь, гаргараш олуш къам хилла. И къам цигарчу къаьмнашлахь коьрта лоруш хилла. Уьш вайнах хилла хила мега аьлла ду исторехь. Иштта боху Е. И. Крупновс.

Хьалхе дуьйна а бара Iилманехь ширачу заманан Хьалхарчу Азин меттанаш Кавказан меттанашна юххера ду, бохуш хаамаш. Амма ма-дарра и гIуллакх хIокху тIаьхьарчу заманахь бен ца даьлла гучу.

Вайнехан меттанаш кIорггера талларо кхин а керла хIуманаш гучадохур ду цу гIуллакхехь. И дерриге а вайнехан меттанаш хуу говзанчаш-лингвисташ, этнографаш, историкаш, археологаш кхиарх дозаделла, Iилманехь доккха маьIна долу, вай дан дезаш долу сийлахь гIуллакх ду. Вайнехан къам а, иштта кхин долу Кавказан къаьмнаш а цхьана Урарту дозанашкахь

---

* Иштта меттиг Эрмалойн махкахь ю.

чIож дIалаьцна Iийна, аьлла тоьшалла дина шен талламашкахь [13].

В. Гамрекелис бинчу талламаша а гайтина вайнах цхьана хенахь Къилба-ХIирийн махка тIехь а Iийна хилар. **Дувалаш** (дувай), олуш хилла вайх хIетахь ткъа иза вайн дела (кхузахь орам де//**дие** бу, -**ла** — суффикс) бохург ду (дагалоцур вай къоман, тукхаман цIе цара лоруш волчу делан цIарах хуьлуш хилар, кхузахь а иштта хиллачух тера ду) [14].

Гуьржийн ламанан тукхамийн хевсурийн а, пшавийн а, тушинийн а меттанашкахь долу вайнехан дуккха а дешнаш а, шайца цхьаьна меттигийн цIераш а йолуш, грамматически хорманаш толлуш болх бина Г. Ф. Утургаидзес [15].

Цу вай цIераш яьхначу массо а меттигашкахь дуккха а вайнехан маттаца бен ца тидалуш йолу топонимически цIераш ю. Иштта ю, масала, **Лиахви** (нохч. Лахйи, гIалгI, Лейхий), **ЦIамат, ЦIуш, Ламардон, ЦIей, Цейдон, Тба** (ХIиричохь); **ДикIло, ЦIовата, Хьайрхи, Омало** (Тушетехь) и. дI. кх.

Кахетехь хьалхенгахь дехаш хилла **Чартали** олуш долу тукхам (Тушетехь хIинца а ю Чертали олуш меттиг). Вайнехан **Чартой** (тайпа) бохург ду иза аьлла хеталуш ду. Тушетера схьадолучу **хин** цIе Иори нохчийн ор бохучу дашах доьзна Г. Меликишвилис а. XVIII-чу бIешарахь Пасанаури гIаланах Кистаури олуш хилла гуьржаша. Кисти вайнахах олуш хилла гуьржаша **-ури** суффикс ю.

Н. Я. Марра **тушины, Терк** боху цIераш а вайнехан маттаца тидда ю [16]. Иза иштта хилар кхечу Iилманчаша бинчу талламаша а чIагIдо. Ткъа кхечу гуьржийн ламанан тукхамийн вайнехан шайн меттан цIераш ю. **Мохевцы — Бений, Хевсуры — пхий, пшавы — шой** (пшавы, шой нохч.-гIалгI. **ша,** бацойн **пша** — «лед» бохучуьра схьадаьлла а ду). Хьалха заманахь Закавказьехь Гуьржийн махкахь **Алароды** цIе йолуш къам хилла. Уьш урартхойн тIаьхье хилла. Иза церан грекаша йоккху цIе хилла. Вайн Iаларой тайпанан цIарах дозаделла дуй-те и дош аьлла хета. Шайн цIерашкахь **ал** хьалха долуш дукха къаьмнаш а, меттигаш а ю Кавказан исторехь гучуевлла. Масала, **Аланы** (къам), **Алгети** (юрт), **Алвани** (юрт), **Албания** (мохк) и. дI. кх. а. И дерриге а дешнаш а, вайн «Iаларой» цIе а цхьана орамах ду аьлла хета, (хьовса лахахь кхин а). Кхузахь кхин цхьаъ ду, Iаьнан заманахь шайн дохнаца аренга охьакхелхаш хилла вайнах. Ткъа иштта аренгахь шаьш Iаьчу меттигах **Iайле** олуш хилла цара. И вай лакхахь ялийна цIераш цу дашца уьйр йолуш ю аьлла а хета. Теркан чIожахь а (Дарьяльски ущелье), цунна гонах а юккъерчу бIешерашкахь **Цанары** олуш цхьа къам хилла. Ламчуьрчу вайнахана хIокху сохьта а дагайогIуш ю и цIе: **цанарой** олуш цхьа тукхам девза вайн ламарошна. (Иштта олуш хилла, М. Мамакаевс дийцарехь,

чIаьнтий цхьана горах). И дош «цана» бохучу дашах дозаделла хета, дуста гIалгI. **Сейнароев** — **фамили. Бацой** — **тайпан** цIе буц бохучуьра схьаяьлла хилар тидаме эцча, иза иштта хилар а тамаша бойла яц. Цул сов, дагалоцур вай Н. Я. Марра а, А. Генкос а, кхечара а Теркан чIожахь а, цунна гонах а вайнехан тукхамаш Iийна аьлла бина болу хаамаш. Хьалхенгахь гуьржийх **ингилой** олуш хилла. Нохчийн энганой олуш тайпа а ду. Энгана а, Энганой-Эвл олушярташ а ю. ХIинца вайна юкъахь гуьржий олуш тайпа хилар тидаме эцча, и дешнаш цхьана орамах хила мега аьлла хетар совдолу.

Кавказан дукхах долу къаьмнаш шайн маттаца а, гIиллакхаца а, культураца а вовшийн гергара ду, царех цхьадерш шайн схьадовлар цхьана орамах долуш а ду.

1971-чу шеран апрель беттан хьалхарчу деношкахь Махачкалахь Кавказан меттигийн (топонимия), къаьмнийн, адамийн долахь цIерийн хьокъехь йолу семинар хилира. И семинар вовшахтоьхнера СССР-н Iилманийн Академин этнографин а, СССР-н Iилманан Академин Дагестански филиалан историн, меттан, литературан институташа. Цигахь дакъалоцуш бара Кавказера хилла ца Iаш, Ленинградера, Москвара, Туркменера, Башкирера, Саратовера, иштта кхечахьара а гIарабевлла болу Iилманчаш. Кхузахь дуьйцуш дерг, цхьана Кавказан меттигийн, къаьмнийн, адамийн долахь цIерех хилла ца Iаш, иштта Кавказехь нислуш йолу тIедаьхкина хилла долчу къаьмнийн меттанийн цIерех а дара, масала, тюркски къаьмнийн меттанийн цIерех лаьцна. Иштта яра Туркменски Iилманийн Академин член-корреспондента З. Б. Мухамедовас йина «Кавказера цхьайолу огузо-туркменски этно-топонимех лаьцна», аьлла йолу доклад а, кхиерш а.

Iилманехь билгалдаьлла ду къаьмнаш я кхечу къаьмнех дIаоьй, я кхечухьа дIадоьлхий дIадовлуш хилар, амма церан лар юьсу я меттигийн цIерашца, я къаьмнийн, я адамийн долахь цIерашца. Масала, хIинца грекаш бехачу Балкански ахгIайренна тIехь хьалха цхьана заманахь **пелазгаш** олуш къам хилла. И къам дайна дIадаьлла, амма цуьнан меттан башхаллаш а, культура а Iамо таро хилла царах бухайисина йолу меттигийн цIераш талларца. Кхузахь кхин цхьаъ ду гучудаьлла: оцу пелазгел хьалха Кавказан къаьмнашна маттаца уллора а долуш кхин цхьа къам а Iийна кхузахь — **лелегаш.**

И дерриге а гайтина кхузара меттигийн цIераш Iаморо. Иштта гучудаьлла ду римлянел хьалха Апеннински ахгIайри тIехь, вай лакххахь ма-аллара, Кавказан къаьмнашна шаьш юххера хилла долу этрускаш цIе йолу къам Iийна хилар а.

Цу тайппана гуттар хьалха заманахь хилла культура а, хIинца доцуш дIадевллачу къаьмнийн дахаран кепаш а гучуйоху меттигийн а, къаьмнийн а цIераш талларо. Иштта Кав-

казехь а ю тайп-тайпанчу хьалха кхузахь даьхначу къаьмнийн культура а, дахаран кеп а гойтуш йолу меттигийн а, къаьмнийн а цIераш. Уьш вайн эра тIекхачале долчу бIешарахь дуьйна кхузахь Iийна болчу скифийн, сарматийн, аланийн бухайисина цIераш ю. И къаьмнаш иранан мотт буьйцуш, хIинцалера хIирий шайн тIаьхье лоруш долу, шаьш дайна дIадевлла, амма цхьана хенахь Кавказан шерачу аренашкахь олалла лелийна тIедаьхкина хилла къамнаш ду. Цул сов, кхузахь Iийна **половцаш, гуннаш** (дуста: вайн гуной, гендаргуной — тайпанийн цIераш). Цу къаьмнийн цIераш аренгахь хилла ца Iаш вайн лаьмнашкахь а хаало. Масала, хIинцалерачу хIирийн маттана гергара хилла болу Иранан мотт бийцинчу къаьмнийн лоруш ду Къилбаседа-Кавказехь хаалуш долу хIара дешнаш (я церан шолгIа дакъа): **Дон, Гизелдон, Урсдон, Аргудан, Ардон** и. дI. кх. а. Цу дешнийн орамера дон, дан//тан хIирийн маттахь **хи** бохург ду. Цул сов, **Днепр, Днестр, Дунай** бохучу дешнашца а бу изза орам. Уьш а цу вай дуьйцуш долчу къаьмнийн цIераш ю, нийсса аьлча, скифийн, сарматийн цIераш.

ХIинцалерачу Нохч-ГIалгIайн чоьнан лаьтта тIехь а хаало и Иранан меттанийн цIераш: **Алкун, Фарз-кхаьлла** (МIайстахь ю и меттиг), **Тениг//Танга, Фартанга** — хиш.

Ткъа тюркски меттанаш дуьйцуш хиллачу къаьмнийн (къаьсттина гIумкийн) цIераш дукха ю ерриг а Кавказехь. Масала, Нохч-ГIалгIайчохь (шерачу арахь): **Исти-су** (довха хи), **Ташкала (таш** — тIулг, **кала** — гIала), **Гумс (гум** — кхум), **с** ← су «ГIамаран хи» **(кхум→**гIум, **су** — хи) и. дI. кх. а.

Монголийн меттан лар а хаало вайн республикан территори тIехь: **хоти — Вирхоти** (юьртан цIе), монголийн маттахь **хото**— юрт, гIала, бохург ду, иштта ду **Улус (Улус-керт)**. Цул сов, билгалдаьлла ду кхузахь цхьана хенахь, схьахетарехь, 13—14-чуй бIешерашкахь монголийн цхьа дакъа Iийна хилар. Делахь а, хоти хIинца ламанан боьра бохучу маьIнехь девза вайна. Масала: *Цу хьаннийн хотешкахь къора кхокхий декаш...* (нохчийн фольклор). Ала деза, дукхах йолу тIедаьхкинчу къаьмнийн топонимаш аренца хилар. Цо гойту и къаьмнаш аренгахь совцуш хилар, ткъа наггахь ламчу а лелхаш хилла уьш.

Вайнехан топонимаш коьрта долчу декъана ламанца ю. Иза дац вайнах а, меттигера кхидолу къаьмнаш а аренца ца Iийна бохург. Аренга охьадовлуш меттигаш а хилла вайнехан.

Иза хуьлуш хилла кхузара шайн дукхаллица тоьлла долу тIедаьхкина машаре доцу къаьмнаш дIадахча я цаьрца машарен барт кхоллабелча.

Кавказан лаьмнашна къилбехьа вайнах Iийна хилар чIагIдеш ши доклад йийшира цу лакхахь цIе яьккхинчу семинарехь. Уьш яра: П. Н. Макалатия (Тбилиси), «Пшави-Арагван Iинан

евзаш йоцу топонимаш», А. М. Аслановн (Кировабад) «Алазанан топонимаш». Хьалхарчу докладехь юьйцуш йолу топонимаш вайнехан маттахь дика къаьсташ, шайн этимологи билгалъялуш яра. Авторо евзаш яц, аьлла гайтина яра 158 меттиган цIе, амма уьш евзаш яцара авторна. Ткъа муьлхха а вайнехан мотт хуучу стагана уьш дика евзар йолуш яра. Докладчика цунна ша а мукIарло дира. Лекхачу лаьмнашкара **Пасанаури** кхаччалц дIа ю, аьлла, билгалйина а яра и цIераш. Амма оццул хилла ца Iа Пшавехь йолу вайнехан меттигийн цIераш. Ткъа ша **Пшави,** боху дош а вайнехан ду. И цIераш а, иштта кхиерш толлуш болх беш бу хIокху сохьта гуьржийн Iилманчаш. Дика хир дара и гIуллакх вайнехан Iилманчаша а деш делахьара...

Цул сов, кхузахь юкъадаькккхира Хевсуретехь а, Тушетехь а вайнехан топонимаш кхин а алсам хилар. Ткъа **Тушети, пхий** (иштта олу вайнаха хевсурех) вайн маттаца догIуш ду: вайнехан **туш** (Iаь меттиг, ваьлла меттиг, делан цIе), **пхий** (адам, цIий; *оцу стагах пхьа боллу тхан,* олу; *зуда пхора//пхьора* (ю, олу). Цу дешнех ду кхин а дуккха а дешнаш. Уьш дукха хъалхалера шира дешнаш ду. Делахь а, матта юкъахь хIинца а уьш хаало. Иштта вайнехан маттаца йогIу **Мохевехь** йолу дуккха а топонимаш а, гидронимаш а (хийн цIераш).

Аслановн докладехь а яра юьйцуш «евзаш йоцу топонимаш». Амма уьш вайнехан маттаца йогIу я ца йогIу, бохург юкъа ца даькккхира цо. И дира шайн къамелехь кхечара. Алазани олу цIе а нохчийн **Элсана** (иштта меттиг ю Элстанжа юххехь), аьлла йолчу цIарца йогIу. Ткъа иза иштта къасталуш ду: **эл** — ламанан чIож, кхин а хьалхенгахь делан цIе, **са** — меттиг, — мохк, **-на** — дештIаьхье. **Алцана**, олуш кхин цхьа меттиг а ю Нохчамахкахь, ЦIоьнтара юххехь. Иза а оццу маьIнехь ю, цхьа-кIеззиг болу фонетически хийцамаш хилар бен кхин башхалла йоцуш.

Алазанехь бехаш бу вайнахана гергара ларалуш болу бацой, церан юьртан цIе Алвани ю. И дош а вай лакхахь йийцинчу цIерех догIу. Профессора Ю. Д. Дешериевс а чIагIдо и дош вайнехан хилар. Кхузахь гучуделира Алазанехь **Нахчихай** олуш барз хилар. Иза вайн **нахчи** олучу дашца догIучух тера ду. (хай (ха) — стража), цу меттехь хIинца Iаш долчу кхечу вайнах боцчу къаьмнаша и шайн дош дац, бахар тидаме эцча муххале а. Иштта девзаш ца хиллера Кавказан кхечу меттанашкахь **Кахети,** боху дош а. И теллича, вайн маттаца тидалуш ду, аьлла хета, кхузахь вайнах Iийна хилар дагалаьцча муххале а. ХIокху могIанийн авторна хааделира Нахичевански АССР-хь **Варанда,** олуш юрт хилар. Оцу гIуллакхо а дохкуьйту хIуманаш дага, вай иштта цIе йолу юрт хилар дагалаьцча муххале а (**Лакха Варандий, Лаха Варандий,** олуш ши юрт ю вайн

Шуьтан районехь). Вайнехан этнонимах, топонимех лаьцна ши доклад йира цу семинарехь. Цу шиннах цхьаъ вайнехан меттигийн цІерех лаьцна яра. Важа вайнехан тайпанийн ширчу цІерех лаьцна яра, масала, **нахчи, мІайстой, маьлхий, галой** иштта кхиерш а юьйцуш. Семинаран дакъалацархоша маьлхан цІарах йоьзна ю и цІераш, бохург къобалдеш тІеийцира.

Цу семинарехь къеггина гучуделира мохк Іаморехь меттигийн цІерийн, къаьмнийн цІерийн Іаламат доккха маьІна а, хІор республикехь уьш Іамор чІогІа оьшуш хилар а. Кхузахь ала лаьа вайн республикехь и гІуллакх ледара деш хиларх лаьцна.

1970-чу шарахь хиллачу Дуьненюкъарчу 10-чу ономастически конгрессо шен сацамаш тІехь дІаяздира, Кавказера ономастика Іамор къаьсттана мехала гІуллакх ду, аьлла. И дан а ду иштта мехала гІуллакх. Делахь хІета хІинццалц схьа йолчу ханна Іамоза йолу вайнехан ономастика Іамор кхин а мехала гІуллакх ду.

## ВАЙНЕХАН, СКИФИЙН ЮКЪАМЕТТИГАШ

Вайн эра тІекхачале хиллачу заманан VII-чу бІешарахь дуьйна Къилбаседа-Кавказан шерачу арахь а, Къилба-Европехь а, Къилба-Уралехь а, кхидІа а Іийна ду, диллина цхьанхьа Іар доцуш, дІасакхелхаш дахар долу иранан мотт буьйцуш хилла къам — скифаш [17]. Цара шаьш йоккхуш йолу церан цІе **сак** хилла [18].

Цу скифийн алан, олуш цхьа тайпа хилла. Церан тІаьхье ю, аьлла ду хІинцалера хІирий. Амма Іилманехь кхечу тайпана хаамаш а бу. Масала, академикаша И. А. Джавахишвилис а, Н. Я. Марра а скифаш а, церан тІаьхьенаш **сарматаш** а (дуста: вайнехан цІармат (нохч.), цІаьрмат (гІалгІ.), аланаш а яфетически (Кавказан) къаьмнаш ду боху [19]. Проф. Б. Алборовс иштта аьлла а ду: «...Сами скифы и известные под названием скифских племен народности не были одного этнического иранского происхождения» [20]. Билггал цунах дерг хууш дац. Амма дуьйцийла йоццуш бакъдерг кхин ду: оцу скифашца а, церан тІаьхьенашца а вайнехан юххера уьйр хилла. И матто а гучудоккху.

Масала, скиф. **дарана** — сокрушать, громить, нохч. **даран** — резать, исполосить, кроить; балк. **дурун** — сокрушать, громить, скосить; хІир. **даран капун** — сокрушать, громить.

**ХІунара** — способность, дар; авест. **хІунаера,** балк. **хІунер** — способность, дар; нохч. **хьуьнар** оццу маьІнехь; **хьуьнар долуш ву Ахьмад.** ХІирийн маттахь дан а дац и дош. Цо а гойту и дош вай скифийн маттера тІеэцна хилар.

**Форд,** гІалгІ. **форд,** нохч. **хІуорд** — море. ХІирийн хІинца-

лерчу маттахь дац и дош. Цуьнан метта цара **денгиз** олу тюркски дош леладо. Амма хIирийн фольклорехь и дош долуш ду.

**Андан** — сталь, нохч. **онда** оццу маьIнехь хилла хьалха. ТIаьхьуо цуьнан метта тюркски **болат** лело долийна. Ткъа **онда** «крепкий», «сильный» бохучу маьIнехь дисина вайн маттахь. Масала: *Онда стаг ву Хьасан. И гIаж ондда туьйхира цо лаьттах.*

**Сак** — скиф. человек скифского этноса; нохч. **стаг** (саг) таг, гIалгI. **саг** — человек. Кхузара ду **сай** боху дош а. Акад. Марра **секхаIад** дешан хьалхара дакъа а цу дашах доьзна — **секха**. Делахь хIета, и герз вайнаха цаьргара схьаэцна. Дуста: гуьржаша **туьрах** «лекур», «лезгур» олуш хилар. Ткъа иза лезгийн «герз», бохург ду. Делахь хIета, **секхаIад** «сакийн (скифийн) герз (Iад)» ду.

Скифаш схьабевлла меттиг Юккъера Ази лоруш ю Iилманехь.

Цу шерачу меттигашкахь сеш чIогIа маьIна долуш хилла. Цундела сай церан тотем хилла. Цунах цара **сак** олуш хилла. Ткъа, вай хьалха ма-аллара, адаман цIе а, тайпанан цIе а тотеман цIарца хилла. Иштта ду скифаша шайх «сакаш» олуш хилар а, адамах церан маттахь **сак** олуш хилар а.

Скифашкара Къилбаседа-Кавказан къаьмнашка кхаьчча и дош саг, я цунна юххерачу дешан маьIнехь. Масала, вайнехан меттанашкахь и дош адам маьIнехь делахь, кхечу Къилбаседан Кавказан меттанашкахь и дош жимма хийцаделлачу сибатехь «ахархо», «лай» бохучу маьIнехь ду: аварск. **лагI** «лай», абаз. **алаг** «алаг» «ахархо», лезг., дарг. **лаг** «лай». Вайнехан маттахь а ду и дош хийцаделлачу сибтехь — лай, бохучу маьIнехь. Делахь а цу дешан маьIна а, хорма а хийцаялар тIаьхьо хилла. Ткъа юьхьанца иза «адам» маьIнехь хилла.

Проф. Яковлевс ма-аллара, лайш вайнаха, кхечу Къилбаседан-Кавказан къаьмнаша а санна, оцу вай дуьйцуш долчу иранан меттан къаьмнашна юкъара кхуьйлуш хилла [22]. Цундела, церан маттахь олуш ма-хиллара, тIеэцна вайнаха йийсар деш кхуьйлучу нехан цIе а. Ткъа хууш ду хIокху сохьта а хIираша стагах **лаг** олуш хилар. Делахь хIета юьхьанца скифо-сарматаш болчу хенахь адамах **сак** олуш хиллехь, ткъа алано-осетинаша цунах **лаг** олуш хилла.

ХIирийн Iилманхочо проф. Б. А. Алборовс иштта аьлла: ...Одно и то же слово обращается у одного из соседствующих народов в племенное название, у других — в «человек», а третьего в название низшего класса» [23].

Ткъа лайш йийсар дина тIебалийначу нахах беш хилар хууш ду исторехь. ХIинца а и цIе тIевеанчу стагах йоккху вайнаха, лай боху кхетам орамаца вайн заманахь дIабаьлла а боллушехь.

Зудчух а олуш хилла вайнаха **стаг//саг**; хьовса: йоккхсаг, йоIсаг; гIалгI. кхалсаг. Цо гойту **саг//стаг** бохург юьхьанца зуда а, боьрштаг а юкъалоцуш хилла хилар, тIаьхьуо гIуллакх хийцаделла.

ХIинца маIаш йолчух **сай** олу вай **саг** ца олуш. Ткъа хьалхенгахь цунах **саг** олуш хилла, скифаша — аланаша санна, ткъа и дог **г→й** даьлда, хийцаделла шен хормица а, чулацамца а. Иштталиг хуьлуш ду маттахь; хьовса: нохч. **зайла**, гIалгI. **загал**, хIир. **лаг**; нохч.-гIалгI. **лай**; хIир. тагар. нохч. **стайра** и. дI. кх. а.

Сай вайнехан лоруш дийнат хилла хилар хаалуш ду вайн фольклорехь хIинца а.

Ламанах бухдуьйлу шал шийла шовданаш
Шен бекъчу кийранна Iаббалц ца молуш,
Варша йисте ва йолу маргIала сийна буц
Шен оьздачу зоьрханна буззалац ца юуш,
. . . . . . . . . . . . . . . .
Орцал лаха ва буьйлуш, гIелашка ва гIергIаш,
Масане сай лела гIелашца ва боцуш.

Стечу сех **гIала** олуш хилла, ткъа боьршачу сех бен олуш ца хилла **сай**. Цу гIуллакхо гойту, нагахь **ча** зудчун сибатехь, зударийн заманан тотем хиллехь, ткъа **сай** божарий дахарехь коьрта лоруш болчу заманан тотем хилла хилар.

Иштачу заманан дела лоруш хилла малх а. Делахь а, малх, сай, ча тотемел тIаьхьо хилла. Юкъараллехь зударашкара мукъ дIабала болабелла а болуш, амма хIинца а кхоччуш иза боьршанехан каракхачаза болчу муьрехь хилла **сай** тотем. Цундела и цIе боьрша нах а, зударий билгал бохуш лелаш хаалуш ю. Ткъа малх культ йолчу хенахь кхоччуш зударийн карара гIуллакх дIадаьлла, боьрша нехан карадирзина хилла. И гуш ду и дош боьршанехан цIерашца лелош хиларехь а: **мар, майра, нах** и. дI. кх. а. Кхин а хилла вайнехан хьалха язычески дина заманахь кортош детташ лелош цхьацца деланаш. Иштта хилла цIеран дела **ЦIу**, дийнатийн дела **Элта**, стигалан дела **Сиела**, хин дела **Хиннана**, лаьттан дела **Лаьттанана** и. дI. кх. а.

Делахь а коьртанаш, маьлхан дела а, цIеран дела а хилла, хIунда аьлча и цIей, малхкхий боцуш, адаман дахар хуьлийла ца хилла, къаьсттана а цу генарчу ширчу заманахь, цундела царах деланаш бина нах шайн кхетамехь.

**Кути** — собака, хIир. **куй**, балк. **куцин** — щенок, гIалгI. **кIадз**, нохч. **кIеза** «щенок». Дуста: нохч. **гуди** — жIаьлин кхойккхуш йоккху цIе.

**Карса** — резкий, строгий, хIир. **карз**, балк. **гарсу** «против,

резко», нохч. **карзах** (вале) — разъяриться, выйти из себя. ЧIогIа карзахваьлла хьо тахана.

**Мар** — убивать, хIир. **марун** — убивать, балк. **мара** — следить, преследовать, целиться. Нохч. **мара** (вуолла) — обнять, **муор** — вязанка, **марчуо** — (стаг велча хьарчош долу кIади, киса).

**Маз** — большой, великий, авест. ***маз**, балк. **маза** — лу, нохч. **маза**-л — мера сыпучих тел (шина гирданан барамехь хIума — ахьар, ялта и. дI. кх. а). Балкарийн, нохчийн маттахь оцу орамана тIекхеттарг суффикс — **л//лу** ю.

**Така** — нить, ткань, одежда, хIир. нохч. **тикмаш да** — шить; **угра** — сильный, **ургафсург** — легендарный конь, нохч. **уггар**— самый лучший (уггар чIогIа — самый сильный, мощный; **уггар дика** — самый лучший и т. д.).

**Арна** — дикий, свирепый, хIир. **арнаг** в том же значении (-г — суффикс), нохч. **эрна** — свободный, напрасно, вхолостую (ср. **аьрха** — необузданный, свирепый), балк. **арнаг** — оццу маьIнехь.

**Ас** — сарматское племя, нохч. **ас**, гIалгI. **аз** — я, Iас — хина цIе. **Айсийн-некъий** олуш гар ду Дишнийн-Веданарчу белгIатойн тайпанан. ХIираша балкарцех **асы** олу. ХIирех а олу **осетин**, хьалха **осы** олуш хилла царех (клузахь орам **ос** бу).

**Гудан** — плуг, нохч. **гуота** — плуг.

**Бад** — сидеть, провалиться, хIир. **бадун**, бад — сидеть, проваливаться, дуста: нохч. **бадалкх** (вала) — сидеть развалившись, в развалку.

**Бинц** — хIир. **бинза**, балк. **сбин** — муха, нохч. **моза**, гIалгI. **модз** (б→м) «муха».

**Жанту** — племя, балк. **жанту** — название рода, нохч. **Джанту** — собственное имя мужское. Тайпанийн, къаьмнийн цIераш тохкуш Iедал ду вайнехан шайн берашна: ГIебартуо, Нохчуо, Суьли, Гуьржи и. дI. кх. а.

**Бор** (а) — желтый, рыжий, буланый, хIир. **бор.** перс. **бор** — бурый, балк. **мор** (б→м) — коричневый, нохч. **буор** (а) — буланый.

**Цагар** — раб (дуста: **сак** — человек), хIир. **цагар**, балк. **цагар**, нохч. **саг//стаг//таг**, гIалгI. **саг** — человек, **лай** — раб, хIир. **лаг** — человек (г→й).

**Язиги** — скифско-сарматское племя, нохч. **Язаг** — имя женщины.

**Маста** — гневный, ярый, нохч. **маст** (ваккха), **мостагIа** — враг, бала — военная дружина, нохч. **бала** — горе, бремя.

**ГIожакъ** — собственное имя, нохч. **ГIожакъ** — фольклорный герой — нарт.

**Даи** — скифское племя, населявшее степную зону западного

побережья Каспийского моря. Дуста: нохчийн **ДІай** — юрт, **дІай** — тайпа (хьовса лахахь).

**Алан** — скифское племя. Дуста: вайнехан **Іаларой (руой** — суффикс) — тайпа, **Іалара** — юрт, урартхойх **алародаш** олуш хилла грекаша. Профессора В. И. Абаевс ирански **ариана** (ариец) бохучу дашца доьзна и дош [24].

Кхечу меттанашца и дош туьдаш меттигаш а ю Іилманехь. Амма хІинццалц схьа вайнехан меттанийн гІоьнца и теллина меттиг яц. И вай дийр ду кхузахь. Цу дешан чаккхе — **он** (иза хІирийн маттахь хІокху сохьта а йолуш йолу цІеран юьхьан суффикс ю, дуста: ир-он (**ир** — лард), «хІири», **макхалл**-он «гІалгІа», макхал — лард и. дІ. кх. а). Ткъа иштта кхузахь юьсаш йолу лард **ал** ю. Ткъа и тайпа дешнаш вайнехан меттанашкахь Іаламат дукха ду: Іал, ал, Іиела, Іайлие, и. дІ. кх. а. Кхин **а** хьалхалера лард **а//Іа** ю цу дешан: **Іа** — зима, **а** — арие, **Іу** — чабан, **анаюхие** — горизонт, **Іаь** — дыхание и. дІ. кх. а. Делахь хІета **алан** боху къоман цІе а вай «арие» бохучу дашах дузу. Иштта олуш хилла хьалха аренех (**-р, -ие** — суффиксаш ю). ХІинца а ду олуш хаалуш: *А а вац хьуо, лам а вац хуьо.* Иза — «арара стаг а, ламаро а вац хьо», — бохург хилла. Хьалхенгахь дош кхуллуш дештІехьа тІеетталуш йолу суффиксаш хилла яц. Цхьана дашца билгалъеш хилла масийтта цІе. Масала, **ламаро** а **лам** олий билгалвеш хилла, ломах а лам олуш хилла. Аарахь вехаш волчу стагах а цу аренах а, шиннех а а олуш хилла. Иштта къелла хилла маттехь. Оцу тайпана кхолладелла ду вай далийна долу къамел а.

Ткъа хууш ду аланаш а, скифаш а даима а аренца Іаш хилла хилар.

Иштта таро хилла «алан» бохучу дешан юьхьанцара орам а гучабаккха. ТІаьхьуо и орам — **л** олу меттиг а, цу меттигехь дехаш долу къам а билгалдеш йолу суффикс тІе а кхетта бахбелла. Ткъа цу хорманехь І хьалха а летий лахенца, аренца дозаделла гІуллакхаш гойтуш лела и дош, масала: Іиела — «ариенга Іадаккха вахар», Іиела — «бухара дуьне» и. дІ. кх. а.

Хууш ду, вайнаха, кхечу Кавказан къаьмнаша санна, даьхний Іаьнна шерачу аренга дажа лохкуш хилар.

Иштачу гІуллакхах вайнаха — *даьхний Іайлие лохку* — олуш хилла. Кхузахь «Іайлие» бохучу дешан орам **Іа** бу, **-й, -л, -ие** — суффиксаш ю. Ткъа цуьнан маьІна **арие** бохург а ду. Кхузара ду хьалхе аренгахь Іачу нахах **Іалуой, Іаларуой** (**-руой** — суффикс) олуш хилар (**-уой** — дукхаллин терахьан юьхьан суффикс). **Іалуо//Іалу** олуш долахь цІе а хилла вайнехан.

Вай хьалха ма-аллара, вайнах Іаьнан заманахь боьлхуш хилла аренга Іие, хІунда аьлча цигахь дежийла хуьлуш хилла. Делахь хІета **Іа** (зима), **Іа** (находиться на одном месте) боху

дешнаш а оцу Іайлие бохучу дашах доьзна ду. **Кхузахь а орам Іа** бу. Вайн ширчу ламанан диалекташкахь ***«Іа чудирзина хан»*** олуш ду. Кхузахь кхето деза чудирзинарг **Іа** (зима) цахилар, ткъа Іаьнна **Іа** (находиться) чудирзина адам хилар. **Иштта нах** Іадаккха дІабаханчохь Іийна цІераш теххина йисина юй-те вайн яртийн цІераш: **Іалара, Іаларийн-эвла, Іалда** (Алды) — **БухІун-юрт, ІалханЙюрт,** Алхаста. Иштта оцу кхетамах йозаелла юй-те, аьлла, хета **Іаларуой, Іалхаштой,** боху тайпанийн цІераш а, **Іалхаштойн Іалха** олучу вайн фольклорни турпалхочун цІе а.

Шена тІе тидам бохуьйтуш ду и вай ялийна цІераш йолу ярташ я аренгахь, я аренна юххехь ехкина хилар а. Оцу дерригено а ма гойту ткъа **алан** (вайн маттахь Іалуой) бохучу аренгахь Іийна долчу къоман цІе вайнехан маттахь «арахь Іаш берш», аьлла, тидалуш хилар.

## МУХА ХИЛЛА ВАЙНЕХАН ІЕР-ДАХАР ГЕННА ХЬАЛХА ЗАМАНАХЬ

«Мотт — иза историн бакъволу теш ву», — аьлла академика А. С. Чикобавас. Ткъа А. С. Пушкина, сийлахь-воккхачу оьрсийн поэта, аьлла: «Вайн мотт — вайн истори ю».

КІорггера мотт талла воьлча, гучудолу и иштта хилар. Масала, тюркски меттанашкахь деших **алтын** олу. И дош **Алтай** олучу махках доьзна ду. Цо гойту тюркски къаьмнашка и деза металл Алтайра кхаьчна хилар.

Немцойн маттахь Іожах апфель олу. И цІе йолуш Италехь дукха Іежаш хуьлуш цхьа меттиг ю. Цу меттиган цІарах кхаьчна Іаж дуьххьара немцошка.

Вайнехан маттахь долу **чилла** (шелк) **чин** бохучу дашца доьзна ду, ткъа иза хьалха Китайх олуш хилла (цин). Ткъа хууш ду гуттар хьалха и деза кІади Китайра кхоьхьуш хилар. И кІади кхоьхьуш болу Китайра Европе боьду дарин некъ вайн маххахула дІабоьдуш а хилла. «Чай» боху дош а ду «Чин» бохучу дашца дозуш. Китайра чай схьадаьлла хиларан билгало ю иза а. И Іилманца нийса а догІу.

**Калакойн Іаж** олуш ду вайн фольклорехь: «Калакойн Іаж санна хьан йогу беснеш...» **Жима Калаки** олуш юрт хилла хьалха заманахь ЧІебирлахь. **Калакви** — иштта олуш хилла хьалха Тбилисах гуьржаша. Цигара схьадаьлла ду вай лакхахь далийна дешнаш а. Ткъа цо гойту вайнаханий, гьржашний юкъахь хилла йолу юкъаметтигаш.

**Орца дала!** бохург хІинцалерачу оьрсийн маттахь караул! бохург ду. Ткъа хьалха цуьнан маьІна аренгахь цхьа кхерам хаабелча, орца тІе хьаладовлий, дІаловчкъа бохург хилла. Хьалха **дала** боху дош дукхаллин кеп йолуш хилла. **Орц (арц)** —

иза, тIехь хьун а йолуш долу, вайн ареннийн, лекхачу **лаьмнашнийн** юккъера лекха доцу лаьмнаш (аьрцнаш) ду.

Вайнехан фразеологехь гуттар хьалха хиллачух бухадисинчарна тIетийжаш гучудолу цхьадерш: Масала: *Хьо ваа хьуо везачо* — олу вай. И хIинца забарна олу. *Лаьттананас ваа хьо а* — олу. Берашна буллу сардам бу иза. **Лаьттан-нана** — иза «лаьттан дела», бохург хилла. Велла стаг лаьттах воллар, цу лаьтта деланна и ваа дIало моьттуш хилла. **ЖIаьлеша ваа хьо** а, олу. И дерриге а вай юьйцуш йолчу заманан лар ю: юкъараллехь хилла доцург цхьа а дац матта юкъахь. Ткъа и зама массо а къаьмнашна а хилла ю. Вайнехан меттанаш теллича, вайн халкъан Iаламат йокха истори язлур яра, ма-дарра долу цуьнан хьалха — заманахь хилла Iер-дахар гучу а доккхуш. **БIаьста, аьхка, гуьйре, Iа** — оцу диеа даша чохь доллу-кх гуттар хьалха вайн дайн шеран еа хенахь хилла долучу дахаран хьелаш.

Хьовсур вай цуьнга. Хьалха заманахь маьлхах **бIе я мIа** олуш хилла вайнаха. **БIаьста** бохучу дешан хьалхара дакъа ду иза. Цуьнан шолгIа дакъа **с (са)** ду. Ткъа **са** — латта, меттиг, мохк, бохург хилла. Оцу дешан кхоалгIа дакъа **тIа//тIе** боху дештIаьхье ю; масала, **тхов тIие, хи тIие** и. дI. кх. а. Иштта долчу дакъойн маьIнашца аьлча, и дош «маьлха лаьтта тIие» бохург хуьлу. Цо гойту бIаьстие вайнаха хьалха заманахь маьлхаш долчу меттигах олуш хилла хилар. Иштта цIе йолуш лам а, буц а ю вайн. Делахь а меттиган цIе юьхьанца хилла, цунах схьаяьлла цига йолучу беца цIе. И ши а хIума Маьлхастахь ду: **БIаьста** — лам (бIаьстуой, олуш тайпа а хилла цу меттехь дехаш; «бIаьста», олуш буц а хилла). БIаьста яьлла, бохург юьхьанца и буц яьлла бохург хилла. Делахь хIета и буц хьалаялар бIаьстенан зама тIекхачар лоруш хилла, ткъа хIинца-м бIаьсте яьлла бохург «весна наступила», бохург ду.

**Аьхкие** (шат.-ит. **эркие**). И дош **ахк** бохучу дашах схьадаьлла ду, **-ие** — меттиган суффикс ю.

Делахь хIета, цо гойту аьхкенан гуттар йовхачу хенахь вайн хьалхалера дай маьлхан басошкара, шийла а йолуш, хи а долуш, дохна буц а йолуш долчу лаьмнийн чIежнашка (ахкашка) боьрзуш хилар.

**Гуьйре** боху дош **гуй** бохучу дашах доьзна ду, **-рие** — меттиган суффикс. ЖIаьлина доьша дуттуш долу **гуй** а, **гай** боху дешнаш а цу дашца доьзна ду. Делахь хIета **гуьйре** бохург, Iаьнна даа хIума кечдина йолу меттиг, бохучу тIедогIу, **гуй** — яахIума йолу меттиг ю вайнехан меттан кхетамехь.

**Iа** «зима», **Iа** «жить» бохучу хандашах дозуш ду. Iай хьехнаш чохь, башха къа а ца хьоьгуш, Iаш зама токхуш хилла хьалхалерачу заманан адамийн дахарехь, хIунда аьлча, церан дахар хIинца санна белхаш ба заводаш а, фабрикаш а йолуш ца

хилла. Аьхка шайн аренца долу гIуллакх а дина, Iаьнна чубирзичахьана бовлуш хилла уьш.

Хууш ду, ялта дуьйш-дерзор адамашна юкъадалале, дохнаца адамаш дехаш хилла хилар. И иштта хилар дика гойту **буц (бац)** боху дош талларо. Цо гойту вайнехан хьалхенгахь берриг а болх бажа бажорца хилла хилар. Ткъа цу балхах **бацар, баца баор** олуш хилла. И дош **буц (бац)** тIера схьадаьлла ду. Иштта бацах боьзна хилла вайнехан хьалхенгахь хилла болу къинхьегам а, болх а.

**Стаг вацор**, бохург, цуьнга бежнашна буц яаяйтар, бежнаш дажадайтар хилла. Цул сов, кхин а хьалха адамаш шаьш а хилла бецаш а, орамаш а, иштта кхин йолу ораматаш а лехьош, цунах пхьор латтош дехаш. Цу тIе доьгIча, **вацор** цхьа бежнаш дажор хилла ца Iаш, адамийн хьашташна ораматаш, бецаш лехьор, бохучу маьIнехь а хуьлу. Иштта цу дешнийн орамах ду **вацархо, яцархо, баца баор** боху дешнаш а. ХIинца вайн болчу меттан кхетамца **вацор, вацархо**, бохург муьлхха а цхьа къахьегар ду, ткъа **баца баор** берийн ловзарехь эшначу агIоне цхьа муьлхха а гIуллакх дайтар ду. Меттан кхиаран законашкахь хьалахенгахь, буьззина кхетам болу дешнаш оцу шайн хьалхалерачу маьIнера дIа а довлий, кхечу ледара маьIна долчу кхетаме довлуш хилар хууш ду, ткъа къаьсттина а берийн ловзаран кхетаме довлар. Масала, **Туш**, олуш дукха веза дела хилла вайнехан хьалха заманахь, ткъа хIинца цунах дисинарг «туьшах ловзар», олуш долу берийн ловзаран маьIна ду. **Гал** олуш хилла цу заманан маьлхан дела. Ткъа хIинца цунах дисинарг «галгIожмех ловзар», олу берийн ловзаран маьIна ду. Бакъду цунах схьадевлла долу кхин цхьацца дешнаш-м ду, масала, **Гилниеюрт, Галне, гелатхой** — тайпа (гIалгIай), **гиелате-юрт; ГаланчIож** — ламанан чIож и. дI. кх. а. **Буц** бохучу дашах схьаяьлла ю вайнехан цхьана декъан цIе — **бацой** а. Оцу тайпана вайнехан дахаран бух, цуьнан экономика хилла лаьттина ю цхьана заманахь буц (хьалхенгахь цу дешан васт **бац** хилла).

Кхин а хьалха **бац** бохург маьлхан латта бохург а хилла: ба→ма→малх; ц//с — латта. Цу дашах доьзна ду мацвелла бохург (дуста: **бац, мац**). Иза бацала ваьлла бохург, я вуьшта аьлча маьлхан лаьтта тIе ваьлла бохург хилла. Кхузахь тидаме эца деза б ← м я м ← б долуш хилар а, велла бохург а ваьлла бохург а цхьана маьIнехь хилла хилар а. Кхузахь аьр вай **хьагвелла** бохург а цу хенарчу меттан хьесапехь IиндагIа долчу тIуьнчу метте ваьлла бохург хилла, хIунда аьлча **хьайхие** бохург хIинца а ламанан малх боцу, IиндагIие басие бохург ду ламанхойн диалекташкахь: кхузахь **хьай** боху дакъа **хьаг** бохучу дирзина (й→г), -хие боху дештIаьхье охьайоьжна.

Иштта бацах лаьтташ экономика хиллехь, ткъа идеологи

дукхаделанаш болчу (язычески) динах лаьтташ хилла вайнехан. Коьрта деланаш хIорш хилла: **Ма** — маьлхан дела, **Сие** (ла) — стигалан дела, **Пхьа** — адамийн дела, **ЦIу** — цIеран а, хIусамийн а, кхерчан а дела. Кхин а хилла деланаш, масала: **Ди** — стигалан а, Iаламан а дела (кхузараа ду **дие** (день), гIалгIайн **дитуохар** (нохчийн стиелахаьштиг туохар), дела (-ла — суффикс); **Гал** — маьлхан дела. Къаьсттана базбина лелош хилла бу **Гал, Ма** боху маьлхан деланаш. Гал грекийн хьалхазаманан **Гелиос** бохучу маьлхан делица вогIий-те, аьлла хета, **-ос** боху дакъа цIеран дожаран чаккхе хилар дагалаьцча къаьсттана а (хьовса лахахь). Ткъа **Ма** боху дела (хIинца **вай малх** олу дош цунах схьадаьлла ду, **-лх** — суффикс, кхузара схьадевлла **Маьлхиста, МIайста** боху меттигийн цIераш а, и. дI. кх. а). 8 эзар шо хьалха хилла йолчу Хьалхарчу Азин пачхьалкхийн и дела хилар а гучудаьккхина археологаша, ткъа иштта хууш ду и дела Урартун коьрта маьлхан дела хилла хилар а [25].

Историс тоьшалла до адам шен истори дIайолалучу муьрехь бецаш а, хьуьнан стоьмаш а бууш, хи чуьра чIерий а лоьцуш, толлуш акхарой а дойъуш даьхна хиларна.

Цу заманахь **лахьор** коьрта болх хилла. Иза бецаш, орамаш, яа мегаш йолу сагалматаш лехьош гIуллакх лелийна бохург ду. Цигара кхолладелла схьадогIуш ду **лахьа, лахьадар** боху дешнаш, ткъа церан маьIна хийцаделла Iер-дахаран кеп хийцаяларца доьзна, ткъа дош шен аьзнийн структурица хьалха ма-дарра дисина. Иштта цу орамах ду **лаьхьа** боху дош а, ткъа и хIума а лахьане ерзош хилла хиларан билгало а ю иза. Ткъа тIаьхьуо и цIе яккха ца магийначу гIуллакх дирзича кхолладелла «текхарг», «боьху хIума» боху дешнаш.

Iер-дахар хьехнаш чохь долуш, вай лакххахь ма-аллара, зуда коьрта а, ча тотем а йолуш зама хилла иза. И зама Кавказан юкъара ваьр (род) долуш хилла ю. ТIаьхьуо акха дийнаташ караIамийна адамаша. Кавказан юкъара ваьр дIа а даьлла, хIинца долу Кавказан къаьмнаш кхолладала дуьйладелла зама хилла иза. Делахь а меттан тоьшаллица Кавказан къаьмнаша шайн юкъара ваьр долуш дуьйна а караIамуо долийна акха дийнаташ. Коьрта долчу декъана цу гIуллакхо вовшах а даьккхина церан цхьаьна Iар. Цу хена дуьйна а вайнаха пайдаэца болийна юьхьанца кегийчу маIаш йолчу даьхнех (хIунда аьлча, уьш хьалха Iамийна кара), тIаьхьуо дакхийчу маIаш йолчу дохнах. Даьхнилелор дукха хьалха заманахь дуьйна а вайнехан бахаман бух хилла хиларна тоьшалла до матто а. Масала, вайнехан меттан тIеэцна доцуш, шен ду дукхах долу хьайбанаш а, церан маша а билгалдеш долу дешнаш, бакъду кхечу Кавказан меттанашца догIуш-м ду уьш: уьш вайн юкъара цIераш ю. Масала, нохч. **сту**, гIалгI. **уст**, адыг. **цу**, авар. **оц**, лакск.

**ниц**, лезг. **яц**, табас. **йиц**, чамал. **муса**. Оцу дерриге а дешнийн орам цхьаъ хилар Іилманехь гучудаьлла ду. Иштта а кхузахь вай тоам бийр бу нохчийн меттан цІеращца.

МаІаш йолчу кегийрачу дохнан цІераш: **газа, уьстагІа, ка**, овст, **Іахар, цІинжи, Іаьвла Іахар, жи, туо, буьхьиг, чухбуьхьиг** и. дІ. кх. а.

Даккхийчу маІаш йолчу дохна цІераш:

**Сту**, гІалгІ. **уст**, етт, бажа, борш, старгІа гІалгІ. саргІа. Бакъду, **айгІар, алаша, йоргІа** боху дешнаш гІумкийн маттара схьаэцна вайнаха хьовса: айгур, алаша, жорга.

И тайпа говрийн башхаллаш тІаьхьуо вайнахана гучуевлла хиларан билгало ю иза. ГІумкашкара хааеллачух тера а ду и говрийн амалш вайнахана. Делахь а говр вайнахана евза лахара а 4—5 эзар шо хир ду.

Дукха хенахь дуьйна бежнаш лелош а, царах маша деш а хилла вайнаха. Стеган хьолан барам бежнаш хилла, къаьсттана детташ долу бежнаш. Цигара даьлла ду хьал боху дош: детташ долчу бежнех **хьелий** (-ий — дукхаллин терахьан суффикс) олу. Иштта бежнашца доьзна ду **даьхний**, цу дашах схьадаьлла ду — **дахар** (в, б, й), стаг вехаш ву бохург. Иза дуккха а даьхний (бежнаш) ду бохург ду [26]. Оцу тайпана хьал-бахам дохнаца доьзна хилла хилар хаалуш хІумнаш ду Европерчу дуккха а къаьмнийн а (немцойн, французийн и. дІ. кх. а).

Говраш вайнаха йоьжна а, тІехиъна а лелош хилла.

Ткъа хьелийн шурах тайп-тайпана сурсаташ кечдеш хилла, масала, **шар, даьтта, кІалд, налха, тІуо, кІалд-морза, морза, нехча**. Царех кечъеш хилла иштта яахІумнаш: **кІалдаьтта** гІалгІ. **даьттакІодар, тІуобиерам, чуьхьанбиерам, муьстабиерам** и. дІ. кх. а. И дерриге а дешнаш вайнехан шайн меттан ду. Цо и гІуллакх вайн халкъо ша-шен хьекъалехь гучудаьkkхина, керадерзийна хилла хилар гойту.

Даьхнилелорал тІаьхьуо я цуьнца цхьана (и билггал хууш дац) юкъадаьллачух тера ду ялта лелор. Билггал хууш ду дукхах долчу коьртачу ялтийн цІераш Кавказан къаьмнийн, къаьсттина а Къилбаседа-Кавказан къаьмнийн меттанашкахь, цхьана орамах лаьтташ долчу дешнашца билгалдеш хилар. Цо гойту и ялташ дукхах долу Кавказан къаьмнаш цхьана Іаш долчу заманахь дуьйна а вайна девзина хилар.

ХІокху тІаьхьарчу шерашкахь Сиржа-Эвлахь бина болчу ахкамаша гойту вайн республикан территори тІехь 4—5 эзар шо хьалха дуьйна а ялташ лелийна хилар, къаьсттина кІа.

Урарту пачхьалкхан хиллачу территори тІехь бинчу ахкамаша гайтина цигахь кІа дуьйш-лелош хилла хилар.

Ткъа вайнаха ялта дуьйш-лелош хилла хилар гойту вайн матто а, хІунда аьлча цуьнан **кІа** лезг. **кІа, мукх** агульск. **мух, борц, вуоьта** иштта кхин а дешнаш шен хилла хиларна. Къаьст-

тана а даьржина хиллачух тера ду мукх лелор, хIунда аьлча гIалгIайн **маькх** бепиг боху дош мукх бохучу дашах ду. Ткъа бепиг — иза хIирашкара тIеэцначух тера ду (хIир. баппа дуста нохч. баппи). Иштта даьржина хилла **борц** лелор а, хIунда аьлча сискал бохург хьалха барцах йоккхуш хиллачу **сос** цIарах ду.

**Iаьржа кIа** (рожь) а хилла вайнахана девзаш. Ткъа хьаьжкIа (лезг. гьажикIа) тIаьхьуо вайнах хьажцIа, Макка оьхучу хенахь цара цигара еана яьлла вайнахана юкъа. Иштта тIаьхьуо гIумкийн дашца юкъаеана таро ю гIабакх, гIумк. кхабакх.

Ялта дуьйш-дерзош вайнаха дукха хьалха дуьйна а лелийна хилар гойту ялташ лелош, охана деш лелош хиллачу гIирсийн цIераш вайнехан шайн хилла хиларо а; масала: **гота, нох, хьонхал, тиед, баьлча** — нахаран тIам. **Нох** нохчи бохучу дашна гергара а долуш маьлхан делан цIерах ма орамах долчух тера ду. **Гуота*** вукху маьлхан делан **Гал** орамах дуй-те, аьлла а хета [27] и дI. кх. а. **Циел, марс (ма-р-с), мангал (ма-гал** — маьлхан деланаш), **мекха, мекханан цергаш** — ялташ дуьйш-дерзош лелоран гIирсаш. ТIаьхьуо тIеэцна вайнаха **миетаг** боху дош. Иза оьрсийн **мотыга**, бохург ду.

**Диг, биел, ваба, варзап, жIов, хьостам, хIож** — боху кхечу белхийн гIирсийн цIераш а орамера ю. Ворданан меженаш а дукхах ерш орамерачу цIеращца ю, бакъду «ворда» боху дош дукха хьалха дуьйна скифашкара схьаэцна ду. **Чкъург, ворданан цIа, дукъ, дукъарц, милк, сема**, вайнехан дешнаш ду.

Шен схьадалар вайнехан маттаца къасталуш ду **диг** боху дош. Иза **га** бохучара схьадаьлла, **ди** — классан гайтам. Цуьнан юьхьанцара хорма, Iилманчас Я. С. Вагаповс билгал мадаккхара, дагар хилла (**-р** — суффикс ю, иза хьалхалерачу маьIнехь аьлча гаьнтIера бохург хилла, хIунда аьлчахь ша диг цхьана гаьнтIа дуллуш хилла дела. (ХIинца цунах дага олу). Дага, дагарда боху дешнаш а оццу орамах ду. Дага бохург догуш дерг **га** хиларна аьлла, цкъа дагарда бохург юьхьанца дагарца дакъош деш хьесап деш хиларна аьлла.

Стоьмех вайнахана хьалхе дуьйна а бевзина бу **Iаж, хьач, кхуор**. Ткъа бал гуьржашкара гучуяьллачух тера ду. Цара «бали» олу цунах. Делахь а, ирански маттахь а дош ду иза.

Къаьсттана даьржина хилла вайнехан накхаршлелор. И иштта хилар гойту дерриге а цу гIуллакххах доьзна долу дешнаш вайнехан шайн хиларо: **ниекх** (микх), **накхармоза, зIуга, жуккар, вой, войдалар; вемоз, улхамуоз** и. дI. кх а.

Тайп-тайпанан металлех гIуллакх деш а, уьш девзаш а хилла вайнахана.

Вайн меттан тоьшаллица гучудаьлла ду эчиг вайнаха шаьш

---

* **Дуста: скифийн гудан — гуота.**

доккхуш а, лалош а, цунах дезар деш а хилла хилар, масала, **ач//аш** олуш цхьа ши тайпа хIума ю. И руда хилла. Цунах доккхуш хилла вайнаха эчиг. Оцу **ач** бохучу дашах схьадаьлла ду ткъа **эчиг** (кхузахь тIекхеттарг дошкхолларан суффикс **-г** ю; хьовса: **дач** — **дечиг**, **довз** — **девзиг**, **ла** — **лериг** (чIеберл. **лариг**).

Оцу дерригено а гойту **эчиг** вайнахана дуьххьара шайна гучудаьлла а, цунах гIуллакх дан а хууш, уьш хилла хилар. Изза ала мегар ду **дешех, детех а, цIастах** а лаьцна. И дешнаш а вайнехан шайн ду. **Болат** боху дош тюркски къаьмнашкара тIеэцна ду (гIумк. **болот**). Амма хьалхенгахь вайнахана и металл девзаш хилар гойту **онда** дашо. Иштта олуш хилла вайнаха цу металлах (болатах) хьалха. И дош скифийн маттахь а хилла (хьовса лакхахь). Девзаш хилла вайнахана иштта кхидолу металлаш а, масала: **ез, гIели, жовхIар, бирлант, борза, мисирболат (Мисир** Египтах олуш хилла, цигара гучудевллачух тера ду и болат), наштар и. дI. кх. а. Царех цхьадерш тIаьхьуо кхечу къаьмнашкахула девзина хила а мегаш ду. Амма **эчиг, дешийн, цIастийн, детийн, борзийн** вайнаха шаьш доккхуш хиларан шеко яц. И гIуллакх Кавказехь уггар хьалха металлурги гучуяьлчахьана а хилла ду. Ткъа Кавказ, Iилманехь хууш ма-хиллара, адамаллин историехь дуьххьара хилла металлурган кхерч бу [28]. Дуьххьара дезар деш лелийнарг **цIаста** хилла, тIаккха **борза**, тIаккха **эчиг**, цул тIаьхьа **болат** и. дI. кх. а..

Вуно гена заманахь дуьйна а мехкадаьтта девзаш а, цунах гIуллакх деш а хилла вайнах. Дуьххьара дуьнен тIехь мехкдаьттанах гIуллакх де завод йиллинарш вежарий ДубинингIар лору.

И завод Мазлак-гIали юххехь йиллина хилла. Цул хьалха мехкдаьттанах гIуллакх дан долийна Мамакх-юрт, олуш хилла йолчу кIотар юххехь нохчаша. **Чеченский асфальт** силма, олуш асфальт а.ю Iилманехь евзина [29]. Нефть, боху дош оьрсаша а, кхечу Европерачу къаьмнаша а Иранан маттера тIеэцна ду — **нафат**. Ткъа и дош нохчийн шайн ду — мехкдаьтта. Iаьржа мехкадаьтта а олу.

Къаьсттана ала дезаш ду вайнехан гIишлошъяран говзаллех лаьцна.

Кавказехь а цIе яххана говза гIишлошъян хууш пхьераш хилла вайнехан. Цара еш хилла тIекIелйина гIаланаш а, чохь Iен а, тIеман Iалашонна а 5—6-зза тIекIелйина бIаьвнаш а. Шайна йина ца Iеш, луларчу къаьмнашна — гуьржашна а, пхийшна а, шойшна а, тушбацошна а, беношна а (мохевци), хIирашна а, иштта кхечарна а еш хилла нохчаший, гIалгIаший бIаьвнаш. Цунах лаьцна дуккха а дийцарш ду вайн ламаройн, къаьсттана мIайистойн. Вайнехан и говзалла лакхара хиларна тоьшаллаш хилла лаьтташ ю кхечу цхьана а Кавказан латта

тIехь йоцчу тайпана йолу Нохч-ГIалгIайчуьра дукха бIаьвнаш. Йоха мел йина уьш! Къаьсттана Кавказан тIом болчу хенахь.

Иштта тоьшалла ду вайнехан меттанашкахь бIаьвнан массо а меже билгалъеш дешнаш хилар а: нохч. **цIуркул, чIарх, чIиерга, ларам, наьртол, эрда бIогIам** и. кх. дI. а.

Коьрта долчу декъана XII—XVI-чу бIешерийн заманахь еш а хилла и бIаьвнаш вайнаха. БIаьвнаш еш берш таро йолу нах хилла, дерриг ваьро цхьана йина яц уш.

Къаьсттана говза пхьераш мIайстойн, маьлхийн хиллачух тера ду. БIаьвнаш яран а, кхийолу а говзаллаш мIайистошкахь хилла хиларан бахьана ду иштта олуш хилар: *Никъ маьрша цIен мIайсто.*

Цул сов, мIайстой бевзаш хилла говза лоьраш хиларца а. Коьртан туьтанна гам хьокхуш цара деш хилла дарба, Европерачу къаьмнашчул хьалха карадирзина хилла царна. ЦIена бакъдолуш литературехь хааделла ду гIараваьлла волу оьрсийн XIX-чу бIешеран хирурга Пироговс ламанхойх човъерзоран говзалла Iамийна хилар.

Иштта йоккхачу говзаллица бевзаш хилла мIайстой кхел нийса еш хиларна а.

Дукха лакхара хилла ю вайнехан герзаш даран говзалла а. Цара XVIII-чу а, XIX-чу а бIешерашкахь а, цул хьалха а деш хиллачу герзийн — шаьлтанийн, таррийн — шайн дитт ира хиларан говзаллех хIинца а Iилма кхиаза ду.

Иштта чу туьрах терс-маймал олуш хилла. И тарраш Кубанехь а, кхечу меттигашкахь а «волчки» аьлла девзаш хилла. Иштта олуш хиларан бахьана цу туьр тIера берзан сурт хилла. Хьенапан шаьлта олуш хилла нохчийн шаьлта. И шаьлтанаш еш волчу пхьеран цIарах олуш хиллачух тера ду. Цхьа ша тайпа **нохчийн шаьлта** а олуш, дика евзаш хилла и шаьлта. **Нохчийн топ**, а, **нохчийн тапча** а олуш герзаш а хилла вайнаха деш. Тайп-тайпана герзаш деш болу пхьераш хилла къаьсттана ДаьргIахь а, ДжугIуртехь а, АтагIахь а, иштта кхечанхьа а. Иштта хууш ду Шемалан заманахь нохчаша яккхий тоьпаш еш а, молха доккхуш а хилар.

Кузаш а, вертанаш а, палсаш а, маша а беш хилла вайнаха. И гIуллакх вайнехан зударша деш хилла. Дукха чIогIа лакхара говзаллица и гIуллакх лелош хилла зударий хIинца а бицбалаза бу вайнахана. Масала, иштта хIинца а дагайогIуш ю **Курчалойн-Эвлара Iабадат.** Цо шен а, шен майрачун а юх-юххе хиъна Iаш диллина сурташ а тIехь бина хилла болу куз шен исбаьхьаллица хIинца а буьйцуш бу.

Къаьсттана лакхара хилла вайнехан зударийн бедарш тегаган говзалла. Бакъду гуттар хьалха бедарш а, мачаш а чен цIоканах а, тIаьхьуо кхечу акхаройн цIоканех а еш хилла. Иштта

чен цIарах ду вайн **итиг** гIалгI. **икка**, дуста: нохч. **ичча**, итум. **икка** ваха «ча ен ваха» бохург, куоч, хеча боху шира дешнаш. ТIаьхьо машех а, исхарх а деш хилла коч-хеча.

## ЮКЪАРАЛЛИН ДIАХIОТТАМ МУХА ХИЛЛА ВАЙНЕХАН ХЬАЛХА ЗАМАНАХЬ

Кхидолу къаьмнаш а санна, вайнах ваьран (рода) юкъараллин дIахIоттам а бевзина бу.

Делахь а, хан яларца цу хIоттаман башхаллаш хийцалуш хилла.

Кхидолчу Кавказан къаьмнашна схьадовларехь вайнехан къам гергара хилар тидаме а эцна, ала дезаш ду вайнахана коьрта долчу декъана шина тайпана ваьран дIахIоттам бевзина хилар: кхидолчу Кавказан къаьмнашца цхьаьна, юкъара ваьран дIахIоттам а; ткъа, Кавказан къаьмнаш вовшех къаьстича вайнехан шайн хилла болу, ваьран дIахIоттам а. И юьхьанцара Кавказан къаьмнийн юкъара ваьран дIахIоттам Iилманчийн тоьшаллица вайн зама тIекхачале (д. н. э.) долу II эзар шо чекхдаллац хилла (Г. А. Меликишвили. К истории Древней Греции).

Цул тIаьхьа Кавказан къаьмнаш юьхьанца шина декъе декъало — къилбан, къилбседан Кавказан юкъараллашка, цул тIаьхьа килбседан Кавказан юкъаралла а екъало шина декъе: адыгский, нахско-дагестанский.

ХIор ваьран а шен территори а, мотт а, яй а, тотем (лоруш долу цхьа экха, малх и дI.кх. а) а хилла. Оцу тайппана цхьа мотт а, цхьа территори, цхьа яй, цхьа тотем а хилла юьхьанца Кавказан юкъарчу ваьран а.

Ткъа хууш ду, лоруш долчу экханан цIе ваьран а, цуьнан хIор членан а хуьлуш хилар.

Цунах лаьцна акад. Марра иштта аьлла ду:

«Тукхаман (ваьран — **К. Ч.**) цIе — иза, хууш ма-хиллара, оццу хенахь делан, юьхьанца тотеман цIе ю» [30].

Адам, аьлла болу кхетам ваьран, тукхаман цIарца боьзна хилла бу.

«Меттан палеонтологица (историца) дешан чулацаман декъехь адам, иза массо меттанашкахь а тукхаман цIе ю» [31]. — яздора Марра кхин дIа а.

Цу Кавказан юкъарчу ваьран тотем **Ча** хилла. Делахь хIета цу заманан Кавказан меттанашкахь адамах **ча** олуш хилла хила деза. И иштта дан а ду.

Бакъду, адам бохучу маьIнехь **ча** дисина ДегIастанан цхьадолчу меттанашкахь — аварский, табасаранский, агульский (ав. **чи**, табас. **чи**, агульск. **чи**).

Ткъа кхечу Кавказан меттанашкахь «йиший», «ваший»,

«шичий» бохучу дешнашкахь а, тайпанийн цIерашкахь а дисина и дош, цу дешнийн цхьа дакъа а хилла, кIезиг-дукха хийца а делла. Масала: нохч. гIалгI. **ваша**, **шича//шуча**, авар. **вац**, дарг. **уци**; абаз. **аша**, адыг. **шы**, хакуч. **чы** — «брат»; нохч., гIалгI. **йиша//йуша**, авар. **йац**, абаз. **ахша**, адыг., каб. **гишепхъу** «сестра». Iилманчаша ма-аллара, «йиший», «ваший» боху дешнаш массо Кавказан меттанашкахь цхьана орамах льтта [32]. Ткъа **ча** (экха) бохучу маьIнехь массо а Кавказан меттанашкахь ду, масала: нохч., гIалгI., бацб. **ча**, аварск. **ци**, лак. **цуша**, табас. **швеч**, абаз. **лешвы**, каб. **мыше**, абхаз. **амшу**.

Проф. Б. Х. Балкаровс [33] ма-аллара, гуьржийн **датви** а цу дашах ду (ч→т). Проф. Г. В. Рогава кхетадо массо а Кавказан меттанашкахь **ча** юкъарчу дашца билгалъяьккхина хилар [34].

Ткъа хууш ду, цхьана ваьрехь болу нах берриге вовшийн гергара — йижарий-вежарий хуьлуш хилар. Делахь хIета, и гергарло билгалдеш долу дешнаш а цхьана цу ваьран цIеран орамах хила дезаш ду. Цу дерригено а гойту цхьана заманахь Кавказан къаьмнийн юкъара ваьр хилла хилар, цу ваьраан тотем **ча** хилла хилар а. Цул сов, зуда коьрта лоруш а хилла цу заманахьлерчу ваьрехь. Кхузара лаа дац вайнехан а, кхечу къаьмнийн а **ча** зудчах тера ю, — олуш болу кхетам.

**Ча** орам болуш гергарло гойтуш дешнаш дуккха а ду вайн: ча кIорнех **таI** олу вай (дуста: йоI, воI). Кхузара **т** ←→ **ч** гуьрж. **татви** — **ча**, нохч. **ичча**, итум. **икка** ваха бохург, талла ваха бохург ду). Шен тIаьхьа буьсучу гергарчу нахах а, шен берех а, беран берех а ика олуш хилла вайнаха «ТIаьхьа юьсучу **ика** гIайгIа ю-кх, валаза-м цхьа а ца волура», — олу. Дуста иштта: нохч. **Икиев**, хIирийн **Икаев** (фамилеш), кхузахь **ик** орам бу, иза **ич**, **ча** бохучара ду.

И бохург чен ваьран гергарло гойтуш, цу дукха гена заманера дуьйна схьадогIуш къамел ду. ХIунда аьлча ика иза ча бохучара схьадогIу ч ←→ -к, дуста: итумк.—икка-ваха, нохч. иччаваха. (Дуста: Шат. Кекина, нохч. Чечина-юрт (к ← ч), Керкет — черкес, бохург хилла хьалха (к ←→ ч) и. дI. кх. а. (Чена талла ваха). Чен жижиг уггар дика кхача лоруш а, талла вахар коьрта долчу декъана ча ерахьама а хилла вайн гуттар хьалхарчу дайн, гIалгIайн **чейрахье ваха** бохург а иштта «чена талла ваха» бохург ду.

Цу заманахь дуьйш-дерзош а ца хилла, бежнаш караIамийна доцуш, цаьрца деш долу гIуллакх а ца хилла. Акха ораматаш а, стоьмаш а лехьош хьехнашкахь дехаш хилла. Цу гIуллакхаца зуда дика ларалуш хилла. Цундела цигахь дерригенан а корта зуда хилла, зудча-чен цIарах цу ваьран дерриг адамаш а хилла. **Ча** тотем хилла къаьмнаш кхин а ду дуьнентIехь, масала: американски индейцаш, славянаш, иштта кхиберш а [35].

Амма дахаран хьелаш хийцадаларца, адамийн кара говзалла ерзарца, латта лело Іамарца, бежнаш караІаморца ваьран хьалхенгахь хилла болу кхетам а хийцало, керлачу дахаран хьелашкахь **ча** ларар юкъах дуьсу. ХІинца кхин, ша керлачу хьелашца йогІуш йолу культ юкъайолу.

Ишттаниг хилла маьлхана кортабеттар. Кавказан юкъара ваьр дІасадекъадалале дуьйна а кхоллало маьлхан культ.

Хьалха ча тотем йолчу хенахь нах хьехнаш чохь Іаш, цхьана ораматех, акхачу стоьмех, тоам а беш Іийна хилла. Царна маьлхан зІаьнарш башха оьшуш ца хилла. Амма хІинца ялта кхиар, бежнашна докъар кхиар малхаца доьзна хуьлу. Цунделла дуьйладелла адамаш малхана корта бетта Маьлхан цІйе **Ма** хилла. Цу дешах догІуш ду вайнехан **Малх** (-лх — суффикс), бутт (м→б), Маьлхаста, **МІайста** (меттигийн цІераш); гуьрж. мзе — малх, абхаз.-адыг. **маза** — бутт (беттан а, маьлхан а цІераш цхьана орамах лаьтташ ю, хьалха адамашна цу шина седана юкъара башхалла хууш цахилар ду иза); анд. **михел** — малх и. дІ. кх. а. Адыгаша малхах **дыг//тыг** олу, амма и цІие кхечу Кавказан меттанашкахь йолчу маьлхан цІарца йогІуш яцахь а, адыгаша маьлхана гІуллакх деш хилар а, и церан а, Кавказан кхечу къаьмнийн санна, культ хилла хилар а шеко йоцуш ду, ткъа адыге «маьлхан бераш» бохург ду, аьлла, сацийна а ду Іилманехь (дуста: **нахчи** — маьлхан адамаш, **на//ма**, **-х** — детерминант (дуста: **малх, нах**). Кхечу къаьмнийн а хилла малх культ, масала, американски индейцийн, грекийн, массагетийн и. дІ. кх. а.

**Вай** лакхахь ма-аллара, тотеман цІе, иза цу ваьран цІе а, цуьнан массо а декъахойн цІе а хилла. Делахь хІета, Малх культ хила боьлча, ваьр а, адам а кхечу, маьлхан цІарца билгал деш хилла хила дезаш ду. Иза иштта хила а хилла. Масала, вайнехан **мар, майра** боху дешнаш **а, нах** боху хІинца дукхаллин терахьехь долу дош а маьлхан цІарах ду.

**ЖІахойн магІарулчи** ламанан стаг, ламаруо бохург оцу дашах ду (шаьш шайх а олу цара иштта). ГІалгІаша **маІа** (саг) олу боьршачу стагах. И дош а ду Маьлхан цІарах дозаделла.

Цу дашца йогІуш дукха меттигийн, дийнатийн цІераш ю вайн ламчохь. Иштта ю: **Масар** маьлхан меттигашкара экха бохург ду иза, **Баса** маьлхан латта, (м→б), **МІайста, Маьлхаста** (меттигийн цІераш, **Мулкъа** меттиган цІе, мулкъуой тайпанан цІе: **Му** — малх, **-къа** — кІант маьлхан кІант//кІентий бохург ду **мулкъуой** бохург; **Муоьлкъа** бохург ду изза. Ткъа хууш ду моьлкъанна малх дукха безаш хилар и. дІ. кх. а). Цу дашца доьзна ду **Нашах, Наxкуорт, Нахараст, Меша**-хи боху меттигаш, хи — уьш вайнах схьабевлла меттигаш лоруш а ю халкъан дийцаршкахь, ткъа изза меттан Іилмано а чІагІдо, хІунда

аьлча **нахчи**, **гIалгIа** бохург Маьлхан цIарца ду. (Хьовса лахахь).

Кхузахь хIотто тарло **гIалгIа** бохург муха ду маьлхан цIарца догIуш, аьлла хаттар.

Иза иштта хилла. Керстан дин тIеэцча вайнехан цхьайолу маьлхан цIераш грекийн матте яха йолийна, хIунда аьлча керста дин Кавказе дуьххьара грекашкара кхаьчна, ткъа малх цара а лоруш хилла, вай лакхахь ма-аллара. Делахь хIета грекийн маттахь малхах **гелий** олу. Иштта грекийн матте яьлла, **ГаланчIож**, аьлла йолчу вайн ламчуьрчу, шех хьалха Маьлха чIож олуш хилла долчу чIажан цIе. Цу цIарах дозаделла ду **галой** (тайпа), **гIалгIа** боху дешнаш (гIа — суффикс). Иштта нийса дац гIалгIа бохург вайн гIала — бохучу дашах ду бохург[36], хIунда аьлча гIала боху дош вайн меттанашка тIаьхьуо бен ца кхаьчна тюркойн маттара. Ткъа гIалгIай цу меттигашкахь хьалхе дуьйна а Iийна бу. Кхузахь тидаме эца безаш бу нохчийн а, гIалгIайн а ГаланчIожара схьабевлла боху халкъан кхетам, цу чIожара меттигийн маьлхаца йогIуш йолу цIераш а. Вайнехан дийцарехь гIалгIай **Га** бохучу стагах схьабевлла аьлла ду. Вай лакхахь далийначуьнца догIу иза а. (Хьовса лахахь).

## МУХА ЛОРУШ ХИЛЛА ХЬАЛХАЛЕРАЧУ ВАЙНАХА ШАЙН ТОТЕМАШ А, ДЕЛАНАШ А?

Хьалхалерачу адамашна дика а, вон а Iаламехь хуьлуш болу хийцамаш а, дерриге а шайн тотеман я делан лаамца хуьлуш ду моьттуш хилла. Ур-атталла хи а деланийн цIерех доьзна шина тайпанан хилла: **тIубхи** (ТIуб — делан цIе). Иза лаьттарчу хих олуш хилла, **диеIанхи** (ДиеI — делан цIе). Иза догIанан хи ду.

Цундела шайн деланашна тамберг лело гIерташ, царна хьесталуш хилла адамаш.

Церан дуьхьа бежнаш дойуш, хелхарш деш, уьш хестош иллеш бохуш хилла.

Цаьргара диканиг доьхуш ламазаш а деш хилла. ХIор делан цIарах йина къубба хилла. Къуббанаш лекхачу меттехь еш а хилла. Иштта къуббанаш ю хIокху сохьта а вайн лаьмнашкахь, масала, **Гал-Ерда, Ткъаба-Ерда, Алби-Ерда, Маги-Ерда** (ГIалгIайчоь) и. дI. кх. а. Оцу дешнашкахь шолгIа дакъа **ерда** (святой) бохург ду, ткъа хьалхара дакъош **Гал, Ткъаба, Алби, Маги** делан цIераш ю.

ХIор делан а шен цхьацца де хилла. Цу дийнахь нах дуург, мерг, дайа бежнаш оьций лам тIе бовлуш хилла и де дазда. Цара цигахь сарралц даьхний дойуш, дууш а, молуш а зовкх



Ма (маьлхан дела) ламаз деш бу нохчийн геннара дай.

хьоьгуш хилла. Шаьш вазвеш волчу делан цIе а йохуш доIанаш деш хилла.

Масала, дIадаханчу бIешарахь а, гIалгIаша **Маги-Ерда** къубба йолчу а боьлхий, ГIелой! ГIелой! бохуш маьхьарий а детташ, доIанаш деш хилла. Малхе дIахьоьжуш, цуьнга куьйгаш а кхийдош и гIуллакх цара лелош хиларо гойту уьш вай лакхахь вийцинчу маьлхан деле Геле кхойкхуш хилар; цул сов, цу къубба цIе **Маги Ма** аьлла йолчу хьалха хиллачу маьлхан делан цIеран орамах льтташ а ю.

Иштта доIанаш деш хилла, масала, шайн деланашка гIалгIаша XIX-чу бIешерахь а: «Ва ницкъ болу Дела, диканиг лохьа тхуна! «Дела» дош олуш болчу, хьо хьахош, далла безаш, ахь лоруш болчу аренан эланаша, ламанан ханаша хьайна дехарца ламаз дича, айхьа царна дина совгIат дехьа тхуна а. Хьаша маьрша тхуна тIеваийтахьа, хIусамда ирсе вахийтахьа. Хьеше а, цIийндега а цIена цIе латаяйтахьа. Дела, сагIадаькхинчу стеган беркат а, кад буьзна а хилийтахьа. ТIаьххьара а хIусамдена а, хьешана а шен цIена цIе а, буьззина кад а болуш тIаьхье лохьа.

ЦIа чу а, юьрта тIе а хууш болу бала я кхин бохам, шайтIа хуьлда иза, делан хIоъ хуьлда иза, хьайн туьрца, тоьпаца дохадай тхуна гена даккхахьа.

Тхан кхачанах дIовш деш волу, молучух къахьо еш волу ямарт хьаша тхан чу а ма ваийтахьа, чуьра ара а ма валийтахьа, Дела. Тхо хьан лейш деца, хьан аьттан эсий тхо ду. Хьан жерчийн Iахарий тхо ду. Дукха чIогIа тIелеташ кхера ма дехьа тхо, гена валий дIа ма тийсахьа тхо. Нанас шена дезаш долу бер санна, хьастахьа тхо. Тхуна нийсачу бакъ болчу новкъахь нисделларг дехха латта дехьа, ва дела. Дерриг а оха лелош долчунна — бежанна, жанна — тIаьхье лохьа, оха дIаюьйш ерг хьекъийтахьа, иштта меттиг дуккха а хьейтахьа тхоьга. Новкъа волучуьнан некъ дика хилийтахьа, цIахь вуьсучун меттиг даьттанлахь хилийтахьа.

Цхьана куьйга маларан кад а, вукху куьйга вортан-тIера лаьцна уьстагIа болуш, хьан цIарца дехарш, ламазаш деш волчу ирсе стагана айхьа ден долу дика тхуна а дехьа.

МаIаш тIе кIайн кIади и хьарчийна болу стомма сту хьалха а лаьцна хьайга дехар деш волчу стагана айхьа луш доллу ирс лохьа тхуна а. Эзарнаш стерчий, уьстагIий кхаба а кхобуш, дайа а дойъуш болу цIена вежарий а, кIентий а шортта лохьа тхуна. Хуъачул доьху оха, луъучул лохьа тхуна. Деха ца хаьа алий, хьайн сагIа жим а ма дехьа, дукха доьхуш кIордийна алий, гома а ма хьежахьа. Дена деззачул ялта лохьа тхуна, ялтийна деззачул догIа а, малх а лохьа тхуна.

Стигал къовкъаяй, стигалара догIа догIур ду алий, хаам бехьа тхоьга, ткъа лаьтта даьтта санна, догIа охьахеций, беркат лохьа тхуна. ХIор шарахь хIара зама могуш а, ирсе а яккхийтахьа тхоьга. Дашо Мятцели, хьайн беркат лохьа тхуна, лулахо Бейн-Села, ахь хьайн беркат а лохьа тхуна, Делан юьхь Тушол, ахь хьайн беркат а лохьа тхуна. Дерриг а лаьтта тIехь садоIучу хIуманан тIаьхье хьох йозуш ю, бах, тIаьхье шорта лохьа тхуна.

Чехкачу боларца Да волчу гIай, хьекъалчу дашца Деле дехахьа, вежарий ЦIой болчу гIой, ЦIушка дехахьа, Делан юьхь Тушол. Дала боху: «Сан цIе йоккхучунна, соьга беркат доьхучунна ас дика ло». Берриг а цIуша сагIийна дIаоьцийла тхан ламаз. Диканца дIа а эца, велакъежаш духа а даийта тхан сагIа, ва ницкъ болу дела!» [37].

Гуш ма-хиллара, и ламаз уггар а лакхарчу веа деланна — **Мятцеланий, Бейн-Селаний, Тушолиний, ЦIу-Деланий** деш хилла ду. Тушол, хууш ма-хиллара, дерриг а дуьнентIехь долуш долчу хIуманна а, бIаьстенан а, лаьттах хьаладолучу хIуманан а дела лоруш хилла. Дерриге а стигалара лаьтта догIучу лайн, догIанан, мархийн, йочанан-йоьхканан дела хилла **Бейн-Села.** Цунна юххера хилла **Мят-Цели.** ЦIеран дела хилла **ЦIу-Дела.**



Гал (маьлхан дела) ламаз деш бу гIалгIайн геннара дай.

**Бейн-Села Тушолин** да ву, аьлла ду текстехь. И цIе шина декъах даьтта: **Бейн+Села.** ХIор дакъа ша къаьсттина цIе ю. Вуьшта аьлча, ша къаьсттина деланаш хилла Бейна а, Сиела а. Делахь а, шайн корматаллашца башха къаьсташ хиллачух тера а дац и ши дела. Цундела кхетта и ши цIе цхьана. Амма, Бейна Селел хьалха хиллачух тера ду. Иза Урартухь ву —

Биайна (хьовса лакха). Схьахетарехь, ший а стигалан, йочананйоьккханан деланаш хилла уьш шен-шен заманахь. Мятцели а ду шина декъах лаьтташ: мят+цели. И ши дакъа а цхьацца делан цIе хилла, амма и деланаш вовшашна юххера хилла. Цул сов, цу дешнашкара шолгIа дакъа Села//Цели цхьана орамах лаьтта. Цо а гойту и деланаш вовшашна юххера хилар (ц ←→ с, с ←→ ц).

ЦIеран дуьхьа яаллахI! ЦIеран дуьхьа яаллахI! бохуш доIанаш деш хилла вайнаха бусулба дин тIедеанчул тIаьхьа а. Цара вуьйцуш верг шайн дайша бусулба дин тIедале лоруш хилла волу цIеран дела хилла, бусулба динан аллахI делах дIа а ветташ.

ХIинца а чIегIардиг, хIуттут ер къилахь лоруш ду вайнаха. Уьш даздина олхазарш хилла. Стелахаьштиго, хе, цIаро вийна стаг а гIазот лоруш хилла. Иза и Iалраман гIуллакхан делах доьзна лоруш хилла хилар ду.

Вай лакххахь ма-аллара, хIор делан шен цхьацца де хилла. Ткъа и де цхьа ша йолчу меттехь даздеш хилла. Оцу меттиган цIе цигахь вазвеш волчу делан цIе хилла. Ткъа и цIераш тIаьхьуо денойн цIераш хилла дIахIиттина. Иштта кхоллаелла хьалхалера вайнехан календарь.

| нохч. | гIалгI. | бац. | аькхх. | кист. |
|---|---|---|---|---|
| тахана | тахан | тха | таха | дахан |
| кхана | кхоана | кха | кхана | кхана |
| лама | ломма | ломо | лома | лама |
| ула | цIулла | йлла | илла | улла |
| цIака | цIумоака | цIаккха | цIакка | цIака |
| цIаста | цIулцIумоака | цIука | цIука | — |
| цIумока | — | кIало | — | — |
| цIула | — | — | — | — |
| селхана | селхан | — | — | — |
| стомара | самар (дийнахь) | — | — | — |

Оцу хIор цIеран бухехь делан цIе ю, ткъа церан чаккхенаш меттигийн суффиксаш ю: **-на, -ка, -ста, -ра, -ла**. Ткъа и суффиксаш гуттар хьалха заманахь хилла а яц. ХIинца а бацойн цхьадолу дешнаш уьш йоцуш ду: бацойн матто вайнехан меттанийн дуккха а шира хIумнаш Iалашдина хилар гучудаьлла ду Iилманехь [38].

Кхин цхьаъ ду гучудаьлла: цхьана хенахь суффиксаш хилла а яц меттанашкахь. Уьш тIаьхьуо гучуевлла. Иштта хилла вайнехан маттахь а. И гойту бацойн матто.

Вай ялийна денойн, беттанийн цIераш керстан а, бусулбан а дин доцчу заманахь календарь хилла ала мегар ду, амма керста дин вайна юкъадаьлча, уьш денойн беттанийн цIерах хилла йиса а йисина, кхин календарь кхоллчелла, шайна юкъахь керстадинан (грекийн), вайнехан язычествон цIераш а йолуш. Бакъду и грекийн цIераш гуьржийн маттехула кхаьчна вайга, хIунда аьлча керстан дин вайнахана юкъадеанарг гуьржий бу. Оцу гIуллакхан дIадоладалар V-чу бIешарехь хилла а ду. Цунах лаций лахахь хьовса. Кхузахь ялор вай вайнехан керстадинца йоьзна йолу календарь:

| **нохч.** | **гIалгI.** | **бац.** | **гуьрж.** |
|---|---|---|---|
| уоршуот | уоршуот | цхьана | оршабатIи |
| шинара | шинара | шина | самоабати |
| кхаара | кхаьра | кхо | отхшабати |
| йиеара | йиера | йивI | хутшабати |
| пIераска | пIаьраска | пIараскI | параскеви |
| шуоьтадие | шуоттади | шабатI | шабатIа |
| кIирандие | кIиранди | кIвираъ | кIвира |

**Уоршуот, пIераска, кIира, шуот** — грекийн деланийн цIераш ю.

Ткъа важа цIераш вайнехан терахьийн дешнашца йоьзна ю.

Керста дин вайнахана юкъахь хилла хиларх лаьцна къаьсттина дуьйцур вай.

*Кхузахь ялор вай гIалгIай беттанийн цIераш а.*
*ГIалгIайн ханорг (календарь)*

1 Тушол бут — 21 мартера 19 апреле кхаччалц — 30 дие.
2 Мутхьал бут — 20 апрелера 20 май кхаччалц — 31 дие.
3. Бекарг бут — 21 майра 19 июне кхаччалц — 30 дие.
4 Заьзар бут — 20 июнера 20 июле кхаччалц — 31 дие.
5 Татув бут — 21 июлера 19 августе кхаччалц — 30 дие.

6 КIимарс бут (нохч. КIа-маьрса бут) — 20 августера 19 сентябре кхаччалц — 31 дие.

7 Бядар бут — 20 сентябрера 19 октябре кхаччалц — 30 дие.

8 Гизгир бут — 20 октябрера 19 ноябре кхаччалц — 31 дие.

9 Лийчил бут (нохч. Чилла) — 20 ноябрера 19 декабре кхаччалц — 30 дие.

10 Чаптар бут — 20 декабрера 19 январе кхаччалц — 31 дие.

1 Нажгоам бут — 20 январера 18 феврале чхаччалц — 30 дие.

12 Салькар бут — 19 февралера 20 марте кхаччалц — 31 дие.
Гизгир — «бабье лето» — бохучу маьІнехь а хилла.
КІиранан денош иштта туьдуш хилла гІалгІаша.

Оршот — наькъахочун ди
шинара — тІемахочун ди
кхаьра — мугІарарчу наьхан ди
ера — дух лохаман ди
пІаьраска — биезаман ди
шоатта — начІал долача наьха ди

НачІал — иза сутара, мекара бохург хилла, жуьгташа шоат олуш а хилла. Иза и цІе жуьгтийн динан дийнан цІе хиларан билгало ю, жуьгташа Сабатон олу оцу дийнах, дуста нохч. Шабат да — иза чІагІо я цхьа хІума тІелаца бохург хилла. Шоата (Шуьйта) цигара схьадаьлла. Хетарехь, генна хьалха диллачу оцу жуьгтийн динан Іаткъаман тІаьхьие ю иза. Ткъа **Шибути** аьлла евзаш а хилла шотой юкъаралла XVI—XVIII-.уй бІешерашкарчу оьрсийн йозанан хьостанашкахь. Хьалха шотоша шаьш а йоккхуш хилла шайх и цІе).

кІиранди — паччахьий ди.

Нохчийн а хилла иштта тидамаш.

## КЕРСТА ДИНЕХЬ ХИЛЛИЙ-ТЕ ВАЙНАХ?

ХІокху заманахь нохчий гІалгІай, бусалба динехь бу, ткъа бацой керста динехь бу.

Ткъа хьалхенгахь вайнах цхьа дела вазвеш долу дин доцуш хилла. Цу гІуллакхах язычество олу. Ткъа цул тІаьхьа керста динехь а хилла вайнах.

ХІинца а цу заманийн гІиллакхаш хаалуш ду вайнахана юкъахь. Масала, вайнаха тахана а лору: **цІе, хІуттут, чІегІардиг,** хІунда аьлча, уьш цхьана хена тотемаш хиллий дела. Вайн заманахь а, вай лакхахь ма-аллара, «цІеран дуьхьа яллахІ», бохуш доІанаш деш хилла меттиг ю хааелла. Уьш язычество динах бухадисина хІуманаш ду.

Вайнехан керстан дин хилла хилар дика гайтина ду исторехь [39]. Гуьржашкара тІаьхьуо оьрсашкара а схьаэцна вайнаха керста дин, ткъа гуьржашна юьхьанца иза грекашкара кхаьчна. V-чу бІешарахь дуьйна вайнахана а, къаьсттина ламанан Нохч-ГІалгІайчоьнан малхбузе районашка кхаьчна и. Цуьнан тоьшалла ду ламанан ГІалгІайчохь **Гал** делан цІарах йолу къуббанаш а (гал — грекийн Маьлхан дела), ткъа хьалха хилла деланаш лоруш хилла керстадинехь а, масала: **Галь-Ерда.** Иштта тоьшалла ду **Ткъаба-Ерда** олу къубба а.

**Цул сов, вайнехан маттахь керстадинан дерриге коьрта долчу гІуллакхийн цІераш ю. Масала, вай лакхахь йийцина календарь, шеца грекийн маттара схьадевлла долу деланаш билгал-**

беш долу дешнаш а долуш ю; масала, пIераска. И дош грекийн керстадинехь лоруш волчу пайхамаран — Пераскеви цIе ю.

Цул сов, керста динца доьзна юкъа даьхкина вайнехан матта хIара дешнаш а: нохч., гIалгI. **мозгIар,** гуьрж. **мзгвари** (священник); нохч. **килс,** гIалгI. **киназ,** (килс); дуста: гуьрж. **эклиси** грек. «эклези», жуьгт. «кенесса», дуста иштта гIалгI. **элгац,** гуьрж. **эклиси** оццу маьIнехь; нохч., гIалгI. **жIар,** гуьрж. **жвари.** Вайн меттигийн цIерашкахь а хаало **жIар** боху дош, масала, Веданан районерчу Элстанжа юьртан юххехь ЖIар-куорт олуш меттиг ю, Маьлхастахь ю ЖIарие олуш юрт а, меттиг а. ЖIарна корта туохар хIинца бусулба динехь ламаздан бохург санна хилла. Керстада бохург делан цIарца дуй баар санна хилла хьалха. Керстан дин, керста бохург оьрсашкара керста тIеэцна хиларан тоьшалла ду, хIунда аьлча оьрсаша христианство олу керстадинах. **Керстие** олуш меттиг а ю вайн ламчохь. **Лам-керста** бохург ламанан керстан динехь волу стаг бохург ду; **керста** бохург **христианин** бохург ду.

Д. Д. Мальсаговна хетарехь гIалгIайн «маьтер дела», «божолг», «очче даьла» оьрсашкара тIеэцна ду [40].

Керстадинца вайна юкъадаьхкина ду хIара дешнаш а· **жуоьжагIати, ялсамание** (грекийн Элизиум) и. дI. кх. а. Вайнаха хьалхенгахь керстадинца мостагIалла лелош ца хиларан тоьшалла ду *дика керста ву иза,* олуш хилар.

Тхуна хетарехь, керстадинца юкъаяьккхина хила мегаш ю вайн цхьайолу цIераш а: **Нак//НикI** (гуьрж. Нико) — оьрс. **Николай;** дуста: грек. **Нике** — толаман дела. НикIи хьераш олуш меттиг ю Шелан районехь. НикIи-хи тIе а олу. **Пхийн,** вайн доза къаьсттачу меттехь ю **Никарийн пхьиеда** олуш меттиг. И дерриге а **Нике (Николай)** дашца доьзна дуй-те, аьлла хета. **МикIа** олуш цIе а ю нохчийн (Микаьел — гIалгI.). Гуьржийн **Мико** (оьрс. Михаил бохург дуй-те, аьлла, хета иза а). **Михаил**— иза керстадинан шайхех цхьаъ хилла. **Гилани, Гела** бохуш цIераш ю вайн (юста: гуьрж. **Геловани** — фамили). Уьш а грекийн **Гелиос** бохучу маьлхан цIарца долчу дашах юй-те, аьлла хета. Кхузара ду, вай лакхахь ма-аллара, **ГаланчIож, Галь-ерды** боху меттигийн цIераш а, Или//ХIили, Гоьрга цIераш керстадинан Илья, Георгий цIеращца йогIуш ю, бибал-библин, товрат-талмуд бохучара ду.

Цу дерригено а гойту вайнехан цхьана хенахь керста дин хилла хилар, шен схьадаларца грекашкара а долуш.

ТIаьхьуо бусулба дин вайна юкъадаьлча, керстадинца доьзна дешнаш кIезигчу барамехь лелаш хилла ду маттаца. Уьш **молла, маьждиг,** къорIан бохучу Iарбийн дешнашца маттах хердина. Амма хIинца а иштта олу молла а моIзур а (я мозгIур). Кхузахь керста дин а, бусулба дин а цхьаьна далийна.

Антични Іилманчашна а тІехь бевзаш, кхечу къаьмнашца богІуш а хилла вайнах. Иштта девзаш хилла вайн къам грекашна (царех вай **желти** олуш хилла. Ткъа и дош эллада//эллины бохучара схьадаьлла хила мегаш ду. Хьалха царех иштта олуш хилла). Иштта бевзаш хилла вайна французаш (царех вай **пиерангаш** олуш хилла. Иза **франки** бохучу дашах хилла цІе ю; хьовса: пиеранга тапча). **Парцуой** олуш хилла вай персех. **Мисир** олуш хилла Египтах. **ГІирмахой** олуш хилла Крымехь дехачу къаьмнех, гІирмахойн топ олуш хилла, ГІирмех воьду олуш а хилла.

Мажаран топ олуш топ ю вайнахана евзаш. **Мадьяры** (венгры) бохучах дуй-те и дош аьлла хета. Делахь а, **Маджар** олуш гІала а хилла Кума-хи йистехь юккъерчу бІешерашкахь. Цигара даьлла хила а мега и дош. Цига вайнах кхочуш хилла. Волгех хьалха **Итиль** олуш хилла. Цигара схьадаьлла ду вай цу хих **Идал** алар, Идалан кортош аьлла а ду вайн фольклорехь. **Каджары** олуш цхьа паччахьаллин каста хилла Иранехь. И дош **гІажари** аьлла дисина вайнехан маттахь. Иштта олу вайнаха хІинца а иранцех а, азербайджанцех. **ГІажарийн-юрт** олуш юрт хилла вайн хьалха. И юрт хІинца Нестеровка олу станица йоллучохь хилла. Индех **ХІинде** олуш хилла вайнаха.

Дукха хьалхе дуьйна и муохк бевзаш хилла вайнахана. **Сиккиме** вахана вайна, олуш хилла вайнаха хьалха цхьана гена метте стаг вахча. Иштта меттиг ю Индехь*. Цигара чилла кхехьа оьхуш болчу нахаца боьлхуш хилчух тера ду вайнах а.

**Ездари** олу вайнаха. **Езд**, олуш гІала ю Иранехь. Цигара дахьаш хилла вайнаха и дари. И цІе цигара схьаяьлла. **Мантиех** вахана олуш дара вайн бакхкийчу наха стаг, цхьа гена вахана бохучу маьІнехь. И билггал хІун меттиг ю хууш дац. **Мальта** цІе йолу Средиземни олучу хІорда тІера гІайре-х яций те иза олий хета. Я хьалха, вай лакхахь ма-аллара, Урартух Мануа (дуста: Мани — стеган цІе) олуш хилла. И бохург дуй-те и, аьлла а хета, -тІа//-та боху дештІаьхье -тІе а кхетта. Мантуя олуш Италехь ю йоккха гІала. Цунах дозуш хила а мега и дош.

**Хонкар паччахь** а, **Истамул** а олуш хилла вай Турцех. И дешнаш Хонакар бохучу кастин а, Стамбул цІе йолчу гІалин а цІарах ду.

Сирех **Шема** олуш хилла вай. Китайцех **Чинтий** олуш хилла.

---

* Делахь ДегІастанара Сиух олучу юьртан хила а мега и. Цига Шемала таІзарна оьхуьйтуш хилла вайнах. Цунах кхолладелла хила а мега и гІуллакх.

Вайнах тӀаьхьуо кхочуш хилла Казане а, Варшаве а, Нижний Новгороде. Царех вай **Варшиех** Варшава, **МакӀариех** хьалха Нижний Новгородах, Макарьевка олуш хилла. Иза **Макария** олуш волчу керстан пайхамара дийнахь цигахь ярмарка хӀуттуш хиларна тӀера аьлла ду. Вай татарех **гӀезалой** олу. **Казань** бохучара схьадаьлла хила мегаш ду и дош а.

Византех **Руми** олуш хилла вайнаха. Иштта зудчун цӀе а хилла. Тюркаша а олуш хилла Византех Рум. Афганистанах АвгӀан-паччахь олуш хилла. Астараханах **Аштаркхие** олуш хилла, Махачкалах **ХӀинжа-гӀала** олуш хилла, Тбилисах **Калаки** олуш хилла, хьовса: *Калакойн Ӏаж санна хьан йогу беснеш...* (нохчийн фольклорера). Ткъа хьалхенгахь гуьржаша шаьш Тбилисах **Калакви** олуш хиларна тӀера схьадогӀу и дош а. **Жима Калаки** олуш меттиг хилла чӀебирлахь.

Петербурге а кхочуш хилла вайнах дукха хьалхе дуьйна. Цунах вай **Петарбух** олу. Иштта евзаш хилла вайнахана Маскуох а. **Маскуох** паччахь олуш ду нохчийн фольклорехь. Иза **Московия, Московское царство** (княжество) олучу заманера дуьйна схьадогӀу. Иза иштта хилар хааделла ду литературехь а [41].

**Цанараш** олуш долу юккъерчу бӀешерашкахь вайн лаьмнашкахь а, Кахетехь а Ӏийна долу **цанары** олу къам вайнах хилла хилар шеко йоцуш ду.

Уьш XIX-чу бӀешарахь Европан пачхьалкхашка, цаьрца цхьаьна Киевски Русие, шайн мостагӀашна дуьхьал бечу тӀамехь гӀуо доьхуш хилла, аьлла ду, литературехь [42].

Делахь, хӀетахь дуьйна евзаш хилла вайнахана Европера пачхьалкхаш. Евзаш хилла Киевски оьрсийн пачхьалкх а. Вайнаха **Кив** олу Киевх. Иштта хила а хилла Киев цӀе хьалха. Цо а гойту вайнахана и гӀала хьалхенгахь дуьйна евзаш хилар.

Кавказехь йолу дукхах йолу меттигаш а, къаьмнаш а девзаш хилла вайнахана. Иштта вайн фольклорехь хьахийна бу **Ӏарплам.** Иза **Арарат** лам бохург дуй-те, аьлла хеташ ду. Цига кхочуш хилла вайнах. Иштта **Идал** тӀе кхаччалц а, **Баксан-хи** тӀе кхаччаяц вайнах оьхуш хилар билгалдаьлла ду. **ТорпузгӀала** олуш хилла Ставрополех, **Гуьмех** олуш Георгиевск олучу Ставропольски крайхь йолчу гӀаланах а. **Бештуо,** аьлла цӀе ю вайн. И дош тюркски **Бештау** (пхи лам) олучу меттигах олуш хилла вай. И меттигаш дика евзина хилла вайнахана. Берриге а ДегӀастанхойх суьйли олуш ду вай. Цул сов хӀор ДегӀастанан къоман шен цӀе ю вайн: **жӀай** — аварцы, **Ӏаьндий** — андийцы, **цӀезий** — цезы, **окушуой** Акуши-юрт, **цӀадахьруой** Цудахар-юрт, **куьпчи** Кубачи-юрт — даргинцийн тайпанийн цӀераш; **гӀазгӀумкий** Кази-кумух — лакцы, **лаьзгий** — лезгины. Кхечу Кавказан къаьмнийн иштта цӀераш ю вайн: **эрмалой** — армяне, **абзуой** — абазинцы, **чергазуой** — черкесы, **гӀебар-**

**туой** — кабардинцы, **балкхаруой** — балкарцы и. дI. кх. а. **Нашхо** олуш цIе ю кабардинцийн, вайн а ю иштта цIе. Вайн **Нашха** бохучу меттиган цIарах юй-те, аьлла хета и. Дербатаний, Анапаний юккъехь... олуш хилла вайнаха. И хилла Каспийски хIорда йистерчу Дербентаний, Анапа олуш йолчу Iаьржачу хIорда йистерчу гIаланий юкъахь долу хIума девзаш, цу меттигашка кхочуш вайнах хилла бохург. Хууш ду ткъа XVIII-гIа бIешо чекхдолучу заманахь нохчашха схьаваьлла волчу Ушурма-имама оцу юккъехь долу дерриг а къаьмнаш шен байракх кIел а гулдина, паргIатонехьа къийсам латтийна хилар а. Цунах доьзна йоккхуш хезна тхуна и цIе.

**Сванаш** олуш ду гуьржийн цхьа тайпа, уьш ГIобан-хи кортошкахь, лекхачу лаьмнашкахь беха, церан махках **Сванети** олу. И гуьржаша йоккху цI ю, **-ети** гуьржийн меттиган суффикс. И дош нохчийн **са** — латта, мохк дашах дуй-те аьлла хета, хьовса нохчийн топонимаш **Сона, сандаха, СантIа, Сада, Зандакъа (с ←→ з), -на, -тIа, -да** — дештIаьхьенаш), кхузара ю вайн тайпанийн цIераш: сонуой, сандахуой, зандакъуой (**-уой**— юьхьан суффикс). Гуьржийн **св** нохчийн **са** цхьана догIу (дуста: нохч. **хи,** гIалгI. **хий,** гуьрж. **хви, лиахви,** гIалгI. **лейхи,** нохч. **лайхи,** вайнехан **ГиелтIи,** гуьрж. **Гвилети** (юрт) и. дI. кх. а.

Оццу Сванетехь, **Мести** олуш район ю, иза вайн **МIайсти** бохучуьнца догIий-те аьлла хета, кхузахь шиннахьа а орам ма//мIа//ме бу, иза малх бохург хилла. Кхуззахь бу **Айлам** олуш лам а. ШолгIа дакъа лам бохург дуй-те аьлла хета, ткъа ай — иза **Iай, Iа** бохучу дашах догIуш хила а мега.

И дерриге а лаа дац, нагахь санна цу меттигашкахь вайнехан гуттар хьалхалера дай дзурдзукаш Iийна хилла хилар истори Iилмано билгалдаьккхина хилар тидаме эцча (акад. Г. А. Меликишвили, проф. В. А. Гамрекели и. дI. кх. а.).

Кхузахь кхин цхьаъ ду, билгалдаккха дезаш. Сванийн юкъараллин ши чкъор хилла, **Хаса** а, **джелча//джелчи** бохуш. Цу шина дешан этимологи ца хаьа гуьржийн Iилманчашна. Вайнехан маттаца къастам бича **Хаса** (Ха+са) ха — стража, са — латта, мохк, делахь хIета мехкан ха бохург дуй-те и аьлла хета. Ткъа иштта сослови вайн хилла хилар хууш ду. ШолгIа термин иштта хила мега аьлла хета: **джел** — «жа чу лохку меттиг», **ча** — тюркийн юьхьан суффикс, делахь хIета джелаш ларъешверг, я уьш долахь йолуш верг бохург. Иза вайн гипотезан хьесапехь ду, амма хила мегаш ду.

Вай цIераш яьхна долчу къаьмнашца вайнехан юкъаметтигаш гучуйовлу вайн маттахь церан меттанашкара тIеэцна дешнаш хиларца а.

И гIуллакх гойту археологически ахкамаша а. Масала, вайнехан Египтаца хилла йолу зIенаш гойтуш ду археологически ахкамашкахь вайн территори тIехь цигара еана хIумнаш карий-

на хилар. Масала, туьтеш, лергах ухку чIагарш, пхьаьрсах туху хIазарш и. дI. кх. а. XVIII-чу бIешарахь хиллачу немцойн паччахьан Рудольфа II ахча карийна Шуьйта районехь 1959-чу шарахь бинчу ахкамашкахь.

И гIуллакх гучудолуш ду вайн фольклораца а.

## ВАЙНЕХАН ФОЛЬКЛОРАН КХЕЧУ КЪАЬМНИЙН ФОЛЬКЛОРАЩЦА ЙОЛУ УЬЙРАШ

Цу гIуллакххах лаьцна дуккха а хIуманаш дийца доллушехь, хIинццалц схьа цунах лаьцна яздина хIуманаш кIезиг ду.

Л. И. Семеновс «ГIалгIайн, нохчийн фольклорехь дуьненан мукъамаш хиларан хьокъехь» — аьлла язйина статья йоцург, кхин болх бац цу гIуллакххах лаьцна язбина.

Цу йоккха йоцчу статья тIехь авторо дуккха а масалшца чIагIдеш гайтина нохчийн, гIалгIайн фольклорехь дуьненна а евзаш йолчу Малхбузен Европан а, хьалха заманан Хьалхарчу Азин пачхьалкхийн Вавилонан а, Урартун а фольклорийн произведенийн мукъамаш хилар. Иштта авторо вайнехан фольклорехь «Тристан а, Изольда а», гречески «Одиссея» а, «Илиада» а, Вавилонски «Гилгамеш» а цIераш йолчу произведенийн а, иштта кхидолчу къаьмнийн а, масала, французийн, оьрсийн, финнийн фольклорийн произведенийн мукъамаш вайн фольклорехь хилар билгалдоккху.

Масала, нохчийн «Наьрт-аьрстхочун, ворхI вешин» туьйранехь дуьйцу ворхI ваша цхьа бIаьрг болу наьрт-аьрстхо волчу кхачарх а. Цу наьрт-аьрстхочо ялх ваша виъначул тIаьхьа ворхIалгIачу вашас, шен ялх вешин чIир йоькхуш, хаьштиг Iоьттина цу наьртан цхьаъ бен боцу бIаьрг а боккхий, шен ялх ваша ден а вой, дIавоьдуш хиларх лаьцна.

И тайпа меттигаш ю гIалгIайн Колой-кIантах лаьцна йолчу легендехь а. Кхузахь шен вежарий баар доькхуш, цхьа бIаьрг болчу наьртан цхьаъ бен боцу бIаьрг а боккхий, хьехара, газанан цIока а юхий, араволий дIавоьду Колой-кIант.

Кхузахь гуш ду и вай ялийна меттигаш гречески «Одиссея» а, «Илиада» а бохучу поэмашкарчу, уьш санна йолчу меттигашца, йогIуш хилар.

Масала, Одиссей ша ваьлла лелачу хенахь шен накъостащца цхьа бIаьрг болу Полифем волчу хьеха кхочу. Полифема кхуьнан накъостий баа болабо. Одиссейс буьйсанна Полифем дIа а вуьжийтий, цIийбина цхьа боккха аьчган гIуй Iуттий, цуьнан цхьаъ бен боцу бIаьрг боккху.

Iуьйранна оьгIазвахана волчу Полифема аралохкуш долчу цуьнан уьстагIашна кIел а лечкъаш, хьеха чуьра араволу Одиссей а, цуьнан накъостий а. Иштта, хIилланца кIелхьара боху Одиссейс шен накъостий.

И тайпа цхьатера йогIуш меттигаш дукха ю вайн фольклорехь а, кхечу къаьмнийн фольклорашкахь а.

Масала, вайн фольклорехь молла-несартах лаьцна долу забарен хабарш ду узбекийн а, таджикийн а, азербайджанцийн а, гIезалойн а, иштта кхечу къаьмнийн а фольклорашкахь.

Хьалха дуьйна а билгалдаьлла дара гречески драматурга Эсхила шех лаьцна трагеди язйина йолчу «Прометей» произведенин мукъамаш вайн фольклорехь хилар.

И мукъамаш балийна бацочо Н. Цискаровс Тифлисехь 1847-чу шарахь «Кавказ» газета тIехь араяьлла хилла йолчу шен «Картины Тушетии» аьлла йолчу статья тIехь.

Н. Светловс 1886-чу шарахь зорбатоьхна Петербургехь арахецначу «Дорцан ворхI кIант», аьлла долчу гIалгIайн легендехь а бу и мукъамаш. Цу произведенин буха тIехь язйина гIалгIайн яздархочо Чахкиев СаIида шен «БIаьрхийн кад», аьлла йолу исбаьхьалла дика йолу поэма. Цу произведени тIехь Чахкиевс йоккхачу говзаллица балийна прометеевски мукъамаш. Вайн литературехь тоьлла йолу произведени ю и поэма.

Гуш ду оцу поэмин чулацам дуьненна а евзаш йолчу гречески «Прикованный Прометей» произведенина дукха юххера хилар.

1. Цу шина а произведенехь коьрта турпалхоша, гречески Прометей а, гIалгIайн Куркъа а деланашна (Зевс, Села) дуьхьала а бовлий, адамашна диканиг лоху: Прометейс цIе яхьа, Куркъас хий, ялтий, уьстагIий дахьа.

2. Цундела ший а турпалхо Селас (грекийн Зевс) ламанан буьхьа тIе зIенашца дIавоьхку. Кавказан лаьмнийн дукъа тIе а воьхку и шиъ. Кхин а ду цу шина произведенехь тера догIуш гIуллакхаш.

1966-чу шарахь Хьалха-МартантIерачу юккъерачу школан директорехь Сулейманов Ахьмадехь карийра тхуна цо 1937—1940-чуй шерашкахь Зумсахь, Итум-Кхаьллахь дIаязйина хилла «Пхьаьрий», «Пхьармат», аьлла йолу ши легенда (церан тексташ книга чекхйолучохь ялайо вай).

Цу легендийн (и ший а чулацам цхьаъ болуш цхьана легендин ши вариант лара мегар долуш ю) боцца чулацам иштта бу.

Гуттар хьалха заманахь дехаш хилла наьрташ. ЦIе ца хилла церан. Царна юкъахь хилла Пхьармат (вукха вариантехь Пхьаьри) цIе йолуш цхьа наьрт. Наьрташна диканиг муха дийр дара техьа, цIе муха яхьар яра техьа, бохуш, гIайгIане хилла иза. Амма цIе оьгIазечу, къизачу делан Селин долахь хилла, цо иза луш ца хилла.

Цкъа цхьана дийнахь воьду Пхьармат, шен говра а хуий, Селин цIе ян. Наьртийн нана Села-Сата хилла Селин езарг.

Цуьнан гIоьнца Пхьармата цIе лачкъайо Селин кхерчара. И хааделлачу Селас Пхьарматана тIаьхьа саьрмак хоьцу. Амма иза тIаьхьа кхиа ницкъ боцуш кIелбуьсу, Iаьржа буьйса хIоттайо Селас, Пхьармат некъах тилорхьама, амма цунах а гIуллакх ца хуьлу. Дарц хьоькхуьйту Селас, амма Пхьармат сацо ницкъ ца кхочу цуьнан. Пхьармата цIе дIакхачайо наьрташка. Амма Пхьарматана таIзар до Селас, цо иза аьчган зIенашца Башломан коьрта буьххье дIавоьхку. Цунна гонах схьагулйо Селас ерриг а шело. И ларван гонах саьрмак а бижабо, цуьнан доIахах зIок етта Ида олу олхазар дохуьйту. Денна а ша зIок етта доладалале хотту боху цо Пхьармате: «Дохко ваьллий хьо айхьа динчунна?» — олий. Амма Пхьармат дохко ца волу ша динчунна. ТIаккха зIок етта долало бах Ида цуьнан доIахах. Иштта балехь ву Пхьармат, бохуш дуьйцу цу легендехь.

Цу легендин чулацам Iаламат юххера бу гречески мифана: цхьаьнадогIуш хIуманаш дукха ду цу шина произведени тIехь. Иштта ду:

1. Турпалхо цIе ян вахар; 2. ЦIеран да оьгIазе а, къиза а стиглан, стелахаьштиган дела Села (грекийн Зевс) хилар; 3. Турпалхо Кавказан цхьана ломан коьрта тIехь зIенаца дIавехкар; 4. Цунна деш долу таIзар олхазаро доIахах зIок етташ хилар, иштта кхидерш а.

Цул сов, оха бинчу талламо гипотетически хорманехь таро хуьлуьйту, цкъа делахь, легендан гречески вариантан делан цIе Зевс а, вайнехан вариантан делан цIе Села а цунах терра Дела а цхьана орамах ю ала; шолгIа делахь, гречески Прометей а, вайнехан Пхьармат а (Пхьари) цхьана орамах ю ала а.

Кхечу Квказан къаьмнийн фольклорехь а ю Прометейх лаьцна произведенеш (гуьржийн, гIебартойн, абхазийн, хIирийн, эрмалойн, иштта кхечеран а). Амма вайнехан произведенийн чулацам санна, юххера бац церан чулацам гречески мифан чулацамна. Ткъа цхьадолчу къаьмнийн (цхьайолу гуьржийн, эрмалойн варианташ), произведенеш цIе ца хьахош а, турпалхо адамашна зенаш деш дуьххьалдIа чIогIа ницкъ болу стаг хилар бен, кхин тIех билгалдаьлла хIума шех доцуш гайтина а ю.

ХIетте а гречески легенда цу вай цIераш яьхначу къаьмнийн фольклорашкара дIаэцна ю грекаша, бохуш чIагIдарш ду Iилманехь хьалхе дуьйна а, масала: М. Талпа а, М. Чикованис а, Ш. Нуцубидзес а, кхечара а; М. Чикованис а, Ш. Нуцубидзес а, гуьржашкара эцна боху. М. Талпа гIебартошкара эцна боху, билггал муьлхачу къоман фольклорера эцна аьлла ца къастийна Н. Я. Маррий, В. Миллерий.

Бакъду и чIагIамаш бечу хенахь вай лакхахь ялийначех цхьа йолу вайнехан Пхьарматах лаьцна произведенеш ю-яц

хууш ца хилла Іилманехь. Ткъа цара вайн таро хуьлуьйту гречески миф вайнехан фольклорера ю, ала: церан чулацам гречески мифана дикка юххера бу. Иза вайна хеташ дерг, лууш дерг доцуш, материалаша гойтуш дерг ду.

Кхузахь хаттар хIутту: муха, мичахь кхаьчна грекаш вайна тIе и легенда дIаэца? — аьлла.

Цкъа-делахь, хьалха заманахь вайнехан геннара дай кхидолу Кавказан къаьмнаш а санна Хьалхарчу Азехь Іаш хилла ду, ткъа хууш ду грекаш а цигахь Іийна хилар. Кхузахь шена тIе тидам бохуьйтуш ду греческий миф дуьххьара ша дIаяздина волчу Гесиодан да цигара хьалхарчу Азера хилла хилар.

Цул сов, хIокху заманахь грекаш Іаш болчу меттехь (Балкански ахгIайре) уьш цига бахкале пелазгаш, лелегаш боху Кавказан къаьмнашна юххера хилла долу къаьмнаш Іийна.

Иштта вайна хууш ду Кавказехь грекийн колонеш хилла хилар а, ткъа церан Іилманчаш а, яздархой а Кавказан къаьмнийн истори а, культура Іамош Кавказан тайп-тайпанчу районашкахула лелла хилар а. Ткъа Кавказан кегийчу къаьмнех лаьцна дуккха а яздина волчу географан а, историкан а Страбонан нана Кавказера хилла. Делахь а иза тIаьхьо хилла ду.

Цул сов, вай лакххахь ма-аллара, Іилманчаша хьалхе дуьйна а билгалдаькккхина ду грекийн маттахь Кавказан меттан дешнш хилар, церан культура а, философи а Кавказера хилар а.

Дагалоцур вай академика Н. Я. Марра иштта яздинарг: «Грекийн маттахь са, ваша, хIорд санна долу дешнаш яфетически (кавказски — К. Ч.) ду. Грецера деланийн, турпалхойн, яртийн, хийн, лаьмнийн цIераш а ю яфетически». Цул сов, Прометей боху цIе Кавказерчу цхьана делан цIе ю аьлла а ду Марран.

Гуппе бохучу Іилманхочо язбина болх бу грекийн культура а, философи а Кавказера ю, аьлла. И гIуллакх къаьсттана доккха маьIна долуш ду вай беш болчу чIагIамашна.

Оцу тайпана ду вайн фольклоран дуьненан кхечу къаьмнийн фольклорашца йолчу зIенех лаьцна цхьадерг.

## ВАЙНЕХАН ТАЙПАНИЙН СХЬАДОВЛАРХ А, ЦЕРАН ЦIЕРЕХ А ЛАЬЦНА

ХIор къам а цхьацца тайпанех а, тукхамех а вовшаххкхетта хуьлуш ду. Ткъа наггахь кхечу къаьмнех болу нах а къомах схьаоьй хуьлуш меттиг хаало. Бухера дуьйна шен схьадаларца шен къоман адамех бен доцуш, цIена къам хуьлуш а дац. Ишттта, масала, французаш нисса ах латинех схьабевлла бу. Оьрсий историс дийцарехь, ах сов угро-фински къаьмнаш юкъакхетта бу. ХIирий тIебаьхкина хилла болчу скифаш бохучу иранан мотт буьйцуш долу къоман нах, меттигера Кавказан къаьмнаш вовшахкхетта хилла бу [43].

Эрмалой, фригийцаш олу тIедеана къам, меттигера Урарташ вовшахкхетта кхолладелла къам ду.

Масала, Эрмалойн къоман истори тIехь ишттта аьлла ду: «Эрмалойн тайпанийн доккха цхьадакъа, къаьсттана а-уни чаккхе шайн цIерашкахь ерш, Урартех схьадевлла ду, ишттта ду: Арцруни, Хорхоруни, Бзнуни, Рштуни и. дI. кх. а [44].

Цундела ду эрмалойн а, хIирийн а меттанаш шина декъах лаьтташ: цхьадакъа кавказан меттанийх ду, важа — индоевропейски меттанийх ду.

Вайнехан меттан дуккха а дешнаш а ду цу меттанашкахь.

Ткъа вукха агIор вайн меттанашкахь а ду дуккха а цу меттанашкара а, гIумкийн, оьрсийн, кхечу меттанашкара а тIеэцна дешнаш. Нохчийн, гIалгIайн тайпанаш а ду шайн схьадовлар кхечу къамнех долуш. И гIуллакх хаало вайнехан меттан диалекташца а, церан юьхь-сибатца а.

Къаьсттана хаалуш ду вайнах кхаа декъе бекъалуш хилар.

Масала, ламанца болу вайнах шина декъе бекъало: Шара-Органал Малхбузехьа Терка чIаже кхаччалц болу нах шайн амалшца а, маттаца а цхьана богIуш гIалгIай а цхьана, цхьа дакъа лара мегар долуш бу.

Шаро-Органал Малхбалехьа ДегIастанан дозане кхаччалц берш кхин бу. Царех схьатоха мегар бу нохчамахкахой а, хIун-

да аьлча церан схьабовлар цигара ду, мотт кхиарехь гено баьлла белахь а.

И ламанхойн шолгІа дакъа ду. Аренгахь болу нохчий ша тайпа цхьа дакъа ду. Шаьш дукхах берш уьш нохчамахкахой бу, церан мотт нохчамахкарчу маттах богІуш а бу. Амма шайна юкъахь вайн ламанан нехан массо а тайпанаш ду царна. Кхузахь ду Шара-Аргунна Малхбалехьара а, малхбузехьара а тайпанаш. Оцу тайпана дакъошка вайнах бекълуш хилар исторически бахьанашца доьзна ду. Къаьсттана а ламанан нах бекъалуш хилар, аренгара нах-м хьалхxе ламчуьра охьабовларна дІакъаьстина бу.

Иза иштта хилла ду.

Вайн эран хьалхарчу бІешарахь, я и вайн эра тІекхачале долчу хьалхарчу бІешарахь (и билггал къастийна дац), Къилбаседа-Кавказехь кхоллаелла Алански пачхьалкх. Цу пачхьалкхерачу адамашца уьйр лелош хилла Шара-Органа малхбузехьа ламанца болу вайнах. Ткъа Органал Малхбалехь берш, къаьсттана ЧІебирлой, шаьш шайн лаамехь бехаш хилла. ТІаьхьуо VII-чу бІешарахь кхоллало Хазарски пачхьалкх. Цу пачхьалкхан Малхбузехьа долу доза Шаро-Органца хилла ду. Оцу пачхьалкхан олаллехь хилла Нохчмохк (гІумк. Ичкери). Амма ЧІебирла юха а шен лаамехь йисина. IV-чу бІешарахь Кавказе кхочу гуннаш олу къам. Цара аланаш бохабой, лам чу лохку. Амма церан лар Шаро-Органал Малхбалехьа хааелла яц. Оцу тайп-тайпана аланаш вайнахах дІаэр бахьанехь Органал малхбузерачу ламанан тайпанийн мотт а, амалш а хийцаелла. Ткъа ЧІебирлойн мотт, гІиллакхаш шаьш хьалха ма-хиллара дисина. И гІуллакх чІагІдо археологически ахкамаша а, матто а, антропологис а [5]. ХІокху сохьта хІирех ду шаьш бохуш нах бу Шуьтан районан Хьачарахь, ТІерлахь (шундий).

ЧІебирлойх шаьш схьабевлла белахь а, шайн амалца а, маттаца а къаьсташ бу нохчмахкахой. Иза а кхузахь даим а олалла латтийна болчу хазарийн, тІаккха Х-чу бІешарахь дуьйна кипчакийн, цул тІаьхьа гІумкийн Іаткъам хилар ду. Хазарехь тайп-тайпана къаьмнаш хилла: жуьгтий а, тюркски меттанаш дуьйцу къаьмнаш а, и. дІ. кх. а. Вайн заманахь а Нохчмахкахь хаалуш ду гІумкийн тайпанаш а, жуьгтийн тайпанаш а, иштта кхиберш а.

Коьрта долчу декъана Шара-Органна Малхбалехьай, Малхбузехьай долчу вайн ламанан тайпанийн меттанаш юкъара башхалла фонетически ю: масала, чІеб. **хІанци**, итумкх. **хІундз**, гІалгІ. **хІандз**; чеб. **ницкъ**, гІалгІ. **низ**; чеб. **дакъур**, гІалгІ. **доакъар**; чеб. **маж**, итумк. **мадж**, гІалгІ. **мадж**; чеб. **чІагІиг**, гІалгІ. **чІегІ**; чеб. **охьавала**, итумк. **Іовала**, гІалгІ. **Іовала** и. дІ. кх. а. Аланийн Іеткъам бахьанехь ду гІалгІайн маттахь Кавказан цхьана а маттахь доцуш долу **ф** аз хилар; гІалгІ.

**форд**, чеб. **хIорд**, нохч. **хIорд**. Амма топонимехь (меттигийн цIераш) и аз хаало чIаьнтийн Органал малхбузерчу нохчийн ламанан меттигашкахь, масала, **Фараз-кхаьлла** олуш юрт хилла хьалха МIайстахь. Фараз боху дош хIирийн-аланийн ду. Иза **фар** бохучу лардах схьадаьлла. Ткъа **Фар** иранийн меттанашкахь Маьлхан беркат[46] бохург ду. Вайнехан **паргIат** бохург цигара схьадогIуш ду. *Маьлхан беркатехь гIадвахана Iа* бохург ду цуьнан маьIна. Ткъа маршалла бохург а иштта чулацам болуш ду: кхузахь а **Ма** — малх бохург хилла, ша ← **са** «латта», -лла — суффикс. Делахь хIета маьлхан латта тIехь бохург хуьлу иза а. Малх болчу меттехь массанхьа а дика а, зовкхе а, и боцчу меттехь балехь а лоруш хилла шаьш адамаша хьалха.

Цу тIера схьадаьлла ду ши а дош: хьалхарниг аланийн маттах доьзна, шолгIаниг вайнехан маттах доьзна. Цу маьлхан маьIнехь ду **мостагIа** боху дош а. И иштта кхолладелла ду. Цхьа бехк баьлла цхьана стагаца, я дийнна юьртаца ийгIина стаг, шена таIзар ца дайта наха маьлхан делана корта тухучу метте волуш хилла. Цу меттигах **Маса** олуш хилла (Ма — малх, са — латта, меттиг), -тIа//-та — дештIаьхье ю: маста, -гIа (← ха) — меттиган суффикс — мастагIа. Делахь **-гIа** тIаьхьуо тIекхетта суффикс ю, хIунда аьлча Мастваккха олуш хиларна. И бохург цхьана стагах мостагIа ван бохург хилла. БIаствала а олу (м→бI). Бацоша **мастхуо** олу.

Иштта бехкалавахана стаг оцу маьлхан делан метте ваьлча вие йиш ца хилла вайнехан хьалха. Иштта Iедал грекийн а хилла античии заманахь[47]. Делахь хIета, **доттагIа** боху дош иштта кхолладелла хила дезаш ду. Цу дешан орам **до//да//ди** хилла хила беза. Ткъа и вайн **дела** бохучу дашца доьзна ду[48]. Ткъа -тт//-та, -гIа дештIаьхьенаш ю. Гуш ма-хиллара, и ши а дош цхьацца делан цIеран буха тIехь кхолладелла ду. Амма маьIна ша-ша ду. И гIуллакх оцу деланийн вайнехан хилла болчу ларамах доьзна ду. Хьалха **Ма** дела вай лоручу заманахь мастагIа боху дош хIинцалерачу доттагIа бохучу дешан маьIнехь хилла хила а тарло; и Ма дела ларар дIатесна, ди//да — дела лара волийна вайнаха. Ткъа и дела вай хIинца а цIе йоккхуш волу **дела** ву (-ла — суффикс ю, де — вай вуьйцуш волчу делан цIеран орам бу).

Иштта ду меттан хийцабалар а, кхиар: тахана дерг кхана дац, кхана дерг лама дац, дерриг а хийцалуш ду, хийцало дешан маьIна а.

Цу деланийн цIерашца ду вайн цхьадолу тайпанаш а. (Хьовса цунах лаций лахахь.)

Меттигийн цIераш ша тайпа билгалонаш йолуш ю малхбалехь а, малхбузехь а.

Масала, малхбузехьа йолу меттигийн цIераш шайца **на, ма, пхьа, мет, гал, дела,** боху ширчу делийн а, **коч, кхаьлла** боху шира дешнаш долуш а ю: **Маьлхаста, МIайста, Мулкъа, Пхьакоч коч** — лакхие, **пхьа** — юрт. Делахь хIета *юьртан лакхие* бохург ду и дош, **нахараст на** ← -ма малх, **-ха, -ра** — меттиган чаккхенаш, -с ( ← са) «латта», «меттиг», -т ( ← та) — меттиган дештIаьхьие, **ГаланчIож (Гал** — дела), **Дайдели — тIие, ДолтIа; Галашка, МаготIие** (ГIалгIайчоь) и. дI. кх. а.

Малхбалехь йолу агIо коьртачу декъана меттигийн васт билгалдеш ю: **Хуой** (ха лаьтта меттиг), **Ачала (ач** — тIулг), **-ла** — суффикс, Чуобаьккхинча чуо ← -чхьуо (тIулг); **Ари-овла (Ари), Къиезан-Iам,** **Къиезание** (юрт), **Кен-хи (кен** ← **кIей)** и. дI. кх. а. Малхбалехь хаалуш ду **авла — эвла** боху дош **(Ари-авла).** И дош Малхбузехьа хаалуш дац. Кхузахь даьржина ду кхаьлла (крепость) боху тюркски дош: **Хаскхаьлла, Итумкхаьлла,** Башкхаьлла, **Гучумкхаьлла, Дан-кхаьлла, Кхе-кхаьлла, Хьена-кхаьлла** и. дI. кх. а. Оцу дерригено а гойту кхуза тюркски къам цхьана хена деана Iийна хилар. Иза татаро-монголаш кхузаш лелла хан йолчух тера ду [49]. Цул сов малхбузехь ГIалгIайчу кхаччалц ламанан хих **арк** олу, ткъа малхбалехь массанхьа **ахк** олу: ЧIеберл. **Iурзунукх-ахк, ЧIерий-ахк** и. дI. кх. а. Итумк. **ЧIентий-арк, ЧIиннахой-арк, МIайстой-арк, ТIерлой-арк** и. дI. кх. а. Цул сов, Органал малхбузехьа хаало аланийн метланийн цIераш а: **Марта, Фартанг** и. дI. кх. а. Оцу дерригено а гойту ЧIебирла вайнах тIаьхьуо кхаьчна хилар. Юьхьанца вайнах ГаланчIажахь а, МIастахь а, Маьлхастахь баьхна хилла. Цигара уьш дIасабекъабелла тIаьхьо адам совдаларца я кхечу цхьана бахьанашца. Иза къеггина гойту меттигийн а, тайпанийн а цIераша. И гIуллакх вайн эра йолалучу муьрехь хиллачух тера ду. Кхин а хьалха Терканий, ГIобаний (Кубань-хих иштта олу вайнаха) юккъехь гайтина а бу уьш. Цу хенахь уьш дзурзукаш аьлла гайтина бу. Цул хьалха заманахь-м Закавказехь, Урартухь, Хьалхарчу Азехь хилла вайнах.

Юьхь-сибатца а къаьсташ бу Шара-Органал дехьарий, сехьарий нах: малхбалехь берш коьртачу декъана Iаьржачу басахь бIаьргцIоцкъам а долуш, шуьйра юьхь-марш а йолуш, коьртан туьтеш якккхий а йолуш бу [50].

Органал малхбузехьа берш, къаьсттина шотой, коьртачу декъана лекхачу дегIахь хьаьрса а болуш, сийна бIаьргаш а долуш бу. Цхьа хIума доцуш дац и гIуллакх иштта. Ткъа хууш ду аланаш (иранцаш) цу сибатехь хилла хилар. Кхузахь хаалург аланий-иранцийн тIеIеткъам хилар къеггина гойту антропологис а. Ткъа изза чIагIдо археологис а, историс а, этнографис а [51].

## ХIУН БОХУ ВАЙНЕХАН ТАЙПАНИЙН ЦIЕРАША?

Вай лакхахь ма-аллара, вайнах кхечу къамнийн тайпанаш шайна юкъа а детталуш схьабаьхкина бу.

Иштта нохчийн къоман юкъахь ду гуьржийн, чергазойн, Iаьндийн, ансадуой (АнсалтIа бохуш юрт ю Аварехь), цIадахьройн (даргинцийн Цудахар бохучу юьртара схьабевлла уьш), серхьуой (уьш лакцийн Серхо-Кала бохучу юьртара схьабевлла, Соьлжехь Iаш болу серхьуой бу) тайпанаш. Иштта гIагIатлуой, миелардуой, таркхуой, къуордуой бохуш ДегIастанара тайпанаш а ду нохчашна юкъахь.

Хьалхxе дуьйна вайнахана юкъабаьхкина бу чартуой (Гуьржехара Чартали бохучу юьртара бу уьш. Иза цара шаьш а чIагIдо. Масала, Девкар-эвларчу (Толстов-юрт) С. Элмурзаевс — чартуочуо шайн борхIалгIа да Гуьржи а волуш, Гиргуол (Григорий) цIе а йолуш хилла бохуш дуьйцура. Чартуой Гуьмсехь Неврехь а, Девкар-эвлахь а, Шелахь а, Германчигахь а, Мескер-эвлахь а, Нохчмахкахь а Iаш бу.

Хьалха заманахь ингилой олуш хилла гуьржаша шаьш шайх. Цигара дуй-те аьлла хета нохчийн энгалой боху тайпа. Энгалой-юрт а ю. Энгалой хIокху сохьта Шелахь а (кхузахь Энгалой юкъ ю), Хьалха-МартантIехь а, Даьттахахь а (Нохчмохк), Теркайистехь а, иштта кхечухьа а Iаш бу. Жуьгтий олуш тайпа а ду Нохчмахкахь (Ножин-Юьртан район). Иенан некъий олуш нах бу цIонтарошна юкъахь. Уьш оьрсичух схьабевлла бохуш ду дийцарш.

Шайн схьадовлар мичара ду ца хууш кхечу къоман тайпанаш а ду вайна юкъахь. Масала, чIаьнтий а, маьлхий а, зумсой гуьржашха ду шаьш бохуш бу. Делахь бахарехь бохург дош дац. Иза цхьацца хIуманна тIедугIий дуьйцуш хуьлу вайнаха. Масала, шаьш цIена бусалбанаш ду ала гIерташ бусулба дин тIеэцначул тIаьхьа шаьш Iаьрбашха схьадевлла ду бохуш нах а бу вайна юкъахь. Делахь а, иза бух боцуш долу моттарш, хетарш ду.

Бакъду Итумкхаьллан кIоштахь мелла хилла а цхьа Iаткъам хилла гуьржийн. Цуьнан хIара лараш ю. Масала, Ханакай цIе а йолуш 100 шо сов долчу, хIинца ГIой-йистехь Iаш волчу цхьана мIайсточо шайн ненаден цIе Гиргол хилла бохуш дийцира соьга 1971-чу шеран аьхка. Иза Григорий боху грекашкара схьаяьлла керстадинца гуьржашка а, тIаккха вайн ламчу а кхаьчна цIе ю. Шайн ворхIалгIа да ИркIал хилла бохуш дийцира соьга 1970-чу шарахь аьхка Грозный-гIалин «Родина» совхозехь Iаш волчу цхьана итумкхаьллахочо Батаев Iабас. И цIе гIалгIайн фольклорехь а ю, масала «ИркIех, цуьнан Iуьнах лаьцна дийцар». И цIе гуьржийн Ираклий цIарах ю.

Иштта цIе йолуш Гуьржийн паччахь хилла XVIII-чу бIешарахь. Вайн ламчу а кхаьчна и паччахь.

Цул сов, «Итум-Кхаьлла» бохучу цIеран хьалхара дакъа гуьржечун цIе ю бохуш дуьйцу чIаьнташа. Итон веана ваха хиъна хIинца Итум-Кхаьлла йолчу. Цунах схьабевлла чIаьнтий. Иткал бохуш меттиг ю вайн ламчохь кхин а. Иза Итон бохучу дашах дуй-те, аьлла хета. Ткъа хууш ду Гуьржийн хIокху сохьта а Итонашвили аьлла фамили хилар. Иштта кхин а ю вайнехан а, гуьржийн а цхьана йогIуш цIераш. Масала, гуьржийн Ганиашвили вайнехан (нохчийн) Ганиев, Ганаев (кхузахь фамилийн суфф. -ев, -швили дIадаькkхича дуьсуш дерг Гана//Гани ду), гуьрж. Лалашвили, нохч. Лалаев; гуьрж. Цицхолашвили, нохч. Цицхола. Гуьрж. Мальсагашвили, гIалгI., нохч. Мальсаг//Мальцаг, Мальсагов//Мальцагов; нохч. Лоьма (лом), гуьрж. Ломидзе; нохч. Тулаев, гуьрж. Туладзе; нохч. Хуциев, гуьрж. Хуцишвили, нохч. Беса, гуьрж. Бесо, нохч. Васи, гуьрж. Васо; нохч. шуотIа, гуьрж. Шота; нохч. БичIара, гуьрж. бичIо (кIант); нохч. Гига, гуьрж: Гиго; гIалгI. Вишагуров, гуьрж. Вишагури, гIалгI. Ковтар, гуьрж. Ковтарашвили, Ковтарадзе, гIалгI. Ахриев, гуьрж. Ахри, нохч. Суоса, гуьрж. Сосо и. дI. кх. а.

Оцу дерригено а гойту гуьржашца хилла йолу уьйраш. Гуьржийн тайпанаш вайна юкъахь хиларх тамаша бойла яц.

Цхьацца шайн махкахь халонаш тIехIиттина (вовшашца Iоттабаккхамаш хилла, я туркойн, иранцийн мехкашдIалецархой шайн махка баьржича) лаьмнел сехьа довлий, вайна юкъа оьхуш хиллачух тера ду гуьржийн тайпанаш. Иштта даьхкинчохь гуттаренна а, вайнахах схьа а оьй, дуьсуш хилла уьш.

Черказийн кешнаш олуш кешнаш ду Эвтарахь а, Шелахь а, иштта кхечухьа. Вайн аре цхьана ханна черказийн элийн олаллехь хилла хилар историхь гучудаьлла ду. ТIаьхьуо вайнах аренгахь сов бала боьлча тIамца, къийсамца дIабахана уьш. Иштта вайнехан фольклорехь бевзаш бу черказойн элий Къахьарма (Кагерман), Тимаркъа (иза историхь вевзаш волу Иван Грозный олуш волчу оьрсийн паччахьан (16-гIа бIешо) стунда хилла волу Темрюк ву). Оцу Иванан гIоьнца цхьаболчу вайнахана тIехь цхьана ханна олалла латтийна Тимаркъас.

Иштта вайнехан фольклорехь девзаш ду Адин Сурхон, Эла-Мусостан илли. Цу илли тIехь вуьйцуш волу Мусост Теркайистехь эла хилла. Иза Сурхо коьртехь а волуш бинчу тIамехь вайнаха вохийна. Хууш ду 1747-чу шарахь тIаьххьара черказийн эла вайнаха вохийна Германчигара дIавахана хилар. Цул тIаьхьа хIинца йолу Толстой-юрт йиллина цо Девлетгира-юрт аьлла цIе а тиллина. Цуьнан долахь хилла хуьлу таро ю Ше-

ла а, Германчига а. Цуьнан лар и вай дийцина кешнаш а, Шелара а, Германчигара а чергазийн тайпанан нах бу.

Шемалан заманахь а, цул хьалха а ДегІастанахь йолчу лаьттан къелла Нохчичу охьаихна дисина ду вайна юкъара цІадахьройн а, куьбчийн а, таркхойн а, иштта кхечу а ДегІастанарчу къаьмнийн тайпанаш.

Ткъа хууш ду Нохчичоьнан арара латта Іаламат ялтийна дика хилар. Нохчичуьрра хьаьжкІаш Юккъерчу Ази, Россех а кхоьхьуш вайнаха юхкуш хилла. ДегІастана-м хІета а, вета а цу хьаьжкІех ехаш хилла ю.

Вайнехан къоман нах кхечу Кавказан къаьмнашна юкъахь а хаало, масала, гІебартошна юкъахь бу Чеченов фамили йолуш нах. Цара шаьш нохчий ду бах шайн схьадовларца. Ткъа цу фамилино а гойту иза: чечен «нохчуо» бохург ду оьрсийн маттахь. Кхин а ду гІебартошна юкъахь нохчийн, гІалгІайн тайпанаш, адыгейцийн туьйра ду «Чачанокъо чачан» аьлла, Ингушов аьлла фамили а ю гІебартойн.

Иштта гуьржашна юкъахь а бу вайнахах схьабевлла нах. Масала, Телави-гІалахь (Кахети) шаьш схьадовларца нохчий дуй а хууш гуьржий бу. Казбеги олучу юьртахь (иза ТІемангуьржийн новкъахь ю) Мальсагашвили, Циклаури бохуш гуьржийн фамилеш ю. Ткъа и цІераш вайнехан (гІалгІайн) тайпанийн ю. МальсагашвилигІар гІалгІай хилла хилар ма-дарра гучудаьлла ду, иза цара шаьш а къобалдо. Ткъа гІалгІайн оьздийн некъийн цхьа гар хилла цІикмабухой олуш. И Циклаура бохург а, ЦІикма боху гІалгІайн цІеран дакъа а цхьана орамах лаьтташ хила герга ду. Хьалха оцу меттигашкахь гІалгІай хилла хилар хууш ду [52].

ХІирашна юкъахь бу Дударов фамили йолуш нах. Уьш церан шайн тоьшаллица а гІалгІай бу. Ткъа кхин а хьалха Итум-Кхаьлла юххерчу Дишнимахкарчу чІаьнташца дов хилла гІалгІашна юкъа дІабахана болу дишний бу уьш. Царех бу бохуш ду гІалгІайн ЛьяновгІар а, АхриевгІар а, БоровгІар, иштта кхин берш а. ДегІастанахь Эндари-эвлахь а, кхечухьа а гІумкех дІаийна тайпана цІонтарой а, зандакъой а ду шаьш бохуш гІумки нах бу. ХІинца царех цхьаберш гІумкийн а, нохчийн мотт хууш а, цхьаберш гІумкийн мотт бен ца хууш а бу. Ткъа Эндара бохуш юрт ламчохь Аьккхахь а ю. Иштта хуьлуш ду къаьмнаш кхиарехь, царна юкъахь хуьлуш йолу юкъаметтигаш дика хилча, уьш бертахь, машарехь дехаш хилча. И чІогІа прогрессивни гІуллакх ду. Лаа дац нохчийн «Генарчу вешел дика лулахо тоьлу», аьлла долу кица.

Ткъа вайнехан кхечу къаьмнашца йолу юкъаметтиг даима а дика хилла. Къаьсттана машаре хилла вайнах шайн лулахошца. Вайнехан фольклорехь дуккха а ю нохчочуьнца цхьана гуьржаша а, гІумкаша а, гІебартоша а, оьрсаша а иштта

кхечара а, шайн инарлех а, элех а леташ, паргIато лоьхуш тIемаш бина меттигаш.

Вай лакхахь ма-аллара, аланаш тIебаьхкича, церан тIеIеткъаме дисина Шара-Органал малхбузехь долу тайпанаш (иза вайн эра дIайолалучу юьххьехь хилла, хIунда аьлча билггал гучудаьлла ду 72 шарахь Закавказье динчу шайн тIелатарехь аланаша вайн ламанан тайпанаш а шайна тIеозийна, цига дигна хилар. Амма чIебирлойх ца хьакхаделла и гIуллакх.

Оцу гIуллакха юкъара бевлла, аланашца, уьш тIебаьхкина меххаш дIалецархой лерина, хIинцалерчу Нохчмахка даьхкина таро ю вайнехан цхьадолу Нохчмахкара тайпанаш. Халкъан дийцаршкахь а нохчийн коьрта долу кхойтта тайпа Нашхара (ГаланчIажа) схьадаьлла ду аьлла ду. Цу кхойтта тайпанан цIераш тIехь йолуш яй хилла бохуш а дуьйцу вайнаха. И тайпанаш хIорш долчух тера ду: Эрсаной, ЦIонтарой, Харачой, Чермой, Ширдой, Курчалой, ГIордалой, Шоной, иштта дIа кхиберш а. И дерриге а тайпанаш цхьана хена даьхкина дац цига. Масала, ЧIебирлара тайпанаш хьалхе схьадаьллачух тера ду Нашхара. Аланаш тIе а бахкале хиллачух тера ду иза. И дерриг а матто а гойту. Масала, нохчийн и тайпанаш ГаланчIажара схьадевлла хиларан билгало ю цигахь нах (нахчи) хьалха долуш меттигаш хилар: Нах-куорт, Нахараст, Нашах (Нах) и. дI. кх. а. И дерриге а маьлхаца доьзна ду. Вайн тайпанийн цIераш теллича, церан схьайовларан бухе дахадоьлча а хаьа тайпанийн истори. Цундела ялор вай кхузахь и цIераш, церан схьайовларан дуьхе даха а гIуртуш.

Нохчийн тайпанийн цIераш. ХIинцалера нохчий исс декъе бекъало: 1) нохчмахкахой, 2) чIебирлой, 3) шотой, 4) шарой, 5) маьлхий, 6) аьккхий, 7) мIайстой, 8) галой, 9) арара нохчий.

Нохчмохк — иза Веданан, Ножин-юьртан ши район ю. Нохчмахкахойн Веданан районера тайпанаш хIорш ду: чермой, эрсаной, харачой, курчалой, садой, белгIатой, хааркъалой, элистанжой, эгIашбатой, гуной, дишний, цIонтарой, ширдуой.

Кхузахь цхьацца ДегIастанара тайпанаш ду: цIадахьрой, хIичIичIалой, Iаьндий, къордой. ХIор тайпанан шен юрт ю. Амма цхьана юьртахь масех тайпа Iаш меттигаш а ю кхузахь, масала, ЭгIашбетахь эгIашбатой а, макажой а, эрсаной а бу. Эрсанахь эрсаной а, макажой а бу. Делахь а и гIуллакх тIаьхьуо хилла ду. Хьалха хIор юьртахь цхьацца тайпа бен ца хилла. Шаьш цхьана Келой-эвлахь Iаш бу келой. Шайн схьабовлар Шуьйта районера долуш бу уьш. И тайпа цигахь а ду.

Ножин-Юьртан районехь хIара тайпанаш ду: цIонтарой,

гIордалой, ялхой, айт-кхаьллой, чартой, энгалой, сесанхой, гендаргной, беной, шуоной, ишхой, Iаьларой,航мескатой, зандахой иштта кхидIа а. ДегIастанара шен схьадалар долуш ду кхузахь мелардой тайпа. (Бета-махкахь Iаш бу уьш.) Шотой тайпанаш хIорш ду: пхьамтой, саьттой, ващдарой, борзахой, тумсой, чIаьнтий, чIиннахой, кхокхадой, хьачарой, дишний, варандой, келой, хьаккхой, бIовлой, тIерлой, гучумкхаьллахой, зумсой.

ГаланчIажахь иштта тайпанаш ду: галай, нашхой, моцIурой, хьабахой, хIилой, гIой, аьккхий и дI. кх.

ГаланчIажанний, ОрганачIажанний юккъехь бу шайн схьабовларца пешхой, мулкъой.

ГаланчIажана малхбузехьара хилла бу аьккхий, мержой, къилбехьа хилла кей.

Маьлхий, мIайстой бу цхьацца тайпанашка бекъалуш, масала, мIайстой шина тайпана бу: Маска олучу юьртахь хилла Борчий-некъий олуш болу мIайстой. Уьш оцу юьртахь болчу меций олучу пхьийшца цхьанаIар долуш хилла бу 1944-гIа шо тIекхаччалц. Цул тIаьхьа Гуьржехарчу вайнахаца а Iийна, 1957-чу шарахь Нохчичу схьакхелхина, хIокху сохьта Урус-Мартановски районерачу ГIойчохь а, ГIойиистехь а, Соьлжан районерачу Нестеровка станицехь а Iаш бу. Фамили Борчошвили ю церан. Шайн маттаца а, гIиллакхашца а вукха мIайстойх къаьста уьш. Гуьржийн (меций) мотт а хаьа царна.

ЧIебарлахь хIара тайпанаш ду: Лаха-ЧIебарлахь: нижалой, дIай, нахчакелой, чобаккхинчой, саьрбалой, нуй, багачурой. Лакха-ЧIебарлахь: къиезаной, хой, хьаркъалой, макажой, садой, арсой, цIикарой, ачалой, хIиндой, ари-овлахой, буной и дI. кх. а. Шарой бекъалуш бу: хIимой, хуландой, шикъарой, хьакъмадой, кирий, буьтий, чейрий и. дI. кх. а.

Аренгахь массо а вай цIераш яьхна ламчуьра тайпанаш ду.

Делахь къаьсттана дукха ду кхузахь Нохчмахкара тайпанаш: цIонтарой, эрсаной, белгIатой, курчалой, энганой, Iаьларой, элистанжой, харчой, гуной, эхашбатой, беной, гендаргеной, гIордалой. Оцу тайпанийн нах ламчохь санна цхьацца юьртахь боцуш дуккха а ярташка бекъабелла бу. Масала, эрсаной иштта ярташкахь бу: Лаха-Неврехь, Шелахь, Сиржа-Эвлахь, Гермачигахь, Мескир-Эвлахь, Бени-КIотарахь, Iалхан-Юьртахь, ГIуларехь, БухIун-Юьртахь, иштта кхечухьа а. ГIалгIайчуьрчу Пседах олучу юьртахь (Доьлакие) а бу эрсаной. Иштта бекъабелла бу цIонтарой, эгIашбатой, кхиберш а.

Вайнехан тайпа бохург оьрсийн род бохучуьнца ца догIу. Род бохург цхьана вовшийн гергар а болуш, цхьана дех схьабовлар а долуш, цхьана ечуьра хIума а юуш , цхьа дела а, цхьа мотт а, территори а йолуш болчу нехан юкъаралла ю.

Вайнехан тайпа иштта дац. И род бохург дац. И дош род йолчу хенахь хилла а дац. Иза бусулба дин вайна юкъадаьр-

жинчу хена Іарбашкара схьаэцна дош ду (араб. тІайф). Ткъа цу хенахь вайнехан род хилла а яц (XVI—XVII-гІа бІешо).

Вайнехан ду ваьр олуш дош. И дош шира дош ду. И хилла хила мегаш ду род бохучу маьІнехь.

Тайпа цхьана юьртахь Іаш болчу нахах олу; масала, ЦІонтарахь Іаш болу нах цІонтарой бу, ЭгІашбетахь Іаш берш эгІашбатой бу. Амма уьш кхин вовшашца гергарло долуш бу олийла яц: уьш Іаш болчу юьртан цІарца бу уьш берриге, цхьана ден цІарах бац.* Ткъа юьртан цІе меттиган васт билгалдоккхуш я цу тайпанаш нехан корматалла гойтуш тиллина ю.

Масала, Эрсана бохург делан латта тІе (**эрд** — святой, дела, **са** — латта, **-на** (дештІаьхье) бохург ду. ЦІоьнтара бохург цІуделан меттиг бохург ду. Ткъа БелгІата балха тІие (болх) бохург ду.

Меттан маьІна дан хууш хила веза хьалхалера зама Іамошволу историк. Вуьшта цуьнга нийса дерг далур ду бохург ала хала ду, хІунда аьлча «мотт — историн бакъ волу теш ву» (А. С. Чикобава). Хьовсур вай вайнехан тайпанийн цІераш а хІун боху историх лаьцна. Къастор вай церан этимологи а, истори а.

## НОХЧМАХКАРЧУ ТАЙПАНИЙН ЦІЕРАШ

**Айткхаьллой.** Айткхаьлла олуш йолчу юьртан цІарах ду и тайпа. И дош гІумкийн ду: **кхаьлла** — гІала бохург ду, **аит** — этимологи хууш яц. Айткхаьллой аренгахь а бу, масала, Дубин-Эвлахь а, Теркайистехь а, иштта кхечухьа а.

**БелгІатуой.** «Болх» бохучу дашах схьаяьлла меттиган (юьртан) цІе ю БелгІата (х→гІ), иштта ярташ Веданан, Шелан районашкахь ю, **-т, -тІне** бохучу дештІаьхьенах дисина ду, **-уой** — суффикс. Иштта и цІе «болх» бохучу дашах яьллехь, ткъа и болх боху дош **-х** суффикс тІе а кхетта бол бохучу дашах хилла ду. Кхин а хьалха бо хилла дешан орам, амма и мича маьІнехь хилла хууш дац, -л — суффикс хилла ю.

**Бенуой.** Бена олуш йолчу Ножин-Юьртан районерачу юьртан цІарах ду и тайпа.

Бейна бохуш дела хилла вайнехан хьалха диндоцчу заманахь. ГІалгІайчохь Бейна-Села олуш къубба а хилла. Иза маьттлам тІехь хилла, и цІе цара деш хиллачу доІин юкъахь а ю (хьовса лакхахь). Бенуой мохевцех а олуш хилла гІалгІаша. «Шу бений деций», олу гІалгІаша МальсаговгІарна а. Урартан пачхьалкххехь а хилла Биайна олуш дела а, шаьш шайх урарт-

* Нийса дац Крупновс юрт тайпанан цІарах ю бохург. Хьовса: «Средневековая Ингушетия». М., 1971. Крупнов ца кхета цу гІуллакхах. И ца кхетаран бахьана цунна вайнехан меттанаш цахаар ду.

хоша а олуш хилла биайна. И дерриге а вайнехан беной бохучу цIарца догIий-те аьлла хета. Бенуой Теркайистехь а, Хьалха-Мартанехь а, ГIойтIахь а, ишта кхечу аренгарчу ярташкахь а бу. Бенуо олуш цIе а хилла. Цу цIарах ю Бени-КIотар (Веданан район) олу юрт. И йиллинчу стеган эрсаночун цIе хилла Бенуо.

Бени-юрт олуш меттиг Теркайистехь а ю. **Билтуой** (Буьлктуой), Билта (БуьлктIа) олуш Ножин-Юьртан районехь юрт ю. Цунах схьаяьлла тайпанан цIе. Ткъа юьртан цIе **Булк** олучу хин цIартIе -т ( ← тIа) боху дештIаьхье кхетта хилла ю. **Булк**-хи олуш хи ду цигахь, Ножин-Юьртан районехь. ГIумкийн Булык «хьоста, шовда», бохучу дешнех дуй-те и аьлла хета, -лыкх — суффикс, Бул, олуш цхьа гомашан хьесапехь экха хилла вайн махкахь. И цIе фольклорехь хаалуш ю. Цунах хила а мега и дош.

**Гиендаргуной.** Гунуошца цхьа гергарлуо долуш ду и тайпа. Этимологи билггал хууш яц. Гундал олуш цIе ю вайн фольклорехь. И гунуо а хилла. Цу дашах дуй-те аьлла хета цу дешан хьалхара дакъа: гиендар (л→р, у→ие), ткъа гинуой гунуой бохург ду. И ши тайпа гергара ду аьлла фольклорехь болу хаам тидаме эцча, ишта хила герга ду иза. НогIийн тайпа а ду дийцарехь царна гергара. Оцу дерригено а дагадоуьйту цхьана кхечу къоман, масала, тюркски къаьмнийн нохчашна юкъа схьакхетта цхьа дакъа дуй-те и кхоь а тайпа а, бохург. Гунны олуш долчу IV-чу бIешарахь Кавказехь хиллачу къоман тIаьхье хила а мега гуной, генара гунуой, бохург хила а мега и дош.

Гендаргануой Хьалха-Мартанехь, Жимчу АтагIахь, Мартанчохь, Дубин-Эвлахь а, ишта кхечанхьа а бу.

**Гуной.** Оцу дешан орам билггал къаьсташ бац. Амма Гуьна бохуш юрт ю. Гуноша бахарехь, уьш хьалха Кулкалам тIехь Iийна. И лам болу меттиг а яц билгалъяьлла. ХIинца шаьш болчу Гуьна уьш тIаьхьуо баьхкинчух тера ду. Эрсана йолуш ю боху цара шаьш цига догIуш. Кхин цу хьаьрмахь Эрсана бен юрт яц а боху цу хенахь. Гуноша бахарехь, уьш а гиендарганой вовшийн гергар а бу, Нашхара баьхкина а бац. Цигарчу ен тIехь а бац*. Гуной Хьаьжи-Эвлахь а, Цоцин-эвлахь а, Мескарэвлахь а, Марзин-Махкахь а, Местойн-КIотрахь а, Эвтарахь а бу. Гуной Червленерачу (нохч. Оьрз гIала) гIалгIазкхашна юкъахь а бу.

**ГIуордалуой.** ЦIа-ГIуоьрдала а, Бас-ГIуоьрдала а олуш ши юрт ю Ножин-Юьртан районехь. Цу юьртан цIарах ду и тайпа а. Цу дешан этимологи хууш яц. Амма -да, -ла, боху дакъош меттиган дештIаьхьенаш ю. ЦIа-ГIуоьрдала дешан дакъа

---

* И дерриге а дийцина тхуна Гуьнарчу юккъерчу школан нохчийн меттан хьехархочо Гайтуркаев Манис. 1968-чу шеран сентябрь.

*цІа* **ЦІу** — дела цІе ю (хьовса иштта ЦІе-Ведана). Аварцийн Къорода бохучу юьртан цІарах догІуш дуй-те, аьлла хета вайн ГІуоьрдала. Цу Къорода юьртара баьхкина Веданарчу Шемалан-КІотарара ШамилевгІар а, КаратаевгІар (Каратаев Къорода бохучара ду).

**Дишний.** Диша бохучу дашах, **-н -на** боху дештІаьхье тІекхетта кхолладелла хилла мега и цІе, **-ий** — тайпанан суффикс, и дишний схьабевллачу меттиган цІе ю. И меттиг Итум-Кхаьлла юххехь йолу Дишн-мерка (муохк) ю. Кхечанхьа а ю и тайпа цІераш йолу меттигаш. Иза бежнаш делкъанна руьйтана охьадуьйшучу муьлххачу а меттигах олуш хилла. Дишний хІинца Іаш Веданахь бу. Цунна аьлла Дишний-Виедана. Уьш цига маца баьхкина хууш дац. Иштта бежнаш охьадуьйшу меттиг гойтуш цІераш ХІирийчохь а ю. «Дишний» латта хьандеш кхеллий йохкар бохучу маьІнехь хаадела а ду.

**Ишхуой.** Ишхуой-Юрт олуш йолчу юьртан цІарах ду и тайпа. И юрт Ножин-Юьртан районехь ю. ГІумкийн Иш-болх бохучу дашах дуй-те мотталуш ду цу тайпанан а, юьртан а цІе. Ишхуой аренгахь а бу, масала, АтагІахь.

**Курчалой.** Куьрчала олучу юьртан цІарах ду и дош. Иштта цІераш йолуш 3 юрт Веданан районехь ю: Лакха-Куьрчала, Юккъера-Куьрчала, Лаха-Куьрчала. Курчалойн-Эвла олуш юрт Шелан районехь ю. Билггал цу дешан маьІна хууш дац. Тюркски меттанийн Кирчейлы* хила а мега. Курчалой Іаш бу Теркайистехь а, Шелахь а, Курчалойн-Эвлахь а, Соьлжехь, Іалхан-Юьртахь.

**Мескатуой.** Мескатa олуш юрт Ножин-Юьртан районехь ю. Цигара схьадаьлла ду и тайпа а.

Меска бохуш акхаройн цІоканех теш деш цхьа хІума хилла. Наха дийцарехь, цуьнан цІарах ду и тайпа, т ( ← тІие) — дештІаьхье. Кхечу тайпанан маьІна дан а мегар ду цу дешан: Ма — Маьлхандела, -с — латта, -ка, -та — меттиган дештІаьхьенаш. Делахь хІета и дош: Маьлхан лаьтта тІе бохург хила деза.

**НуогІий.** НуогІий (ногай) бохург дуй-те и дош, аьлла хета. Делахь хІета уьш тюркски мотт буьйцучу нуогІийх схьабевллачух тера ду. Цунах тамаша бойла яц ногІий вайнахах дІа а ийна, бисина хилар тидаме эцна. Ткъа уьш татаро-монгольски мехкаш дІалецархошца баьхкина, царех йисина тІаьхье ю. Ногай олуш Къилбаседа-Кавказехь олалла деш хиллачу золотоордынски цхьана ханан цІарах буй-те, аьлла хета ногІий. НуогІийн тайпана нах Дубин-Эвлахь а, Теркайистехь а, иштта кхечанхьа а бу.

---

* Иштта цІе йолу меттиг ю Азербайджанехь.

**Садуой. Са** — латта, -д ( ← тIие) дештIаьхье, **-уой** — адаман цIе кхуллу суффикс. Античні Iилманчаша «исадики», «соды» аьлла ялийна ю и цIе. Хьалха иштта олуш хила тарлуш ду. Цу тIе а доьгIна, оха и античні Iилманчаша вайн ламчохь ду аьлла далийна тайпа вайна хIокху заманахь бевзаш болу садуой хилла хилар магийна [53]. Садойн лам олуш лам а бу ЧIебарлахь. «Сада» олуш меттиг а, барз а бу МахкатIе юххехь, Исалда* олуш меттиг ю ЧIебарлахь. Садой ЭхаштIахь Iаш бу.

**ЦIуонтаруой.** ЦIуонтара олучу юьртан цIарах схьадаьлла и дош. Иштта юрт шиъ ю.

Ножин-Юьртан районехь ю и шиъ. Цу цIеран орам ЦIу боху хьалха заманахь вайнехан хилла волчу делан цIе ю. Ткъа **-та, -р (а)** — суффиксаш-дештIаьхьенаш ю: **-та** ( ← **тIе), -ра** (цига-ра кхуза-ра и. дI. кх.). Нохчичоьнан дуккха аярташкахь бехаш бу цIуонтарой. ЖIайн а ю ЦIунта олуш юрт.

**Чиермуой** ( ← **чармой**). Оцу дешан хьалхара дакъа **ча** бохучу экханан цIарах ду. (Ча-тотем хилла вайнехан а, кхечу Кавказан къаьмнийн а, хьовса лакхахь). **ШолгIа дакъа м** ← **ма бохучу маьлхан делан цIе ю, -р** — дожаран чаккхе, -уой адам билгалдеш йолу суффикс. Хууш ду шайн делан цIарах тайпанаш хилла хилар (Марр). Наггахь шина делан цIе а хуьлуш хилла тайпанан цIеран орамехь хьалхенгахь. Чармуой Хорача юххехь баьхна. Цигахь Чармой-лам олуш лам бу. Шемалан заманахь МахкатIе кхелхина уьш. Цигахь хьалха садой хилла. Уьш цигара ЭгIаштIие охьабевлла. Чармуой Теркайистихеь а, Шелахь а, иштта кхечу ярташкахь а беха.

**Ширдуой.** Ширда бохуш юрт ю. Цу дешан орам шир билггал мича маьIнехь бу хууш дац амма -д **(-да→тIие)** — дештIаьхьие ю, **-уой** — суффикс.

И юрт Веданан районехь ю. Ширдой Германчигахь а, Хьаьдиса-Юьртахь Цоцин-Эвлахь а, иштта кхечу ярташкахь а бу.

**Харачой//Хорачой.** И дош Хорачу бохучу юьрта цIарах ду. **Ха** — «стража» бохучу дашах схьадаьлла долчух тера а ду и дош, **-р** — меттиган суффикс, **-ча** — «адам». Делахь хIета «хан адамаш», «хера адамаш» (хехуой) бохург ду и. Ха деш нах хилла вайн. Цу тIе доьгIна аьлча а, вай ма-аллара хилла хила мегаш ду и гIуллакх. Делахь а, кхин цхьаъ а ду хила мегаш. «Хара» бохург ду бохуш ду и дош, -чу (чоь) бохург а долуш. Иштта хила а мега. Билггал хууш хIума дац. Ха дан бIегIийла меттигаш а, Ха-гIала олуш меттиг а ю Хорачу юххехь. Хьалхенгахь хIинца Ведана йолчу меттехь а хилла харачой. Амма Шемал лаьцначул тIаьхьа, пачхаьо шена цигахь гIап а йина, церан ЦIе-Ведана а, Эшилхоте а, Вирхоте а дIасабекъа-

---

* Иштта олуш хилла вайнаха хьалха исс стаг кхетошонна охьаховшачу меттигах. Цу дашца йогIий-те аьлла хета античні авторша хьахийна йолу къамнийн цIераш исадики; исонды. (Плиний, Страбон).

лойла хилла. Шелахь а, Сиржа-Эвлахь а, Теркайистехь а бу хорачой.

**Шуонуой.** Шоьна олуш йолчу юьртан цIарах ду и тайпа. И юрт Ножин-Юьртан районехь ю. Цу дешан ораман-шуо этимологи хууш яц.

**Iаларуой.** Ножин-Юьртан районехь ю Iаьлара олуш юрт, Шелан районехь Iаьларойн-Эвла ю. Цу Iаьлара бохучу дашах ю цу тайпанан цIе а. **Iа** — дашах схьадаьлла дуй-те, аьлла, хета и дош, **-ла, -ра** — суффиксаш ю меттигаш гойтуш йолу.

Хьовса лакхахь алсамо цу дашах лаций.

**Элистинчуой.** Юьртан цIе ю Элистанча. Эл+с+та+н+ча, эл — боьра, -с (⟵ са) — латта, -та⟶тIа — дештIаьхье; -н, -ча — чу, иза «чуоь» бохург ду. И нах жимма Шелахь а, БухIан-Юьртахь а иштта кхечу ярташкахь а бу.

**Энгинуой.** Билггал хууш дац Энгина бохучу юьртан ораман маьIна. Тайпанан цIе цу юьртан цIарах ю. Ножин-Юьртан, Гуьмсан районашкахь ю Энгина цIе йолу ярташ.

Вай лакхахь ма-аллара, ингилой олуш хилла гуьржийн цхьана декъах. Иштта олуш хилла Малхбален Гуьржехахь Iаш болчу гуьржех. Цигара дуй-те и дош аьлла хетало.

«Племенные названия Кавказского Севера повторяются на юге Кавказского мира или сами представляют повторение племенных названий Крайнего юга», аьлла Марра (Избранные работы, т. 5, М.—Л., 1935, с. 14). Хьовса: нохч. ЧIаьнтий, гуьрж. ЧIонтио (юрт), нохч. Саьттой, гуьрж. Саттиане — юрт.

**Энкхаьллуой.** Энкхаьлла олуш йолчу юьртан цIарах ду и тайпа. И юрт Ножин-Юьртан районехь ю. Эн+кхаьлла бохучу шина декъех лаьтта и цIе. И тюркски меттанийн цIе ю: эне — нана бохург ду, **-кхаьлла** — гIала бохург ду.

**Эрсануой.** И тайпанан цIе Эрсана олучу юьртан цIарах ю; **-уой** — адам билгалдеш суффикс ю. Эрсана бохург суьпачу стеган латта бохург хилла. (Эрд — суьпа стаг, са — латта, **-на** — дештIаьхье. Цу тайпанан нах хIинца гIалгIашна а, нохчашна а юкъахь бекъабелла бу). Кхузахь ваьхна кхеташонан баьчча хилла волу Мулкъ. Мулкъан гIала лаьттина меттиг хIинца а ю Эрсанахь. ХIинца болчу эрсанойн 18—20-гIа да хилла Мулкъ. Иза исторехь а вевзаш ву. Вайнехана юкъа цо керла аьрша а, махлелоран гIуллакх а даькхина [54].

**ЭгIашбатуой.** Адам билгалдаран суффикс -уой дIаяьккхича, «Лахарчу лаьттан юьрта тIие» бохург ду и дош: **эгIа** — лаха, **ш** (⟵ **са**), -ба, -нхьа — юрт, **-т** — дештIаьхье (тIа), кхин а хьалхара цу дешан декъадалар иштта ду: э «лахие», **-гIа** — суффикс, **-ш** (⟵ **са**) «муохк», **ба** — делан цIе, **-тIа** — дештIаьхье.

Эрсаношца дукха хенахь дуьйна лулахь Iарал совнаха, эгIашбатоша а, гуноша а, эрсаноша бахарехь, цара и шайн юрт

эрсанойн махка тIехь йиллина ю. Эрсана-корта олуш болчу коьрта тIехь хилла Эрсана хьалха. ЭгIашбатой оцу коьрта кIел юрт йиллина охьахевшина. Иштта ду иза кхузарчу наха бахарехь а, археологически ахкамийн тоьшаллица а. Оцу тайпана, эрсаноша шайн махкатIе эгIашбатой ховшор цхьа хIума доцуш дац. Шела охьабовлар а эрсаной цига охьабахкарца доьзна хиллачух тера ду эгIашбатойн.

Шела юккъехула охьадолуш ши хи ду — Джалкх, Бас. Цу шина а хи йистехь бехаш берш, цхьа наггахь тIаьхьуо юкъавоьлла кхечу тайпана стаг ца лерича, эрсаной бу. Хица долу хьашт чIогIа хилла адаман дахарехь, хIунда аьлча бежана кхабарна а, кхидолчу дахарехь деш долчу гIуллакхана а хи чIогIа ца хилча ца торуш йолу хIума хилла. Цундела кхеташ ду адамо шен дахарехь хин йист хоржуш хилла хилар.

И дерриге а Iилмано къобалдина тIеэцна ду. Вай ваьшкара кхоьллина дац.

Иштта даим цхьаьна хилла ду и ши тайпа. Нашхара схьадевлла шаьш боху эрсаноша а, эгIашбатоша а. Эрсаноша ХIилие олучу Нашхарчу юьрта юххера даьхкина шаьш боху Нохчмахка. Цигара шайн хилла лам а буьйцу цара (ХIилие юххехь бу иза).

**Ялхуой.** Ялхуой-муохк олучу юьртан цIарах ду тайпа. **Ял** бохучу дешан орамах ду иза, **-хуой** — адамийн цIе билгал еш лелаш йолчу дукхаллин терахьан суффикс ю, **-й** — дукхаллин терахьан чаккхе. Цу орамах лаьтташ цIе йолу юрт ГаланчIажахь а ю — Ялхара.

## ЧIЕБИРЛОЙН ТАЙПАНИЙН ЦIЕРАШ

**Ачалуой.** Ачала бохучу юьртах схьаяьлла и цIе: **ач** — руда бохург хилла (иштта цхьа шатайпа тIулг бу), **-л** — меттиган суффикс, **-уой** — тайпанан дукхаллин терахьан суффикс. Ачалуой Сиржа-Эвлахь, Шелахь а, кхечу арарчу ярташкахь а бу.

**Багачуруой.** Багачура олуш юрт хилла Лаха-ЧIебирлахь. Цу дашах ю тайпанан цIе. ХIинца цу тайпанан нах аренца Iаш бу.

Схьахетарехь, и дош иштта чулацам болуш ду: Ба ← Ма — маьлха делан цIе, м→б, дуста: итумк, бунда, нохч. мунда, гIалгI. мие, нохч. бие и дI. кх. а, -га — меттиган суффикс, -чу (-чуоь) — хIуманан чуоь гойту дештIаьхье, -ра — (меттиган (исходни) дожаран чаккхе), -уой дукхаллин терахьера юьхьан суффикс.

**Буонуой.** Буона бохучу ЧIебирларчу юьртан цIарах ду и дош. Буо—н—уо—й. Иштта бу цу дешан латтам. Этимологи иштта хила езаш ю цуьнан: буо ← ма (делан цIе), -н ← на

(меттиган суффикс), -уо (юьхьан суффикс), -й (дукхаллин терахьан чаккхе). Цу тайпанан нах аренца беха.

**ДIая.** ДIай цIе йолуш юрт ю Лаха-ЧIебирлахь. Цу юьртан цIарах ду тайпа а. Цхьана стагах дIайа олу. Цу дешан билггал йолу этимологи хууш яц. Амма хууш кхин ду. Дай олуш тайпа скифаш юкъахь а хилла [55]. И тайпа Къилбаседа-Кавказан малхбалехь Iаш хилла, аьлла гайтина ду. ХIокху сохьта а, Къилбаседа-ХIиричохь Даикау, олуш юрт ю [56], ГIебартойн-Балкхаройн АССР-хь Деи, олуш хи а ду [57]. Урартхошна юкъахь а хилла даи, олуш тайпа [58]. И дерриг дешнаш а, вайн дIай а цхьана догIуш хилар лаа дац.

**Макажуой.** Лакха-ЧIебирлахь Макажа, олуш юрт ю. Цу юьртан цIарах ю тайпанан цIе а. Билггал йолу этимологи хууш яц. Амма дешан латтам иштта бу: Ма—ка—ж—уо—й. Юххерачу хьесапехь аьлча, цуьнан этимологи иштта ю: Ма — малх, маьлхан дела, -ка — меттиган суффикс (дуста: СемаIаш-ка, Галаш-ка и. дI. кх. а). -Жа ⟵ ча//чу (меттиган дештIаьхье)+уо (юьхьан суффикс), -й (дукхаллин терахьан чаккхе).

Мака олуш дештIаьхье ю бацойн: стуол мака «столтIие». Цу дашехь а хила а мега и дештIаьхье. Цу тIе доьгIна аьлча **Мака жа** «Жа тIе», аьлла этимологи хила а мега цу дешан. Цу тайпанан дукхах болу нах Макажахь а, аренца бу хIокху сохьта. Цара дозалла деш олу: «МаIа Макажа, цIие ЦIикара» (ЦIикара — юрт).

**Нижалуой.** Нижала олуш хиллачу юьртан цIарах ду и дош. И юрт Лаха-ЧIебирлахь хилла. Билггал этимологи хууш яц. Делахь а иштта дакъошка-м декъало и дош: Ни+жа+л+уо+й ни ⟵ ма, дуй-те, аьлла хета (вед. микх, нохч. никх, и. дI. кх. а), -л — меттиган суффикс. Билггал дерг гучудаьлла дац. А. Цагаевас ХIирийн Нузул-юьртан, цIеран монголийн «место расположения эмира со свитой, форма повинности крестьян монгольским ханам» аьлла этимологи ю бах. Цигара хила а мега Нижала (з ⟶ ж, и, а ⟷ у) [59].

**Нохч-Киелуой.** Нохч-Киела олуш йолчу юьртан цIарах ду и тайпа. И юрт Шуьйтан районехь ЧIебирлахь ю. Нохч бохург вайн къоман цIе ю, Киела (хьовса лакхахь киелуой). Шуьйта юххехь а ю Хьалкиела олуш юрт, Киелуойн-Эвла олуш юрт ю Веданан районехь Сельман-Тевзина юххехь. Кхузахь массанхьа а **Киела** ду. Цу Шуьйта юххехь йолчу Киеланах къастуо тиллинчух тера ду Нохч-Киела аьлла йолу цIе. Делахь хIета хьалхенгахь ЧIебирлахь берш нохчийн тукхамах лоруш, ткъа Органна Малхбузехьа берш нохчех ца лоруш хилла хиларан билгало ю иза( хьовса цунах лаций лакххахь).

**Ригахуой.** Ригаха олучу ЧIебирларчу юьртан цIарах ду и дош. Цуьнан билггалйолу этимологи хууш яц, -ха — меттиган суффикс, -уой — тайпанан суффикс; кхузахь тамашена ду цу

дешан хьалхара элп **р** хилар, хIунда аьлча вайнехан меттанийн дешнаш **р** хьалха долуш хуьлуш дац. Делахь цу тIе доьгIна аьлча, и дош тIеэцна хила дезаш ду. Билгал дерг ала хала ду. Ригахуой олуш тайпа Шелахь а ду.

**Сарбалуой.** Саьрбала олуш юрт хилла Лаха-ЧIебирлахь. Цигара ю и тайпанан цIе а. Этимологи билггал хууш яц. Амма иштта декъалуш ду и дош: сар+ба+л+уо+й.

Орам «Сар-сармат» бохуш исторехь девзаш долчу къоман цIарах дуй-те, аьлла хета, **мат** бохург шолгIа дакъа лерича мукхале, (ба ← би) — дукхаллин терахьан суффикс (бацби), -л — меттиган суффикс. Делахь хIета, сар олу нах болу меттиг» бохург ду иза. **Шар** (шаруой) сармат бохучух ду аьлла хаамаш болуш бу исторехь (хьовса: Ю. Д. Дешериев. Сравнительно-историческая грамматика нахских языков...). Серби олуш цхьа къам хилла вайн махкахь хьалха. Цигара хила а мега и дош. Сармат дашах догIий-те аьлла хета иза а — сар//сер.

**Хуой.** Къоьзан-Iоман йистехь юрт ю Хой олуш. Ха бохучу дашах ю и цIе. Ха льтташ меттиг хилла иза. Иштта цIераш а йолуш и тайпа меттигаш дуккха а ю Нохч-ГIалгIайчохь: Ханкуорта, Хан-кала; ГIуой, ГIуойтIа бохург а цунах ду, **х→гI.** Хуой хIинца аренца Iаш бу.

**Хьаркъалуой.** Хьаркъала олуш ЧIебирлахь юрт хилла (хьовса: даргинцийн Хюркала олу юрт). Цу юьртан цIарах ю тайпанан цIе. Билггал йолу этимологи хууш яц, амма иштта декъало иза: хьа—р—къа, **-л (-ла), -уой**; къа — кIант, вуоI, бохург дуй-те, аьлла хета, -л ( ← -ла) — меттиган суффикс, **-уой** — тайпанан суффикс. Хьалхарчу декъан — **хьа** этимологи хууш яц.

Оцу тайпанан нах ЭхаштIахь, МахкатIахь (Веданан район) бу.

**ХIиндуой.** ХIинда юрт ю. Цигара схьадаьлла и тайпа а. И дош иштта декъало: хIин—д—уо—й. Хьалха бIаьвнах **хIин** олуш хилла -д (да→тIа) — дештIаьхье, **-уо** — суффикс, **-й** — дукхаллин терахьан суффикс. И цIе йолуш юрт аренгахь а хилла, масала, БердакIелна юххехь (Грозненский район).

Делахь ХIинца бохург *бIаьвна тIие* бохург хилла хила дезаш ду.

**ЦIикаруой.** Лакха-ЧIебирлахь, Макажа юххехь ю иштта юрт ЦIикара. Цунах ду ЦIикаруой: **ЦIи+ка+р(ра)+уо+й.**

Орам **цIи** вайнехан дин доцчу хенан хиллачу цIеран делан цIе юй-те, аьлла, хета (ЦIу), **-ка** — меттиган суффикс, **-р** — меттиган суффикс, -уой — тайпанан дукхаллин терахьан суффикс. ЦIикаруой тIаьхьа тIебаьхкинчу нахах хуьлу таро ю, схьадиийцарехь, Гуьржехара. Делахь лаа дац Макажоша — «МаIа Макажа, ЦIие ЦIикара» олуш хилар. ЦIикаруой хIинца аренца бу.

**ЧIебирлуой.** ЧIебирла (чеб. ЧIебилла) олучу меттиган цIарах ду и тукхам. Лакха-ЧIебилла Веданан районехь ю, лаха ЧIебилла Шуьйтан районехь ю. ЧIапа//ЧIаба бохуш ю цуьнан этимологи. Оьрсийн «плоский» бохург ду иза, **-лла** — меттиган суффикс. Ян а ю и меттиг чIапа (плоский).

**Чуобаьккхинчуой.** Чуобаьккхинчу олуш юрт ю ЧIебиллахь. Цунах ю и тайпанан цIе. И иштта екъалуш ю: чуо+баьккхана (баккха), +ч//—чу/+уо+й. **Чуо** (←—чхуо, чхар) тIулг бохург ду. Делахь хIета цу меттехь тIулг боккхуш хилла. БIаьвнаш еш хилла цу тIулгах. Кхузахь хIинца а ю уьш.

**Чуо** бохучух ду вайн «чхар» олуш дерг. И кагбина баьккхинчу тIулгах олу. И тайпа хIинца мичахь ду хууш дац тхуна.

## ШУОТОЙН ТАЙПАНИЙН ЦIЕРАШ

**БIавлуой.** БIавла бохуш юрт хилла Шуьйтан районехь; **бIав** (гIала), -л (а) — меттиган суффикс ю. БIавлуой Ачхой-Мартанан а, Соьлжан а районашкахь бу.

**Варандуой.** И цIе йолуш ши юрт ю — Лаха Варанда, Лакха Варанда. Шуьйта районехь ю и ши юрт. Этимологи билггал хууш яц цу дешан.

Кхузахь орам **вар бу.** Схьахетарехь, **ваьр** бохург хила мега иза. И дош оьрсаша «род» олучу маьIнехь хилла. Варандуой ЧIишкахь а, Йоккхачу АтагIахь а, ГIойтIахь а бу. И ши юрт йолчу меттигах Суьйрота а олу. Иза хьалхалерачу маттахь «БIа тIе» я суьйртIе бохург ду.

**Ваштаруой.** Ваштара олуш юрт ю Шуьйтан районехь Шуьйта юххехь. Органах (Шара-Органах) схьакхеташ хи а ду Ваштара олуш.

Билггал йолу этимологи хууш яц.

Ваштаруой Улус-Кертахь а, Дочу-Борзехь а, ГIойтIахь а, Йоккхачу АтагIах а бу.

**Гучун-Кхаьллахуой.** Гучун-Кхаьлла олуш меттиг (юрт) ю Шуьйтан районехь. Цу дашах ю и тайпанан цIе.

И дош тюрко-монгольски маттара ду. «Гучун» бохург «чIогIа» бохург ду тюркойн, «кхаьлла» — гIала, крепость бохург ду. Делахь хIета гучун-гIала, «чIогIа гIала» бохург ду. Историехь хууш ду монголаш вайн ламаройх летта хилар[60]. Уьш цу меттигашка а кхаьчна.

**Дзумсой.** Дзумс олуш меттиг ю Шуьйтан районехь.

Билггал йолу этимологи хууш яц. Амма дуьйцийла йоцуш ду и дош иштта декъех лаьтташ хилар: Дзу+м+с; **-уой** — суффикс. М ←— ма — делан цIе, са ←— са — латта, бохург ду аьлла хеташ ду. Дзу — ораман маьIна къаьсташ дац.

Итум-Кхаьлларчу наха дзуса олу оцу тайпанах. Дуби-Эвлахь, кхечу а аренгарчу ярташкахь бу дзусуойн тайпанан нах.

**Киелой.** Хьаьла-Киела олуш юрт ю Шуьйтан районехь. Цигара ю цу тайпанан цIе.

«Хьаьла» бохург кхеташ ду. Киела бохучу дешан этимологи иштта ю, аьлла, хета тхуна: хIирийн маттахь кау — юрт бохург ду, -ла — меттиган суффикс. Кей боху ши юрт а ю ГаланчIажахь, Доьлакие олуш юрт а ю. ТIаьхьарчу дешан Кие а, лакххахь далийна кей а, киела а цхьа орам болуш ду. Вайн ков боху дош царах схьадаьлла ду. Амма хьалха «юрт» бохучу маьIнехь хилла и дош.

**Кхокхадуой.** Кхокхада олуш юрт ю Итум-Кхаьлла юххехь. Кхо кха (три пашни) бохург ду иза, -д (тIа) — дештIаьхье. Делахь хIета «кха а кхан тIе» бохург ду иза. Цигара схьаяьлла ю тайпанан цIе а.

**Нихилуой.** Нихала олуш йолчу юьртан цIарах ду и дош. И Шуьйта юххехь ю. Ниха (малар) бохург ду цуьнан маьIна, -л — меттиган суффикс ю. Цу дешан дуьххьарлера орам **ни** бу; -хи— меттиган суффикс, **-уой** — юьхьан суффикс. Ма аьлла волчу маьлхан делан цIарах ду делахь и дош (м→н, хьовса нохч. нартол, гIалгI. моартол). Кхечу тайпана хила а мега цу дешан этимологи: ни — дела, хи «делан хи».

**Пхьамтуой.** Пхьамта олучу юьртан цIарах ду и тайпа. И юрт Шуьйта юххехь ю. «Пхьа», «мат» бохучу шина орамах лаьтташ ду и дош. **Пхьа** — цхьана хенахь делан цIе хилла, тIаьхьуо **цIи, адам** бохучу маьIнехь а хилла, цул тIаьхьа **юрт** бохучу маьIне а дирзина лелла и дош, масала, «оцу нахана тIаьхь пхьа бу тхан», олу гIалгIаша. Иза «стаг ву тхан царна тIехь» бохург ду.

Гуьржех Iачу нохчаша а, бацоша а юьртах «пхьа» олу. **Пхьар, пхьуоьха, пхьарс, пхьу** иштта кхин дукхха а дешнаш ду цу дашца догIуш. Тушпа олуш коьрта гIала хилла Урартухь. ШолгIа дакъа вайн пхьа бохург ду (хьовса лакххахь). Иштта Прометей аьлла волчу дуьненна вевзаш волчу адамашна стиглара цIе еанчу стеган цIе а цу орамах ю, аьлла ду[61]. (Мат (→мта) — гуттар хьалха адам бохург а, хIинца мотт бохург а ду. Адам сецначу меттигах а олуш хилла иштта. Жемат олуш ду. Иза «жа лаьтта меттиг» бохург ду. И дерриге а цхьа орам болуш ду. ГIалгIайчуьра Матлам боху ломан цIе а ю цу дашах. Пхьамтой Йоккхачу АтагIахь а, кхечанхьа а бу Iаш.

**Саттуой.** И цIе йолуш юрт ю Шуьйта юххехь. Са — латта, **т** (тIе) — дештIаьхье.

Делахь хIета — лаьтта тIе, махка тIе бохург ду иза. Са юкъахь долуш меттигийн цIераш дукха ю вайн лаьмнашкахь: Эрсана, Сона, Сада и. дI. кх. а. Гуьржийн махкахь а хаало и

дош юкъахь меттигийн цIераш. Саттуой Йоккхачу АтагIахь а, кхечу ярташкахь а Iаш бу.

**Тумсуой.** Билггал цу дешан этимологи ца хаьа тхуна. Амма иза хIокху декъех лаьтта: Ту+м+с (-уой — адамийн суффикс), м ← ма бохуш хилла волчу маьлхан делан цIе юй-те, аьлла, хета, с ← са — латта бохург дуй-те, аьлла а хета. Тумсуой Борзехь бу. Тумс, Зумс бохуш хиш ду. Тумсой — Тумс йистехь беха, зумсой — Зумс йистехь. Цу шина цIарехь долу с тюркски су — хи бохучара хила а мега.

**ТIерлуой.** ТIерла олуш юрт хилла Итум-Кхаьллан районехь. Меттиган цIарах ю оцу тайпанан цIе.

Цуьнан орам тIера (лакхара) бохург дуй-те, аьлла хета, -л, -ра — меттиган суффиксаш. Цу тайпанан нах ТIехьа-Мартанан а, Хьалха-Мартанан а районашкахь бу.

**ЧIентий.** ЧIент-чу олуш меттиг ю Итум-Кхаьлла лакхуо ламчохь. Цигахь хIара ярташ ю: Гу-гIала, Дёра, Хас-кхаьлла и. дI. кх. а. Цигара схьабевлла чIентий.

Оцу дешан орам чIа//чIо — даа-мала хIума бохург ду, -т//тIие — дештIаьхье, -ий — тайпанан суффикс.

ЧIентий, ЧIиннахуой бохург цхьана орамах ду. Шаьш гуьржашха схьадевлла боху цIенташа а, чIинхоша а. ЧIентий Итум-Кхаьллахь а, Соьлжехь а бу.

**ЧIиннахуой.** ЧIиннаха олуш мохк бу Итум-Кхаьлла юххехь, (-х(-ха) — меттиган суффикс).

Цу махкахь чIиннахойн иштта ярташ ю: Уш-Кхаьлла, БугIара, КIонжуха, ЧIо, ЧIана (кхин а хьалха чIа, чIо олуш хиллачу дашах схьаяьлла и тайпанан цIе). ЧIана вахана олуш хилла. И даа хIума, тIедуху хIума, дуург-мерг а да вахана бохург хилла. «ЧIана ваккха» бохург стеган долу хIума схьадаккха бохург ду. Дуьххьара и дош ЧIа//ЧIо аьлла хилла. Цу дашах ю кхузара ЧIо бохучу юьртан цIе. ТIаьхьо цхьацца меттиг билгалъеш царна тIееттаелла -н, -х боху дакъалгаш.

## НОХЧИЙН КХИДОЛЧУ ТАЙПАНИЙН ЦIЕРАШ А, ФАМИЛЕШ А

**Аьккхий.** Аьккха олуш меттиг хилла Шуьйтан районехь. Цигара схьаяьлла и тайпанан цIе. Этимологи хууш яц. Амма, схьахетарехь, Аккха бохучу кхузарчу хин цIарах дуй-те, аьлла, хета. Иза ахк бохучара хилла хила мега. Ткъа хууш ду тайпанийн цIераш хийн цIарех хилар.

**Габисов.** ГIабаса, бохучу дашах ю и фамили. Иштта цIе йолуш меттиг Маьлхастахь ю: «Хан баса» бохург ду иза. Кхин а кIоргера аьлча кхаа декъе декъало и дош ха+ба+са (ба ← ма — маьлхан дела). Делахь: «Хан делан латта», аьлла, ю цуьнан юьхьанцара этимологи.

**Галагаев.** И фамили Гела (маьлхан дела) дашах ю, -га —

меттиган суффикс. ГІалгІа бохург а, Гелага а цхьа латтам болуш ду (г ⟵ гІ) (хьовса лахахь).

**Гухуой.** Гуха олуш меттиг ю Итум-Кхаьлла юххехь. Цигара охьаяьлла тайпанан цІе. Ткъа цуьнан орам Гу (бугор) бу, **-х** — меттиган суффикс. Гухуой Хьалха-Мартанан районерчу ГІуоййистехь, СоІдин-КІуотарахь а бу.

**Кей.** Кей олуш ши юрт хилла ГаланчІажахь. Ткъа кей Теркайистехь бу. Теркайистера Кен-Юрт цу тайпанан цІарах ю. Цунах Галний а олу, Теркал дехьахь йолу Калиновски боху станица цу цІарах ю олуш ду.

**Маьлхий.** Маьлхаста олуш меттиг ю Шуьйтан районехь. Цигахь Іаш хилла маьлхий. Малх бу цу дешан орам, **-ий** — тайпанан суффикс. (Хьовса: МІайстуой). ХІокху сохьта маьлхий Хьалха-Мартанан а, ТІехьа-Мартанан а районашкахь Іаш бу.

**МІайстуой.** МІайста олуш меттиг ю Шуьйтан районехь. Цунах ю и тайпанан цІе а. Цу дешан этимологи — Малх бохург ду. Хьалха малхах Ма//мІа олуш хилла вай; тІаьхьуо тІекхетта ю -лх суффикс. И суффикс лаьтта схьакхочуш йолу маьлхан зІаьнарш бахьанехь йовха йолчу меттиган маьІнехь тІекхетта ю юьхьанца. ТІаьхьуо шен маьлхан цІарца йисина иза. Доцца аьлча, стиглара малх а, лаьттара малх а къаьсттана шен-шен цІерш йолуш хилла-кх, орам цхьаъ болуш.

**МозгІаруой.** Иштта тайпа ду Хьалха-Мартанан районехь МозгІар — иза керстан молла ву. Гуьржашкара тІеэцна а ду и дош — **мзгІвари.** Керста динехь вайнах хилла хилар гойту цу дашо.

**Мулкъуой.** Мулкъа олуш меттиг ю Шуьйтан районехь. Цуьнан маьІна иштта ду: Му ( ⟵ ма) — маьлхан делан цІе, -л — суффикс, -й — дукхаллин терахьан суффикс. Делахь хІета: «Маьлхан делан бераш» бохург ду и дош. Иштта делахь меттиган цІе тайпанан цІарах хила езаш ю.

**Нитхуой.** ГаланчІажан районехь хилла и цІе йолуш юрт. Кхузара орам нит/ни ( ⟵ ма) бу, -т (⟶тІие) — дештІаьхье ю. Нит-хи олуш хи а ду, цунах схьадаьлла ду и дош а. Нитхуой ТІехьа-МартантІехь Іаш бу.

Гуттар хьалхалера этимологи ни (ма) — маьлхан дела, т (⟶тІие) бохург хилла цу дешан. Хууш ду ниттащ уггар хьалха малх болчу меттехь гучубовлуш хилар. Цуьнца а догІу и дош. Дагалоцур вай хьалха дош дуккха а маьІнашкахь хилла хилар. Митхой тайпа хилла хьалха вайнехан. Гуьржийн Мтиули (мта-лам) тайпанан цІарах хила а мега и. Гуьржаша хІинца а олу маьлхех митхой.

**Пешхуой.** Пеша олуш юрт Итум-Кхаьлланий, ГаланчІажний юккъехь хилла ю. И юрт лаьттина меттиг Шуьйтан районехь ю.

Цу дешан орам **ша** бохург ду. Хьалхенгахь «шиело» бохург а **ша** олий дуьтуш хилла, -ло — суффикс ю. **И** мичара даьлла? — ала тарло. Хьалха иштта хилла и дош. Ткъа хууш ду бацойн маттахь ша (лед) бохург **пша, паша** аьлла хилар, ткъа шело (холод) — пшел. Цу тIера схьадогIу **пшави** олучу гуьржийн тайпанан цIе а. ХIинца вайнаха шуой олу царех. Гуш ду тIаьхьуо нохчийн, гIалгIайн маттахь **п** дIадаьлла хилар. Амма и п→**б** а хилла дисина цу дашах схьадаьллачу кхечу дашехь — баша (таять). Амма кхузара б — классни гайтам бу: баша//даша//ваша йаша (хьовса: даьхний, амма: даха//баха//ваха//йаха). Цу гIуллакхуо гойту классни гайтамаш кхоллабаларан некъаш а. **Баш** — лам олу дош а ду пша//паша бохучара схьадаьлла. Ткъа хууш ду цу ломах Шалам олуш хилар а. Пешхуой МартантIехь а, Мартанчохь а бу.

**Хилдехьаруой.** Хилдехьа олуш меттиг ю Шуьйтан районехь, ламчохь, гуьржийн, нохчийн доза къаьсттачохь. Цунах ду и дош — тайпанан цIе. Цуьнан этимологи къеггина гуш ю: хи + диехьа, -л — суффикс, **-руой** — тайпанан суффикс.

Хилдехьаруой Хьалха-Мартанан районехь бехаш бу.

**Хьачаруой.** Хьачара олуш мохк бу Итум-Кхаьллал лакххахь. Цигара ю и тайпанан цIе а. Хьач бохучу дашах хила а мега и дош. Билггал хууш хIума дац. Хьач-ара олуш меттиг а ю (Веданан р-н), Хьач-хи олуш хи а ду (Соьлжа-гIала).

**Чартуой.** Гуьржехахь, Пшавехь Чартали, Чаргали олуш ярташ ю. Цигара ю и тайпанан цIе. Ча (медведь) бохург ду, аьлла, хета цуьнан орам. ГIараваьлла волу гуьржийн яздархо Важа Пшавела Чаргали олучу юьртара хилла. Цу юьртахь цуьнан музей а ю.

**Чунгаруой.** Чунгара олуш юрт хилла Веданан районехь. Кхузахь Хорача юххехь Чунгаройн кешнаш олуш меттиг а ю. ХIалха-Мартана юххехь хилла Чунгара олуш юрт.

Цигара ю тайпанан цIе. Билггал йолу этимологи ца хаьа. Делахь а Ча бохучу дашах юй-те, аьлла хета и цIе: -чу/н/+га+р/а/+уо+й: -га, -р/а/ — меттиган суффиксаш. Гуьржийн чонгури бохуш цхьа пондар хилла. Нохчаша чIоьндарг олу цу пондарх, цуьнан цIарах хила а мега и тайпа. Чугара (чоь гар) бохучара хила а мега (чу+га+ра — суффикс)*. Чунгаруой Хьалха-Мартанехь а, Теркайистехь а, Iалхан-Юьртахь а бу.

**Шаруой.** Шара бохучу меттиган цIарах ду и дош. Цунах ю тайпанан цIе а. Цуьнан орам сар бохург ду, аьлла ду Iилманехь. Ткъа и сармат бохучу къоман цIарна тIедогIу (хьовса:

---

* Дуста гIалгIайн: Ан-гуш-тIа (юрт), Дуьхьар-гуш-тIа (юрт) кхузахь массанхьа а орам гуш (видящий) бу.

Саьрбала); Салатта, мохк орамах хила мега и цІе, -ра — суффикс.

Шаро олуш меттиг Абхазехь а ю.

## ГІАЛГІАЙН ТАЙПАНИЙН, ФАМИЛИЙН ЦІЕРЕХ ЛАЬЦНА

ГІалгІайн юьхьанцара коьрта тайпанаш схьадевлла ГІалгІачие, я Кхекхаьлла олучу меттера. И меттиг Ламанан ГІалгІайчохь ю.

Кхузахь хилла йолчу Хамхи, Эгикхал, ТІаргим бохучу кхаа юьртара арадевлла гІалгІайн юьхьанцара коьрта тайпанаш, гІалгІаша Цхьорой-шахьар, Мецхал-шахьар, Джайрахойн-шахьар олучу меттигашкахула дІасадаьржина.

Схьадовлар Кхекхаьллера доцуш тайпанаш а ду гІалгІайн. Иштта ду:

1) Фаьппийн тайпанаш (и тайпанаш хІинца хаалуш дац).

2) ДжІайрахойн тайпанаш а, фамилеш а: АхриевгІар (гІалгІ. Охрг-наькъан), БоровгІар (Бора-наькъан), ЦуровгІар-(Цур-наькъан) и. дІ. кх. а.

3) Эбанхойн тайпанаш (Эбан-юьртан цІе): ЦицкиевгІар (Циск-наькъан), АхильговгІар (Ахильг-наькъан) и. дІ. кх. а.

4) Мацхалойн-шахьаран тайпанаш: Лаьжгхой, шоанахой, хьулхой и. дІ. кх. а.

Нохчийн тайпанийн цІераш а санна, гІалгІайн тайпанийн цІераш а коьрта долчу декъана **-ой, -хой** суффиксийн гІоьнца меттигийн, яртийн, цІерех схьаевлла ю: Хамхи — хамхой, Эгикал — аьгахой и. дІ. кх. Ткъа цу тайпанийн цІерех схьаевлла оьрсийн -ов, -ев, -ова, -ева суффиксийн гІоьнца кхоллало гІалгІайн хІинцалера цхьайолу фамилеш а: Хамхой — Хамхоев, Цхьарой — Цхьароев, БІарахой — Барахоев и. дІ кх.

Делахь а цхьацца тайпанех схьабевллачу нехан долахьчу цІерех кхоллаелла фамилеш а ю гІалгІайн.

Иштта ю, маласа, Евлой тайпанах схьабевллачу нехан долахьчу цІерех схьаевлла фамилеш: Сагов (Сага-наькъан), Гайсанов, Бузуртанов (Несар-коьртеранаш), Арсамаков, Измайлов, Куркиев, Абадиев, Евлоев. И фамилеш ишттачу цІерех схьаевлла: Саг, Гайсан, Бузурт, Арсамак, Измайл, Куркъа, Абад, Евлий.

Цу гІуллакхо гойту гІалгІайн юьхьанцара тайпанаш шайн хьалхалера структура хийцаелла гарашка декъалуш дІасадаьржина хилар. ХІинца ала а хала ду цхьадолу гараш муьлхачу тайпанах схьадевлла. Иштта хьолехь ду нохчийн тайпанаш а. Амма нохчийн тайпанийн кхиар кхин а гена даьлла, хІунда аьлча гІалгІайн хІинца а шайн юьхьанцарчу тайпанийн цІерех лелош фамилеш ю, ткъа нохчийн иштта фамилеш цхьана Пседах (нохч. Доьлакие) олучу юьртахь бен яц: Гуноев (гуной),

Алероев (Іаьларой), Эрсеноев (Эрсеной), Пешхоев (пешхой) и. дІ. кх. а.

ГІалгІайн тайпанийн чоьхьара структура къастош болу болх язбина бац, амма хІокху балха тІехь вайн и дойла а яц. Кхуьнан Іалашо ю цхьацца гІалгІайн тайпанех а, церан гарех а йолчу фамилех а, церан этимологих а лаьцна цхьацца хаамаш балор.

Цу тІехь оха пайдаоьцу тхешан информаторийн А. С. Куркиевн (университетан профессор), М. Ведзижевн, А.-Г. Тангиевн, Х.-М. Котиковн, Х. М. Базоркинан, Дж. Гандалоевн хаамех а, З. Мальсаговн «ГІалгІайн грамматика» аьлла язбинчу балхах а (Грозный, 1964). ЦІеяьхна болчу а, ииттa кхечу а тхешан информаторшна доккха баркалла боху оха.

*ГІалгІайн коьрта тайпанаш хІорш ду:*

аьгихой, хамхой, тІаргимхой, евлой, кхуортой, махлой, полонкхой, бІарахой, къостой, пхьувой, оздой, хьайрахой, цхьуорой, гІуной, коазой, баркинхой, цІиздой, цІолой, куолой, дошхаклой, тІумгІой, бештой, лоалахой, хоаной, салгхой, хьулхой, тІоршхой, кхорагІой, шоанахой, лоажхой, мецхалой, ноакъастхой, гелатхой и. дІ. кх. а.

**ГІалгІайчиера, я Кхекхаьллара тайпанаш.**

**Аьгихой.** Эгикхалл, аьлла хиллачу Кхекхалларчу юьртан цІарах ду и тайпа. Цуьнан ораман этимологи эга (⟵ эгІа) дашах йоьзна юй-те аьлла хета. Ииттa олуш хилла хьалха, хІинца а ииттa ала а олу гІалгІаша лаха бохучу маьІнехь (г⟶гІ), дуста: магІа — лакха. Дуста нохч. эгІа (ЭгІашбатуой; эгІаштІа), магІа (могІуста).

Цу тайпанах схьаевлла ю хІара гІалгІайн фамилеш: Аушев, Ведзижев, Богатырев, Базоркин, Ужахов, Газдиев, Шишханов, Тангиев, Дахкильгов ииттa кхиерш а. И фамилеш нехан ииттa хиллачу долахьчу цІерех схьаевлла ю: Овш, Ведаш, БогІатар, Байсаркъа, Ужах, ГІазд, Шишха, ТІанг, Дахкильг. Цул сов, Овш, аьлла делан цІе а хилла гІалгІайн хьалха заманахь, Овш-Села олуш къубба а ю ГІалгІайчоьнан ламчохь. Базоркино олуш юрт ю (Къилбаседа-ХІиричохь Пригородни районехь) Мочкъин юрт а олу цунах. Мочкъа Байсаркъин кІант хилла.

**БІарахой.** БІарахе олуш хиллачу юьртан цІарах ю и тайпанан цІе. БІар бохучу дашах йогІий-те, аьлла хета и цІе, -ра, -хе — меттиган дожаран суффиксаш. Барахоев олуш фамили а ю.

**Баьркинхой.** ГІалгІайчиерачу Оазиге олуш хиллачу юьртара

схьабевлла таро ю цу цу тайпанан нах. Баьркинхой-гIала олуш меттиг а ю кхузахь.

Амма цу дешан этимологи хууш яц. З. Мальсаговс бахарехь (хьовса цуьнан цIе яьккхина болх) кхаьрца гергарло долуш бу КотиевгIар (Коьте къунгиш), ХамчиевгIар (Хамча къунгиш), ПарчиевгIар (пхьарча-наькъан). И фамилеш адамийн долахьчу цIерех схьаевлла ю. Уьш БаьркимхоевгIеран гараш ду.

**Евлой.** Цу тайпанан цIе Евли олуш хилла йолчу юьртан цIарах ю. Евли стеган долахь цIе хилла аьлла а ду. Этимологи Илья олучу керстан делан цIарах. ЕвлоевгIарах йолу фамилеш вай ялийра лакхахь.

**Дошхьакхалой.** Дошхьакхале олуш хилла йолчу юьртан цIарах ду и тайпа.

Хетарехь, цуьнан этимологи иштта ю: Дош//дос/иштта олуш хилла вайнаха хьалха дечигах. ХIинца а олу нохчаша досбухе — дечиг доккхуш кIел юьллу гуьйриг. Хьакха, **-лие** — меттиган дожаран суффикс. Делахь хIета: «Дечиг хьокху меттиг» бохург хила езаш ю цу дешан этимологи. Иза хетарг ду.

Дошхакулоев фамили а ю.

**Кулой.** Кулой олуш лам а, Коле олуш юрт а хилла. И тайпанан цIе цигара ю. Колоев олуш фамили а ю. Иштта фамили хIирийн а ю. ГIалгIайн фольклорехь Колой-кIант олуш турпал ву. Нохчийн а ю Куолла олуш стеган цIе. И дерриге а цхьана орамах дуй-те, аьлла хета. ХIирийн Кау-юрт бохучара буй-те цуьнан орам аьлла а хета. Хьовса иштта нохчийн Хьалкела, Нохчкела (ярташ), Келоев (фамили), келой (тайпа).

**Коазой.** Каьзе олуш хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Хетарехь, цуьнан этимологи иштта ю: каь (← кау) — юрт (хIирийн маттахь) -з (← с(а) — латта, меттиг, -е — меттиган суффикс. Кодзоев фамили цу дашах ю. Цу фамилех богIуш болчух тера ду иштта фамилеш йолу нах: Самбиев, Арсельгов (А. Куркиев).

**Кхоартхой.** Кхуорт//Кхарт олуш хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Цуьнан этимологи «Кхор тIе» бохург дуй-те, аьлла хета. Билггал хууш дац. Кортоев олу фамили цу дашах ю. ПарагульговгIар а, кхиберш а КортоевгIарах бу аьлла ду (М. Ведзижев, Х.-М. Котиков).

**Къоастой.** Къоаст олуш хилла йолчу юьртан цIарах ду и тайпа. Костоев фамили цу тайпанан цIарах ю. Цу дешан билггал йолу этимологи хууш яц, амма исттачу дакъошка декъалой-те аьлла хета и дош: Къов, с (← са), -т (← тIа). КостоевгIарах лору ГастемировгIар а, ГазгиреевгIар а, МарзагановгIар а, МашиговгIар а, УспаевгIар а, ДударовгIар а (Е. И. Крупнов. Средневековая Ингушетия).

**ЛоалагIой.** ЛаьлагIа олуш хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Лолохоев олу фамили а цу тайпанах ю. Нохч. **лулахо**, гIалгIайн **лоалахо** дешнех юй-те, аьлла хета и тайпанан цIе.

Дийцарехь, ШадыжевгIар а, АлиевгIар лоалагIойх болчух тера ду.

**Ноакъастхой.** Наькъисте олуш хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Схьахетарехь, цуьнан этимологи «Наькъа йисте» бохучара юй-те аьлла хета. Иштта нохч. накъост, гIалгI. **новкъост**, бацойен накъбист боху дешнаш а некъ//никъ бохучу дашах ду. Некаца доьзна хилла накъосталла. Накастхоев фамили а ю.

**Пхьуввой.** Пхьув аьлла хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Цуьнан орам **Пхьу** бохучара бу. Иза пхьа-юрт бохучу дашца богIуш буй-те, аьлла хета. Хьалха иштта олуш хилла юьртах. И орам шайца а болуш хьалха ярташ хиллачу меттигийн цIераш дукха ю ламчохь. Пхьу бохучу дашах хила а мега и цIе. Хууш ду, пхьу тотем хилла хилар. Хьовса МIайстара ПIуга юрт. Пугаев фамили а ю. Царех бу, аьлла ду ДолаковгIар а, цхьаболу ГайсановгIар а, ДоловгIар а, АльмурзиевгIар а, НаурбиевгIар а.

**Салгхой. Салги** олуш хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Цу дешан орам са — латта, меттиг бохург дуй-те аьлла хета, -л, -г — меттиган дожарийн чаккхенаш. **Салгирхоев** фамили а ю.

**ТIаргимхой.** ТIаргим олуш хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Этимологи къаьсташ яц. Амма иштта дакъошка декъалуш ду аьлла хета и дош: **ТIа-р-ги-м**. Цу тайпанах ю аьлла ду иштта фамилеш: АзиевгIар, ГорбаковгIар, УгурчиевгIар, МальсаговгIар, ЧапановгIар, ГойговгIар, ГайсановгIар, ОскановгIар, СултыговгIар, ПлиевгIар, АрчаковгIар, БакаевгIар, БековгIар, иштта кхиберш а. И фамилеш адамийн долахьчу цIерех схьаевлла. Масала, Мальсаг (маьлхан саг), Ази, Бака и кх. а. Мальсагашвили аьлла фамили ю гуьржийн ламанан цхьана тукхаман-мохевшийн (вайнаха бений олу царех, дуста: нохч-беной (тайпа). ХIирашна юкъахь а ю Плиев фамили. И дерриге а цхьа гергарло доцуш дац: мохевцийн МальсагашвилигIар а, гIалгIайн МальсаговгIар а, гIалгIайн ПлиевгIар а, хIирийн ПлиевгIар а цаIаш бу аьлла хаамаш бу.

**ТIумгIой.** ТIумагI//ТIумгIие олуш хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. ТIу — нохч. тIулг//тIо, гIалгI. тIо бохург дуй-те аьлла хета, -м — билггал хIун ю хууш дац, -гI — меттиган дожаран чаккхе ю. ТIо//тIу орамехь долуш меттигийн цIерш кхин а ю ламчохь; ТIуга олуш юрт хилла МIайстахь а. Тумгоев олуш фамили а ю. Кхарех бу, дийцарехь, иштта фамилеш ерш а: Албаков, Деканаев, Тамбиев, Мережков.

**Хамхой.** Хамхие олуш хиллачу юьртан цIарех ду и тайпа.

Оцу юьртан цIе ерриг ГIалгIайчиенан цIе хилла лелаш ю: Хамхой-шахьар а олу цунах. Эгикал а олу цу махках. Хетарехь, химехан нана олуш хилла волчу делан хьалхарчу декъах хила мега и цIе. Нохчаша хIинца а олу ледарчу зудчах хемхиг. ДIадаьллачу динан гIуллакх сийсаздаькkхина лелош хилла хилар тидаме эцча иштганиг кхеташ ду. Iилманчаша хамекиты аьлла гречески Iилманчаша Къилбаседа-Кавказехь гайтина къоман цIарах дозна и дош (Хьовса лахахь).

**Хамхоев** фамили цу дашах схьаяьлла ю. Цу тайпанах схьабевлла аьлла ду иштта фамилеш йолу гIалгIай: ИзмайловгIар, МартазановгIар, КациевгIар, СаккаловгIар.

**Хоаной.** Хаьние олуш Чулхойн ЧIажахь хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Ха — бохучара дуй-те, аьлла хета и дош, -ние — меттиган дожаран суффикс. Ханиев фамили а цу дашах ю.

**Хьулхой.** Хьули олуш хилла йолчу юьртан цIарах ду и тайпа. Иштта цIе йолуш ши юрт хилла: Лаха Хьули, Лакха Хьули. Билггал йолу этимологи хууш яц. Хетарехь Хьун (гIалгI. Хьу) бохучу дашах хила мега и цIе, -ли — меттиган дожаран чаккхе. Халухаев (Хулхоев) фамили цигара ю. Царах бу, дийцарехь, АльмурзиевгIар а, ДзауровгIар а, ЧахкиевгIар а, ИлиевгIар а, БузуркиевгIар а, БорзовгIар а.

**Хьайрахой.** Хьайрах олуш хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Хьайр (нохч. хьяр) бохучу дашах хила мега аьлла хета и цIе, -х — меттиган дожаран суффикс. Хайрахоев фамили а ю. Царех лору, дийцарехь, ГайтукиевгIар а.

**ЦIолой.** ЦIели олуш хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Схьахетарехь, цу дешан орам **ЦIу** бу. И цIе йолуш дела хилла вайнехан хьалха; -л — меттиган дожаран чаккхе. И делан цIе йолуш меттигаш, вай лакхахь ма-аллара, дуккха а ю ламчохь: ЦIонтара, ЦIунта и дI. кх. а. Цолоев фамили а ю. Иштта фамили хIирийн а ю.

***Цхьоройн шахьарара тайпанаш:***

**Бештой.** МагIа Беште, ЭгIа Беште, олуш ши юрт хилла. Иза вайнехан хьалхалерачу маттахь Лакха Беште, Лаха Беште бохург хилла. Цхьорой Шахьара юкъа а йогIуш, Чулхой олучу ЧIажахь хилла и ярташ. Цу яртийн цIарах ду и тайпа. Иштта фамили а ю — Бештоев. И фамили йолу нах МагIа Бештера схьабевлла бу, ткъа ЭгIа Бештехь ОздоевгIар хилла. ГанижевгIар БештоевгIарах бу аьлла ду. Билггал йолу этимологи къаьстина яц. Делахь а пша (ша) орамах дуй-те и дош аьлла хета, т — дештIаьхье.

**ГIулой.** И тайпа ГIула олучу юьртан цIарах ду. Билггал йолу этимологи хууш яц, амма орам **гIу** а болуш, тIаьхьара аз

-л — меттиган дожаран чаккхе ю. Меттигийн цIерашкахь и тайпа чаккхенаш хуьлуш ю. Гулоев фамили а ю. Иштта фамили нохчийн а ю. Амма иза меттиган цIарах яц, стеган цIарах ю.

**Кхокхорхой.** И тайпанан цIе Кхокхи олучу юьртан цIарах ю. «Кхо кха» бохург дуй-те, аьлла хета иза; Кхузара ю **Кокорхоев** аьлла йолу фамили а. Дуста: нохч. Кхокхада-юрт.

**Мохалой.** Мохлие олуш юрт хилла, Мухале-чувуссу меттиг бохург а ду гIалгIайн. Цу маьIнехь кхоллаелла хила мегаш ю юьртан цIе а, амма иза хетарг ду. Нохчийн мох, гIагIайн мух бохучара хила мега и цIе, -лие — меттиган дожаран чаккхе. Мохалойх бу, аьлла ду Несир-коьртера цхьаболу БузуртановгIар а.

**Оздой.** Аздие олуш юрт ю Iас хи тIехь. Iас (гIалгI. Iеса) тIие бохучара схьадаьлла хила мегаш ду и дош; Iеса ←→ аз; дие — тIие хила тарлуш ду. Цигара ю аьлла хета тайпанан цIе а. Фамили а ю Оздоев. Цхьарой-шахьарарчу 14 юьртахь хилла оздоевгIар. АльтемировгIар а царех хилла, аьлла ду. ЦIикмабухой олуш гар а хилла ОздоевгIера.

**Поалангхой.** Лаьлинг, олуш хиллачу юьртан цIарах ду и дош. Хетарехь, иштта этимологи ю цу дешан: паь (← пхьа) — юрт (хьалхалерачу маттахь), -ла — меттиган дожаран чаккхенаш.

Паланхоев олуш фамили а ю цу дашах схьаяьлла. Цу тайпанах бу, дийцарехь (М. Ведзижев, Х.-М. Котиков) БекмурзиевгIар а, ДарсиговгIар а. Бекмурза, Дарсиг (иза Дарцан саг//стаг бохург ду) бохучу долахьчу цIерех ю и фамилеш. Цхьаболу МархиевгIар а царах болчух тера ду.

**Цхьуорой.** Цхьоре олуш хиллачу Цхьуорой-шахьарахь коьрта лоруш йолчу цIарах ду и тайпа. Билггал йолу этимологи хууш яц. ХIирийн а ю Цороев фамили.

**ЦIиздой.** И тайпа ЦIизде олуш хиллачу юьртан цIарах ду. Цуьнан этимологи иштта хила мега аьлла хета: цIи (← цIу) — делан цIе, з (← с(а), -д (→тIа). Делахь хIета «Дела тIе» бохург ду иза. ЦIиздоев фамили а ю.

*Мецхалойн Шахьаран тайпанаш:*

**КхуорагIой.** КхорагIе//Кхиерах олуш хиллачу юьртан цIарах ду и тайпа. Кхузахь орам **кхуор** буй-те, аьлла хета, -гI — меттиган суффикс. Кхиер — тIулг бохург хила а мега кхузахь. Корохоев фамили кхузара схьаяьлла ю.

**Оарцхой.** Иштта цIе йолуш тайпа хилла кхузахь. Цу тайпана этимологи нохчийн арц, гIалгI. оарц бохучара йолчух тера ду. Цу тайпанан нах баьхна Аьрзи, ГилтIе, Оахкаре олучу яргашкахь. Схьабовлар Мецхалой шахьарера хилла цу нехан.

**ТӀоаршхой.** ТӀаьрш олуш хиллачу юьртан цӀарах ду и тайпа. Цу цӀеран билггал йолу этимологи хууш яц. Нохчийн ткъарш, гӀалгӀайн тӀарш бохург хила а мега, аьлла хета. ТӀорам, р — суф., ш (+са)+хой «тӀо болу латта — хила а мега.

Торшхоев фамили а ю. Оцу фамилех схьадаьлла цхьацца гараш а ду гӀалгӀайн.

**Шоанахой.** Шоание олуш хиллачу юьртан цӀарах ду и тайпа.

**Шанахаев,** аьлла фамили а ю. Нохчичоьнан Ножай-юьртан районехь йолчу Шоьна-юьртан цӀе а, и цӀе а цхьана орамах хила а мега. Делахь гӀалгӀайн цӀе **ша** бохучара хила мега аьлла хета тхуна, хӀунда аьлча и юрт Шана чӀодж олучу чӀажахь хилла, ткъа цу чӀажахула хьалавахча тӀе а кхочуш, гена боццуш **ша** хилла.

**Джейрах** олучу меттера ю гӀалгӀайн иштта фамилеш: ХаматхановгӀар (Хаматха-наькъан), АхриевгӀар (Охрг-наькъан), ЦуровгӀар (Цур-наькъан), БоровгӀар (Бора-наькъан), ЛьяновгӀар (Ляна-наькъан). И фамилеш нехан долахьчу цӀерех схьаевлла ю: Хаматхан, Охрг, Чур, Бора, Ляна. Цур-гӀала олуш меттиг ю Джейрахахь.

**ГелатӀе** олучу юьртара схьадевлла ду гӀалгӀайн гелатхой олу тайпа. И юрт хӀинца а йолуш ю гӀалгӀаша Тирка чӀодж а олуш, оьрсаша Дарьяльское ущелье олучу меттехь. Цунах официально йоккхуш йолу цӀе Гвилети ю. Оцу дешан орамехь вайнехан хьалха хиллачу динехь лерина волчу дела цӀе **Гела** ю (те — меттиган суффикс (тӀа). И маьлхан дела хилла (Хьовса лакххахь.) Цу тайпанах бу гӀалгӀайн иштта фамилеш йолу нах: Бузуртанов (Несир-коьртара боцурш), Котиков, Азиев, Газиков, Кориев, Дасхоев, Чербижев, Пошев, Хучиев.

Кхечу къамнех схьабовлар долуш нах а бу гӀалгӀашна юкъахь. Иштта бу, масала, халкъан дийцаршкахь, ДударовгӀар (хӀирех), АхриевгӀар, ЛьяновгӀар, БоровгӀар (нохчех), иштта кхиберш а.

Ткъа схьабевлла меттиг ца хууш гӀалгӀай а бу.

Оцу дерригено а гойту, вай лакххахь ма-аллара, цӀена къам хуьлуш цахилар а, шен кхиарехь муьлхха а къам кхечу къаьмнашца кхидолу гергарло а санна дилха гергарло догӀуш хилар а.

## ЭРСТХОЙН ТАЙПАНАШ А, ЦЕРАН ЦӀЕРАШ А

Эрстхой шайн маттаца а, гӀиллакхашца а территорица а нохчашний, гӀалгӀашний юккъера а болуш ша къаьсттина тукхам хилла. Нохчаший, гӀалгӀаший царех Оарстхой (гӀалгӀаша), Эрстой, эрштой, орстхой (нохчаша) олуш хилла.

Паччахьан заманахь оьрсаша царех йоккхуш йолу цIе «карабулаки» хилла. И дош гIумкийн маттахь «Iаьржачу хьостанехь берш» бохург хилла: Кхара-Iаьржа, булык-хьоста. Вайнехан ялийна цIераш цу гIумкийн дешан гочдарх «Iаьржачу хи тIерахой» бохучара юй-те аьлла хета.

Шемиль йийсаре ваханчул тIаьхьа дуккхах болу эрстхой Туркойн махка дIабахийтина. Бисинарш нохчашний, гIалгIашний юкъа дIасабекъабелла, царех дIаийна.

Церан хааделла долу тайпанаш, фамилеш хIорш ю: ЦIечой (ЦечоевгIар), мержой (МержоевгIар), мужихой (МужухоевгIар), Белхарой (БелхароевгIар), Галай (ГалаевгIар), БоковгIар (Буока наькъан) БулгучевгIар, ГандалоевгIар, ХантыговгIар, ГорчхановгIар, КориговгIар, ГардановгIар, ЮсуповгIар.

**ЦIечой** боху цIе ГаланчIажарчу ЦIеча-ахкие бохучу меттера схьаяьллла ю. ГорчхановгIар ЦIечоевгIарах бу. **Горчха** — стеган цIе хиллачух тера ду. ЦечоевгIар нохчашна юкъахь а бу.

**Мержой.** Мержа бохучу меттера схьадаьлла. И меттиг НохчичоьНан, ГIалгIачоьнан дозанехь ю (ломахь).

**Мужихой** бохург **муж** бохучу цIарах ду. Мужичу олуш меттиг ю ГаланчIажахь. Иштта и дош юкъахь долуш меттигийн цIераш дукха ю; хьовса: Мужичи (ГIалгIачоь) и. кх. а. И меттигаш туьха доккхуш хилла ю: муж — дуьро чам болу хи бохург ду вайнехан. Хууш ду лаьмнашкахь оцу хих туьха доккхуш хилар. Нохчашна юкъахь а бу МужухоевгIар (Берда кIел).

**Белхарой.** Белхара цIе йолчу меттиган цIарах хила дезаш ду. Кхузахь орам болх хила мегаш бу; **-р** — меттиган суффикс, хьовса: Ялхара, БелгIание, БелхатIа и дI. кх. а. Билггал йолу этимологи хааелла яц.

**Галай** Гал бохучу маьлхан делан цIарах ду (хьовса лакхахь). ГаланчIож, Галашки, Гальерды бохучахь а изза цIе ю. **Галай** тайпанан нах Галашка олучу гIалгIайн ламанан юьртахь бехаш хилар а, вай дуьйцург чIагIдеш ду. Цу тайпанан нах нохчашна юкъахь а бу. Нохчийн галой а, гIалгIайн **галай** а цхьана ораман дешнаш ду. Цул сов, и нах шаьш а вовшийн гергара хила мегаш а бу. Шайн схьабовлар цхьана туьшара — ГаланчIожара а долуш.

**Булгучев** боху фамили вайнехан (нохч.) Булк-хи бохучу меттиган цIарах ю: **Булыкх** бохург гIумкхийн дош ду, и хьоста бохург ду, **-чу** — дештIаьхье.

**Гандалоев** боху фамили «ГIандалан-Баса» аьлла йолчу Фартанг-хи коьртехь меттиган цIарах ю. Цуьнан этимологи иштта ю: ГIан (⟵ ха(н), **-да** (⟶**тIа**) — дештIаьхье, **-л** — меттиган дожаран чаккхе, Баса — этимологи къаьсташ ю. Делахь хIета

«Хан Баса» аьлла хила еза цу дешан юьхьанцара этимологи. ГандалоевгIар нохчашна юкъахь а бу (ТIехьа-Марта).

**Хантыгов** аьлла йолу фамили а «Хан тIе» бохучара схьаяьлла, -г — меттиган дожаран чаккхе.

**Боков** фамили **Буока** аьлла йолчу стеган цIарах ю, дийцарехь. Буока — гIалаш олуш меттиг а ю Галашка юьртана лакхо. (А. С. Куркиев).

ГIажри олуш тайпа а хилла эрштхойн. Иза Каджары бохучара хила мегаш ду. Иштта олуш хилла вай азербайджанех а, иранцех а. Каджар-иранцийн паччахьаллин каста хилла. ГIажрийн-юрт олуш юрт а хилла, хIинцалера Сунженски районера Нестеровка.

ХIокху сохьта эрстхой коьрта долчу декъана СогIапчехь, Эгаш-юртахь, Алхастехь, СурхотIахь, Яндарехь, ТIехьа-Мартанехь, Берда-кIелахь а, Арштахь а, Бумматахь а, Борзехь а, Котар-юьртахь, Теркайистехь бу.

ГIалгIайн, ночийн тайпанаш шайн экономически а, политически а хьелашца цхьабосса ца хилла. Уьш цхьадерш тоьлла а, вуьйжаш эшна а хилла. Цхьадолу тайпанаш лаьттаца а, дохнаца а шорто йолуш хилла, ткъа важадерш лаьттаца къелла йолуш, тоьллача тайпанах дозуш а хилла.

Оцу тайппана цхьабоссачу хIолехь тайпанаш цахилар ду царна юкъахь мостагIаллаш, тIемаш хилла хилар а, шайн ламанан баннаш дIа а туьссуш уьш паргIат латта лоьхуш аренга охьакхелхаш хилар а.

Амма кхузахь шайн а, луларчу къаьмнийн элашна а, хьолахошна а даца а децаш, цаьргара айхаллина лело латта доьхуш корта бетта дезаш а хилла ду вайнехан тайпанийн дахар. И дерриге а историхь дика гайтина ду.

## ВАЙНЕХАН МЕТТАН АДАМИЙН ДОЛАХЬ ЦIЕРАШ

### МУХА ТОХКУШ ХИЛЛА ВАЙНАХА ШАЙН БЕРАШНА ЦIЕРАШ

**Дахаран кепе хьожжий, хийцалуш хилла вайнехан кхетам.** Масала, язычески динан заманахь цхьа ша тайпа хилла вайнехан дуьнене хьежар. **Цу заманахь массо а хIуманан дела ву моьттуш хилла царна.** Шен-шен дела хилла стигалан а, лаьттан а, хин а, цIеран а, кхечу хIуманийн а. Кхечу тайпанан хуьлу гIуллакх керстан динан а, бусулбан динан а заманахь: кхузахь дела цхьаъ бен лоруш ца хилла. Иштта юкъараллехь хуьлуш болчу хийцамашка хьожжий, хийцалуш хилла вайнехан цIераш тахкар а. Масала, язычески динан заманахь берашна ваьро, тукхамо лоруш долчу экханан, я олхазаран цIе туьллуш хилла.

Иштта ю нохчийн хIинца а баккхийчу нахалахь хаалуш йолу акхаройн цIераш: Ча, Барза, Борз, Лоьма (лом), Цхьогал, Чаборз (ча а, борз а), Нал, Пхьагал. Божарийн олхазарийн цIераш: Олхазар, Куьйра, Леча, Маккхал, Аьрзу, Хьоза. ГIалгIайн а ю и тайпа цIераш.

Зударшна дукха хьолахь олхазарийн, зезагийн цIераш тохкуш хилла: Кхокха, ТIаус, ЧIегIаг, Зезаг, Заза, Зиеза, Полла. Зударшна акхарой цIераш тохкуш ца хилла. Бакъду, юкъара йовлу Ча, Масар, аьлла йолу зударийн цIераш. Кхин йолу акхаройн цIераш хааелла яц зударшна техкина.

Керт-кехь йолчу дийнатийн цIераш а тохкуш хилла божа берашна. Масала, БугIа, Борш, Сай (хьалха Саг олуш хилла, хьовса, масала, Саг — цIе, Сагаев (нохч.), Сагов (гIалгI), Хьакха (хIинца Хьакаев, Хьакиев фамилеш ю вайн), Херси (Херсиев, Харсигов фамили ю хIинца). Цул сов, Нажа, аьлла боршастеган цIе — дечган цIе ю — наж.

ТIаьхьо тахка йолийна вайнаха тайпанийн, къаьмнийн мехкийн цIераш. Иштта ю: Нохчо( НогIи, Суьли, ГIалгIа, ГIеберто, ГIумки, Япон (Япония), Герман (Германия), Хонкар (Иштта олуш хилла вайнаха хьалха Турцих*), Истамул (Цкъацкъа иштта а олуш хилла вайнаха туркойн пачхьалкхах, иза Стамбул олучу туркойн гIалин цIарах дош ду).

Къаьсттана ала дезаш ду вайнаха кхечу къомах вара, аьлла ца лоруш, муьлххачу а шаьш къонаха лоруш я шайна везавеллачу стеган цIе берашна туьллуш хилар. Иштта техкина ю нохчаша Дикалу (Гикало), Ворошил (Ворошилов), Добруска (и цIе Веданан округан начальник хилла волчу обарг Зеламхас вийначу Добровольскийн фамилех тиллина ю. Кхеташ дац цу сийдоцчу стеган цIе наха шайн берашна тиллина хилар. Схьахетарехь, и гIуллакх дIадолийнарг хьолахой бу). Иштта хиллачух тера ду хIара тайпа цIераш тахкар а: Данчаска (и цIе 20-гIа бIешо дIадолалучу муьрехь Кавказан наместник хилла волчу Немирович-Данченко фамилех тиллина ю), Паскоч (Паскевич) аьлла йолчу фамилех ю и цIе, ткъа Паскевич, иза XIX-гIа бIешо дIадолалучу муьрехь Кавказан сардал хилла).

Дукха хьолахь зударшна а, божаршна а цхьацца дешнех схьаевлла цIераш тохкуш хилла, масала, зударшна иштта цIераш тохку: Яха, Яхийта, Дукхаяха. Цу цIераша шайн чулацамца зудаберана диканиг лаар, цуьнан дуьнентIе далар кхаъ хилла хилар гойту. Амма кхечу агIор ду хIокху тайпанчу цIерийн маьIна: Сацийта, Тоийта, гIалгI. Цаэш, Ялий, Цара гойту зудабер дар доьзалехь гIайгIа хилла тIеэцна хилар.

Божаберашна даима а диканиг лааран цIе туьллуш хилла, хIунда аьлча божабер дар чIогIа кхаъ хуьлий тIеоьцуш хилла

---

* Хонкар паччахьах а олуш хилла туркоша.

доьзалехь. Иштта тохкуш хилла ю, масала, Ваха, Вахийта, Дукхаваха, Виса боху цIераш. Бусулба дин вайнахана юкъадарца доьзна Iарбийн маттера дуккха а цIераш яьхкина вайна юкъа. Иштта ю, масала, боьршачу нехан цIераш: Муслим, Сираждин, Зайндин, Мохьмад, Ахьмад, Абубакар, Iабдул-Хьаьлам, Сайпуддин и. дI. кх. а. Хьалха диндоцчу заманахь лелийна акхаройн, олхазарийн цIераш иштта кхиерш а мелла а жимъелла хилла бусулбан динан заманахь. Амма хIинца а тохкуш ю и тайпанаш: Куьйра, Леча, Ваха, Вахийта.

Зударшна а тахка йолайо Iарбийн цIераш: ПетIамат, Iайшат, Iабидат, Муслимат иштта кхиерш а. Бусулба динца дозаделла хилла ду вайнаха гIумкийн цIераш тохкуш хилар а, хIунда аьлча дуьххьара вайнахана бусулба дин довзийтанарш гIумкий бу. Иштта хилла ю божарийн цIераш: Айдамир, Таьштамир, Эдиль-Гира, Товбетира, Бетир-Солта, Тав-Солта, Ай-Солта, Оьздамир, иштта кхиерш. Зударийн цIераш: Арубика, Бика, Курбика, Бикату и. дI. кх. а.

Кхечу къаьмнийн цIераш а ю вайна юкъахь, масала, Анзор, Изновр, гуьржийн Азнаур цIарах схьаяьлла, Мусост гIебартойн цIе ю.

Къаьсттана дукха ю вайн заманахь оьрсийн маттера тIеэцна а, тIеэцар дIакхоьхьуш а йолу зударийн а, божарийн а цIераш, масала, зударийн цIераш: Люда, Люба, Нина, Лида, Маруся, Наташа, Зоя, иштта кхиерш.

Божарийн цIераш: Борис, Воловди (Володя), Анатолий, Руслан. Дено-дено алсамйовлуш ю вай оьрсийн маттера тIеоьцуш йолу цIераш. Цуьнца цхьаьна жимлуш ю кхийолу хьалхенгахь вай лелийна йолу цIераш. Цхьаерш йицъелла дIайовлуш ю царех. Церан кхоам бу, хIунда аьлча уьш Iилманна оьшуш ю. Цундела ялайо вай лахахь йовш лаьтташ йолу шира цIераш.

*Боьршанехан цIераш:**

| | | |
|---|---|---|
| Адиес | БамдаIела | Боьтакъа |
| **АгIамирза** | Бахьдар | БуьлтIа |
| Азарса | Берза-БIаьрг | Бахь-бучIа |
| Амда | Баьхьарча | Буьлча |
| Албахьад | БисаI | Бунча |
| **БайIела** | Баьччаркъа | **Буолати** |
| Бошту | Биркъа | **Батура** |
| БултIамахьма | БIотIа | **Буьхьиг** |
| **Болатмирза** | Боштуг | **БуртIа** |

---

* Уьш вай нохчийн вариантехь ялайо. Амма царех дукхахъерш гIалгIайн а хилла.

БитӀар
Баьччаркъа
Биллаби
Биби
Бурси
Баса
Вакъа
Воккул
Гушмазкъа
Гушмуштукххьаьжа
Гажа
ГӀаламирза
ГӀушлакх
ГӀармаха
ГӀеа
ГӀубшакъа
ГӀашбуолат
ГӀуртӀаӀела
ГӀаьнтӀамир
Джаьммарза
Джоммалха
Дунахь
Джанту
Джаьмпак
Далла
Датта
Дода
Дуота
ДончӀа
Демала
Дуда
Дукни
ДуьрчӀа
Дуьрда
Дангали
Идарз
Ингач
Куьнчал
Кока
Кака
Ка́ка
Кахьи
Куолла
Киндар
КӀечӀалг
КӀохцул

КӀукӀа
КӀа́кӀа
Къакъа
Къукъаш
Къурба
Ловда
Лака
Лакаш
Лада
Лапа
Мазлак
Мика
МукӀа́ли
Муккха
Мушали
МикӀела
Минга
Манка
МитӀарш
Мида
МитӀа
Мата
Нода
Нака
Ника
НикӀа
Нал
Наса
Наша
Нашран
Нурмахьмад
НурӀела
ӀонтӀа
Ӏадсакх
Ӏаж
Ӏежа
Оччарха
Оччархьаьжа
Окош
ОьрзаӀела
Оьздамир
Оьрзам
ГӀажа
ПӀакӀа
ПхьатӀа
Пелхьуо

СонтаӀела
СийнабӀаьрг
ТӀелхиг
ТӀиртӀа
ТӀутӀа
ТӀитӀа.
Тазаби
Таза
ТӀолга
ТӀолгаӀела
ТӀукӀул
ТӀура
ТӀигӀа
ТӀагӀа
ХаьнтӀиг
ТӀуртӀаз
Хаьмби
Хаьнга
Хуьда
Херси
Ханаки
Хьатата
Хьакха
ХӀитӀана
Цицхола
ЦӀунтӀа
ЦӀицӀа
ЦӀака
ЦӀинцӀалг
ЦӀуцӀаш
Чиммирза
Чхьуоч
Чуока
Чуокка
ЧӀуонта
Ширдат
ШимаӀа
ШутӀа
ШитӀа
Чолунгира
Чиммирза
ЧӀичӀа
ЧӀуоьнтиг
ЧӀуож
ЧӀаьнтамир
ЧӀима

| | | |
|---|---|---|
| Ча | Эдаш | Юна |
| Чаборз | Эжгира | Яка |
| Чала | Элжаркъа | Яку |
| ЧIуолла | Эмил | Яну |
| Эда | Эга | Янарси |

*Зударийн цIераш.*

| | |
|---|---|
| Буча | Ми́ла |
| Гичбика | Майса |
| ГиччагIаз | Миеста |
| Зазубика | Чуонти |
| Зиезаг | Цаца |
| Лайхьа | Цака |
| Къа́къа | Цаэш (гIалгI.) |
| Липа | ЧIегIардиг |
| Масар | Атйокх |
| НIаьвла | ЧIегIаг |
| ХIуттут | ЧIончIари |
| Палада | Сажадат |
| Хепа | Ялий (гIалгI.) |

### ВАЙНЕХАН ВАЬРАН (РОДАН) ДIАХIОТТАМАХ БУХАДИСИНЧУ ЦХЬАДОЛЧУ ГIИЛЛАКХЕХ ЛАЬЦНА

Юьхьанцарчу ваьран дIахIоттаран кеп иштта хилла: ваьран шен къаьсттина мохк а, бахам а, тотем а, мотт а, яй а хилла. Ваьран берриг членаш вовшашца дилха гергарло долуш хилла. Амма ша къаьсттина да-нана а, доьзал а ца хилла цу юьхьанцарчу ваьрехь. Ваьран массо а зуда а муьлххачу а боьршастеган лаамехь хила езаш хилла. Иштта дина долу бераш а дерриг ваьран долаллехь хилла. Берашна шайн нана евзаш а, нана шен бераш девзаш а хилла, амма берашна шайн да вевзаш а, дена шен бераш девзаш а ца хилла.

Лоруш долчу экханан (тотеман) цIарах хилла ваьр а, цуьнан берриге членаш а. Масала, ваьран тотем ча елахь, дийнначу ваьран а, цуьнан хIор членан цIе а ча хилла. Генарий, гергарий, боху кхетам хилла а бац ваьрехь. Кхузахь берриге а членаш вовшийн цхьабосса гергара хилла. ХIара сан йиша я ваша ву аларан меттана, масала, тотем ча елахь, «хIара сан ча ю», олуш хилла. Кхечу тайпанан гергарло билгалдеш дош хилла дац цхьана муьрехь. Амма тIаьхьо гIуллакх хийцаделла, орам ча а болуш цхьацца билгалдешнашца гергарлонаш гойтуш доладелла. Эццара схьадогIу, вай лакхахь ма-дийццара, массо а Кавказан ораман маттахь ча, боху дош цхьана орамах лаьтташ хилар а, и орам йиший, ваший, шичий, маьхчий дешнашкахь массо а Кавказан меттанашца билгалбаьлла цхьаъ хилар а. Цул сов,

адам боху кхетам а ча дашца билгалбеш хилла, хIунда аьлча ваьр ча цIарах хилла. Ткъа ваьран цIарах цуьнан членаш а хилла. Оцу гIуллакхо ма-дарра гойту дерриге а Кавказан къаьмнаш цхьана туьшара схьадовларан некъ.

Юьхьанцарчу ваьрехь коьртаниг зуда хиллехь, тIаьхуо акха бежнаш караIаморца дахаран мукъ боршачу стеган карабогIу. Цу хенахь, шен ваьрах йолу зуда а ялийна, шен къаьсттина доьзал кхолла йиш йолуш доладелла. Делахь а юьхьанца и гIуллакх къайлах лело дезаш хилла, хIунда аьлча иза ваьран юкъарачу бахамах шиммо шаьшна дезар дар ямартло лоруш хилла, дукха хенахь дуьйна схьадеана долу ваьран гIиллакх талхор лоруш хилла. Иштта къайлах вовшахкхетта долчу зудчой, майрачой шаьшиннан юкъаметтиг ваьран кхечу членийх лечкъош хилла, шаьшинна и къайле бахьанехь хуьлуш долу бераш шайн дуй хоуьйтуш а ца хилла. Кхузара ду вайнехан а, кхечу Кавказан къаьмнийн а зудий, майрий кхечу нахана хьалха вовшашца эвхьаза цахилар, шайн бераш тергалдеш цахилар а. Схьахетарехь, зуда ялийначу хьалхарчу деношкахь майра лечкъаш лелар а, буьйсанна къайлах бен нускал долчу кхочуш цахилар а кхузара ду. Иштта цигара схьадаьллачух тера ду зуда, къаьсттана хьалхуо «ядийна» маре юьгуш хилар а («ядийна» а «едда» зуда маре яхар гергарчу нехан пурба доцуш зуда маре яхар ду).

Тамбаккхар а ду ваьран заманан гIиллакх: «ваьран цхьа член хьайн дола верзийна айхьа ваьрана деш долу зен метта хIоттаде» бохург хилла тамбаккхар. Къаьсттана а и гIуллакх чIагIло цхьана ваьран зуда вукха ваьран стаге йоьдуш гIиллакх кхолладелча. Масала, гIалгIайн хIинца а шайн тайпанан зуда яло йиш яц. Нохчийн цу тIера дIадаьлла гIуллакх. Цигара долчух тера ду гIалгIайн тамбаккхар чIогIа хилар а.

Стеган чIир лахар а цигара долчух тера ду: цхьана ваьран члено стаг вийна вукху ваьрана дина зен оцу ваьран стаг дуьхьалвийна дIанисдан дезаш хилла.

Ткъа дукха зударий кхийлар, иза боьршачу нехан кара мукъ беанчу заманахь, цхьана стеган бахам совбаьлла, цуьнан зударий эца а, уьш кхаба а таро хилча, кхолладелла ду. Иза феодальни замано кхоьллина гIуллакх ду. Амма и дерриге а вай дийцина дIаяханчу заманан, вайна юкъахь халауш долу гIиллакхаш гIелделла доьлху.

## НОХЧИЙН ЦХЬАЙОЛЧУ ЯРТИЙН ИСТОРЕХ ЛАЬЦНА

Нохч-ГIалгIайн къам дукха гена заманахь дуьйна сецна цхьана меттехь дехаш-Iаш хилла ду. Гуттар хьалха ламанан хьехаш чохь бехаш хилла вайнах, тIаьхьуо бIаьвнаш чохь а,

тӀулгийх, зӀарех, кибарчигех дина долчу цӀенош чохь а дахар хилла.

ТӀулгийн бӀаьвнаш чохь а, цӀенош чохь а дахар лаьмнашкахь хиллехь, ткъа зӀарийн, кибарчигийн цӀенош чохь Ӏар аренгахь хилла.

Дукха хьалха дуьйна а нохчийн, гӀалгӀайн къаьмнийнярташ а, гӀаланаш а хилла. Шаьш адам цецдоккхуш исбаьхьа бӀаьвнаш а, гӀаланаш а йолуш меттигаш ю вайн лаьмнашчохь тхана а. Царех ю ТӀерлахь йолу КӀирда бӀаьвнаш а, ГӀалгӀайчуьра Эрзи олу меттиг а. И меттигаш цхьана хена шайна чохь бехаш элий а болуш, вайнехан экономически а, политически а кхерчаш хилла. Дукха хьалха дуьйна а вайнехан дахар ламчохь а, аренгахь а хилла.

Делахь а, гуттар хьалха замалахь дика гӀишло ламчохь еш хилла, хӀунда аьлча дукха хьолахь аренца даьхний а дажош Ӏар-дахар коьрта долчунна ламчохь хилла: тайп-тайпанчу мехкаш дӀалецархоша схьалилхина аре шайн караерзоран кхерам хедаш ца хилла. Иштта хилла сарматаш, аланаш, гуннаш, монголаш, иштта кхиболу а мехкашдӀалецархой вайн махка баьржича.

И къаьмнаш вайн махка эхар бахьанехь бакккхий хийцамаш хилла Нохч-ГӀалгӀайчоьнан топонимехь а (меттигийн цӀераш), гидронимехь а (хийн цӀераш). Заманан йохаллехь кхуза хьийзина долчу вай цӀераш яьхначу къаьмнийн лараш хӀокху сохьта а хаалуш ю вайн Нохч-ГӀалгӀайчоьнан топонимехь а, гидронимехь а. Масала, Марта (хин а, юьртан а цӀе), Фартанга (хин цӀе), Рошне (хин цӀе), Рошничу (юьртан цӀе), (-чу — вайнехан меттиган дештӀаьхье) иштта кхиерш а сармато-аланех бухайисна ю. Юрт, эвла, Гермачига, Майратуп, Мескир-эвла, иштта дӀа кхиерш а тюркски къаьмнийн маттах бухайисина ю.

Юрт, эвла, бохучу дешнийн метта лелаш вайнехан дош пхьа хилла. ХӀокху сохьта а и дош вайнехан цхьа га лоруш болчу бацойн а, ПӀаьнгазарчу нохчийн а маттахь дисина долуш ду. Ламчуьрчу ширчу яртийн цӀершкахь а хаалуш ду и дош. Масала, ЦӀайпхьеда (Маьлхаста), Пхьамта (Шуьйта), ПхьатӀие (ГаланчӀож) и. кх. дӀ. а. ХӀокху сохьта а ЧӀебирлойн маттахь долу пхьахо, олу дош оцу пхьа дашах схьадаьлла а ду, ткъа цуьнан маьӀна тӀевеана юьрта ваха охьахиънарг, бохург ду.

Амма данне а дац и дош аренгахь йолчу яртийн цӀерашкахь. Оцо гойту хӀинца аренца йолуярташ йохкучу хенахь и дош, тюркийн меттан юрт, эвла боху дешнаш тӀе а эцна, вайнехан маттера дӀадаьлла хилла хилар. Иза гергарчу хьесапехь 400—500 шо хьалха хилла ду. Оццу хена яхка йолийна ю хӀинца вайн аренгахь йолчу яртийх цхьаерш. Ткъа и гӀуллакх вайне-

хан бартан кхолларехь вуьйцуш волчу АстагI-Тимаран бIо вайн махкара дIабахарца (1400 — 1 шш.) дозаделла хилар билгалдаьлла ду исторехь.

Амма цхьадолчу историн хьостанашкахь Тимаран бIо богIуш вайнах аренгахь хилла аьлла а ду (масала В. И. Тарасовн «Тимур на Кавказе», аьлла йолчу книги тIехь. Араяьлла Ростов-ГIалахь 1926 шарахь).

Вайнехан хIинца йолуш йолчу яртех дукхах ерш еккина хан билггал хууш яц. Шайн эзар шераш хан хир йолуш ярташ а ю вайн лаьмнаш чохь. Иштта ярташ аренгахь а хир ю. Амма церан ма-ярра йолу истори хууш яц. Иза дац цунах лаьцна хаамаш банне а бац бохург. И тайпа хаамаш болуш бу. Ткъа уьш гучубахар вайн историкийн тIейогIучу хенахь кхочушдан дезаш долчу гIуллакххех цхьаъ ду.

И тайпа хаамаш лехар халкъан фольклорехь а, таьптаршца а, чарташ тIеяздина долчу йозанашца а, оьрсийн а, Iарбийн а, гуьржийн а, эрмалойн а, йозанан хьостанашца а хила дезаш ду. Делахь а, цхьайолчу нохчийн яртийн исторех лаьцна цхьаболу хаамаш хIокху сохьта а гучубевлла бу.

Иштта, нохчийн XV—XVII-чу бIешерашкахь кхолладелла долчу турпалаллин иллеш тIехь юьйцуш ю Гиха а, Чечана а бохуш йолу нохчийн шира ши юрт. XVII—XVIII-чу бIешерашкахь нохчийн, гIебартойн, гIумкийн элашций, гIалмакхошций хилла йолу юкъаметтигаш юьйцуш долчу документаш тIехь хьахийна ю и ши юрт. Шен заманчохь нохчийн коьрта ши юрт хилла Чечаний, Гихий. Лаа дац, масала, XVIII-гIа бIешо долалуш паччахьан Петр I-чу эскаран цхьа дакъа Чечанна юххе кхаьчна хилар а, цу юьртан цIе дерриге а нохчийн къоман оьрсаш йоккхуш йолу цIе а хилла дIаяхана хилар а: оьрсийн «чеченец» бохург Чечана бохучух схьадаьлла (-ец — суффикс). Нохчийн матте даькккхина «чеченец» чечанхо, бохург санна ду. Бакъду цу хена Чечана хIинца Соьлжа-гIала йоллучохь хилла — аьлла а, ткъа цхьаболчу хаамашца Теркайистехь хилла аьлла а ду.

Исторехь хааделла ду XVII-чу бIешарахь гIалмакхоша Нохч-ГIалгIайчоьнан аре цхьан аханна шайн дола а ерзийна, Гихтiехь лай бухку базар йиллина хилар а.

1841-чу шарахь язйинчу массарна а евзаш йолчу М. Ю. Лермонтовн «Валерик» стихотворени тIехь хьахийна а ю Гиха а, ВаларгтIе а.

«Цкъа — иза дара Гиха юххехь, — тхо дара боданечу хьуьнах чекхдовлуш», — бохуш яздо Лермонтовс цу стихотворени тIехь. Сийлахь-воккхачу оьрсийн поэто дуьххьара цу стихотворени тIехь билгалъяькккхина Валарг//Валерик деша этимологи (маьIна).

XVI-чу бIешеран оьрсийн йозанан хьостанашкахь хьахийна ю Шела. XIX-чу бIешерийн хьостанашкахь дуьйцу Таймин Биболат Шелахь вина а, кхиъна а ву аьлла. Биболат а, цуьнан да Iийна меттига гойту шелахоша. Цу меттигах Таймин кIажа а, Биболатан кIажа а олу тахана а.

XVIII-гIа бIешо дIадолалучу муьрехь историн хьостанашкахь хьахийна а ю Шелий, Гермачигий. Кхузахь цу заманахь хилла долу черазийн элийн олалла дожийна вайнаха цу хенахь. Кхузахь черазий Iийна хиларан лар ю Шелан малхбалехьа долу черазийн кешнаш. Черазийн хIух болу нах а бу Шелахь а, Гермачигахь хIинца а.

XVIII-гIа бIешо чекхдоллучу заманахь имам ваьлла волу Ушурма (Мансур) ша Алдара (БухIун-юьртара) хилла. Цунах Алдахь ваьлла имам а олу вайнаха. Амма хууш ду иза цхьана хенахь шен стунда волчохь Шелахь Iийна хилар.

1807 шарахь Гермачига юххехь нохчашца тIаме ваьлла хилла волчу генерал Булгаковн свитехь хиллачу Розьена оцу шарахь хIоттийна, Шелан, Германчиган топографически карта ду.

Цу карти тIехь гайтина ю Шела а, Гермачига а, царна гонах йолу меттигаш а, хиш а. Кхузахь гайтина ду Бас а, Джалкх а, олу ши хи а, АтагIарий, Чечанарий Шела богIу ши некъ а. И ши некъ Шела кхачале вовшах а кхета. Шелара Сиржа-Эвла боьдуш хIинца а болуш болу некъ а бу кхузахь, амма иза Сиржа-Эвла боьду, аьлла ца гайтина, ткъа лам чу боьду, аьлла гайтина.

Шелара Гермачига боьду, некъ хIинца боллучухула боцуш, Шеланна малхбалехьа йолчу Iожамаре олучу меттехула, болий охьабоьдуш бу. Ткъа ша Шела а яц хIинца ма-ярра йоккха. Иза ерриге а бохург санна хIинца цигара 3-гIа а, 4-гIа куп йолчу меттехь ю. Хууш ду цу меттехь дукхах берш эрсаной хилар, амма тIаьхьо, Шемалан заманахь, ТIелхиг наиб хIоттар бахьанехь Куьрчалара охьабаьхкина курчалой а хевшина кхуза охьа. И гIуллакх деш эрсаной кхузара Бас-хина сехьа бевлла.

Гермачига а, Шела а цхьабосса гайтина ю цу карти тIехь. Цу шина а юьртахь кхоккха маьждиг а, кешнаш а ду. Гермачига хIинца а йолуш йолчу меттигал лахуо оьзна ю. Цунна тIедогIуш цхьаъ Органна тIера, важа Гуьмсера (кхузахь цунах Худармес, аьлла ду) некъаш ду. Шелах а, Гермачигах а, Гуьмсах а кIотарш, аьлла кхузахь. Дерриге а къоман хIума лахдина, цIарматдаьккхина гойтуш Iедал хилла паччахьан хьадалчийн. Цу тIе доьгIна, аьлча кхеташ ду цу замане диллича, яккхийчу яртех кIотарш алар. Шелахула охьадолуш долу хIинца Джалкх

олу хи Бас, аьлла ду карти тӀехь. Ткъа хӀинца Бас, олу хи Жима Бас, аьлла ду. Цо гойту Джалкх, алар хьалха и вай дийцина ши Бас вовшахшхеттачара дуьйна охьа долчух тера хилла хилар. Шелана а Гермачигана а гонах луьстта хьун ю.

Кавказан тӀом болчу заманахь вайн дукхах йолчу ярташа шаьш лаьтташ йолу меттигаш хийцина. Йохийна, ягийна дӀаевлла а ю дукха ярташ. Масала, Шелана уллохь орцахь хилла ЖӀалийн-эвла, олуш юрт. И юрт, схьадийцарехь, Кавказски тӀом чекхболлучу муьрехь паччахьан эскарша тӀелетта зӀизйина дӀаяьккхина. БелгӀатой-эвланий, Жимчу-АтагӀний, Шеланий юккъехь Меза-ӀинтӀехь хилла Ставнакол, олуш юрт. Став — дууш дерг, кол, бохучу шина дашах лаьтта и дош). Гуьмсана гена йоццуш Терка тӀехь дукха исбаьхьа, йоккха шира юрт хилла. Вайн иллешкахь юьйцуш йолу Дадин-юрт ю иза. И юрт йохийна Кавказан наместникан омрица 1819-чу шарахь паччахьан эскарша. БӀешерашкахь вайнаха хазъеш, кхиош лелийна и шира юрт цхьана дийнахь цхьа зуда а, бер а кӀелхьара ца долуьйтуш тӀе тӀом бина хӀалакйина мехкашдӀалецархоша. Лаа дац и юрт оьрсийн эла Михаил Ярославович Тверской монголаш верах доьзна (13-гӀа бӀешо) Ипатьевски летописехь цӀе яьккхина йолу ясски (алански гӀала Дедяков ю, бохург (Х. Ошаев). Ткъа хууш ду вайнах а, ясаш а (уьш хӀинцалерачу хӀирийн дай бу) цхьана гӀалахь Ӏаш хилла хилар а, тӀаьхьуо вайнаха церан кав-(юрт) вайн юрт, олий хуьйцуш хилла хилар а. Масала, хӀир. Далакау, гӀалгӀ. Долакх-юрт и. дӀ. кх. Ткъа хӀирийн Дада а (цунах ду Дедяков), вайн Дада а цхьаъ ду. Иштта олу вай а, хӀираша а дех, дедех а.

Цул сов, Кавказан тӀом чекхбаьлча, паччахьан Ӏедало кегий ярташ вовшах а етташ, хӀинцалера Марта а, Шела а санна йолу яккхий ярташ яхкийтина. Ша тӀамца тӀедерзийначу къомана тӀехь куьйгалла лело атта хилийта деш хилла цо и гӀуллакх.

ХӀинца вайнах чохь бехаш йолу цхьайолу ярташ кхечу къаьмнаша ехкина ю. Иза иштта хиларан билгало ю цу яртийн цӀераш масала: АтагӀа бохург гӀумкий маттахь, «хьун яьлла таьӀна меттиг» бохург ду (дуста: гӀумкийн тугӀай). Майртуп гӀумкийн маттахь «ловзаран барз», бохург ду. Майрам-тюбе, аьлла хила дезаш ду иза церан маттахь (майрам — синкъерам, ловзар, тюбе — барз, гу). Гермачига «жима гӀап» бохург ду. Иза монголаша йиллина. Оцу дерригено а гойту и ярташ нохчаша цӀераш техкина хилла цахилар, уьш гӀумкаша а, иштта кхечу а тюркски къаьмнаша а техкина хилар. Уьш ехкинарш и къаьмнаш хилар а ду хууш исторехь. Вайнахана царех бухайисина уьш.

## ВАЙН ЯРТИЙН, ХИЙН ЦIЕРАШ МИЧАРА СХЬАЕВЛЛА?

Вай лакхахь ма-дийццара, цхьацца заманчохь тайп-тайпана къаьмнаш лелла вайн махкахь. И къаьмнаш я дIакхелхий, я кхачалой дIадовш хилла, амма церан лар хуьлий бухакъьсуш хилла тайп-тайпанчу меттигийн цIераш: яртийн, хийн, лаьмнийн, иштта кхечу меттигийн а.

Иштта ю, масала, скифо-сарматох-аланийх бухайисина **Марта** (хин а, юьртан а цIераш — ТIехьа-Марта, Хьалха-Марта). Шина а юьртан цIе — Марта хин цIарах ю, Мар-та(н) — «валаран хи» («речка смерти»), бохург ду: Март//мард «смерть», -та(н) — ⟵ дан ⟵ дон «речка», «хи»).

Ткъа иштта цIе вайн маттахь а ю: **Валарг**, «Валаран хи» бохург ду (х→г).

Вайн республикан территорехь гучудаьлла ду иштта гIуллакх: гIалгIазкхийн дукхах йолу станицаш вайнехан, оьрсийн цIераш йолуш ю. Уьш литературехь а билгалъевлла ю.

Ялор вай цу станицийн хIинцалера цIераш а, церан хьалха хилла вайнехан цIераш:

ст. Нестеровская — ГIажри-юрт
ст. Карабулакская — Элдархан-гIала
ст. Вознесенская — Махьмад-хитIе
ст. Петропавловская — Чурт-туогIие
ст. Ассиновская — Ах-Буорзие
ст. Троицкая — Обарг-юрт
ст. Ильинская — Басар-гIала
ст. Кохановская — Умхан-юрт
ст. Воздвиженская — Чахкара
ст. Фельдмаршальская — Алхастие
ст. Ермоловская — Алхан-Кала.

Советан Iедал тIедогIучу шерашкахь цхьайолу станицаш дIакхалхийна: Ермоловская (Iалхан-гIала), Заканская (Закин-юрт), Самашкинская (СемаIашка), Михайловская (хIинца Серноводская), Фельдмаршальская (Алхастие), Воздвиженская (Чахкара), Кохановская (Умхан-юрт), Ильинская (Басар-гIала).

ТIаьххьара кхо станица йоцчу метте, массанхьа а нохчий, гIалгIай хевшина баха. И кхо станица лаьттина меттигаш еса ю хIинца.

Шуьйтахь а, Веданахь а, Итум-Кхаьллахь а паччахьан эскарш лаьтташ гIепаш хилла. Уьш революцин шерашкахь йохийна дIаяьхна. Утум-Кхаьлларчу гIопах Евдокимовское олуш хилла. Иза Евдокимов бохуш волчу Кавказски тIеман турпалхочун инарлан Евдокимовн цIарах тиллина хилла ю. ХIинца Соьлжа-

гIала йолчохь иштта ярташ хилла: **Алкханч-юрт, Ягин-юрт,** Кули-юрт, Алда, БухIан-юрт, ЧечагIаз олуш юрт хилла бохуш а дуьйцу кхузахь.

## ХIИРИЙН — АЛАНИЙН МЕТТАН МЕТТИГИЙН, ХИЙН ЦIЕРАШ

**Алкун** (иштта юрт ГIалгIайчохь ю). **Ал** вайнехан «боьра» бохург ду (хьовса Эл-ахк), кун (← кум ← ком) — чIож, бага (хIирийн маттахь).

**ДаьргIа.** И юрт Веданан районехь ю. ХIирийн маттаца тидало и дош: **дарга** — еха, бохург ду церан. Хьовса: хIирийн махкара **Даргкъох** «длинная роща», дуста: нохч. къоха: «деха къаха», Даргавс (чIож) «длинное ущелье» и. дI. кх. а.

**Фарз-кхаьлла**, — олуш юрт хилла МIайстахь. Цуьнан маьIна иштта ду: фар — маьлхан беркат, з (-са) — мохк, латта, меттиг, — кхаьлла (тюрк.) — гIала.

Тайп-тайпанчу меттанийн дешнаш вовшахккхетта а хуьлуш ю меттигийн цIераш. Иштта ю **Яьсса-гIала**, боху Нохчмахкара меттиг а: **ясса, ас, ос** (иштта олуш хилла аланийн цхьана тайпанах, тIаьхьуо хIирех а (осетин), гIала (тюрк).

**Iас** (оьрс. Асса) олуш хи ду ГIалгIайчохь. И вай лакхахь далийна ас//ос (осетин) — аланийн тайпан цIе юй-те, аьлла хета. Делахь хIета, иза асийн (хIирийн) хи бохург хила дезаш ду. Иштта хилла хила а мега иза: Ассу (су — хи (тюрк.) хьовса **Бас** ← **Башсу** (тюрк.) «Коьртера хи», **Гумс-Кхумсу** (тюрк.) «ГIамаран хи» и. дI. кх. а. Ас — балкхаруойх а олуш хилла.

Хьовса иштта: **Ассы-Кала** (Чегем, Балкария), «Асийн гIала» ду иза; **Ассон Ком** «Асийн ЧIаж» (Дигория); **Ас-дигор** (ламанан Дигория); хьовса: ТIапан Дигория «Аренан Дигория». Вайн Нохч-махкара **Яьсса-гIала** а цунах догIий-те, аьлла хета. **Аксай** олуш долчу хих а **Яьсса** олу вай. И дош цу дешнех ду, ала йиш ю. Хууш ду цу **Яьсса** тIекхаччалц Ясийн (Аланийн) доза хилла хилар а. Иштта хууш ду цул дехьахь хазарски пачхьалкхан доза хилла хилар а. Ткъа Яьссел малхбалехьа ХазаргIала олуш меттиг а ю. И дерриге а оцу меттехь Хазар-пачхьалкхан а, Аланийн а доза хилла хиларна тIедогIу.

**Фартанга** (хи) хIирийн-аланийн маттахь «Маьлхан беркатан хи» бохург ду: **фар** — маьлхан беркат, **тан** — хи (речка), -га — вайн хи, бохург хила а мега, я тIекхетта дошкхуллу жималлин суффикс хила а мега; хьовса: гIалгI. хилг «жима хи», нохч. тениг, таьнга.

**Рошни** (хи). Иштта хи ду ГаланчIожахула охьадогIуш. Оцу хинан бос билгалбеш дош хила дезаш ду иза, дуста хIирийн: **расог** — сирла.

## ГIЕБАРТОЙН МЕТТАН ЯРТИЙН ЦIЕРАШ

**Долаково** (гIалгI. Долакх-юрт). Несарен районехь ю иштта юрт. **Дол** бохуш гIебартойн элан хилла, **ков кау** (осетин.) «юрт».

**Пседах** (Доьлакие) и юрт а гIебартойн элан Долан цIарах ю, цо гойту и меттигаш цуьнан долахь хилла хилар а, и ши юрт цо йиллина хилар а. ГIебартойн маттахь псе-хи, дахе — красивый, тхуна хетарехь кхузара **Кескем а**, **СагIопш а** (вайнах СогIапчие), **МалгIабек** а гIебартойн маттера ю.

**СогIапче** (оьрс. Сагопш). Иштта тидало, аьлла а хета тхуна гIебартойн маттаца: со ← са — берд, пш ↔ пса — хи, ткъа — ие (е) вайнехан цхьана хIуманан чоь гойтуш йолу дештIаьхье.

**Пседах.** Иштта юрт ю МалгIабекан районехь. ГIебартойн маттахь и дош «хаза хи» бохург ду: псы — хи, дахэ — хаза.

Вайнаха кхин цIе йоккху цу юьртан Дуоьлакие Дола — и юрт долахь хиллачу гIебартойн элан цIе, кие — кау (осет.) — юрт.

## ТЮРКСКИ МЕТТАНИЙН ЦIЕРАШ

### ЯРТИЙН, МЕТТИГИЙН ЦIЕРАШ

**АтагIа** — ши юрт ю цу цIарца: Жима АтагIа, я Шелан АтагIа — Шелан районехь, Йоккха АтагIа я Чахкара АтагIа — Грозненски районехь. Тюркийн маттахь «тугIай», бохучара схьадаьлла и дош. Иза «таьIна меттиг», «тогIи», бохург ду (дуста: нохч. «тогIи» оццу маьIнехь (гIалгI. атагIе).

**Ачалкхие.** Иштта цIе йолуш кхо юрт ю ГIалгIайчохь МалгIабекан районехь: Лаха Ачалкхе, Юккъера Ачалкхе, Лакха Ачалкхе. Цу дешан маьIна гIумкийн маттаца иштта ду: ач — къаьхьа, -лыкх — меттиган суффикс. Делахь хIета, «къахьа меттиг», бохург хилла и цIе. Иштта цIе цу меттигана тиллар бахьана кхузахь хIинца а долуш долу минеральни хи ду. И тайпа цIе йолуш меттиг ХIиричохь а ю — Ацылых (мангал хьоккхуш меттиг).

**Гермачига.** Шелан районехь ю и юрт. Цуьнан этимологи иштта ю: кермен — крепость, -чиг ← кучук — жима. Делахь хIета «жима гIап», бохург ду и дош. Ткъа хууш ду хIинца Гермачига йолчу меттигана лахуо нохчийн ламанхошна дуьхьал татаро-монголаша йиллина крепость хилла хилар. Иштта меттигаш кхечу мехкашкахь а хилла, масала, Кременчуг (Украинехь), Кременчук-Константиновская (станица) (Кабардино-Балкарехь), Герменчук (Къилбаседа ДегIастанехь), Гермицык (Къилбаседа ХIиричохь). Кременцы Днестр хи тIехь. И вай цIе яьхна

меттигаш чIагIонаш хилла лаьттина ю. Цо гойту татаро-монголийн мехкашдIалецархойн гIуллакх ледара хилла хилар, къаьмнашна уьш безаш хилла цахилар. Дукха хьолахь и тайпа меттигаш шерачу аренца ю. Цигара схьадогIий-те вайнаха Гарманан арие олуш хилар? Академика Н. Я. Марра Римски импери йолчу хена Къилбаседа Африкехь хиллачу Карфаген пачхьалкхан цIарца доьзна и дош. Цул сов, цо шен схьадаларца яфетически ду боху и. Бакъхила мега Гермачига йиллина 7 бIе шо ду халкьан дийцарш. Амма иштта бакъду и йиллинарш вайнах ца хилар а.

**Гелдагана.** Иштта юрт ю Шелан районехь. Цу дешан этимологи иштта ю, аьлла хета: **гелди** — веана (й, в, д, б), -ген — дошкхуллу суффикс. «Веанарг», аьлла юй-те, аьлла хета цу дешан этимологи.

**Гуьмсие.** Нохчаша гIалех Гуьмсе олу, хих—Гумс. Цу дешан этимологи иштта ю аьлла хета: Гумс-хин цIе (кхум — гIум, э ⟵ су — хи). Хууш ду гIумкийн **кх** нохчийн маттахь **гI, г** хуьлий лелаш хилар: гIумк. «кхум», нохч. «гIум», гIумк. «кхабакх», нохч. «гIабакх» и. дI. кх. а.

Цу дешан шолгIа оьрсийн гIалин вариант Гудермес ю. Цуьнан этимологи иштта ю: куьндер эмес «малх бац»: куьн — малх, эмес — бац.

**ГIуларие.** Иштта юрт ю Грозненски районехь. Цу юьртан цIе гIумкийн маттахь иштта маьIна долуш ю: кхоллар «лаьш», кхол — лай, лар — дукхаллин терахьан суффикс, -ие — нохчийн меттиган суффикс. Иштта цIе йолуш юрт Дербента юххехь а ю: — Кхулар; Къилбаседа-ХIиричохь а ю — Гулар. Шелан орцахь ГIулартIе олуш меттиг а ю.

**ГIура-ГIача.** Иштта цIе йолуш меттиг ю Шелан районехь Гермачиганий, Цоцин-эвланий юккъехь. Цуьнан маьIна иштта ду: **гIура** ⟵ кхура «декъа», гIача ⟵ агач) «дечик». Делахь хIета, декъа дечиг бохург ду иза. Кхузахь хила а хилла хьун и декъа дечгаш а долуш.

**Доьра.** Иштта цIе йолуш меттиг ю Итум-Кхаьлла юххехь ЧIенчу, олучу меттехь. Иза тюркски меттанашкахь «ламанан боьра», бохург ду — дере. И юрт ян а ю ламанан боьрахь. Оцу дашо дагадоуьйту, Дарьял, боху Теркан чIож, **Боьра** тюркийн дере йол «боьрара (чIажара) некъ» дуй-те, бохург: дере — «боьра», чIож, йол. «некъ».

**Истису.** И цIе йолуш юрт ю Гуьмсан районехь. Тюркски маттахь цуьнан этимологи иштта ю: **исти** — довха (й, в, б), су — хи. Делахь «Довха хи» бохург ду и дош. Цу меттехь довха хи дан а ду. Нохчаша Мелча хитIе, олу меттиг кхузахь ю. Иштта довха хиш долуш меттигаш кхин а ю Нохчичохь, масала: оьрсаша Горячеводски (нохч. Коьрте). Девкар-Эвлан юххехь йолу-

чу хьалха довхачу хишца дарбанаш а лелош хиллачу меттигах а, юртах а олу.

**Карабулак.** Соьлжан районехь ю и цIе йолу станица. Этимологи иштта ю цу дешан: **кхара**-Iаьржа, **булыкх**-шовда, хьоста. Делахь «Iаьржа шовда», бохург ду иза. Дуста: нохчийн **булкх-шовданах** хилла долу татол. Цу цIарца доьзна ду вайнехан цхьана гарах эрштхойх оьрсийн XIX-чу бIешеран литературехь карабулаки, олуш хилар. Иза оьрсаша гIумкашкара схьаэцна лелийна. (Хьовса лакххахь а).

**Кхошкелда.** Иштта юрт Гуьмсан районехь ю. Тюркийн маттахь этимологи иштта ю цу цIеран: **кхош** — марша (ва, ян), **келди** — ван, ян.

**Майр-Туп.** Иштта юрт ю Шелан районехь. Вайнехан кхетамехь цу дешан этимологи майра — храбрый, туп — стан ю. И нийса дац. Тюркийн маттара майрам (байрам) — той, ловзар; -тюбе — барз, аьлла ю цуьнан бакъйолу этимологи. Хууш ду дIасакхелхаш лелачу кхечу къаьмнаша санна, тюркаша а совцар лекхачу меттехь деш хилар.

Иштта цIе йолуш меттигаш тюркаш цхьана хена леллачу меттигашкахь кхин а ю. Масала, Казахстанехь Чимкентски областехь йолу Майрам-Тюбе (цхьана хена гIала лаьттина меттиг), Уш-Тюбе (кхо барз) — гIала (Талды-Кургански область. Каз. ССР), Майрам-даг (ловзаран лам) — Къилбаседа ХIирийн АССР и. кх. а.

**Эвтара** (оьрс. Автуры). Шелан районехь ю иштта юрт. Тюркски меттанашкахь цуьнан этимологи иштта ю: ой//ов//уй (цIа), тура (лаьтта). Делахь хIета «лаьтташ долу цIа», ю оцу дешан этимологи. Иштта цIе йолуш юрт ДегIастанахь а ю. Масала, Кхумтур-Кала «ГIум лаьтта (гIала)».

**Ташкала.** Иштта цIе йолуш поселок ю Соьлжа-ГIалахь ГIумкийн маттахь иза ТIулган-ГIала бохург ду: **таш** — тIулг, **кала** — гIала. Тюркски меттанийн **таш** хьалха долуш меттигаш кхин а ю хааелла: Ташкент, Ташкичу и. дI. кх. а.

**Теза-Кхаьлла.** Иштта цIе йолуш юрт ю Веданан районехь. Цуьнан маьIна тюркски маттаца иштта ду: **таза** — цIена, **кхаьлла** — гIап. **Кхаьлла** тIехьа догIуш меттигийн цIераш дукха а ю вайн махкахь.

**Уьш-Кхаьлла.** И цIе йолу юрт Шуьйтан районехь. ЧIиннахахь ю. Тюркски маттахь уш уч «кхоъ», **кхаьлла** «гIап». Иштта ю цу дешан этимологи.

**Чечана.** И цIе йолуш юрт Грозненски районехь ю. Цунах схьадаьлла ду лакххахь ма-аллара «чеченец» олу нохчийх оьрсаша йоккхуш йолу цIе. Тюркийн **чач//шач**, бохучу дашах схьадаьлла аьлла хета и дош, **-на** — нохчийн меттиган суффикс. Хьалха кхузахь хила а хилла шач а, эрз а болуш уьшалш.

**Шела.** Шелан районехь ю и юрт. Тюркски меттан цIе ю иза.

**Чие** — бал, **-ли** — меттиг гойтуш йолу суффикс. Делахь хIета, «Баьллаш йолу меттиг», бохург ду и дош.

И тайпа цIераш йолу меттигаш кхечу республикашкахь а ю, масала, ДегIастанан АССР-хь Шали, Шалиб олушярташ ю, Свердловски областехь Шали олуш юрт ю. Оцу дерригено а гойту и ерриге а ярташ ехкинарг цхьа къам хилла хилар. И къам тюрски къам хилла. Нохчийн къам оцу массо а метте кхочуш хилла а дац. И дага даийта деза «шелиг диллал меттиг а карийна цу шелиган цIарах тиллина юьртан цIе моьттуш болчарна. Вайнехан «чайбал» олуш дош ду. Цу тюркийн **чие** бохучара схьадаьлла, «акха бал» бохучу маьIнехь дош ду аьлла хета иза: кертахь хуьлу **бал**, кхин ю чай-бал — акха бал; **шие**, аьлла а ю и цIе цхьаболчу тюркийн меттанашкахь.

**Эна-Кхаьлла.** Иштта цIе йолуш юрт ю Гуьмсан районехь. Цуьнан этимологи иштта ю: эне — нана (гIумк.), кхаьлла — гIала.

## ТЮРСКИ МЕТТАНИЙН ХИЙН ЦIЕРАШ

**Бас.** Шелахула чекхдолий, охьадоьду и хи. Цу дешан этимологи Тюркийн маттахь иштта ю: **баш** — коьртан, коьртера, су — хи — «коьртера хи» ву).

**Гумс.** (хьовса: Гуьмсие). Лакхо, схьадолучу коьртехь, (Веданан район) Булкх олу вайнаха цу хих. Иза тюркийн маттахь **булыкх** — шовда, хьоста, бохург ду (хьовса: карабулак ← карабулыкх «Iаьржа шовда». (Хьовса лакхахь.)

**Джалкх.** Иштта цIе йолуш хи ду Шела юккъехула охьадогIуш, Гермачиганий, Шеланий юккъехь Бас-хих дIаккхета и хи. Цул сов, Шелал тIехъиккхичахьана Бесах а олу Джалкх. Тюркийн маттахь **джай** — дежийла, **-лыкх** — меттиган суффикс. Иштта Дежийлашкара хи, бохург ду и дош. Хьовса: киргиз. **джейлоо** — дежийла и. дI. кх. а.

**Мичик.** Иштта цIе йолуш хи ду Нохчмахкахь БIаьчин-юьртахула охьадогIуш. Мич ← ич «чоь», «чоьхьара», -к ← кери «латта», «мохк». Иштта «чоьхьарачу мехкан (хи)», бохург дуй-те, аьлла хета и дош. Кхузахь кхин цхьаъ ду тидаме эца дезаш. И хи охьадогIуш болчу Нохчмахках гIумкаша Ичкери олу. Ткъа иза «чоьхьара мохк», бохург ду. Оцу мехкан цIарах хила мега хин цIе а. Хууш ду цу махкахь гIумкийн Iеткъам чIогIа хилла хилар. Цуьнан тоьшалла до кхузахь йолчу тюркийн топонимаша а, гидронимаша а.

**Соьлжа** (оьрс. Сунжа). Оьрсийн вариант юьхьанцара лара еза цу дешан. Ткъа цу вариантан хьалхара дакъа су — хи ду. ШолгIа дакъа -нжа маьIна къаьсташ дац (хьовса: А. Дз. Цагаева. Топонимия Северной Осетии. Орджоникидзе. 1971).

**Хьач-Хи.** Иштта цIе йолуш хи ду Соьлжа-гIали йистехула

охьадогӀуш. ГӀумкийн **ач** — къаьхьа, муьста — бохург дуй-те, аьлла хета цуьнан хьалхара дакъа (хьовса кхин а: Ачалкхие), -хи, боху шолгӀа дакъа шен маьӀна къеггина гуш ду, хьач-стом хилла а мега цуьнан маьӀна.

**Ямансу.** Ножин-Юьртан районехула охьадогӀучу цу хин цӀе гӀумкийн маттахь «вон хи», бохург ду, **яман** — вон, су — хи.

**Ярык-Су.** Ножин-Юьртан районехь ду и цӀе йолуш хи. И цӀе тюркийн маттахь «сирла хи», бохург ду.

## КХЕЧУ КЪАЬМИЙН МЕТТАН ЯРТИЙН ЦӀЕРАШ

**Шуота** (арарчу маттахь Шуьйта). Иштта цӀе йолуш юрт ю Шуьйтан районехь. ХӀинца Шуьйта райцентр ю. И цӀе вайнахана юкъахь керста дин лелла хиларан лар ю. Хьалхенгахь Шибути олуш хилла цу юьртах а, шуотуойх а. ТӀаьхьуо иштта вайна ма-гарра хийцаелла и цӀе. **Шуот** (дие) боху дош цу дашах ду. И дерриге а керста динца вайна юкъа деанчу жуьгтийн сабатон бохучу дашца догӀуш ду. «Шабат дие» хӀинца а олу вайнаха. И керстадинан деза де бохучу маьӀнехь ду. Шабат лаьцна олуш а ду вайнехан. Иза «керста марха лаьцна» бохучу маьӀнехь ду. И дерриге а керстадинан заманахьлера лар ю.

**ЖӀарие.** Иштта цӀе йолуш хьалха юрт лаьттина меттиг ю Маьлхастахь. Иза гуьржийн маттара схьадаьллачу жварижӀар, — бохучу дашах ю.

Керста динан лар ю иза а. Иштта меттигаш дукха ю вайн ламчохь. Иштта ю Керстие олу ламчуьра кхин цхьа меттиг а. Иза Христос бохучара схьадогӀуш дош ду.

**Дуцхотие.** Иштта цӀе йолуш кӀотар ю Веданан районехь, Сельматевзанна гена йоццуш. Хьалхара дакъа — дуц шен этимологи къаьстина дац. Цхьаболчу нехан кхетамца дуц-буц бохург ду аьлла а бу. Амма шолгӀа дакъа — хотие монголийн меттанашкахь (гӀалмакхойн хотн, монголийн хотон), «жима юрт» бохучу маьӀнехь ду [62]. И дош тӀехьа долушярташ кхин а ю оццу Веданан районехь — Эшилхотие, Вирхотие; цунах дозуш дуй-те аьлла хета оццу районера хоттание (-ие — суффикс) боху юьртан цӀе а. Амма юкъарчу цӀеран маьӀнехь а лела и дош. Цхьаболчу вайнехан кхетамехь «хьуьна юккъехь а йолуш таьӀна меттиг» бохург ду иза, кхечеран, къаьсттана баккхийчу нехан кхетамехь, хьуьнан юккъехь йина йолу адамаш деха меттиг» бохург ду иза. Шела юьртарчу Айдамирова Табарака (80 шо) «И дӀа хотие а йахана ехаш цхьа кӀиллош ю уьш» олу аьлла меттиг а йира тхуна. Оцу дерригено а гойту:

1. Юьхьанца и дош вайнехан матте монголийн маттера, церан маттахь ма-хиллара «юрт, кӀотар, адамаш деха меттиг» бохучу маьӀнехь тӀеэцна хилар.

2. ТІаьхьуо цу дешан маьІна хийцадала доьлла, «хьуьна юкъара таьІна меттиг бохучу кепа даьлла».

Кхин историко-этнографически маьІна а ду цу дешан.

Цо гойту: монголаш вайн лаьмнашка баьхкина бехаш Іийна хилар а (исторехь хууш ду и гІуллакх 13—14—15-чуй бІешерашкахь хилла хилар), къаьсттана а хІинцалерачу Веданан районан территори тІехь, ткъа цара шайнярташ хьуьна юккъерчу таьІначу меттигашкахь йохкуш хилар а. Иштта хууш ду тІаьхьуо Къилбаседа-Кавказехь Ногай бохучу ханан цІарах ханство кхоллаелла хилар. Цу ханствон цІарах кхузахь хилла бохучу монголех ногІий ала долийна, шайн монголийн мотт бицбелла тюркийн меттанашкахьа а бирзина уьш тІаьхьуо. ХІинцалера ногІий цу монголийн тІаьхье ю. Цхьана хена и ногІий оцу хьаннийн хотешкахь Іийна хилар шеко йоцуш ду. Цуьнан тоьшалла ду хІокху сохьта а долуш долу вайнехан (нохчийн) ногІий тайпа а. Цу тайпанан нах Майртуьпахь а, Дубин-Эвлахь а, кхечухьа а бу. Монголийн дешнаш юкъахь цІераш Веданан районехь бен хааелла яц тхуна, амма «хотие» дош берриг арарчу нохчашна а, шотошна а девза, вай лакхахь гайтинчу маьІнашкахь. Кхин а ю вайн топонимехь монголийн цІераш. Иштта ю, масала, боьра (монг. байри). ХІокху заманан нохчийн маттахь и цхьа муьлххачу а таьІначу меттигах олу. Амма монголийн маттахь цуьнан маьІна — «адамаш туптоьхна цхьана ханна севцина меттиг» ду [63]. Схьахетарехь, иштта меттиг лохачу таьІначу меттехь, боьрахь хоржуш хилла монголаша. Ткъа хууш ду вайнахий, тюркски къаьмнаший дахарна ханна Іан лакхие хоржуш хилла хилар. Лохачу метте ваха хаар эхье а хилла. Делахь хІета, цунах доьзна ду, Шеларчу йоккхачу стага Табарака далийначу дешнашца, халкъо лохачу меттехь тІебаьхкинчу наха йиллинчу юьрта баха хевшинчу вайнахах кІиллош олуш хилар а. МехкашдІалецар Іалашо йолуш тІебаьхкина монголаш вайнаха цабезамца тІеэцна хилар а гойту цу гІуллакхо.

## ВАЙНЕХАН МЕТТАН ЦХЬАЙОЛЧУ ЯРТИЙН ЦІЕРАШ

**БелгІатойн-Эвла.** Иштта цІе йолуш юрт ю Шелан районехь. БелгІатуой, бохучу тайпанан цІарах ю и юрт. Цу тайпанан цІеран этимологи хьовса белгІатуойн тайпанан цІе юьйцучахь.

**Бети-Муохк.** Иштта цІе йолуш юрт ю Ножин-Юьртан районехь. Цу дешан хьалхарчу декъан этимологи билггал хууш яц. ШолгІачу декъан маьІна гуш ду. Бета — стеган цІе а хилла.

**БулхитІе.** Ножин-Юьртан районехь ю иштта юрт. И дош кхаа декъе декъало: **булкх, хи, тІе.** Церан маьІна иштта ду, аьлла хета: **булкх** (иштта цІе йолуш экха хилла вайн махкахь хьалха Тюркий булыкх — шовда, хьоста бохург хила мега), -тІе —

меттиган дештӀаьхье, хи (нохч.) — вода, речка, Булхи, аьлла гайтина цхьа къам ду скифийн махкахь. Хууш ду Нохчийчоь а цу хенахь скифийн махках дӀатухуш хилла хилар (хьовса: Е. И. Крупнов. Средневековая Ингушетия. М., 1972). Оцу вай юьйцуш йолчу меттиган цӀарах догӀуш дуй-те, аьлла хета и къам билгалдеш долу дош.

**БӀаьчин-Юрт.** Шелан районехь ю иштта юрт. Хьалхарчу декъан маьӀна хууш дац. Хетарехь, иза и юрт йиллинчу стеган цӀе хилла. Хьалха Мичик хилла цу юьртан цӀе. И цӀе вай тюркски меттанех йоьзна. ШолгӀа дакъа юрт шен маьӀна ма-дарра гуш ду.

Кхузахь кхин цхьаъ ду. И юрт кхузаш догӀучу хие шина декъе йоькъуш хилла. Аьтту агӀор долчу декъехь вехаш хилла БӀаьча олуш стаг. Цу тӀе доьгӀна цу юьртан декъах БӀаьчин юрт ала долийна бах. ТӀаьхьуо ерриг юьртах ала долийна бах, иштта. Цу тайпанна кхоллаелла бах цу юьртан шолгӀа цӀе — БӀаьчин-Юрт. Хьалхенгахь Мичик олуш хиллачух тера ду ерриг а юьртах.

**Ведана.** Иштта юрт Веданан районехь ю. Цу дешан орам **виеда** — «плоский» бохург ду, **-на** — меттиган суффикс. И орам шайца болуш яртийн цӀераш дуккха а ю вайн, масала, Дишнийн-Ведана, ЦӀе-Ведана, Бена-Ведана, Жани-Ведана, ВеданангӀала и. дӀ. кх. а.

**Дочу-Борзие.** Грозненски районехь ю иштта юрт. Цу дешан шолгӀа дакъа барз маьӀна ма-дарра къаьсташ ду, **-не** — меттиган суффикс а. Амма хьалхара дакъа дочу шен маьӀница дика къаьсташ дац. Вайнехан хьалха хиллачу маттахь **дечиг** ду цуьнан маьӀна. Цунна тӀекхетта йолу суффикс **-г** йоцуш лелаш хилла и дош — дач. ГӀалгӀайн маттахь хӀинца а яц цу дашехь суффикс — дахч.

**Дубин-Эвла.** Дуба бохучу имам Шемалан наибан, тӀаьхьуо пачахьан гӀуллакххехь хиллачу стеган цӀарах ю и юрт. И юрт йиллина мохк паччахьо совгӀатана белла хилла цунна Шемална дуьхьалваьлла, шена тӀевирзина гӀуллакх дарна. Шемал волуш дуьйна а хиллачух тера ду и юрт.

**Дуби-КӀотар,** олуш меттиг Органал малхбузехьа а хилла.

**ГихтӀа.** Хьалха-Мартанан районехь ю иштта цӀе йолуш юрт. **Гих** олуш цу юьрта юккъехула охьадогӀучу хин цӀарах **-тӀа** дештӀаьхье тӀе а кхетта кхоллаелла и цӀе. Ткъа и хин цӀе Гал, олучу делан цӀарах ю. Амма тӀаьхьара **-л** цу цӀарера охьадоьжна, а→и даьлла. Иштттаниг меттан законашца хила тарлуш ду. Эрмалойн махкахь Гихи олуш меттиг ю.

**ГӀойтӀа.** Хьалха-Мартанан районехь ю иштта юрт. **ГӀуой** олуш кхузашхула догӀучу хин цӀарах ю и юрт, **-тӀа** — дештӀаьхье. Ткъа гӀой//хой — ха дашах схьадаьлла (й — дукхаллин терахьан суффикс, **х→гӀ**). Оцу дешан орамах йозуш дуккха а

хийн, яртийн а цIераш ю вайн республикан территори тIехь, къаьсттана ламчохь а, Теркана къилбехьа йолчу арахь а. И меттигаш цхьана хена ха лаьтташ хилла хиларан билгалонаш ю цIераш. Ханкала (хан гIала), Хан-куорта, оьрсаша Хаян-корт олу цу меттигах), Хуой (чIебирлахь юрт), ГIуой (ЧIишка юххехула охьадогIу хи) и. дI. кх. а.

**ГIой-чу.** Хьалха-Мартанан районехь ю иштта юрт. ГIой (хьовса: ГIойтIа), -чу — меттиган суффикс. Ламчохь юрт хилча, хин цIарна тIе -чу кхеташ; аренгахь юрт хилча, -тIе тIекхеташ — иштта закон ду вайн топонимехь, масала, ГихтIа (аренгахь), Гихчу (ламчохь), МартантIе (аренгахь), Мартанчу (ламчохь) и. дI. кх. а.

**Закин-Юрт.** Техьа-Мартанан районехь ю и юрт. Зака олучу и юрт йиллинчу стеган цIарах хила мега и. И цIе хIинца а ю вайнехан. XIX-чу бIешарахь и юрт хиллачу метте гIалгIазакхийн станица йиллина. Цунах а олуш хилла Заканская. Советан Iедал тIедеанчул тIаьхьа юха а вайнах хевшина цига баха.

**МахкатIе.** Веданан районехь ю иштта юрт. И цIе «муохк» бохучу дашах схьадаьлла ду, **-тIе** (меттиган дештIаьхье). Хьалхенгахь цу юьртан цIе **Сада** хилла. Иза а ду вайн хьалхалерачу матте даькккхича, **МахкатIе** бохург: хьалха махках **са** олуш хилла, ткъа **-тIе** — дештIаьхье **да** хилла (**д** — тIаьхуо **тI -хьа** даьлла). И цIе хийцаран бахьана кхузара садойн тайпанан нах дIа а баьхна, имам Шемала чермой ховшор ду. Хьалха чермой Хороча юххехь хилла. Цигара меттиг шен бIаьнан говрашна йол хьакха езаш баьхна уьш Шемала охьа МахкатIе. Ткъа цигара садой ЭгIаштIе охьабаьхна. ХIинца а ю МахкатIе юххехь Садой-корта олуш а, Садой-Эвла олуш а меттигаш. ЧIебирлахь а ю Садойн-лам а иштта цу цIарах юрт а. Садой цхьана хена кхузара охьабевлла хиларан лар ю иза. Хууш ду, адамаша шайн хьалха хиллачу юьртан цIе шаьшца кхечу метте дIахьош хилар.

**Несар-Куорта.** Иштта цIе йолуш юрт ю Несарен районехь. Цу дешан шолгIа дакъа шен ма-дарра долу маьIна гуш ду. Хьалхарчу декъан маьIна хьовса: **Несарие.**

**Несарие.** И цIе йолуш юрт Несаран районехь ю. Цуьнан билггал йолу этимологи хууш яц. Нохчийн фольклорехь Насран олуш цхьа турпалхо ву.

**Ножин-Юрт.** Билггал йолу этимологи хууш яц. Амма хетарг иштта ду: 1) Нажа — и юрт йиллинчу стеган цIе, 2) -наж олучу дечган цIе.

**Олхазар-КIотар.** И цIе йолуш юрт ю Хьалха-Мартанан районехь. Паччахьан цхьана гIулларххочуьнан Ганжуев Олхазаран цIарах ю и юрт. Шена паччахьо совгIатана беллачу махка тIехь йиллина оцу къонахчо и юрт. Иштта паччахьо шайна совгIатана

беллачу меккаш тIехь ярташ ехкина хилла меттигаш ккин а ю цу юьртана гонах. Иштта ю, масала, Дубин-кIотар, Йисехьат-кIотар, СоIди-КIотар (я Бачин-кIотар, Бача СоIдин да хилла), Берсин-кIотар (Берса эпсар хилла). ГIой-йиист а, цу гонахара ккин йолу меттигаш а НогаевгIерийн, ЦутиевгIерийн долахь хилла, бохуш дуьйцу цигарчу бахархоша. Кхузахь баьхна элий ТIурловгIар а.

Айхаллина (иза юкъахь латта далар хилла) латта а луш баьхна и нах кхузахь. Ах бохучу дашах схьадаьлла и дош, **-лла** — суффикс ю. Шен махка тIехь бехачу нахе иштта олуш хилла СоIдас: хIор Iуьйранна ара а волий: «ХIай, нах я дIадовла я схьадовла!» Цуьнан маьIна иштта хилла: — Я шена балха дуьйла, я ца дагIахь, шен махка тIера дIадовла. Иштта дийцина и авторна цигарчу наха 1971-чу шеран аьхка. Цу дерригено гойту нохчий классови кепара бекъабелла хилар.

**СемаIашка.** Иштта юрт ю ТIехьа-Мартанан районехь. Цу дешан латтам иштта бу: се — сай, маIаш (-ш — дукхаллин терахьан суффикс), -ка — меттиган суффикс. Цу меттехь хьалха сеша маIаш охьакхуьйсуш меттиг хилла. Иза Кавказехь сеш а долуш, кхузахь хьаннаш а йолуш зама хилла. Цу заманах буха йисина и цIе. Кавказан тIом болчу заманахь гIалгIазкхийн станица йиллина кхузахь. Цу юьртан цIе ца хуьйцуш йитина кхузахь баха охьаевшинчу гIалгIазкхаша а: Самашкинская олуш хилла станицех а. Советан Iедал тIедеанчул тIаьхьа юха а нохчий хевшина кхуза баха.

**Сиржа-Эвла.** Иштта цIе йолуш юрт ю Шелан районехь. Сиржа и юрт йиллинчу стеган цIе хила мегаш ю. И билггал хууш дац. Бакъду и юрт йиллинарг эрсанойн тайпа ду. Кхузахь Шемилан заманахь паччахьан эскаршна дуьхьал йина гIап хилла. Цу гIопах хIетахьлерачу литературехь а, картанаш тIехь а «Эрсаноевское укрепление», аьлла ду. ХIокху сохьта а и гIап лаьттина меттиг хаалуш ю.

СоIдин-КIотар (хьовса Олхазар-кIотар).

**Таьнга-Чу.** Хьалха-Мартанан районехь ю и юрт. **Таьнга** бохучу хин цIарах ю иза, **-чу** — дештIаьхье. **Танга** — иза аланийн тан//дон//дан — хи, бохург ду, **-г** — жималлин суффикс. ХIирийн маттахь а ю и суффикс. Шен схьаялар скифийн маттера ду цуьнан. Цигара кхаьчначух тера ду иза вайнехан меттанашка а, къаьсттана а гIалгIайн маттахь яьржина и хиларо а гойту и скифо-алано-хIирийн маттера кхачар, хIунда аьлча гIалгIайн маттана тIеIаткъам цу вай цIераш яьхначу меттанийн къаьсттана чIогIа хилла бу.

**Устрад-Эвла.** Иштта олу вайнаха хIинцалерачу Аргун-гIалех. Цхьаболчу хаамашца Устар олучу стеган цIарах, вукха хаамашца оьрсийн «У старого кордона» бохучара схьадаьлла боху

и дош. И иштта делахь, кхузахь цхьа доза долуш я кхин цхьа политически маьIна долуш меттиг хиллачух тера ду.

**Хоттиничу.** Веданан районехь иштта цIе йолуш юрт ю. Иштта цIе йолуш хи а ду кхузахь. Монголийн **хото**-юрт бохург хила мега и цIе, **-чу** — дештIаьхье.

**Хьаьдиз-Юрт.** И юрт ТIехьа-Мартанан районехь ю. Хьаьдиз бохучу и юрт йиллинчу стеган цIарах ю и кхузарчу бахархоша дийцарехь ширдойн тайпанах хиллачух тера ду и стаг.

**ЧIишка.** Грозненски районехь ю и юрт. **ЧIийшаш** бохучу дашах дуй-те, аьлла хета и дош, **-ка** — меттиган суффикс. Делахь хIета, цуьнан юьхьанцара орам **чIи** ⟵ **чIа,** аьлла хила безаш бу, **-ш** — дукхаллин терахьан суффикс (дуста: чIе-гIаг ⟵ чIе). Хьалха Кавказан тIом болабалале хIинца йолчул лахуо хилла и юрт. Цу юьртахь варандуой бу Iаш.

**Цоцин-Эвла.** И юрт Шелан районехь ю. Цоцу олучу стеган цIарах ю бохуш дуьйцу кхузарчу бахархоша и юрт.

**ЦIе-Ведана.** Веданан районехь ю и юрт. **ЦIе** (**ЦIу**) — делан цIе ю, **веда** — «плоский», **-на** — меттиган дештIаьхье. (Хьовса Ведана). И юрт йиллинарш харачой бу. Делахь хIинца кхин а тайпанаш ду кхузахь.

**ЧIебилла.** Нохчичоьнан къилбамалхбалехьа Iуьллуш ю и меттиг. Цу дешан орам **чIапа** (плоский бохург ду **-лла//-ла** — меттиган суффикс. Делахь хIета, «ЧIапа меттиг», бохург ду и дош. Иштта цигара схьадаьлла ду «чIепилг» боху дош а. Цуьнца догIуш хила мегаш ду **тIапа, тIап-лам** боху дешнаш а. (ТI→чI).

**ЧIулг-Юрт.** И юрт Терка йистехь Теркан районехь ю. ЧIулг цIе йолчу стеган цIарах ю иза. Чуликов олу фамили цу дашах ю. И юрт цо йиллинчух тера ду. Шайн схьабовлар Йоккхачу АтагIара а хилла ЧуликовгIеран.

**ШаIми-Юрт.** И юрт ТIехьа-Мартанан районехь ю. ШаIам бохучу и юрт йиллина волчу стеган цIарах ю, бохуш дуьйцу кхузарчу бахархоша и юрт.

**ЭгIаштIе.** И цIе йолу юрт Веданан районехь ю. Цуьнан этимологи иштта ю: **эгIа** — лахе, **ш** ⟵ **са** «мохк», **-тIе** — меттиган дештIаьхье. Кхин а хьалхалера этимологи иштта ю: **э//а**—лахе, **-гIа** (⟵ ха) — меттиган суффикс + ш (⟵ са)+тIе.

## ВАЙНЕХАН ХИЙН ЦIЕРАШ

**Ахк.** Итум-Кхаьллахь, Шуьйта арк//эрк, олу. Ламанан дукхах долу хиш оцу дашца цIе йоккхуш ду вайн. Иштта ду, масала, Iаьржа ахк (Веданан район), Шелан ахк (Шелан район), Iурзунукх ахк (Лаха ЧIебирла); Вердий арк, ЧIентийн арк, МIайстуойн арк, ЧIиннахуойн арк, Зумсуойн арк, ТIерлуойн арк, Хьачаруойн арк (Шуьйтан район). И Шуьйтан районера

ду, аьлла вай далийна ахкаш тайпанийн цIарах ду. Коьрта долчу декъана я тайпанийн цIарах я хин башхаллаш гойтуш хуьлуш ю аьхкийн цIераш.

Наггахь ламчуьра аренга девлла доьлхучу хийх а олу ахк: Декъа ахк, Шела ахк (Шелан район). ГIалгIайн маттахь а ду и дош — «ахка вахав», олу цара. Хьалха заманахь Терках а слуш хилла гIалгIаша Ломэхк (гуьржийн хьостанашкахь Ломеки)[64]. Ламанан хи, хи долу ламанан чIаж боху маьIна ду цу дешан. Ахка бохучу хандашах схьадаьлла й дош. Ткъа вайна ууш ду ламанан хиш гуттар а охкуш лелаш хилар. Итум-Кхаьллахь, Шуьйтахь йолу цу дешан вариант цуьнан шира хорма ю — арк. Делахь хIета Орга (чеб. Аргу) цу дашца догIу ала таро ю вайн (к→г). Оццу орамах ду ала мегар ду гуьржийн махкахь Тушетехь догIуш долу Арагви олу хи а. Хьалха заманахь цу хих а Арагу олуш хилла. Иза чIебирлойн Аргу бохучунах хIумма а къаьсташ дац, меттан законашка диллича и ши дош цхьаъ ду олийла ю. (Орга дешан ма-ярра йолу этимологи хьовса лахахь).

Кхузахь кхин цхьаъ а ду дагалаца дезаш: и хиш долу меттигаш вуно гена хьалха дуьйна вайнах бехаш хилла (цунах лаций хьовса лакххахь).

**Iарм-Хи** (оьрс. Арм-хи). Иштта хи ду ГIалгIайчохь Джайрах олучу меттехула охьа а долий, Терках дIакхеташ. Цуьнан этимологи Iамар-хи аьлла ю. Кхузахь хуьлуш болу фонетически хийцамаш **мар**→рм (Iамар→Iарм) вайн меттан бакъонашца нийса богIу, хьовса иштта: бацойн **батIар**, нохч. гIалгI. **барт**; нохчийн мерза мазар дашах ду[65]. Нийса дац Iармхи иранийн «арм» — «рука», бохучара ду аьлла бина талламаш[66]. Оцу тайппана «Iомара схьадолу хи» аьлла ю цу дешан этимологи, ткъа дан а ду и хи Iомара схьадолуш (хьовса: Нохч-ГIалгIайчоьнан карта). Цул сов, оцу хица бехачу бахархойн кхетам — и хи мала дика дац, аьлла бу. Хууш ду Iоман хи мала мегаш цахилар. Цу тIе доьгIна аьлча а дерриге а вай дийцинарг нийса хила дезаш хиларна тIедогIу гIуллакх.

**Меша-Хи.** И хи Маьлхастахула охьа а долий, Органах дIакхета. Цуьнан этимологи иштта ю. Ма — маьлхан делан цIе, — ша ( ← са) «мохк»+хи. Делахь хIета «Маьлхан делан мехкан хи» бохург хуьлу цу дешан маьIна. Кхузахь дагалоцур вай и хи долу меттиг Маьлхаста а иштта этимологи йолуш хилар — «Маьлхан делан латта», бохург ду Маьлхаста а, кху гонахара кхин йолу меттигаш а, масала, МIайста, ГаланчIож. ТIаккха и вай гайтина этимологи кхечу агIор хуьлийла а яцара.

**Меза-Iи.** Шеланий, БелгIатойн-эвланий юккъехула орцара охьадогIу и хи. Цу дешан шолгIачу декъан маьIна къаьсташ ду, ткъа меза (← маса) (ма-малх, са-латта, мохк). Иштта юй-те цуьнан хьалхарчу декъан этимологи, аьлла хета.

Вай лахахь ялайо XIX-чу бIешеран хьалхарчу эхехь хилла йолчу, ночийн яртийн цIераш. Царех цхьаерш хIинца йоцуш ю, уьш билгал йоху вай юххе сизалг дилларца.

а) *Теркаца хьала-охьа ерш:*

Умахан-юрт —
Акбулат-юрт —
Нижний Азамат-юрт —
Дадин-юрт —

б) *Соьлжан лахенца ерш:*

Джав-юрт —
Иласхан-юрт —
Умахан-юрт —

в) *Хьалха заманахь дуьйна гIумкийн махкахь Эндреевски а, Аксаевски а округашкахь баьхначийн ярташ:*

Осман-юрт
Кердан-юрт
Мамах-юрт
Бамат-юрт
Хан-Мирза-юрт
Ангиль-юрт
Буга-юрт —
Таней-юрт —
Батамбек-юрт —

г) *ГIачалкхой:*

Гайдурмас (Гудермес. —К. Ч.)
Шавдон —
Истису (Мелчхи)
Ойсунгур
Нойберд
Алер-юрт
Кошгельды
Старый Аксай

д) *Мичикхой:*

Карасу
Осман-Тала
Казбек-юрт
Боташ-юрт
Аку-юрт —
Маздечаг —
Донгу-юрт —
Ирисхан-юрт
Кертма —
Майортуп (Майртуп. — К. Ч.)

ж) *Ичкеринцы: (Схьалецна 1837 шарахь)*

Мескит
Алер
Билитль
Рагун-Каж
Айтин-Мохк
Цезин-Ирзов —
Зондак
Гилены

з) *Ауховцаш-аьккхий:*

Кишень-Аух
Ярыксу-Аух
Акташ-Аух
Юрт-Аух
Кочкар-юрт —
Аджигирей-юрт —
Алтын-Мурза-юрт —
Джентимир-юрт —

и) *Теркайистера нохчийн, шайца цхьана БоргIане а йолуш:*

Брагуны (БоргIане — К. Ч.)
Старый-Юрт (шира юрт, Девлетгири-эвла. — К. Ч.)
Новой-юрт (Керла-юрт)
Киовская —
Старый Наур (Шира Невра)
Новый Наур (керла Невра).
Эсмансуловская —

Мундарово (Мундар-юрт — **К. Ч.**)
Баян-юрт (Бени-юрт. — **К. Ч.**)
Кагерман-юрт (Къахьарма-юрт. — **К. Ч.**)
Ногай-Мурза-юрт (НогІа-Мирзи-юрт. — **К. Ч.**)
Мижи-юрт —
Кожак —

к) *Керла юхайиллина:*

Джаьмбикан Калаус-кІотар
Мамакай-юрт (Мамакх-юрт) —
Гунишки —

л) ***Соьлжаца а, цул дехьахь а Іаш болу нохчий:***

**Куллар** (ГІуларие)
Алда
Большой Чечен (Чечина. — **К. Ч.**)
Большая Атага (Йоккха АтагІа. — **К. Ч.**)
Гихин-Кала —
Акишбатой-Гойта —
Курдали
Топли —
Ашхой —
Алхан-юрт
Шавдон —
Ягин-юрт —
Мамука-юрт —
Зарма-юрт —
Тепи-юрт —
Малая Атага (Жима АтагІа. — **К. Ч.**)
Кайрышки
Самашки
Джем-юрт —
Гихи
Кусур-Гойта —
Белгатой
Топли-кечу —
Сунасинская —
Амирхан-Кечу —
Шата-юрт —
Бугун-юрт
Сорочан-юрт —
Кахкун-юрт —
Кули-юрт —
Тушкин-юрт —
Галей —
Закан-юрт
Лечи-юрт (близ **Майр-тупа**) —
Гельдыген
Нуриковская —
Гайтар-юрт —
Малага-юрт —
Автур
Магмут-юрт —
Цаца-юрт
Курчали-Омар —
Оздемир-юрт —
КІотарш:
Абикер-кІотар —
Бердыкель
Тет-юрт —
Умахан-юрт —
Пешхой-Рошни —
Урус-Мартан
Хизири-Гойта —
Чахкири —
Чунгурой-юрт —
Чиннахой-Гойта —
Мескер-юрт
Курчали
Шали
Керемчик (Гермачига.—**К. Ч.**)
Чертонках —
Шерди-Омар (Шухани-юрт)—
Атабар-юрт
Катер-юрт
Ахан-Кечу —
Озек-юрт —
Шахмурза-юрт —
Ставноколь или Мезеин —
Чурчи-Ирзов

Ханбий-Ирзов
Лечи-юрт —
Узун-Тала —
Хаку-юрт —
Бачи-юрт
Мирза-Хан-юрт —
Алар-Ирзов —
Хутор-Мезенцы —
Джури-юрт —
Ахтамир-юрт —
Нортбий-хутор —
Гомбулатовский —
Сунгур-Ирзов —
Хутор-Алибей —
Шаман-юрт —
Ахто-Атар —
Хутор-Шамай —
Хутор-Джабой —
Цой-хутор —
Гемес-юрт —
Гала-юрт —
Лул-юрт —
Хутор-Халой —
Дуда-хутор —
Али-Ирзов —
Халы-юрт —
Джапан-юрт —
Бесенгур-юрт —

Энгелик-юрт —
Кам-юрт —
Мазлага-юрт —
Берди-юрт —
Атанас-юрт —
Каусур-юрт —
Александр-юрт —
Дахчи-Ирзов —
Энли-юрт —
Анта-юрт —
Эльдар-хутор —
Хутор-Пешки —
Аху-хутор —
Ама-хутор —
Дишний-юрт —
Эса-юрт —
Алчагар-юрт —
Муртазали-Отар —
Хасай-Ирзов —
Эмен-Отар —
Бея-Мурза-Отар —
Кадиш-юрт —
Хаки-хутор —
Джанжи-хутор —
Кала-юрт —
Устархан-Варандой —
Гала-юрт* —

ЛИТЕРАТУРА

1. Меликишвили Г. А. История Древней Грузии. Тбилиси, 1959. С. 75.
2. Там же.
3. Крупнов Е. И. Древняя история Северного Кавказа, М., 1959. С. 101.
4. Чикобава А. С. Проблемы родства иберийско-кавказских языков. Тезисы докладов. Махачкала, 1965. С. 7.
5. Халатьян Г. А. О некоторых географических названиях Древней Армении в связи с данными Ванских надписей. В. Д. И. № 2, 1949.
6. Каганкатваци М. История Агван. С. П. 1861. С. 25.
7. Марр Н. Я. Армянская культура, ее корни и доисторические связи по данным языкознания. Сб. язык и история. М., 1936. С. 80.
8. Шанидзе А. Новооткрытый алфавит кавказских албанцев и его значение для науки. Известия ИЯИИМК Груз. филиала АН СССР. Т. V, 1938.
9. Меликишвили Г. А. К истории Древней Грузии. Тбилиси, 1959.
10. Там же.
11. Некоторые особенности горских говоров Грузии. Тбилиси, 1966.

* ЦГА ДАССР, ф. 133, оп. 4, д. 7, л. 12—16.

12. Марр Н. Я. К истории передвижения яфических народов с юга на север Кавказа. Известия АН, С.—П., 1916, № 15. С. 1395—1398.
13. Генко А. Из культурного прошлого ингушей. Записки Коллегии востоковедов. Ленинград, 1930.
14. Гамрекели В. Двалы и Двалетия. Тбилиси, 1959.
15. Указ. труд.
16. Марр Н. Я. Расселение языков и народов и вопрос о прародине турецких народов. Под знаменем марксизма, 1927, № 6.
17. Крупнов Е. И. Древняя история Северного Кавказа. М., 1959.
18. Абаев В. И. Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т. I, М., 1955.
19. Джавахишвили И. А. Историко-этнологические проблемы Грузии, Кавказа и Ближнего Востока. Вестник древней истории, 1939, № 4.
20. Марр Н. Я. Термин «скиф». Избранные работы. Т. 5, М., 1934.
21. Алборов Б. О. Термин «нарт». Сб. научного общества этнографии, языка и литературы при Горском пединституте. Владикавказ, 1930. С. 258.
22. Яковлев Н. Ф. Вопросы изучения чеченцев и ингушей. Грозный, 1927.
23. Алборов Б. О. Термин «нарт»... . С. 231.
24. Абаев В. И. Осетинский язык и фольклор. М.—Л., 1949.
25. Пиотровский Б. Б. История и культура Урарту, 1944.
26. Абаев В. И. Осетинский язык и фольклор. М.—Л., 1949.
27. Крупнов Е. И. Древняя история Северного Кавказа. М., 1953.
28. Кострин К. И. Почему нефть называется нефтью. М., 1967.
29. Герман Р. И. Большой пласт асфальта в Малой Чечне. Вести естественных наук, № 6, 1858. СС. 189—192.
30. Марр Н. Я. Сухум и Туапсе. Избранные работы. Т. 5, Л., 1934. С. 160.
31. Марр Н. Я. Русское слово «человек», абхазское аове. Избранные работы. Т. 5, Л., 1934. С. 187.
32. Рогава Г. В. К вопросу о структуре именных основ и категориях грамматических классов в адыгских (черкесских) языках. Тбилиси, 1956.
33. Балкаров Б. Х. Адыго-вайнахские языковые встречи. Сборник материалов по нахскому языкознанию. Известия ЧИНИИИЯЛ. Т. V, Грозный, 1966.
34. Рогава Г. В. Там же.
35. Морган Л. Древнее общество. Ленинград, 1934.
36. Крупнов Е. И. Средневековая Ингушетия. М., 1972.
37. Далгат Б. Первобытная религия чеченцев. Владикавказ, 1895. С. 108—109.
38. Дешериев Ю. Д. Бацбийский язык. М.—Л., 1953.
39. Шамилев А. И. Религиозные культы чеченцев и ингушей и пути их преодоления. Грозный, 1963.
40. Мальсагов Д. Д. О некоторых непонятых местах в «Слове о полку Игореве». Известия ЧИНИИИЯЛ. Т. I, вып. II, Грозный, 1959.
41. Арсаханов И. Г. Аккинский далект в системе чечено-ингушского языка. Грозный, 1959.
42. Мавродин В. В. Образование древнерусского государства и формирование древнерусской народности. М., 1971. С. 113.
43. Сборник происхождения осетинского народа. Орджоникидзе, 1967.
44. История армянского народа. Ереван, 1954. С. 24.
45. Марковин И. П. Археологические памятники Чечено-Ингушетии. Грозный, 1966.
46. Абаев В. И. Историко-этимологический словарь осетинского языка. Т. I. М.—Л., 1949.

47. Знаменитые греки. М., 1965.
48. Чокаев К. З. К вопросу бытования образа Прометея в фольклоре чеченцев и ингушей. Известия ЧИНИИИЯЛ. Т. 6, вып. III, Литературоведение. Грозный, 1972.
49. Краснов Е. М. Развитие физкультуры и спорта в Чечено-Ингушетии. Грозный, 1963.
50. Плечке А. Чеченцы (die chechene). Гамбург, 1926.
51. Крупнов Е. И. Там же.
52. Генко А. И. Из культурного прошлого ингушей...
53. Чокаев К. З. История раскрывает свои страницы. Ленинский путь, 1968, 10 июля.
54. Марр Н. Я. Избранные работы. Т. 5, Л., 1935.
55. Алборов Б. О. Ингушское Гал-Ерды и осетинское Аларды. Известия Ингушского НИИ краеведения. Вып. I, Владикавказ, 1928.
56. Попов И. Ичкерия. Сборник материалов и сведений о кавказских горцах. Т. IV, Владикавказ, 1870.
57. Крупнов Е. И. Средневековая Ингушетия...
58. Цагаева А. Дз. Топонимия Северной Осетии. Орджоникедзе, 1971.
59. Чеченов И. М. Древности Кабардино-Балкарии. Нальчик, 1969.
60. Чокаев К. З. Мича боьду-те вайнехан орам? Альманах «Орга», № 4, Грозный, 1968.
61. Краснов Е. И. Развитие физкультуры и спорта в Чечено-Ингушетии...
62. Чокаев К. З. К вопросу бытования образа Прометея в фольклоре чеченцев и ингушей...
63. Шавхелишвили А. И. Переселения чечено-ингушских племен с гор на плоскость. Известия Чечено-Ингушского музея краеведения. Т. 10, Грозный, 1961.
64. Мурзаев Э. М. Очерки топонимики. М., 1974. С. 262.
65. Там же. С. 260.
66. Яндаров Х. Э. Инфикс- -р в вайнахских языках. Известия Ингушского научно-исследовательского института. Т. I. Орджоникидзе, 1932.
67. Цагаева А. Дз. Указ. работа.

## ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА

1. Энгельс Ф. Происхождение семьи, частной собственности и государства. К. Маркс и Ф. Энрельс. Соч. Т. 21.
2. Алборов Б. О. Ингушское Гальерды и осетинское Аларды. Известия Ингушского НИИ краеведения. Вып. I, Владикавказ, 1928.
3. Арсаханов И. Г. Чеченская диалектология. Грозный, 1969.
4. Берже А. Чечня и чеченцы. Тифлис, 1859.
5. Дешериев Ю. Д. Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов. Грозный, 1963.
6. Арутюнян. Топонимия Урарту. Ереван, 1986.
7. Дьяконов И. М. Языки древней Передней Азии. М., 1967.
8. Меликишвили Г. А. Наири-Урарту. Тбилиси, 1954.
9. Дьяконов И. М. Хуррито-урартские и восточно-кавказские языки, Сб. статей «Древний восток», Ереван, 1978.
10. Хачикян М. Л. Хурритские и урартские языки. Ереван, 1987.
11. Арутюнян Н. В. Топонимика Урарту. Ереван, 1985.
12. Мещанинов И. И. Аннотированный словарь урартского (биаинского) языка. М., 1978.
13. Мещанинов И. И. Язык уратских клинописных надписей. Л., 1932.

14. Миллер В. Ф. Кавказские предания о великанах, прикованных к горам. Журнал Министерства народного просвещения. 1883, № 1.

15. Нуцубидзе Ш. Амирани. Тбилиси, 1946.

16. Немировский Н. М. Из прошлого и настоящего кавказской лингвистики. Известия Ингушского НИИ, т. I, вып. I, Владикавказ, 1929.

17. Пиотровский Б. Б. Кармин-Блур. Т. III, Ереван, 1955.

18. Семенов Л. П. К вопросу о мировых мотивах в фольклоре ингушей и чеченцев. Известия Ингушского НИИ краеведения. Владикавказ, 1933.

19. Семенов Л. П. Археологические и этнографические разыскания в Ингушетии в 1925—1932 годах, Грозный, 1962.

20. Саидов И. М. Общественный быт чеченцев и ингушей (дореволюционный период). Канд. дисс. рукопись. Грозный, 1968.

21. Талпа М. Устное творчество кабардинцев. Литературный критик, 1935, № 2.

22. Тревер К. А. Очерки истории и культуры Албании. М., 1955.

23. Тресков. К вопросу о происхождении и истории бытования образа Прометея. Ученые записки КБ НИИ. Т. 18, серия филологическая. Нальчик, 1961.

24. Услар П. К. Древнейшие сказания о Кавказе. Тбилиси, 1876.

25. Ушаков. Проблемы древнейшего населения Малой Азии, Кавказа и Эгенды. «Вестник древней истории», 1939, № 4.

26. Харадзе Р. Л., Робакидзе А. И. К вопросу о нахской этнонимике. КЭС, вып. 2, Тбилиси, 1968.

27. Хачикян. Урартский и хурритский языки. Ереван, 1988.

28. Чиковани М. Амираниани. Тбилиси, 1960.

29. Чикобава А. С. «Огонь», «красный» — слова общего корня в иберийско-кавказских языках. Тезисы докладов (научная сессия АН Грузинской ССР). Тбилиси, 1955.

30. Чокаев К. З. Географические названия Чечено-Ингушетии. Грозный, 1967 (рукопись). Архив ЧИИИСФ.

31. Чокаев К. З. Веденский говор чеченского языка. Грозный, 1968 (рукопись).

32. Чокаев К. З. Итумкалинский говор чеченского языка. Грозный, 1970 (рукопись). Архив ЧИИИСФ.

33. Чокаев К. З. Майстинский говор чеченского языка. Грозный, 1971 (рукопись). Архив ЧИИИСФ.

34. Чокаев К. З. Пространство и время в представлении нахских племен по данным их языков. (Рукопись).

35. Чокаев К. З. Человек-олень, человек-медведь — слова общего корня в иберийско-кавказских языках (рукопись). Архив автора.

36. Шиллинг Е. М. Ингуши и чеченцы. Сб. «Религиозные верования народов СССР». Т. II, М., 1931.

37. Шавхелишвили А. И. Из истории взаимоотношений между грузинским и чечено-ингушским народами. Грозный, 1963.

38. Армянская география VII века. Перевод К. П. Патканова. СПб., 1877.

## МИЧАРА СХЬАДАЬЛЛА ТЕ «НОХЧИ» БОХУ ДОШ?

Тукхамийн цIераш дукха хьолахь ларамаза кхоллалуш хилла...

(Ф. Энгельс).

Дуьнен тIехь дерриге а санна, хийцалуш бу мотт а, хийцало шен маьIница а, хорманца а дош а. Дешан хьалхенгахь хиллачу маьIнах **этимологи** олу. Шен историн йохаллехь дош масех маьIница хийцало. Цуьнан юьхьанцара а, шолгIа а, кхоалгIа а маьIна хила тарло. Масала, **пхьа** дош гуттар хьалха «адам» бохучу маьIнехь лелла. Иза цуьнан юьхьанцара этимологи хилла. ТIаьхьуо «адам деха меттиг» бохучу маьIне даьлла иза. Иза цуьнан шолгIа этимологи хилла. Эххара а, **«юрт»** бохучу маьIнехь а лелла иза. Иза цуьнан кхоалгIа этимологи хилла.

Кху сохьта нохчийн литературни маттахь ша къаьсттинчу маьIнехь лелаш дац и дош, амма нохчийн, гIалгIайн меттанашна юххера болчу бацойн маттахь а, ШIаьнгазарчу (Гуьржийн махкахь ю иштта меттиг) нохчийн диалектехь а юрт бохучу маьIнехь лелаш ду и дош — **пхье, пхьа.** Ткъа нохчийн литературни маттера гIумкийн **юрт,** эвла боху — дешнаш тIеэцар бахьанехь дIадаьллачух тера ду и дош.

Бакъду, нохчийн, гIалгIайн литературни меттанашкахь цхьацца къамелашкахь а, словосочетанешкахь а, дешнашкахь а хаа-м ло цу дешан лард. Масала, гIалгIаша хIинца а **«Оцу сагага тха пхьа боллу»** олу. **Пхьоьха, пхьор, пхьора, пхьарс, пхьар, пхьагал, пхьагIат, пхьегIа, пхьалгIа** иштта кхечу дешнашкахь а, ламчуьрча дуккха а йолчу ширчу меттигийн цIерашкахь а **(Пхьакоч, Пхьамта, ЦIай-пхьеда, Пхьар-чу** и. дI. кх. а) хаало и лард.

**ЦIа** боху дош **цIе** — огонь бохучара ду, хIунда аьлча генна хьалха заманахь цIе адамашна чIогIа оьшуш хIума хилла, ткъа цIе латош йолу меттиг — иза адаман цIа а, хIусам лоруш хилла.

Дуста: вайнаха хIинца цIа а, кхерч (цIе лато меттиг) олуш хилар, кIур ба шун олуш хилар а. Цу дашах ду цIий, цIие (имя), цIие (красный) боху дешнаш а.

Гуш ма-хиллара, орам башха хийца а ца луш, дешан маьIна хийцадаларан некъ бу иза. Ткъа иза хила тарло дешан орамна тIе цхьацца дош кхуллу суффиксаш кхетарца а, уьш ца кхеташ дешан керла маьIна кхолладаларца а.

Кхечу тайпана дош хийцадаларан некъ а бу: маьIна коьртачу декъана ма-дарра диса а дуьсуш, ткъа дешан аьзнийн куц хийцалуш. Масала, хIинца ала а хала ду нохчийн **дечиг**, гIалгIайн **дахча** дешнаш **дос** куьцехь хилла бохург. Амма иза иштта хилла хилар гойту меттан аьзнийн хийцамаш хиларан некъ талларо. Ткъа хIинца а нохчийн маттахь дечиг доккхуш буха юьллучу гоьргах цхьаццанхьа **досбухе** (дос+бухе) олуш а, гIалгIайн маттахь **дахч** аларал совнаха, цуьнца цхьана **дос** олуш а хаало.

Оцу дерригено гойту маттахь хуьлуш болу хийцамаш тидаме а ца оьцуш, дешнийн аьзнийн куц цхьана догIуш хиларна тIе а тийжаш, уьш вовшашна гергара ду, бохуш генна кхийдаш жамIаш дан мегарг цахилар. Къаьсттана гал ду тайп-тайпанчу меттанийн ларамаза цхьана куьцахь нисделла дешнаш цхьана ораме ийзо гIертар.

Хаа дезаш ду матто кхечу маттера тIеоьцуш долу дош а шен законашка хьожжий, шен хьалхалера куц хуьйций, лелош хилар. Масала, хааделла ду **ф** аз юкъахь долу Iаьрбийн а, кхечу меттанийн а дешнаш нохчийн маттахь оцу ф-на метта **п**, **хI**, **х** далош лелийна хилар: **фаэтон — пайто, форд — хIорд, фуражка — хуражча, Фахруддин — Пахьруддин** и. дI. кх. а. Тюркски меттанашкара тIеэцна дешнаш **кх-на** метта **гI** далош леладо: **кхум — гIум, кхуллукх — гIуллакх, кхабакх — гIабакх** и. дI. кх. а. Дуьйцур вай **«нохчи»** дешан этимологих лаьцна.

**Нохчи** (**-и** къам билгалдеш тIекхетта суффикс, дуста: хIири, оьрси, гуьржи, чергази и. дI. кх. а. Цхьаллин терахьехь нохчуо, ламанан диалекташкаь **нахчи//нахчуо**, **-уо** — юьхьан суффикс, юьхьанцара хорма **нахча**).

И цIе нохчаший, гIайгIаший йоккхуш хилла къоман цIе ю. Ткъа кхечу луларчу къаьмнаша а, оьрсаша а йоккхуш йолу цIераш иштта хилла: оьрсийн **чечен, чеченец**, хIирийн **цацан**, гIебартойн **чачан**, жIай **буртиял**, гIумкийн **мичигишлар**, гуьржийн **кисти. Чечен чеченец** боху цIераш а, цу орамах йолу. ХIирийн, гIебартойн цIераш а нохчийн чечана юьртан цIарах ю, ткъа и дош гIумкийн меттанийн, **чач**, (нохчийн **шач**), бохучу дашах ду, **-на** — меттиган суффикс. Гуьржийн **кисти** вайн ламчуьрчу **кей** аьлла йолчу шина юьртан цIарах ду (иза **Кей-са-тIе** «Кей лаьтта тIе» бохург ду), гIумкийн **мичигишлар** нохчмахкахула охьадогIучу **мичик** хин цIарах ду, **-лар** — дукхаллин терахьан суффикс ю.

Хьалхенгахь вайнехан цхьацца тайпанийн цIерех девзаш

хилла а ду вайнехан къам. Иштта историхь хааелла ю цIераш: **дзурдзуки** (вайн эра тIекхачале хиллачу II эзарлагIчу шерера дуьйна XVIII-гIа бIе шо доладаллац), **двалы** (вайн эра тIекхачале дуккха а хьалхе дуьйна), **цанары** (дуста: нохчийн **цана**), **нахчаматьяне, хамекиты, исадики** (и тIаьхьара ши дош вайнехан **хамхий, садой** бохучу тайпанийн цIерех доьзна Iилманчаша), **кишты, цовата, мереджинцы** (мержой), **ококаш** (XVI бIешо), **шибуты (шотой), мылкицы (мулкъой)** и. дI. кх. а.

Цу цIерех дукхах ерш хаало юккъерчу бIешерийн гуьржийн, эрмалойн, оьрсийн хьостанашкахь. Ткъа царах цхьаерш антични авторийн Страбонан а, Плинийн а иштта кхечеран а белхашкахь ялийнарш хила мега аьлла а ду. Иштта ю: **хамекиты, исадики, соды** иштта кхиерш а. Цу дешнех цхьадерш шайн этимологи теллина а, важадерш кхоччуш таллаза а ду.

**Нохчи//нахчи** дуьххьара VII-чу бIешарахь эрмалойн географа **Мовсес Хоренацис** язйина аьлла йолчу **«Географи»** тIехь **«нахчаматеянк»** хорманехь ялийна ю. И цIе иштта дакъошка екъало: **нахча, мат (мот)** — язык, -ян — эрмалойн меттан билгалонан суффикс, -к — эрмалойн дукхаллин терахьан чаккхе.

Цул тIаьхьа XIV-чу бIешарахь гуьржийн миссионеро Евфимис шен балха тIехь гайтина а ю и цIе — **нахче, народ (къам)** цIе шеца а йолуш далийна а ду и дош кхузахь.

Кхин XIX-гIа бIешо тIекхаччалц и цIе йозанан хьостанашкахь хааелла яц Iилманчашна. Цуьнан этимологих дерг а цу хенахь юкъадаьлла ду.

Масала, нохчийн дуьххьарлерачу этнографа Лаудаев Уммалата шен «Нохчийн тукхам» аьлла 1872-гIа шарахь Тифлисехь арабаьллачу балха тIехь **нехча** бохучу дашах доьзна и деш. Нохчаша нехча юуш хилла, цуьндела царах **нохчий** аьлла, боург ала гIерта Лаудаев.

Академика Н. Я. Марра 1922-чу шарахь арабаьллачу шен «Кавказерачу тукхамийн цIераш а, меттигера параллелаш а», аьлла болчу балха тIехь цу дешан лард тидам ца беш йитина, ткъа тIаьхара дакъа **-ча** хIинца а, жIайхойн а, лезгинийн а цхьадолчу меттанийн -чи (адам) бохучу дашах доьзна. Ткъа цIераш яьхна меттанаш нохчийн, гIалгIайн меттанашна юххера хилар тидаме эцча иза иштта хила а мегаш ду.

Проф. Ю. Д. Дешериевс шен «Нахски меттанийн юстаранисторически грамматика а, ламанан къаьмнийн схьадовларан а, исторически кхиаран а проблемаш» аьлла 1963-чу шарахь Соьлжа-гIалахь арабаьллачу балха тIехь эрмалойн лакхахь цIе яьккхинчу «географерачу» **нахчематеянк** дешан морфологически а, фонетически а анализ йо, амма этимологи ца ло.

Цу дешан тIаьхьара дакъа тюркски **-чи** суффиксах доза гIоьртина меттигаш а ю Iилманехь. **Нох, чоь** дешнех и цIе лаьт-

та моьттурш а, **Нахичеван** аьлла йолчу гӀалин а, мехкан а цӀарца и дош дозаделла ду моьттурш а бу.

Лаудаевс **нехча** дашах схьадаьлла **нохчи** бохург нийса дац, амма нийса хила мегаш ду и ши дош цхьана орамах хилар, ткъа цхьаъ вукханах схьадаьлла бохург — иза ша гӀуллакх ду. **Нох, чоь** дешнех и льатта моттар нийса дац, амма нийса хила мегаш ду **нох** боху дош а, и вай дуьйцуш долу дош и цхьана орамах хилар. Оццу орамах хилар. Оццу орамах долчух тера ду **налха, маьхча, мохк, малх, маша** боху дешнаш а. Кхузахь дагалоцур вай, лакхахь аьлла ма-хиллара, хьалхенгахь дешнаш дуккха а маьӀнашка декъалуш хилла хилар. Ткъа оцу вай цӀераш яьхначу дешнийн орам **ма//на** бу; иза малх бохург а хилла (хьовса лахахь).

Бакухарчу Ӏилманчас З. И. **Ямпольскийс** бинчу талламашца **Нахичеван** цу къоман цӀарца догӀу. Делахь а Ямпольскин дош а тӀаьххьара дац. Цо ма-аллара гӀуллакх хилча **нохчи** дош вайн эра тӀекхачале дуьйна а хилла хила дезаш ду.

Иштта Наксувана хорманехь и меттиган цӀе гайтина ю антични авторан Клавдий Птолемейн «Географическое руководство» (II-гӀа бӀешо) аьлла болчу балха тӀехь.

Иштта бу **нохчи** дашах Ӏилманехь болу хаамаш. Амма, гуш ма-хиллара, цу дешан ораман этимологи цхьамма а елла яц.

Иза цхьана тайпанан цӀе хилла. Цу тайппана юьхьанца **нохчи** цхьана Нохчмахкарчу тайпанех бен олуш ца хилла. Иза шаьш схьадовларца вовшийн гергара а долуш долчу тайпанех кхолладеллачу тукхаман цӀе хилла, кхин а хьалха и дош цхьана тайпанан цӀе хилла. Ткъа **мӀайстой, маьлхий,** кхиберш а шаьш къаьсттина лоруш хилла.

Амма тӀаьхьуо юкъаралла кхиарца доьзна гӀуллакх хийцаделла: юьхьанца цхьана **Нохч-махкара** тайпанаш бен юкъа ца лоцуш хилла йолу и цӀе вайнехан тайпанийн, гӀалгӀай, бацой боцчеран, юкъара цӀе хуьлий дӀахӀутту. Цу тайппана хуьлуш хилла гӀуллакх кхечу къаьмнийн юкъараллашкахь а.

Вай лакхахь ма-аллара, **нохчи Нашаха** бохучу меттиган цӀарах ду. И меттиг ГаланчӀажахь ю. Халкъан барта кхоллараллехь ма дийццара, нохчий оцу Нашахара бахана Нохчмахка. Иза иштта хиларан билгало ю и мохк кхуза кхелхина деанчу тайпанан цӀарца бевзаш хилар а. Цу тайпано хьалха ша даьхначу мехкан цӀе шен цӀе йина тӀе а эцна, шен керлачу даймахкана тиллина, ткъа цул хьалха цу махках **Ичкери** олуш хилла.

ГӀуллакх иштта хиларан билгало ю нохчийн коьртачу тайпанаша хӀинца а шаьш Нашхарчу ей тӀехь ду бохуш беш болу чӀагӀамаш а, шайн дай баьхна ду бохуш гойтуш долу кхузара лаьмнаш а.

**Нохч-Киела** олу юьртан цIе а ю цу дашах (Киела-юрт йолу меттиг (хьовса: Хьалкиела) дешан орам **кие** бу. Иштта ю нашха́ юххера Нахчхазе (вариант Нача-хаза) олу меттиг а. Оцу дешан хьалхалера хорма **нахча** ю бохург а, **-уо** суффикс **нахча ва** бохучу тIера хьалхарчу декъан тIаьхьара **а** — аз, шолгIачу гIоьналлин дешан хьалхара в — аз вовшах а ийна кхоллаелла, **нахчуо** хормане а даьлла, цул тIаьхьа суффикс **-уо** тIеIеткъам бахьанехь орамехь а меттана о кхолладелла, **нохчуо** хормане а дирзина и дош бохуш беш болу чIагIамаш а. Иштташиг вайнехан меттанашкахь хуьлуш хилар кхин а хьалха а гайтина а ду Iилманехь.

Кхоччуш академика Н. Я. Марра **нах** дашна тIе **ча** кхетта кхолладелла **нахча** бохург юха а ца тухуш, Мациев Ахьмада шен «ЧIебарлойн диалект» балха тIехь **Нашаха** бохучу меттиган цIарах кхолладелла **нахча** бохург нийсо хета тхуна, хIунда аьлча, цкъа-делахь, нохчийн дийцаршкахь нохчийн коьрта тайпанаш Нашахара схьадевлла хиларна, шолгIа-делахь, нахски меттанийн фонетически законашца **Нахача**//**Нашха** **Нахача**//**Нахча** хормане дала тарлуш хиларна; дуста литературни **мохчал**, аькххийн **мохчал**, литературни **нехча**, кистински **нехча**, литературни **чохчам**, кистински **чачхам**. **Ш** — аз, **ч** — аз вовшашкахьа долуш меттигаш а ю вайнехан меттанашкахь: литературни **марчуо**, кистински **маршуо**, литературни **ирча**, итумкалински **ирша** и. дI. кх. а. Кхуззахь ала догIу ламанан цхьайолчу диалекташкахь **нахчи** аларал совнаха **начхи** олуш хаадела хилар а (Ахьмад Сулейманов).

Цул сов, Iилманехь билгалдаьлла ду, Кавказан тайп-тайпанчу къаьмнийн тукхамийн цIераш меттигийн цIерех схьаевлла хилар а: **хIирий, дугарой**, иштта ю **кохчийн, гIалгIийн** тайпанийн цIераш а: **джайрах-джайрахой, хьачара-хьачарой, кхекхаьлла-кхекхаллой, цIонтара-цIонтарой** и. дI. кх. а.

Иштта хууш ду къоман цIе тайпа-тукхаман цIарах кхоллалуш хилар а.

Цу тайпана цу тукхумо меттиг хийцар а, цунах доьзна цуьнан дахарехь хилла болу социально-экономически хийцамаш а мелла а тIеIеткъаш хилла хила мегаш бу **Нашха** боху дош **нахча** дашехьа дерзарехь (лакххахь ма-аллара, **нохчи**//**нохчо** хорманашка тIаьхьуо дирзина иза). Ткъа вайна хууш ду **Нашхахь** бухабисинчарах хIинца а **нашхой олуш** хилар.

Гуш ма-хиллара, вай дуьйцучу дешан хьалхенгахь хилла хорма **Нашаха** ю, амма иза а цуьнан юьхьанцара хорма яц. Цуьнан юьхьанцара хорма **Насаха** хилла (**ш** — аз, **с** — аз вовшашкахьа доьрзуш хилар хууш ду Iилманехь; хьовса: хорманаш: **эрстхой, эрштохй** и. дI. кх. а.). И дош иштачу кхаа декъах лаьтта: **на, са, ха**. На (←→ма) — малх бохург хилла хилар Iилманехь гучудаьлла ду. Иштта гучадаьлла ду юьхьанца

**ма я на** стигларчу маьлхах-седанах олуш хилар а (н, м — классан гайтамаш), ткъа и ши аз вовшашкахьа доьрзуш хилар а чӀагӀдо масалша: веданхойн **микх**, литературни **никх**, нохчийн **нуош**, **нартол**, гӀалгӀайн **муош**, **моартол** — бӀаьвнан тхов и. дӀ. кх. а.

ТӀаьхьуо маьлха-седанан цӀе а, цуьнан лаьтта кхочуш йолчу зӀаьнарийн цӀе а вовшех къастош шен-шен цӀераш кхоллаелла. Лакхахь ма-аллара, **ма** малх-седа маьӀнехь хиллехь, цуьнан лаьттарчу зӀаьнарех меттиг билгалъен суффикс **-лх ма** дашна тӀекхетта **малх** кхолладелла (дуста: хоттал (а), **боьрдах**, **л**, **х** — меттиган суффиксаш). Иштта къастийна матте стигалара малх-седа а, лаьттара малх а. **Ма**, **на** юкъахь долуш меттигийн цӀераш дукха ю **Нашхахь** а, цунна гонах а: МӀайста, **Маьлхаста**, **Мешахи**, **Нелх**, **Нах-керт**, **Нахараст** и. дӀ. кх. а.

Вай юьйцуш йолчу цӀеран шолгӀа дакъа **са** (**ша** — нехьа тӀаьхьуо даьлла иза) вайнехан хьалхалерачу маттахь **мохк**, **латта** бохург хилла хилар Ӏилманехь къобалдина тӀеэцна ду. Схьахетарехь, иберийско-кавказски меттанийн юкъара шира дош долчух тера ду и **са**.

Цу цӀеран кхоалгӀа дакъа — **-х(а)** — меттиган дожаран чаккхе ю; дуста: боьрдах (а), хьуьнах (а), хьайрах (а), джайрах (а) и. дӀ. кх. а. И шира чаккхе ю. ХӀинцалерачу маттахь эвсара лелаш а яц иза. Коьрта долчу декъана буьйцучу маттера херъелла меттигийн цӀерашкахь йисина иза.

Иштта ю **Нашаха** дешан этимологи. Иза вайн ширчу маттахь аьлча «маьлхан лаьттахь» бохург хилла. Вай лакхахь магайттара, цу меттиган цӀарах схьадаьлла долу **нохчи** дешан этимологи «маьлхан лаьттарнаш» аьлла хуьлу.

Амма Нашаха//Насаха бохучу меттиг билгалъечу дашах къоман цӀе **нохчи** кхоллаялар еххачу заманахь хилла гӀуллакх ду. Лаххара а эзар шарахь дахделла и гӀуллакх. Юххерчу хьесапехь оццул хан Нашхара тайпанаш Нохчмака дахана а хир ю.

**Нашаха**//**Насаха нохчи** даше дерзара некъ суртахь аьлча иштта хилла: **На са**→**насаха**→**нашах(а)**→**начах(а)**→**начха**→ →**нахча ва нахчав**→**нахчов**→**нахчуо**→**нахчуо**→**нохчи** (ламанан диалекташ **нахчи**, **начхи**). Иштта малхах йозуш ю тайпанийн цӀераш **маьлхий**, **мӀайстой**, **бӀаьстой** (**м**—**б**), **мулкъой**. **ГӀалгӀай** цӀе а ю маьлхаца йозуш. Иза **Гал** бохучу маьлхан дела цӀе ю. Амма иза ша тема ю. **Нах** бохучу дешан орамехь а ю изза цӀе. И дош, хууш ма-хиллара, массо вайнехан меттанашкахь девзаш ду. Девза иза бацошна а. Цуьнан хӀинцалера маьӀна «адамаш» ду, коьрта долчу декъана вайнехан къоман адамаш. Кхузара ю **нахски** аьлла йолу термин а. Вай дийцинчу **Нашаха**, **нохчи** дешнашца догӀуш хила мегаш ду и дош. Нагахь и иштта делахь **Нашха** дерриге а **нахски** мотт буьйцуш до-

лу къаьмнаш схьадевлла туш хиларна тӀедогӀу гӀуллакх. Амма и гӀуллакх ша къасттийна талла дезаш ду.

Кхечу Кавказан къаьмнийн цӀераш а ю малхаца йогӀуш, масала, адыгски къаьмнийн гӀебартойн, чергазийн, абзейн, адыгейцийн) юкъара цӀе, вай лакхахь ма-аллара адыге «маьлхан адамаш» аьлла тидина ю Ӏилманехь.

И дерриге а хьалха заманахь адаман дахарехь малх доккха маьӀна долуш, ца хилча ца йолуш, оьшуш хӀума хилла хиларан лар ю. Иза иштта хиларан бахьана ду хьалхенгахь адамаша малхана корта бетташ, иза дела лоруш, цунна ламазаш деш хилла хилар а. Иза керста а, бусулба а дин тӀе а дале адаман Ӏаламехь хуьлуш долчух кхета Ӏилма доцуш йолу шира бодане зама хилла. Бусулба дин тӀедеанчул тӀаьхьа а еххачу заманахь дӀакхехьна нохчаший, гӀалгӀаший и тайпа гӀуллакх.

## МИЧАРА СХЬАЯЬЛЛА-ТЕ «ГIАЛГIА» БОХУ ЦIЕ?..

Нохчийн а, гIалгIайн а меттанашкахь вай юьйцуш йолу цIе ишттачу шина декъе екъало: гIал+**гIа** (цхьаллин терахьехь), ткъа гIал — **гIай** дукхаллин терахьехь. Юьхьанцара аз **гI** — къамкъарган, метта тIехьара мукъаза аз ду. **Украинийн** маттарчу (г) — озах тера а ду иза [1]. Изза аз ду вай дуьйцучу дешан шолгIачу декъехь а. Хьалхара дакъа тохаре ду, доцу меттан юккъера а долуш, шолгIа (а) — деха ду. Дешан дукхаллин хорманан тIехьара (й) — дешдакъа ца кхуллуш долу сонорни аз дукхаллин терахьан гайтам бу.

Вай дуьйцуш долу дош исторически литературехь нисло иштта хорманашкахь: глигви, калканы, черные калканы, галгай. И галморзахаллаш хиларан бахьана талламхой вайнехан меттанаш дика хууш цахилар ду, къаьсттина фонетика.

Дуьххьара и дош глигви хорманехь хьахийна ю гуьржийн XI-чу бIешеран хьостанашкахь (Леонтий Мровели) [2]. Цуьнан синонимаш хиларе терра лела хьостанашкахь иштта дешнаш: хамениты, дзурзуки, дурзук, кисты, кишты, дуцух, кусты [3].

XIX-гIа бIешо долалуш дуьйна вайн замане кхаччалц оьрсийн дешархошна гIалгIай къам «ингуши» цIарца девза. Ткъа и цIе гIалгIайн «Ангушт» юьртан цIарах ю. И юрт хIинца Къилбаседа-ХIирийн махкахь ю.

Литературехь оцу къоман цIеран этимологи билгалъян гIоьртина меттигаш ю хааелла. Иштта проф. Е. И. Крупновн кхетамца и цIе тюркийн кала (вайнехан гIала) — крепость, город дашах ю. Иштта бу А. И. Генкон кхетам а [4]. Ахриев Ч. шен «Ингуши» аьлла болчу балха тIехь и цIе **Га** [5] цIарца йоьзна. Ткъа Га гIалгIайн генна хьалхалера да хилла аьлла ду. Харадзе Р. Л., Робакидзе А. И. кхетамца и цIе тюркийн гIала//кала дашца ца йогIу. Проф. Яковлевс Н. Ф. и цIе ГIалгIайн чIож случу меттиган цIарца йоьзна [6].

Проф. Е. И. Крупновс а, В. И. Гамракелис а и этноним Страбонан гаргареи аьлла долчу дашах йоьзна меттиг а ю [7]. Оха хьалха бинчу талламашкахь и гIуллакх къобал дина дац [8]. Къо-

бал ца до иза иштта проф. Ю. Д. Дешериевн а, Н. Г. Волкован белхашкахь а [9].

Тхан кхетамца этноним схьаяьллла маьлхан, стигалан делан ГIал цIарах, -гIа (вариант -ха, дуста: доттагIа//доттах, мостагIа//мостах) суффикса гIоьнца. Ткъа и суффикс вайнехан меттанашкахь дукха хена дуьйна хилла ю, цунах схьаяьллда ю хIинцалера -хуо суффикс [10]. Делахь хIета, гIалгIа — иза ГIалмаьлхан делана корта бетташ верг ву-кх. Цуьнца догIу нохчийн ламанан меттанашкахь ГIиелагIа//ГIалагIа (а→ие) (юста: Гиелагаев фамили) — цIераш хилар [11]. Ткъа иза маьлхан делан цIуьхIар бохучу маьIнехь хилла, дуста иштта: малхсаг//Мальсаг//Мальцаг, ЦIусаг и. дI. кх. а. Кхузара башхалла кхоллаелла маьлхадела зама хийцаяларца тайп-тайпанчу цIершца лелош хиларна а, ткъа цхьана хенахь, хьалхенгахь, юьхьан суффикс -гIа/-ха йоцуш хилла хиларна а, ткъа цуьнан меттан саг дош лелош хиларна а.

Делахь хIета гIалгIа нохчуо дешан санна этимологи (схьадалар) долуш хилла. Иза оха гайтина ду кхечу белхашкахь (хьовса лакхахь). Дуста иштта: тайпанийн цIераш маьлхий, мIайстой, мулкъой — маьлхан бераш, малх лорурш. Кхузахь орам ма//мIа//му бу, ткъа иза малх бохург хилла, -лх, -лкъ, -ст, -ий, -ой — уьш тIаьхьа цхьацца маьIнехь тIееттаелла дештIаьхьенаш, суффиксаш ю.

Оцу тайппана гIалгIа цIе, нохчуо цIеран санна схьайалар йолуш йу. Царах терра схьайалар ду тIаккха кхечу нохчийн тайпанийн цIерийн а. Иштта вовшашна юххера долу ши къам шайн цIерийн этимологица а гергара ду. Шинний цIеран а орам малх, маьлхан дела бу.

Кхузахь билгалдоккхур вай проф. Б. О. Алборовс ГIал дела нохчийн, гIалгIайн тайпанийн юкъарчу махкахь кхоллаелла ю аьлла хилар [12], ткъа и юкъара мохк, тхуна хетарехь, Алборовс ма-аллара Iас-хи тIехь боцуш, ГIаланчIожахь Нашхахь хилла.

ГIалгIаша а, нохчаша а бахарехь, кхузахь церан юьхьанцара, уьш схьабевлла мохк а хилла. Изза чIагIдо вайнехан топонимо а, историс а, кхалхара кепаша а. Масала, ГIал юкъахь йолу топонимаш хаалуш ю Iаьс-хи кортошкахь а, кхечу ГIалгIаймехка районашкахь а, амма къаьсттина алсамха уьш хаало ГIаланчIажахь (гIалгI. ГIаланчIадж) а, цунна юххерчу юкъараллашкахь а. Ткъа лаа ма дац и чIож ГIал — делан цIарца доьзна хилар а.

Хьовса иштта кхузара топонимаш: ГIиелиечу (Ялхарахь), ГIиела, ГIиелие-корта, ГIалъердитIе (ерд — ЦIу стаг, дуста: Эрдсана//Эрсана, Эрдсан-корта, Эртина-корта — Веданан р-н), ГIальердие-Босса, ГIелей-Босса, ЧIуша, Аьккхи- ГIиелиечу (Iамгахь), ГIиелитIи и дI. кх. а.

ГӀалгӀай-махкахь маьӀ-маьӀехь гайтина ю иштта цӀераш: ГӀалъерд (къубба), ГӀалашка (юрт), ГӀаьлчӀоджж (ЭгӀикхал), ГӀал-ЦӀоьлашкие (Паьлинг), ГӀалъерд-корт (Ӏасса-ЧӀажахь) и дӀ. кх. а. Цхьаъ доцуш дац ГӀаланчӀажана малхбалие а, малхбузие а агӀор гена мел вели а гӀал цӀарца йогӀу топонимаш тӀаьхьа — тӀаьхьа жимлуш хилар. Нагахь малхбузиехьа берриг а ГӀал-гӀай махкатӀехул чакхйовлий Терка тӀерачу Гвилети юьрта (гӀалгӀ. ГӀиели-тӀие) тӀе кхочуш уьш елахь, малхбалехьа агӀор уьш Шарой-Оргунца совцуш ю.

Ткъа цу тӀе мелла а мотт, гӀиллакх-амалш, ламасташ, материальни памятникаш (бӀаьвнаш, маьлх-кешнаш), иштта кхидерг а цхьана догӀуш хилар а тӀетоьхча вайн ала таро ю вай лакххахь доза тоьхначу меттинашкарчу вайнехан тайпанийн ГӀал дела кхечу тайпанийнчул веха лаьттина хилар.

Иза ГӀалан-чӀажара дӀасаваьржина хилар, къаьсттина а Нашхара, цу меттиган цӀарал совнаха тешалла до: а) Кхузахь ГӀал шайца долу топонимаш къаьсттина дукха хиларо.

б) Нашхойн динан юкъанаккъара меттигех лоруш хилла ХӀилие, Хьайбах олу ши юрт [13]. Кхузахь ю ткъа «ГӀелагӀайн бӀов» (дуста: ГӀалгӀайн), иштта «ГӀелагӀа вийна агачу» олу меттиг а. Кхузара схьадаьлла лору Галуой//ГӀалуой тайпа а. ГӀалгӀайн тайпанаш XIX-гӀа бӀешарахь а ГӀал олучу маьлхан деланна корта бетташ хилла хилар литературехь билгалдина ду. И гӀуллакх: — ГӀелой! ГӀелой! — бохуш маьлхехьа а бирзина цара деш хилар а ду хууш. И гӀуллакх цара МагӀотӀе олучу лам тӀехь а (цу дешан этимологи иштта ю: Ма гӀал делал хьалха хилла маьлхан дела, -го — «видимый», -тӀе — дештӀаьхье, делахь хӀета «малх гучу тӀехь» аьлла хуьлу цу дешан юьхьанцара маьӀна. Иштта гӀуллакхаш лелош хилла гӀалгӀаша ГӀальерд (ерд — суьпа, цӀу стаг, керста динехь) къуббанехь (ШӀоана олучу меттига юххехь).

Ӏилманчаша-кавказӀаморхоша Б. О. Алборос, Д. Б. Далгата а чӀагӀдора ГӀал маьлхан дела хилар. Цул сов, стелахаьштиган дела ГӀал хилар а (ХӀирийн Ил//ал делаца а вогӀуш) чӀагӀдора Ӏилманчаша [14] (дуста вайнехан илла а, билла а олий дуй бууш хилар а, ХӀилие олуш вай лакххахь гайтина Нашхара юрт; Алла олуш керста динехь шаьш долуш шайн дела хилла хилар чӀагӀдо Эрдсанойн тайпанан бакхийчу наха, АллитӀе олуш меттиг ю Эрдсана юххехь, цул сов, шаьш Нашхара ХӀилие олучу меттера схьадевлла а ду бохура цу баккхийчу наха (Эрдсана, 1968—69 шераш). Цул сов, бераш даран дела лоруш а хилла ГӀал. И дерриг цхьана догӀуш, вовшийх дозуш долу гӀуллакхаш ду. Ткъа иштта гӀуллакхийн юкъара цхьа дела хила тарлуш хилар Ӏилманехь гучудаьла ду [15].

ГӀалгӀайн ГӀал XIX-чу бӀешарахь а коьрта дела хилла хилар гойту гӀалгӀайн уггар коьрта лоруш долчу тайпанаша Рос-

сина шаьш муьтIахь хилар чIагIдеш Буру-гIалин комендантана цу делан цIарах дуй телла хиларо а. Иштта ю цу дуйнан юьхьиг: «...Оха, лахахь цIеяьхна долчу тоьллачу, лоруш долчу (кIел сиз хьаькхна оха. — К. Ч.) адамаша, хIор тайпанан ит-ит стаг, тхан Iедалехь... , ницкъ болчу оха лоруш волчу сийлахьчу ламчуьрчу ГIальерд цIе йолчу стигалан далла хьалха чIагIдо дуйца...»[16]. Шена тIе тидам бохуьйту и дуй тоьлучу гIалгIайн нехан тайпанаш а, шаьш гIалгIайн къоман ага лоруш долчу ГIалгIачие я Кхиекхаьлла олучу меттера схьадевлла долчу. Шайн коьрта дела ГIал а волуш. ГIалгIачие дешан орам а и гIал бу, чие — чоь бохург ду гIалгIайн маттахь.

Кхузахь дагалаца догIу акад. Н. Я. Марра «тукхамо шен делан цIе лелош «хилла», аьлла долу дешнаш. Ткъа и тукхуман цIе тIаьхьуо къоман цIе хуьлуш а хилла; юста: «нохчо» къоман цIе, юьхьанца цхьана тукхаман цIе, ша, «гIалгIа» цIе санна, малх цIарах схьаяьлла а йолу[17].

ГIалгIайн къоман ага лоруш йолчу ГIалгIачие меттехь гIалгIаша маьлха делана ГIал корта биттина меттиг «Маго-ерд/√ «Маго-тIе» хилар а дац лаа. Ткъа цу цIерашкахь болу орам ма ГIал делал хьалха хиллачу вайнехан юкъарчу маьлхан дела цIе ю. Цо гойту хорма хийцаеллехь а, цу гIуллакхан чулацам хьалхалерра бисина хилар. Къаьсттина и гуш ду Магоерд олучу меттигана гена йоццуш ГIалъерд олу меттиг хилла хиларца а.

Билгалдаьлла ду хан-зама яларца делан цIераш а, церан похIамалла а хийцалуш хилар. Иштта хьалха маьлхан дела, вайнехан тукхамийн Ма (кхузара ду Малх (л, л — безаш) хилла, ткъа тIаьхьуо цуьнан меттиг дIалоцу ГIал делано (юьхьанцара орам ГIа (-л — биез).

Иштта хааделла ду юьхьанца цхьана зударша лоруш хилла дела борша наха а лоруш дIахIуттуш хилла хилар (Тушол, Дела и. дI. кх. а). Иштганиг дозуш хилла адамийн юкъара дIахIоттам, дина кхетам хийцабаларца доьзна. Изза бахьана долчух тера ду Ма дела ГIал делаца хийцаваларан а, иза литературехь гайтина а ду: ГIал возу керстадинца, ткъа Ма дукха деланаш лоручу динца, язычествоца.

Проф. Алборовс Б. О. бахарехь, ГIал а хилла дукха деланаш лоручу динехь лоруш, ткъа тIаьхьуо керстадинан дела хилла цунах. Алборовс билгалдоккху ГIалъерд Къубба керстадинехь лоруш хилла хилар а, ткъа цигахь ламазаш куйнаш дIа а дохий, горгалеш а бетташ, хьакхаран чIурамаш а летош, ткъа ГIал цIарца Оччи//Оцци далош деш хилар. Проф. Д. Д. Мальсаговс и тIаьхьара дош оьрсийн ишттачу меттехь далош долчу отче дашца доьзна меттиг а ю[18].

Цул сов, ламазаш деш болчуша Малхбалехьа а боьрзий, маьхьарий детташ хилла «Даьла-Малх, беркат ло ахьа тхуна...»

бохуш. Кхузахь гуш ду керста а, дукхаделанийн дин а ийна хилла хилар. Делахь а ГІал малхаца воьзна хилар гуш ду, ша и цІе грекийн Гелиос аьлла волчу маьлхан делан цІарца йогІийте аьлла хеташ делахь а (-ос — грекийн цІаран дожаран суффикс, орам Гели).

Иштта хила мегаш хилар сов долу вайнаха керстан дин гуьржашкара тІеэцна хилар а, ткъа цаьрга иза грекашкара кхаьчна хилар а тидаме эцча.

Кхин цхьа этимологи а хила тарло цу дешан.

ГІалгІайн къоман верас ларалуш хилла, лакххахь ма-аллара, ГІа, ткъа цунах ду, тов, гІалгІа [19] дош (-л, -гІа — суффиксаш (юста иштта: Туш — Туш-ол, Ма — Малх, дие — диел//дал, сие — сиел и. дІ. кх. а.).

Дерриг вай дийцинарг бакъ ца хила а тарло. Амма тхуна иза хьалхенгахь гІалгІа гергара//горга, гІала//кала бохучу дешнех дузуш бина болчу чІагІамел бакъдолчунна юххера хета.

## ЛИТЕРАТУРА


1. Дешериев Ю. Д. Современный чеченский литературный язык. Ч. 1. Фонетика. Грозный, 1961. С. 32.

2. Крупнов Е. И. Средневековая Ингушетия. М., 1974. С. 30. Харадзе Р. Л., Робакидзе А. И. К вопросу о нахской этнонимике. КЭС, вып. II, Тбилиси, 1968. С. 20.

3. Армянская география VII в. Перевод Патканова. СПБ, 1877. С. 36.

4. Дешериев Ю. Д. Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов. Грозный, 1963. С. 70.

Крупнов Е. И. Средневековая Ингушетия. С. 30—31;

Генко А. И. Из культурного прошлого ингушей. Т. II, Ленинград, 1934. С. 703.

5. Ахриев Ч. Ингуши. ССКГ. Т. VIII, Тифлис, 1875. Вопросы изучения чеченцев и ингушей. Грозный, 1927.

6. Крупнов Е. И. Средневековая Ингушетия...; Гамрекели В. Н. О племени двалов. МЭГ, IX, Тбилиси, 1957. С. 203.

7. Виноградов В. Б., Чокаев К. З. Древние свидетельства о названиях и размещении нахских племен. Арх.-этногр. сб. ЧИНИИИЯЛ. Т. II, Грозный, 1963.

8. Дешериев Ю. Д. Сравнительно-историческая грамматика... С. 70.

Волкова Н. Г. Этнонимы и племенные названия Северного Кавказа. С. 1972. С. 153—154.

9. Процесс образования -хуо от -ха см. нашу: Морфология чеченского языка. Ч. II. Грозный, 1970. С. 7—8.

10. Сулейманов А. М. Топонимия Чечено-Ингушетии. Ч. I. Грозный, 1979. С. 55.

11. Алборов Б. О. Ингушское Гальерд и осетинское Аларды, ИИ ИНИК, Т. 1, Владикавказ, 1928. С. 426.

12. Плечке Б. чеченцы (die chechene). Гамбург, 1927 (на нем. яз.).

13. Алборов Б. О. Указ. соч.

14. Головинский П. А. Заметки о Чечне и чеченцах. Сборник сведений о Терской области. Вып. I. Владикавказ, 1878. С. 252.

15. АКАК, Т. IV, Тифлис, 1870. С. 901.
16. Чокаев К. З. К этимологии самоназвания чеченцев — нохчуо (в печати).
17. Чокаев К. З. К вопросу бытования образа Прометея в фольклоре чеченцев и ингушей. Изв. ЧИНИИИЯЛ. Вып. 3, Т. 6, Грозный, 1972.
18. Мальсагов Д. Д. Непонятые места в слове о полку Игореве. Изв. ЧИНИИИЯЛ, вып. II. Языкозвание. Т. 1. Грозный, 1959.
19. Ахриев Ч. Указ. соч.

## УСТРАДУОЙ — ОЬРСИЙ, НОХЧИЙ, ГIУМКИЙ

Нахски меттанашкахь, кхечу иберийско-кавказски меттанашкахь а санна, тайпанийн, ваьрийн, тукхамийн, къаьмнийн цIераш меттигийн (яртийн, лаьмнийн, хийн и. дI. кх. а) царех схьаевлла ю. Ткъа и гIуллакх юьхьан суффиксийн **-уой, -хуой** (-й — дукхаллин терахьан чаккхе) гIоьнца хилла ду, хьовса: ЦIуонта-руой (ЦIоьнтара-юрт), чIебиллуой (ЧIеби-лла — меттиг), нитхуой (Нит//Нуьт — хи цIе и дI. кх. а [1]).

Оцу тайпанийн цIерийн бухахь Iохкуш ерш физико-географически, юкъараллин-политически маьIна долуш цIераш (Цхьаболчуша кхетош ма-хиллара, цхьана де цIе йоцуш) хилар тидаме эцча, вайн тайпа оьрсийн род бохучу маьIнехь хуьлийла яц. Иштта, масала, Нитхуой Нит хи бохучара ду, ЦIоьнтара ЦIу бохучу делан цIарах, Эрдса-на Эрд бохучу делан цIарах и дI. кх. а

Тайпа — цхьана меттера, цхьана юьртара нах бохург ду.

Оцу тайппана кхоллаелла вайнехан лулахуойн цIераш а: Иштта, масала, окушуой (даргинцы) Акуши юьртан цIарах, Ансадуой (жIай тайпа) АнсалтIа юьртан цIарах, Кахатуой [2] Кахети (гуьрж. КIахи) меттиган цIарах, дугаруой хIирийн Дигора меттиган цIарах и. дI. кх. а.

Оцу вай дийцинчу гIуллакхо гойту тайпа кхолладалар саццаза тIейолчу хенахь а хила мегаш гIуллакх хилар, нагахь санна нехан цхьадакъа я кхечу метте кхелхина дIадахана, цигахь дехха Iийна хилча, я шаьш лелош долчу гIуллакхан буха тIехь.

Иштта кхолладеллачу тайпанийн масалш долуш ду. Масала: иштта аьккхийн цхьадакъа мозгIаруой (дуста: гуьрж. мзгIвари — керстан молла, дуста: нохчийн «моIзар а, молла а воцуш...» алар).

Кхузахь тидаме эца деза вайнах керстадинехь болуш и гIуллакх лелош нах-мозгIуруой хилла хилар. ХIинцалера Iелам нах, молланаш санна хилла уьзаш а. Иштта ду болх бохучара схьадаьлла белхатуой тайпанан цIе, (**уой** — юьхьан суффикс) [3] — шасадуой тайпанан цхьа гар лоруш долу [4].

Тайпанан гараш вовшах а къесташ, керла-керла тайпанаш

кхоллалуш хилар лакхахь ма-аллара, вайн деношкахь а дIадоьдуш ду.

Историн а, этнографин а, фольклоран меттан Iилманан а тешаллаша ала таруо хуьлуьйту вайн хIинца коьртачу декъана Аргун гIалахь (хьалха Устрад-эвла, оьрсийн Устаргордой) Iаш болу устрадуой садуойн цхьана горах схьадаьлла тайпа хилар.

Аренца йолучу нохчийн яртийн вай лакахь ма-аллара цIераш коьрта долчу декъана хийн, дуьххьара ваха хиъначу стеган я тайпанан цIерех схьаевлла ю, шайна тIе юрт, эвла, кIуотар, гIала дешнаш кхетта; хьовса: Цоци-эвла (Цоца, дийцарехь, юрт йиллинчу стеган цIе, Курчалуой-эвла (Курчалуой — тайпа). Дубин-кIуотар (Дуба — стеган цIе), Соьлжа-гIала (Соьлжа — хи цIе) и. дI. кх. а.

Ткъа ламанан яртийн цIерашкахь вай ялийначу яртийн цIерийн шолгIа дакъош дукха хьолехь ца нисло; хьовса: Куьрчала, Белхата, Эрсана и. кх. а.

Меттигерачу оьрсийн маттахь аренгара а, ламчура а, тайпанийн ярташ цу тайпанийн цIерашца билгалйо, хьовса: Курчалой (аренгара Курчалой-эвла а, ламанан куьрчала а), Белгатой (аренгара БелгIатуой-эвла а, ломара БелгIата а) и. дI. кх. а.

Иштта ду оьрсаша Устрад-эвлах а, Устрадуой тайпанах а Устар-горддой олуш хилла хилар. 1944 шо кхаччалц Соьлжа-гIаларчу хIинца Гудермесски урамах Устаргордоевски олуш хилла. И хийцам баран бахьана Устаргордой нохчийн юьртан цIе хилла хилар а, ткъа и нохчийн дош ду моьттуш хилар а ду, ткъа и ша схьаяларца оьрсийн цIе нохчийн ю моьттуш хийца а хийцина, цуьнан меттана оьрсийн цIе ю моьттуш гIумкийн цIе Гудермес тиллина (хьовса лахахь).

Аьлла ма-хиллара, Устаргордой//Устрадуой орамера схьаеана цIе яц оцу юкъараллин, ткъа шайн тайпанах Садуойх (Сада-юрт юьхьанца ЧIебиллахь хилла, цунах ю и тайпанан цIе а) схьа а къаьстина, кхечухьа баха хевшина Iийначухь кхоллаелла ю.

Иза иштта хиларна тоьшалла до халкъан дийцарша а, иштта лахахь далочу этно-лингвистически делилаша а (факташа). Уьш иштта ду:

1. Орамера нохчийн тайпа, аьлла ма-хиллара, ламчохь шайн юрт хиларал совнаха, шайн лам болуш а хуьлу (ЦIонтаруой-лам, Эрсануой-лам, Чермуой-лам и. кх. а.), ткъа цхьацца долчу тайпанийн шайн бIов а хилла.

Амма Устрадуой тайпанан цIеран лар нохчийн ламчохь хааелла яц.

2. Орамерачу нохчийн, гIалгIайн тайпанийн а, церан яртийн а цIераш, дукха хьолахь, мичара, муха схьаевлла аьлла

вайнехан маттаца таллалуш ю. Устрадуой//Устаргордой вайнехан маттаца билгалъяккхалуш яц.

3. Орамера нохч-гIалгIайн тайпанийн а, церан яртийн а цIераш, халкъан дийцаршкахь цхьана ден цIарца юзий ялош ю. Ткъа устрадуой цу юкъара бохий садуой тайпанах дIатухуш бу. Ткъа хаттар хIутту: Мичахь ду цу цIеран хьоста?

Цу хаттарна жоп далархьама оьрсийн-нохчийн хилла йолчу юкъа-меттигийн историн бухе даха деза вайн. Кхузахь бен карайойла дац вайна цу цIеран схьаяларан къайле.

Историно тоьшалла деш ма-хиллара, 1567 шарахь Соьлжахи аьрру берда тIехь, Терках и дIакхеттачу меттигана генайоццуш оьрсийн гIап йиллира (Сунчин Острог). Дуьххьара оьрсашна доттагIаллин куьг кховдийнарг нохчийн (окоченийн) баьчча Ишеринов Шихмирза вара: шен нахаца иза Россин гIуллакхе хIоьттира. Кхуззахь Соьлжан гIопанна генайоццуш нохчийн юрт кхоллаелира [5].

Историкийн тешаллица нохчаша XVII-гIа бIешо чекхдоллуш оьрсийн пачхьалкхан дозанаш «персийн а, туркой-гIирмахойн тIелатарх»... [6] лардеш гIуллакх дора.

Устрадуой оцу нахах хиллий-те аьлла хеташ ду, ткъа иза оцу тайпанан бакххийча наха шайн дийцаршкахь чIагI а до. Ткъа ша и цIе оха юзу оьрсийн «У старого кордона» аьлла хилла йолчу меттиган цIарах. И тайпа цIе оьрсийн ономастикехь дешхьалхенан (предложный) топоним а олуш уггар шира меттиган цIе кхоллаяларан некъах лоруш ю (дуста: у горы «лома юххехь», у озера «Iома юххехь», у лисьих гор «цхьогалийн лаьмнаш юххехь» и кх. а [7]).

Ткъа «кордон» боху дош Нохч-ГIалгIайн топонимехь хилла хилар шеко хуьлийла дац, нагахь яханчу хенахь оьрсийн кордонийн зIе Къилбаседа-Кавказехь, ша аьлча Нохч-ГIалгIайн чохь а, Соьлжан, Теркан, Органан, Кхойсу йистошкахь оьрсийн гIепаш яхкайолор бахьанехь шуьйра яьржина хилла хилар тидаме эцча.

ХIокху сохьта а «Кордон» цIе йолуш меттигаш ю республикехь, ткъа цу меттигашкахь, къаьсттина аьлча Ведана, Шуьйта боьдучу а, кхин дIа а ламчу боьдучу некъашкахь кордонаш хилла а ю.

Бакъду, ша и дош XVII-гIа бIешо чакхдолуш, я XVIII-гIа бIешо долалуш бен кхуза кхочийла дац, хIунда аьлча оццу Петр I хенахь и французийн дош оьрсийн матте полякийн маттехула кхаьчна хиларна. Ткъа ша «доза лардаран отряд, гIарол латта меттиг, дозанан ха, доза» бохучу маьIнехь а хилла и дош [8].

И хан вай и дош схьадаларх лаьцна беш болчу талламашна новкъарло еш яц, нагахь XIX-гIа бIешо долалуш а нохчий оьр-

сийн кордонашкахь гӀуллакх деш хилла хилар тидаме эцча. Кордонехь Ӏийна иза олу хӀинца а.

Р. Ф. Розена яздо: «Теркаца охьахевшина болу нохчий элийн урхаллина кӀел а бу, царна муьтӀахь а болуш, цара Теркан аьтту агӀор йолу кордонаш а ларйо...» [9].

Оьрсийн дошкхолладаларан некъа тӀедоьгӀна аьлча вай юьйцучу цӀеран оьрсийн вариант «У старого (-ова) кордона» дакъош вовшаххоттаделла, нохчийн суффикс **-уой (-ой)** тӀе а кхетта кхоллаелла Устаргордой. Иштта тайп-тайпанчу меттанийн меженаш вовшахкхетта дош кхолладалар оьрсийн-нохчийн ши мотт буьйцучу я оьрсийн-нохчийн-гӀумкийн дукхачу меттанийн юкъараллехь бен хуьлийла дац. Ткъа нохчашна а, кхечу оьрсийн гӀопашкахь Ӏаш хиллачу ламанхошна а оьрсийн мотт хууш хилла хилар дуккха а талламхоша билгалдаьккхина ду. Дуьххьарлерачу оьрсийн гӀаланашкахь баьхначу оьрсашна нохчийн мотт хууш хилар а ду билгалдаьккхина.

Иштта дешан дакъош вовшахкхетта керла дош кхолладалар хилла хила тарлуш ду оьрсаша буьйцучу нохчийн маттахь а, нохчаша буьйцучу оьрсийн маттахь а, гӀумкаша а, кхечу ламароша а буьйцучу нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь а.

Оьрсийн-нохчийн-гӀумкийн дукха меттанаш хилла хиларан бахьана лара мегар ду талламхоша билгалдина долу Соьлжан, Теркан гӀаьпнашкахь а, кордонашкахь а дехачу тайп-тайпанчу къаьмнаша вовшийн зударий кхуьйлуш хилла хилар.

Ткъа цу гӀуллакхана маршо лора дуьххьара оьрсийн-вайнехан уьйраш тасалучу хенахь ($XVI$-гӀа бӀешо) нохчийн бусулба динехь банне а боцуш, я цхьаберш бен боцуш хилла хиларо [10].

Дешан оьрсийн вариант кхоллалуш иштталиг хилла: 1) дешхьалхе **у** шолгӀачу декъах, «старого» бохучу дашах дӀакхетта; 2) хила догӀуш долуш, цуьнан фонетически структурехь иштта хийцамаш а хилла: а) шолгӀачу декъехь йолу доланиг дожаран чаккхе **-ого//-ова** охьайоьжна; б) кхоалгӀачу кордон декъехь долу **к→г** дирзина; в) меран **н** оццу декъехь **-ой** чаккхене дирзина.

Цу цӀеран нохчийн вариантехь кхин а баккхийра хийцамаш хаало. Уьзаш нохчийн метта законашца богӀуш а болуш иштта бу:

Кхузахь оьрсийн дешхьалхе **у** йолуш ю, шолгӀачу декъах йисинарг **стр** ю, кхоалгӀачу декъах цхьа **д** дисина, тӀекхетта нохчийн суффикс **-уой**: Устрад-уой. Ткъа топониман маьӀнехь и дош олуш суффикс **-уой** охьайужу: Устрад-Эвла. Схема хӀоттош гайтича и гӀуллакх иштта хилла: У старого кордона→Устаргордой (оьрс.)—устрадуой (нохч.)—Устрад-эвла (нохч.).

Хьалхалерачу а, вай заманахьлерачу а йозанан хьостанаш-

кахь цу цIеран оьрсийн вариант сизалгаца язъеш гайтина ю: Устар-гордой.

Тхуна хетарехь, и цIе хьалха ма-хиллара, оьрсийн маттахь дуьххьара тиллина хилла меттиг XVI—XVII-чу бIешерашкахь «Сунженский острог» хиллачахь я цунна гена йоцуш хила езаш ю. Иза, схьахетарехь, Беса-гIала (оьрсийн Ильинская станица) юххера «Кордонный пост» олучу меттигаца йогIучах тера ду. Я Е. Н. Кущевас шен балха тIехь [11] гайтина йолчу «Старое городище» олучу меттигах йогIуш хила а мега. Иза билггал хууш дац.

Оха хIокху тIаьхьарчу пхеа шарахь лахьийначу этнографически, фольклоран материалаша тешалла до ишттачунна.

Вайн заманахь устрадуой беха Виногдадное-юьртахь (хьалха Бамматгири-эвла, Бамат-гира — чергазой эла); цара шаьш гIумкий ду, аьлла яздайтина, амма нохчийн мотт а хаьа. Уьш ГабазовгIар, АсаевгIар, ЭльмурзаевгIар, СадулаевгIар, иштта кхиберш бу.

Къилбаседа-ХIирийн республикехь ГIизларие (Кизляр) олучу Моздокски районехь йолчу юьртахь (гIумкаша Гючюх-юрт олу цу юьртах) бехаш бу УстархановгIар (Устрадой бохучара дуй-те и дош?). Цара шаьш устрадуой лору бах. Кхин кхузахь болчу гIумкаша а шаьш устрадуой ду а боху бах, шаьш садуой тайпанах схьадевлла а лору бах. ХIинца а цара нохчашца гергарлонаш а леладо бохуш дуьйцу. Царна оьрсийн мотт а, нохчийн мотт а, гIумкийн мотт а хуучах а тера ду.

Вай цIе яьккхинчу Виноградное-юьртахь гIумканашкахьа дирзина нохчийн Бенуой, Курчалуой, Серсануой (Эрсаной, я Сесаной бохург дуй-те иза?), Хьачаруой, ГIуой и кх. а тайпанаш ду. Царах дукхах болчушна гIумкийн а, нохчийн а, оьрсийн а меттанаш хаьа. Кхузахь бу иштта гIумкашкахьа бирзина чергазой а, амма чергазойн мотт-м ца хаьа царна.

Тхан цхьана информатора, нохчийн устрадуочо Джантемиров Мохьмада 70 шо, веха Аргун-гIалахь, шайн тайпанах схьабевлла оьрсий (гIалгIазкхий) Тихорецк-гIалахь бехаш хилларх лаьцна дийцира суна. Уьш цо дийцарехь, РаевгIар а, КожуховскигIар а, СафроновгIар а иштта кхин а бу. Цунах тамаша бойла а яц, Оьрза-гIалахь бехаш болу гIалгIазкхий ЗакаевгIар, КостиковгIар, БулаевгIар, ТиткиныгIар, ЗозулягIар иштта кхин а нохчех охьабевлла хилар лерича.

Цул сов, Джантемировс дийцира шайн ворхIалгIа да Iумха шен нахаца оьрсийн гIуллакххехь лелла хилар а, кхечу нохчашца дуьстича шайн устрадойх схьабевлла дуккха а эпсарш а, ткъа цхьаъ, Ахьмад Джантемиров, полковникан даржехь хилла хилар а. Джантемиров Мохьмада вийцинчу Iумханан цIарах хилла Iумхан-юрт (Соьлжа-хи аьтту берда тIехь, Хулхулуо цунах дIакхеттачу меттехь, Гуьмсана гена йоццуш). Иза дийца-

рехь цу Іумхана йиллина а хилла, XIX-гІа бІешо юккъе даллалц латта а латтина. Цул тІаьхьа цигара схьа а баьхкина хІинца Аргун-гІала йоллучу Устрад-эвла а йиллина охьа а хевшина Іумханан нах — устрадуой. Билггал Устрад-эвла йиллина шо Джантемировс ца даладо.

Хууш ду, ши Іумханан-юрт хилла хилар — лакхарниг — Соьлжа тІехь, лахарниг — Терка тІехь. Кхузахь йуьйцуш ерг лакхара Іумхан-юрт ю. Ши а юрт XIX-чу бІешеран 30 шерийн йозанан хьостанашкахь гайтина ю[12]. Ткъа 1850-чу шеран карти тІехь лакхара Іумхан-Юрт хиллачохь Умаханское укрепление аьлла гайтина ду. 1877 ш. карти тІехь кхузахь станица Кохановская аьлла гайтина ду (иза 1889—1890 шш. гІалгІазкхийн эскаран атаман хилла волчу генерал-лейтенантан Семен Васильевичан Каханов цІарца хила а мега). 1893-чу шарахь Нохчичоьнан махкахула аьчган некъ бахьаш Гуьмсан районехь йолу дуьххьарлерачу станцин цІе Умахановская тиллина (хІинца Гуьмси гІалин уллохь ю и станци).

Билггал Устрад-эвла йиллина шо хууш дац, амма лакхахь гайтина йолчу нохчийн яртийн (XIX-гІа бІ. 30 шш.) списки тІехь и ю[13]. Ткъа Н. П. Гриценкос шен лакхахь цІе яьккхинчу балха тІехь далийначу карти тІехь (20—30 шш. XIX-гІа бІ.) и яц.

Советан Іедалан хьалхарчу шерашкахь, дуьйцу Джантемировс кхидІа а, ша а и шен бийцина гергара нах бахьанехь Іедало лаца хьовзийча Тихорецке шен тайпанан ваша Кожуховский волчу а вахана, 5 шарахь цигахь техникумехь деша а доьшуш, Іийра ша бохуш.

Вай бийцинчарел совнаха, кхечу къаьмнех дІаийна устрадой кхин а хирг хилар тешна ду тхо. Уьш лоьхуш кхин дІа а таллamaш бар вайн тІаьхье интернациональни кхетамца кхиорехь мехала гІуллакх хир дара.

Ткъа иза иштта хиларан бахьана оьрсаша дуьххьара Соьлжа йистехь XVI-гІа бІешарахь ехкина хиллачух цхьана — У старого кордона олучу меттехь нохчийн къоман а, кхечу къоман а нах оьрсийн пачхьалкхана гІуллакх а деш цхьана Іийна хилар ду. Ткъа и цІе Устрадуой (оьрс. Устаргордой) тайп-тайпанчу къаьмнийн векалийн, шайна юкъахь нохчийн садуойн тайпанах схьабевлла нах устрадуой а болуш, юкъара цІе а хилла йисина. Устрад-эвла олуш хилла йолу юрт а цу тайпана наха йиллина.

ЛИТЕРАТУРА

1. Чокаев К. З. Географические названия Чечено-Ингушетии. Грозный, 1966. Рукопись. Архив ЧИНИИИСФ.

2. Данное название носит также ветвь чеченского тайпа Хьачаруой от местности Хьачара.

3. Чокаев К. З. Географические названия Чечено-Ингушетии. Рукопись.
4. Древние свидетельства о названиях и размещениях нахских племен. Изв. археолого-этнографического сектора ЧИНИИИЯЛ. Т. 2. Грозный, 1965.
5. Роль России в исторических судьбах народов Чечено-Ингушетии (XIII — начало XX вв.), Грозный, 1983.
6. Очерки истории Чечено-Ингушской АССР. Т. I. Грозный, 1967. С. 69.
7. Бондалетов В. Д. Русская ономастика. М., 1981; Никонов В. А. Славянский топонимический тип. Сб. Географические названия. М., 1962. Сс. 30—31.
8. Этимологический словарь русского языка. Т. II. Под редакцией Н. М. Шанского. М., 1982. С. 311.
9. История, география и этнограчия Дагестана. М., 1958. С. 25.
10. Гриценко Н. П. Социально-экономическое развитие притеречных районов в XIII — первой половине XIX вв. Грозный, 1961. С. 18.
11. Кущева Е. Н. Народы Северного Кавказа и их связи с Россией в XVI—XVII вв. М., 1959. С. 294.
12. Кущева Е. Н. Указ. соч. С. 295.
13. См. список населенных пунктов Чечни, составленный генерал-майором Пулло (К. З. Чокаев. Язык и история вайнахов. Грозный, 1977. С. 107—111).

## МУЬЛШ БУ ХУРРИТАШ?

Акхаралло, оьздингалла ца хиларо,
тешнабехкалло ца лору дІадахнарг...

(А. С. Пушкин)

Урарту олуш хилла йолу вайн махкахь дуьххьара кхоллаелла пачхьалкх мелла а евза вайн дешархошна. Хууш ду цу пачхьалкхан меттан, вайнехан меттанийн, лакхахь ма-аллара, цхьаьна йогІуш йолу меттигаш хилар а.

Иштта и Урарту хьахочу меттехь хурриташ олий и цІе ялош меттигаш а ю хааелла. Амма ма-дарра цунах дерг къаьстина дац. И дуьйцур ду вай.

Хурриташ (хурри — орам, -т — дештІаьхьие) урартхошна схьабовларца а, маттаца а гергара а болуш, церан хьалхара дай хилла аьлла ду Іилманехь. Церан меттанаш цхьана орамах схьадевлла гергара хилла. Масала, дуста: хурр. **пала**, урарт. **пиле**, нохч. **апари** (р/л) — **канал**; хурр. **кхавре**, урарт. **кхевра** «земля», нохч. **кхийра** (пхьегІа). Хууш ду и пхьегІа лаьттах еш хилар, гІалгІ. **кхиер** — **тІулг** бу, ткъа иштта хууш ду тІулг сазлаьттах хуьлуш хилар; хурр. **шина**, урарт. **ш-ин**, нохч. **шиъ** (лач хорма шина дийнахь); хурр. — **тан**, урарт. **тан**, нохч. **дан** — делать и. дІ. кх.

Йозанан хьостанашкахь болчу хаамашца аьлча хурриташ вайн эра тІекхачале III эзарлагІчу шарахь Къилбаседа Месопотамехь, Къилбаседа Шемахь а (Сирия), Загрос лаьмнийн когашкахь а гайтина бу, ткъа цу меттигашка уьш Эрмалойн лаьмнашкара (Армянское нагорье) баьхкина хила мега аьлла а ду. Амма иза билггал чІагІдина гайтина дац. Ткъа хурритийн хьалха Къилбаседа Месопотамехь Іийна къам а, юххерчу хьесапехь аьлча **субареи** олуш тукхамаш лору. Вайн эра тІекхачале II эзар-чу шерашкахь аккадцаша хурритех йоккхуш йолу цІе **субару** хилла. И ши а цІе — **Хурри, Субару** — меттан кхиаран истори тІедоьгІна аьлча вайнехан меттанашца йогІуш а, тидалуш а ю (хьовса лакхахь).

Хурритийн цІераш хааелла ю Шумерийн III-чу шех Ура олуш хилла йолчу династин бахамаллин тексташкахь а.

Хурритийх лаьцна дуьххьарлера вайга кхаьчна болу хаамаш вайн эра тІекхачале XXIV—XXII-гІа бІешерашкара бу.

Вайн эра тІекхачале хиллачу II эзар шерашкахь хурриташ баьхна меттигаш а ю билгалйевлла, уьш хІорш ю:

а) **Тигр-хина** (Хурритийн цӀе — **Аренцах** (дуста: нохч. Арена са хи) малхбалехьара **Шушара** (хӀинцалера Телль-Шемшара), **Эламехь** (Ирак), Тигр-хи аьрру гена тӀехь **Адемехь** (кхузахь хурритийн **Арранха** (дуста: нохч. Аренахи) олуш пачхьалкх а хилла), **Шибане** олучу меттехь (хӀинцалера Телль-Билла), хӀинцалера **Шагер-Базар** Месопотамия (Ирак) олучу меттехь, Евфрата-хи юккъехь лаьттачу **Мари** олучу меттехь (хӀинцалера Телль-Харири), **Шемахь** (Сирия) **Алалах** олучу меттехь (хӀинцалера Телль-Атшана), **Катнехь** (хӀинцалера Мишрифе), **Эмарехь** (хӀинцалера Мишриф-Евфрат хи тӀехь), **Угаритехь** (хӀинцалера Рас-Шамра); **Палестинехь, Каппадокехь**; Къилба-Малхбале Жимачу Азехь (Малая Азия), хӀинцалерачу Туркойн махкахь, Евфрат хин кортошкахь а, **Арацани хи** тогӀешкахь а (дуста: нохч. Алазань-хи, Алацана-меттиг и дӀ. кх. а), ткъа вайн заманахь цу хих-м Туркойн маттахь Мурад-су (тюрк. Су-хи) олу. Цу меттигашкахь хурритийн **Исуви, Алзи** олуш а, иштта кхин а пачхьалкхаш а хилла.

Цхьацца болчу хаамашца хурриташ гайтина бу хӀинцалерачу Иранан Азербайджанехь (нохч. гӀажарийн мохк), царех **матианаш** олуш а хилла. Шерачу арахь хурриташ шаьш дукхах берш а болуш Ӏийна Къилбаседа Месопотамехь, Къилбаседа Сирийн цхьайолчу районашкахь, кхузахь масех пачхьалкх а кхоьллина, царех уггар йоккхах ерг **Митанни** а (дуста: нохч. Меттана, Метта) йолуш (Къилбаседа Месопотами, Иракан территори).

Митанни пачхьалкх лаккхарчу экъан тӀехь зазадаьккхина дӀахӀоьттина хан ю вайн эра тӀекхачале долу XV—XIV-гӀа бӀешераш. Цул тӀаьхьа, Тушратта паччахь веллачул тӀаьхьа шен ницкъаллах йолий Хеттски пачхьалкхан вассал хуьлий дӀахӀутту Митанни. ТӀаьхьуо Митанни территори тӀе даьхкинчу индоирански тукхамех дӀаоь хурриташ.

Амма цхьацца болчу Ассирийски паччахьий йозанан хаамаша (VIII—VII-гӀа бӀешераш (вайн эра тӀекхачале) хьехарехь цу хенахь а Эрмалойн лаьмнашкахь хааелла ю Кегийра хурритийн мотт буьйцу пачхьалкхаш. Иштта цхьаболчу талламхоша дийцарехь **Манна** (дуста: нохч. Мана-цӀе) олучу меттехь **Урми** (дуста: нохч. Умри-цӀе) Ӏома гонаха а хиллачу **Эриси** (дуста: нохч. Элиси-цӀе) пачхьалкхийн паччахьийн цӀераш хурритийн хилла.

Лач болчу хаамашца Геродота **Евфратан Къилбаседа** тогӀи чохь а, **Чорох** хи тӀехь а гайтина болу **Таохаш** а (дуста: нохч. Тахуо-цӀе) хурриташ хилла аьлла ду. Хурритийн меттан йозанан Египтехь а, Палестинехь а, Кипр гӀайри тӀехь а, кхечухьа а карийна ду, цхьадерш кхоччуш теллина а дац. Хурритийн маттахь яздина карийна ду дуьненна а девзаш долу **Гилгамешах** лаьцна долу **Хадис** (легенда).

Лакхахь ма-аллара, хурриташ урартийн хьалхара дай хилла. Церан меттанаш а юххера а хилла.

Урартухь дуьххьара гучадевлла хурритийн маттаца мотт богІу тукхамаш **Уруатри** (кхузара ду Урарту) олуш хилла, схьахетарехь, **Урарту//Уруатри, Хуррит** цхьана орамах ду, кхузахь галдаьлларг коьртачу декъана чаккхе **-т** дІаяькккхича хьалхара **х** — аз ду. Оццу орамах долчух тера ду **Арарат//Айрарат-лам.** И **Уруатри** тукхамаш лакхахь вай цІе яьккхинчу Метанна хурритийн пачхьалкхехь Іийна, и йоьхча юьхьанца **Наири** олуш хиллачу хІокху метте а даьхкина **Муцацир** а, **Ван** Іома гонах Урарту (кхечу агІор аьлча **Биайна** (дуста: нохч., гІалгІ. **Бена//Бений** — меттиг, тайпа), я **Наири** пачхьалкх кхоьллина. Цхьа болчу хаамашца Уруатри тукхамех **Субир** олуш а хилла, ткъа и цІе Месопотамехь хурриташ Іаш болчу хенахь царех йоккхуш а хилла — **Субар** (дуста: нохч. зудчан цІе — Субара).

Урарту пачхьалкха юкъайогІуш 26 тукхамийн кегийра пачхьалкхаш хилла. Кхоччуш нуьцкъала пачхьалкх хилла дІахІоьттина Урарту вайн эра тІекхачале долчу IX-чу бІешеран хьалхарчуй, VIII-чу бІешеран шолгІачуй декъехь. VIII-чу бІешеран шолгІачу декъехь Урарту гІелъелла, цхьана агІор Ассири а, вукху агІор, Къилбаседехьара киммерийцаш а тІелетар бахьана долуш. Цул тІаьхьа Урарту кхин а цхьана бІешарахь лаьттина **Миди** пачхьалкхан юкъахь а йолуш. ТІаьхьуо кхоллаеллачу Персин империн XVIII-гІа Сатрапи хилла а лаьттина Урарту. Оццу хенахь цуьнан Малхбузе районашкахь кхоллаяла йолаелла Эрмалойн пачхьалкх. Иштта Мидех а, тІаьхьуо Персих а йозуш а йолуш. Йоьрзу-уш ерриг а Урарту територи эрмалошкахьа йирзина. Ткъа Эрмалой цу меттигашка Юккъерчу лаьтта хІорда йистера **Килики** олучу махкара кхаьчна. ХІинца а эрмалойн, **-ани, -уни** (Хорхоруни, Арцруни) иштта кхин а суффиксаш тІехьа йолу фамилеш Урарту (Кавказан) лоруш ю, ткъа церан **Нахарари** олуш паччахьалла лелош хилла долчу цхьана декъа цІе а **вайнах, нах, нахч** бохучух доьзна меттигаш а ю хаелла. Вайн эра дІадолалуччу муьрехь Закавказьян территорехь а, Эрмалойн территорехь а **Матиены** (нохч. Метта), **Алароды** (дуста: нохч. Іаларой-тайпа, Іалара-юрт) олуш къаьмнаш билгалдаьхна грекийн историкаша. Уьш урартийн, хурритийн тІаьхье ю аьлла хаамаш а бу. VIII-чу бІешарахь хІинцалерачу Азербайджанан махкахь хилла **хурраминташ** олуш цхьа къам, цара Іаьрбашна дуьхьал гІаттам а бина. Хиллий-те и нах вай бийцинчу хурриташца богІуш? И цкъачунна билгалдаьлла дац. Цу тІехь беш болу талламаш дІабахьа безаш бу.

Вай дуьйцуш дерг дац хІинцалера нохчийн, гІалгІайн къам а и вай бийцина хурриташ, урартхой а цхьаъ бу бохург. 4—5 эзар шо хьалха хилла и къаьмнаш. Мел хийцамаш хилла хІе-

тахь дуьйна! Хийцало къоман васт а. Амма вай талламаш мелла а таханалерачу вайн къаьмнийн схьадовларан орамаш лахаран Іалашо йолуш беш бу. Ткъа и орамаш цу вай йиийцинчу меттигашка дІадоьлхуш хилар масалша гойтуш а ду, дуккха а болчу Іилманчаша XIX-чу бІешарахь дуьйна чІагІдеш а ду.

ХІокху тІаьхьарчу заманахь вайнехан меттанаш оцу гІуллакха юкъа озоро хьалхенгахь нийса бина боцу чІагІамаш Іора а бохуш, Іилма нийсачу новкъа даккхарна йоккха дега йовхо кхоьллина.

### ІУЬЙРЕ, СУЬЙРЕ

Кхузахь вай совцур ду **Урарту-Хурритийн**, вайнехан, схьахетарехь, цхьана орамах долчу шина даша тІехь.

**Хурриташ** дуьххьара шаьш бехаш Іийначу церан шайн къоман ага лоруш хиллачу меттехь (Евфрат, Тигр олучу шина хин юкъ, Шумер пачхьалкх хиллачу меттигана къилбаседехьо) ши лам хилла, цхьаъ малхбалехьа, важа малхбузехьа нислуш а болуш. Малхбалехьа болчух **ХІурри** а, малхбузехьа болчух **Сери** а олуш хилла. И ши лам динан хьесапехь чІогІа лоруш а хилла, **Іуьйре, суьйре** цу шинца билгалъеш а хилла. Малхбалехьа болчунна тІехьара малх схьагучабаьлча, Іуьйре лоруш, малхбузехьа болчунна тІехьа малх дІалечкъича, суьйре лоруш а нислуш хилла-кх гІуллакх. Оцу тайпана лоруш лаьмнаш вайн лаьмнашкахь а хааделла ду. Масала, Шарахь, цигарчу вахар хочо Мажиев Іумархьажас дийцарехь, и ваьхначу Буьти юьрта уллохь Кхачкара-лам олуш лам хилла, цу ламанан коьртехь кхаьле олуш билгалйина токхам хилла. Іуьйранна малх схьакхетча, **«Іуьйренан кхаьле малх баьлла»**, олуш хилла, делкъахан хилча, **«делкъанна кхаьле малх баьлла»** олуш хилла, суьйранна малх дІабузуш **«суьйренна кхаьле кхаьчна малх»**, олуш хилла. Шеран хенаго билгалбеш лаьмнаш а хилла. Цу лаьмнийн шайн цІераш а хилла **Іуьйре, суьйре** дешнашца йоьзна. Масала, ТІерлахь хилла **Іийре дукъа** олуш лам. Хаза шера акъаре хилла кхузахь, Іуьйранна дуьххьара схьакхета маьлхан зІаьнарш уггар хьалха кхуза кхочуш хилла. Наха чІогІа дукхаделанийн динан хьесапца лоруш а хилла, кхуззахь хилла иштта лоруш **Іийра-чие** олуш меттиг а. **ЧІаьнтахь Іура-тІехьа** олуш а, **Іура кІел** олуш меттигаш а хилла. Уьш а хилла ламанхоша шен заманахь лоруш меттигаш. Суьйренца йоьзна цІераш йолуш а хилла лаьмнаш: иштта **Сайр** цІе йолуш лам бу **Гучум-Кхаьлла** юххехь. Кхузара ю **Сайруой** олуш йолу тайпанан цІе **(Рой-суф)**, **Сайруой** хьехехь олуш меттиг а хилла цу ламанан басахь. **Суьйра корта, шина суьйра юкъ** олу Грозненски районехь йолу меттигаш, **Сората** олу Варандара лам а цу цІарца лоруш, царна кортош детташ хилар чІогІа даьржина гІуллакх

хилла вайнехан, церан ширачу динан заманахь. Масала, иштта хилла **Эртин-корта, Эрсан-корта** (Веданан р-н); **Метт-лам** (оьрс. **Столовая гора)** ГӀалгӀайчохь; **Гели-корта (Зумса)**; **Дакох-корта, ТӀеболт-лам (МӀайста),** и. дӀ. кх. а.

Дерриге а Башлам кортош а, Казбек олу Башлам а тӀехь, иштта хьалхалерчу динца доьзна лоруш хилла вайнаха. Вайн кхузахь бийцаре бечу хурритийн шина ломах чӀогӀа тарлуш ду вайн Казбек лам малхбалехьарий, малхбузехьарий ши корта болуш хилар. Вайнаха цу шина коьртах иштта олуш хилла: «Малх болучу агӀорара корта», «Малх дӀабузучу агӀорара корта» (хьовса: Ш. Дахкильгов. «Виначу махках лаьцна дош» книга. Грозный, 1989, агӀо 100). Хурриташа шаьш лоруш хилла ши лам стеран вастаца бузуш хилла, хӀунда аьлча, сту церан деза лоруш хьайба хилла. Вайнехан а хилла иштта: масала, цхьа мехала гӀуллакх деш сту буьйш хилла. Иштта деш хилла, масала, цхьана тайпано важа тайпа тӀеоьцуш хилча. Иштточу гӀуллакхца доьзна сту бер бахьанехь кхоллаелла Шела-юьртана къилбехьа агӀор йолу «Тубийна арие» аьлла йолу меттиг. Кхузахь дагадогӀу «дуьне стеран маӀаш тӀехь лаьтташ ду, цо корта ластийча мохк а бегабо» аьлла долу нохчийн хадис а.

Вайн лакхахь дийцинчо гойту вайнехан, хурритийн динан-ламастан гӀуллакхаш историн планехь схьаэцча, цхьаьна догӀуш хилла хилар.

ХӀинца гойтур вай дешнийн кеп цхьаьна йогӀуш хилар а. Хурритийн **хӀурри**, аьлла ма-хиллара ломан цӀе а, Ӏуьйренан хенан цӀе а. Гучудаьлла ду меттигийн цӀераш тӀаьхьо хенан маьӀнехьа йовлуш хилар. Цу тӀе доьгӀна аьлча, хурритийн ломан цӀе хенан цӀере йирзина хилар кхетош ду. Иза вайн Ӏуьйре бохучу маьӀне яьлла. Иштганиг хааделла ду вайнеха меттанашкахь а. ХӀокху могӀанийн авторан дийнна статья ю цунах лаьцна язйина, «Пространство и время в представлении вайнахских племен», аьлла цӀе а йолуш. Бакъду, зорба тоьхна яц.

Делахь хӀета, дуста хурр. **хӀурри**, нохч. **Ӏуьйре, Ӏура**, гӀалгӀ. **Ӏурра, Ӏуйрие, Ӏура**, кист. **Ӏуьрие, Ӏуьррие**, чӀеб. **Ӏиврие**, бацб. **Ӏурдние.** Ширачу заманан жуьгтийн маттахь **хӀори** аьлла хилла и дош, дуста нохч. **Ӏора** (даккха). Хурритийн шайн къоман цӀе цу дашах ю **хӀурри/хӀорри.** И кхоллало, схьахетарехь, **хӀурри** бохучу орам тӀе (дуста: нохчийн **тӀа**) тӀие, боху дештӀаьхье а кхетий. Кхузахь гуш ду и къоман цӀе меттиган цӀарах кхоллаелла хилар **т (тӀа)** — тӀе а кхетта, дуста вайнехан **Ӏура тӀе** — меттиг (тӀаьхьара аз охьадожар вайн маттахь а хааделла ду). Кхузахь шеко кхуллу хурритийн дашна хьалха **хӀ** хиларой, вайнехан дешнаш хьалха **Ӏ** хиларой.

Амма кхузахь тидаме эца дезаш ду хурритийн вариантехь а Ӏаьрбийн, **айн,** олу аз хилла хилар, ткъа иза вайн къамкъар-

ган I-ца догIуш ду. Амма вай пайда эцначу хьостанийн авторш оцу озах ца кхетар бахьанехь цара вайна ма-гарра далийна иза. ТIаккха а вайн меттанаш вовшех къаьстина дIадаьллачу 4—5 эзар шерийн дохаллехь мелла а вовшашна дешнаш генадала дезаш хилар а ду меттан законашца догIуш. Иштта кхолладелла ду нохчийн цхьайолчу варианташкара кIеда аз-элп **(уь)**, диалекташкахь иза дан а дац. Оха хьалхенгахь биначу талламаша а гойту оцу хьалхарчу шатайпанчу озах Iилманчийн цакхетар бахьанехь цуьнан иштта варианташа — **урарту, урартру, Арарат** (лам) кхоллаялар а, иштта кхузара лору хьалхалерчу грекийн Iуьйренан делан цIе **Аврора** а.

Амма кхин а дика кхетадо вай и гIуллакх цу дешан морфемийн латтам къасто доьлча.

Вайнехан меттан гIирсашца къастадо вай и гIуллакх цкъачунна. Иза иштта ду: **Iу** — орам кхузара ду **Iа** — зима, **Iа** — находиться, **Iу** — пастух, чабан, **Iаьвла** (**Iа** — зима бохучуьра), **Iовларг** — **Iай** бина Iахар, (**Iовларигов** — фамили а ю), **Iаьвлакхор, IаьвлаIаж, Iаьвлабуьччалг,** и. дI. кх.), ткъа **-р (-рр), -ие** — меттигийн суффиксаш). Вайнехан меттанаша и морфемни къастам бан вайна таро ло, амма кхоччуш иштта дуй-те иза хурритийн, урартун варианташкахь тешам боллуш тахана вайн олийла яц, амма хетийла ю. И хетийла вайн совйолу хуррито-урартийн маттахь, вайнехан меттанашкахь а санна, дешнаш цхьана декъах — лаьцний, хецний шина озах — лаьтташ хилла аьлла болу Iилманчийн хаам тидаме эцча. Делахь хIета, хIуррито-урартийн маттахь цу дешан орам вайнехан меттанашкахь а санна **Iу//Iа, хIу//хIа** хилла. Ткъа важадолу дакъош **-р//-рра, -и//ие** — исторически планехь суффиксаш яцахь кхин хIума хуьлийла а дац. Кхузахь тидаме эца догIу хурритийн дешан чакке **-и** я дифтонг **-ие** ю аьлла хилар а.

Хуррит. **Сери,** урарт. **Сел** (л ← **р** хила тарлуш ду). Кхузахь, лакххахь аьлла ма-хиллара, ломан цIе хенан цIарехьа йирзина, дуста: нохч. **суьрие, сара, сарахь,** гIалгI. **сайрие,** кист. **сейр,** чIеб. **сиврие,** аьккхин. **суьйрие,** бацб. **псарло.** Кхузахь къаьсттина юххера ю хурритски вариантана кистойн вариант **сейр.**

Цу цIерийн йолуш йолу башхалла дIаяьллачу хан-замане хьаьжча, йоккха а яц, меттан законашка диллича, хила йогIуш а ю.

Цу цIарца билгалдаьхна лаьмнаш хилар вай лакххахь гайтира. Делахь хIета, гойтур вай цуьнан латтам: орам **са** — латта, меттиг, хилар гайтина ду; **-ра//-ие** — меттиган суффиксаш, орам **са** юкъахь болуш дукха меттигаш ю вайн лам чохь, масала, **Сада** (ЧIебарла), **Саьтта** (Шуьйта Шуьйтан р-н), **Садуой-корт** (Махка тIе — юьртана юххехь, **Сандаха** (Шара), **Эрдсана** (Эрсана-юрт Веданан р-н); **Сайра-дукъ** (Гучум-Кхаьлла, Шуьйтан р-н),

**СоратIа** (Варанда), **Суьйра-корта** (Грозненски р-н), **шина суьйра юкъа** (кхуззахь), **Садуой** (тайпа), и. дI. кх. а.

Вай хьалха ма-аллара, и дош а юьхьанца меттиган маьIнехь лелла, амма тIаьхьо хенан маьIне а дирзина. Иштта кхолладелла **суьйре** а, **сарахь** а, **суьйренна** а, **буса**, **сахила**, сада, **седа**, **селхана**, **стомара**, **самара** (Теркайист), и. дI. кх. а.

Кхечу Кавказан меттанашкахь а хаало и орам хьовса: **Сакарт-вело** (Гуьржийн мохк), **сванети**, **сакисто** — кистойн мохк, и. дI. кх. а.

Схьахетарехь, Кавказски меттанийн юкъара дукха хьалхалера орам бу иза. Кхузахь тидаме оьцур вай вайнехан меттанаш кавказски дуккхаъчу меттанашца шен схьабаларца уьйр йолуш хилар а.

## ШУБРИА — КХИН ЦХЬАЪ ХУРРИТИЙН ПАЧХЬАЛКХЕ

Хазахеташ ду хурритех, урартех болу хаамаш дено-дено совбовлуш хилар. Ала деза, цу гIуллакхехь эрмалойн Iилманчаша лоцуш долчу декъах лаьцна. Цара и гIуллакх до эрмалойн къам схьадаларан некъаш толлуш, хIунда аьлча, хууш ду, урарто-хурриташ эрмалойн къоман кхолладаларан бух хилла хилар. Иштта хууш ду оццу буха тIехь таханлера нохчий, гIалгIай кхоллабелла хилар а. ХIокху тIаьхьарчу шерашкахь иштта белхаш язбина эрмалойн Iилманчаша: Н. В. Арутюнян «Топонимика Урарту». Ереван, 1985. М. Л. Хачикян. Хурритский и урартский языки. Ереван, 1985; А. Н. Саркисян. Страна Шубриа. Ереван, 1989, кхин а.

ХIинццалц вайн дешархошна евзаш яра хурриташа — вайн геннарчу дайша—кхоьллина йолу иштта пачхьалкхаш: **Урарту** (я **Биайни**, я **Уруатру**), **Хурри**, **Митанни**, **Диаухи**, **Килхи**, **Ардини**, **Мана**, **Албани**, **Цанара**, иштта Кипр тIехь пачхьалкхе а. Амма **Шубриа** вайна хIинццалц башха евзаш а яцара.

Эрмалойн Iилманчаша бинчу талламашца и пачхьалкх Ассири, Урарту шина пачхьалкхана юккъехь, Сасун лаьмнашкахь Iуьллуш хилла, хурриташа кхоьллина а, церан юьхьанца хиллачу Субар//Субарту цIарца билгалйина а хилла (дуста: нохчийн Субăра — зудчан цIе). Ткъа Субăр — **Шубриа** дешнашкара башхалла с∼ш меттан законашца хила йогIуш ю. **Шубриа**, **Урарту**, **Ассири** пачхьалкхашка диллича лай бацор къиза доцуш (леш чохь-кертахь бацош бен кхузахь хилла а бац), демократически, адамана даха паргIатуо йолуш пачхьалкх хилла, цундела **Урартура** а, **Ассирера** а бахархой бовдий кхуза баха богIуш хилла. И бахьанехь Ассирис а Урартус а, сиха-сиха цуьнца тIом латтош а хилла. Шен лаамехь пачхьалкх хилла

лаьттина **Шубриа** вайн эра тӀекачале долчу 9 бӀешеран юккъехь дуьйна VI бӀе шеран юккъалц.

Юьхьанца, дукха хьалхе дуьйна а, кхузара ораман къам субарш-хурриташ хиллехь, тӀаьхьуо эрмалойн къам кхоллало кхузахь. И хийцамаш гайтина бу эрмалойн «Давид Сасунский» аьлла йолчу эпосехь а. ХӀинца гойтур вай кхузара адамийн, деланийн, меттигийн цӀераш вайнехан маттаца а юстуш.

Кхузарчу коьртачу делан цӀе **Тешуб.** Цуьнан орам **Теш** вайнехан **Туш** дашца богӀу. Иза делан цӀе хилла, тӀаьхьуо адам дехачу меттигах а Туш олуш хилла, дуста: мича Туьшара ву иза, неӀалт хьан Туьшана; Туьшах ловзар и. дӀ. кх. а. Цу дешан тӀаьхьара дакъа — **б пхьа** — адам, цӀи бохучу дешан эхиг юй-те, аьлла хета. Тайп-тайпанчу дешнашца ялош а хилла и цӀе. Масала, паччахьан цӀе **Никх-Тешуб**, цуьнан кӀентий: **Лиг-Тешуб, Шерпи-Тешуб**; паччахьан вешин цӀе **ХӀу-Тешуб. И** хьалхара дакъош хурритийн ду аьлла ду. Цуьнан маьӀне хьовсур вай: **никх** — иза вайн **никх** — «улей» дуй-те аьлла хета, накхарш вайн дахарехь доккха маьӀна а долуш деза лоруш шира гӀуллакх хилла хилар дагалаьцча. Ткъа иштта шира мехала дешнаш делан цӀерца лелаш хилла хилар гучудаьлла ду. **Ника** — боьршан стеган цӀе а ю, НикӀа а олу. Цигара хила а мега и вай юьйцу цӀе.

**Лиги** — и вайн **дика** бохучара дуй те аьлла хета, **-л, -д** — Мазаакъ боьлла классан гайтамаш, хьовса: нохч. доцу, боцу, воцу, йоцу, гӀалгӀ. лоац — короткий, (**д, б, в, й, л** — классан гайтамаш); довха, бовха, вовха, йовха, ховха, товха (**д, б, в, й, х, т** — классан гайтамаш) и. дӀ. кх. а. Дика хӀума олучу маьӀнехь ликӀа дош даладо вай наггахь, масала, ликӀа зуд, и. кх. а хӀу — хьалхалера шира дош: и стаг сан хӀух ву олу, хӀу цхьаъ ду тхан, хӀу да шу, хӀутесна — дебна олучу маьӀнехь. И дош паччахьан вешина, я цуьнан кхечу агӀор гергара ву аьллачу стеган цӀарна хьалха далийна ду, доцца аьлча паччахьан хӀух волчу стеган цӀарна хьалха — **ХӀу-Тешуб.** Цо а гойту и гӀуллакх иштта вай ма-баххара хила мегаш хилар. Вай юьйцу топоним мехкан цӀе иштта варианташ йолуш хилла шайн лулахойн меттанашка хьаьжжина: Куршубриа, Куршубре, Куршубура, Куршубарту (аккадский йозанашкахь), Шубурки (шумерийн мотт), Куршубари (ассирихой). Кур меттана **мат** вариант а ялайо Ӏилманчо И. М. Дьяконовс: Мат-Шубриа, Кур мат — мохк кхузахь далийнача маьӀнехь тидалуш дац, кӀур-дым аьлла дацахь, ткъа **мат-мохк** я **меттиг** аьлла тидало (дуста: **метта-мотт, жамат, пхьамат** и. дӀ. кх. а.). Делахь хӀета **Кур-Шубриа,** я **Мат-Шубриа.** Шубрийн//Субрийн мохк аьлла тидар нийса ду. Цул сов, Цу дешан тӀаьхьара **ин** доланиг дожаран чаккхе ю аьлла лакхахь цӀе яьккхинчу Ӏилманчас И. М. Дьяконовс дина

жамI а нийса ду. И тайпа чаккхе доланиг дожарехь вайн хIинца а ю: хьовса, масала, Шубри//Шубра я чIеберлойн маттахь аьлча **Шубрай мохк**, Нохчи мохк, нохчай мохк и. дI. кх. а. Кхузахь гуш йолу башхалла **-а (-и) -й** хан — зама яларца кхоллаяла тарлуш ю. Иза меттан кхиаран законашца нийса а догIу.

Оцу вай тIахьара хьахийначу Iилманчас **Субар//Шубар** олу къоман цIе (иштта олуш хилла хурритех хьалха, хьовса лакхахь) **су**-арие я **ариена** дегI аьлла тидда. Тхуна хетарехь гIуллакх иштта ду.

Вай хьалхарчу статья тIехь дийцира хурритийн юьхьанца хиллачу территори тIехь **ХIурри, Сери** олуш ши лам хилла аьлла. Вайн меттан материалашца а, Iилманчийн ойланца а оцу шина ламанца билгалъеш хилла Iуьйрей (ХIурри), Суьйрей (Сери). Цул сов, вай гайтира хурриташ Урарту, Уруатру, Арарат, греч. Аврора, нохчийн гIалгIайн Iуьйре, Iура, Iийре, Iар, Iа, Iу иштта кхидерш а цхьана **Iа/Iу** орамах лаьтташ хилар.

Цул сов, **Сери, суьйра, Сара,** селхана, **сийсара,** Сайрой (тайпа), **Сайрой** дукъ са — меттиг, латта, «пространство», мохк, Санда (топоним), Сьтта (топоним). Иштта кхидерш а цхьана са//су орамах лаьтташ хилар. Амма хурритийн и орам шен цIерехь болуш мохк я пачхьалкхе хилар цу статья тIехь вай билгал ца дира материал цахиларна. Амма цул тIаьхьа гучаевллачу материалаша вайна гойту и орам хурритийн дуьххьара хиллачу **Субар/Субир** цIерехь, схьахетарехь, хилла хилар.

Иза ишта ца хуьлийла дацара. Нагахь санна хурритийн дуьххьарлерачу динан атрибут хилла лаьттинчу шина ломан цхьаьнна — **ХIурри** цIе ишттачу хурритийн тайпанийн а, пачхьалкхийн меттигийн цIерийн орамехь нисбелча — хIурриташ, **Урарту, Уруатру, Арарат,** — вукха ломан **Сери** цIе йоцуш тайпа къам (я цу тайпанан цIарах пачхьалкх ца хилар тамаша бойтуш дара. Делахь хIета и галморзахалла дIайоккху и **субар** орам вай юьйцуш йолчу **Шуприа) Шубриа** цIеран орамахь нисбаларо. Вай лакхахь ма-аллара, И. А. Дьяконовс «Су степь» я «тело степи» аьлла тидда и цIе. И дарца Iилманча цу дешан, аьлча а **Су** декъан юьхьанцарчу маьIнена юххе веана. Амма тхуна хетарг иштта ду: су — **пространство, арие, ткъа шолгIачу** декъан **бир** юьхьанцара маьIна тахаŋалерачу денна къасто материалаш вайн йоцуш ю. ТIе йолчу ханна и гIуллакх таллар дIадахьа дезаш ду. Хетарг аьлча иштта ду: бир вайнехан **пхьа** дашца дозаделла дуй-те аьлла хета, ткъа иза адам деха меттиг маьIнехь хилла, хIинца а ламанан а, кистойн, бацой маттахь иза «юрт» бохург ду. Делахь дерриг «Субир» дешан этимологи иштта хила еза: аренан юьртар адамаш аьлла.

Хьалхалерачу вайнехан меттан кхетамца дуьненан есалла (пространство) шина декъе екъаелла хилла: Цхьана хIуманна чуьра есаллий, арахьара есаллий; чуьра есалла **-Iа//Iаь//Iу.** Кхузара ду хурриты, Урарту, Арарат, греч. Аврора и кх. а.

Арара есалла **-са//су,** кхузара ду **са** — арие, меттиг, мохк, пространство, и вай лакхахь йийцина цIераш — субару//субарту Шуприа а (с—ш). Амма гIуллакх тIаьхьуо хийцало: **Iаь—Iа** меттана **чоь, чу** лела долу — (дуста: Iоь, чоь а яц), **са** меттана **мохк** лела долу, масала, хууш ду **мохк а са** синонимаш хилла лелаш меттигаш. Иштта МахкатIе-юьртах цхьа бIе шо хьалха а **Сада** олуш хилла. **Махкана тIехьа** долу **тIе** а, **сана** тIехьа долу **да а** ю синонимаш; дуста: хуланда//хулантIа, Пхьеда//ПхьетIа, ламда (ламанан диалект), лам ТIе (арара мотт) и дI. кх. а. Делахь хIета **Iу, Iа,** долуш нисьелла цIераш — **хурри, хурриты, урарту, уруатру «чоьхьарнаш»** бохучунна тIедогIу; **са су** орамехь долуш нисъелла цIераш — **субар, субарту,** шубриа «арахьарнаш» бохург хуьлу. Ала лаьа и дерриг а кхин а талла дезаш хилар.

## ШЕМАХУЛА

Шема... Хьалха заманахь иштта олуш хилла вайнаха хIинца Сири олучу махкахь, къаьсттина а Дамаск (нохч. Демшик) гIала йолчу декъах. Шаш олуш хилла цу махках оьрсийн XIX-чу бIешеран литературехь. «Ша ма-ярра **Шема** ю хIара», олуш хилла вайнаха цхьана дукха хазна йолуш хьолечу меттигах а.

1989-чу шеран октябрь-бутт болалуш цу махка гIойла хилира сан. Бахьана — нохчийн таьптаршкахь и мохк вайнах схьабовларан кхерч бу, аьлла хаамаш хилар дара. 3—4 эзар шо хьалха вайн геннара дай кхузахь Iийна хиларан лар яра ас лоьхург.

Вайн дай лоруш болчу хурритийн (Iаьрбаша хIорж олу царех) цхьа дакъа къилбаседан Сирийн лаьтта тIехь а, Дамасск юххехь а Iийна хилар билгалдаьлла ду Iилманехь а (хьовса лакхахь).

Суна кхузахь карийнарг иштта дара. Кхузахь иштта цIераш йолуш гIаланаш ю: **Латаки, Тортовс.** Юстур вай и цIераш нохчийн Матака — зудчан цIе (Сиречу Iилманчаша и гIалин цIе зудчун цIарах кхоллаелла хилар къобалдеш ду); л→м долуш хилар меттан Iилманехь хааделла ду; **ТIуртIа, ТIуртIуз** (нохч. божарийн цIераш); Т→ТI хилар меттан законашца догIу. Хьовса иштта ТIуртIуз (вала). Оцу дашо дагадоуьйту и гIала **(Тортовс)** вайн эран III, X-чуй бIешерашкахь мохк бегийна кхоччуш йоьхна, хаьрцина дIаяьлла хилла хилар. Цуьнца доьзна дуй-те вай далийначу нохчийн **ТIуртIуз** (вала) бохучу дешан маьIна,

ткъа иза «хаьрцина дIавахана» бохург ду — «Вехна ТIуртIуз ваьлла» а олу.

Кхузарчу Iаьрбийн Iилманчаша **хурритех «хIори»** олу. И цIе йолу лам а бевза царна (хьовса лакхахь). Iаьрбийн цу къомаца хилла йолу исторически а, культурни а уьйраш къобалйо Iаьрбийн Iилманчаша.

**Алеппо** — гIалин музейхь хилира тхо (Iаьрбаша цу гIалех **хьалб** олу, нохчийн таьптарш тIехь а оцу цIарца евза и гIала. Вайнах цигара я цу юххера схьабевлла олуш а хезна суна вайн дешначу наха. 7 эзар шо хьалха кхузахь адамаш даьхна хилар гучадаьккхина археологаша).

Кхузарчу музейн гидо шен хаамашкахь ялийра кху маххкахь эзарнаш шерийн йохаллехь кхоллаелла а, яйна а йолчу пачхьалкхийн а, церан делийн а, паччахьийн а цIераш. Уьш иштта яра: Мари — дуьххьара кхузахь хилла пачхьалкх.

Цу дешан орам вайнехан ширчу заманан маьлхан делан **ма** цIарца богIий-те аьлла хетало (**-ри** — суф.), къаьсттина а цу пачхьалкххехь коьрта дела маьлха дела хилла хилар дага лаьцча муххале а. **Хьадод** — дорцан, механ дела, йуста: нохчийн стеган цIе **Iадод**. Хууш ду, лакхахь аьлла ма — хиллара, делан цIераш тIаьхьо адамийн цIерашка йоьрзуш хилла хилар.

Оьрсийн а, кхечу Европерачу а Iилманчаша бинчу талламашкахь и цIе **Адод** аьлла ялийна ю. Иза цу Iилманчашна **хь**, **I** аьзнаш девзаш цахилар ду, ткъа нохчийн **I**, Iаьрбийн **хь** а вовшашна башха генара а дац. **Иштар//истар** — зударийн дела. Дуста нохчийн **Эшта**, **Ашту** — хьалхарниг стеган цIе, шолгIаниг зудчан цIе, дуста иштта гIалгIайн **истие** — зуда, нохч. **стие**. **Хепа//Хепат** — хурритийн зуда — дела, нохчийн **Хепа** — зудчан долахь цIе.

Иштта вайнехан цIерашца йогIура еллачу **Пальмира Шахьаран** беттан, маьлхан цIераш а.

**Дамасскехь** вехаш волчу аьккхи тайпанан Махьмуд Воппи стагаца вовшахкхетийла хилира тхан.

Цо иштта хаамаш белира суна. И хаамаш цо яздархочунна Нунуев Хьамзатана а белла хиллера ша ДегIастана веана волуш. Уьш цо 1990-чу шеран январехь арадаьллачу «Ленинан некъ» газетехь зорба тоьхна а бу. Делахь а тхаьшна хетачу агIор уьш бало лаьа тхуна.

КъорIана тIехь буьйцуш болчу ХIуьрлаIана мехкарийн цIе вайн генарчу дайн **хIори** цIарца юзу Махьмуда. Цунна хетарехь, и дош иштта декъашха лаьтта.

**ХIур//хIор -л -Iайн (ХIор//хIур** — къоман хурритийн цIе, **-л** — билгалонан артикль, **айн** — бIаьрг, шовда). Iаьрбийн меттан законашца лерача хIорийн зудабераш я, цо ма-баххара

«ХӀорийн Ӏаьржа бӀаьргаш долу зудабераш» олий ца тидало и цӀе. И гӀуллакх кхин а талла деза, тхуна хетарехь.

Амма цу цӀеран тӀаьхьара дакъа **Ӏайна** вайнехан **Ӏайнаъ** аьлла йолчу зудчун цӀарах тера-м йогӀу. Махьмудана хетарехь, Египтан хазаллица гӀараяьлла йолу зуда — паччахь Нефертити хурритийн йоӀ хилла. Ткъа Египтан паччахьийн хурриташца хилла захалонаш а, кхидолу гергарлонаш а историн бакъдерг ду.

Махьмуда иштта тоьшалла до историн литературехь **хурритех нохши** олуш хилла хиларна а, ткъа иштта цӀе йолуш Шемахь мохк хилла хиларна а. И цо дешна хьалхалерачу Египтан паччахьан **Тутмос-3** динчу зайлйозанехь. Иштта дуьйцу Махьмуда Египтхоша **Митанни** олучу хурритийн пачхьалкхех **Нахири** олуш хилла хилар а. Ткъа хууш ду цу шина а дешан орамаш вайнехан меттанашца тидалуш хилар: **метта, нах** — орамаш **-ни, -ри** — меттиган суффиксаш: **Гуьна, БелгӀани** (гӀалгӀ.), **ЦӀоьнтара** иштта кхин а (хьовса лакхахь). И дерриге а до Махьмуда цхьацца авторшна тӀе а тийжаш.

Масала, Филин Хетти автора яздо бохуш дийцира цо: «ЦӀечу хӀорда йистехь бехачу Ӏаьрбийн цхьана декъах хурриташа «Кхенах» олуш хилла», — аьлла. Ткъа и дош вайн маттаца тидалуш а долчух тера ду **кхинах.** Дустур вай урартхоша шайн луларчу къаьмнех **лулуби** (лулахой) олуш хилар (**-би** — вайнехан (бацойн) дукхаллин суффикс, бацоша шаьш шайх **бацби** олу).

1988-чу шарахь И. Ш. **Шифмана** араяьккхинчу «Угаритское общество» книги тӀехь ду, — бохуш, дуьйцу Махьмуда кхин дӀа а, — цхьанна а долахь доцчу нехан лаьттах **«Неха латта»** олуш хилла бохуш, ткъа долахьчу меттигах **Шимат** (дуста нохч. **Шиематт** (меттиг)). Бежанийн Ӏуьнах **Ӏу** олуш хилла (Шифмана и дош хьалхарчу озах, ша цакхетар бахьанехь, у аьлла далийна).

**Дамаск** гӀалина юххехь **Башан** олучу меттехь керла эра тӀекхачале 1100 хьалха **Ӏуж** цӀе йолуш паччахь хилла.

И паччахь жуьгташа шаьш вийна, аьлла дитина йоза ду. Дустур вай нохчийн **Ӏужа** — цхьаъ бен воцу, вазвина лело стаг, «Воцчунна вина Ӏужа-м вац хьо» олу.

Хурритийн герб ши тӀам болу малх хилла, цуьнан лар хаалуш ю вайн ширчу кешнийн чарташ тӀехь а, истангаш тӀехь а, иштта кхечухьа а.

**Мархьаба, хьекъал** вайнехан Ӏаьрбийн а юкъара дешнаш шайн схьадовларца вайнехан (хурритийн) ду бохуш дийцира Махьмуда, хьовса: **мар—мор, мара** (кхета), **хьа** — (схьа) **сюда, ба — неси; хьекъал** — хье, къал (этимологи дика къаьсташ яц). Иштта О. Генри **«Хетты»** аьлла йолчу книги тӀехь хуррийтех хиллачу Кинкулис хурритийн маттахь хурриташа говраш Ӏа-

лашъярехь Зеделлачу буха тIехь язйина инструкци ю аьлла хаам бу. Дуьххьара говраш караIамийнарш хурриташ бу аьлла хаамаш а бу (хьовса цIе яьккхина книга). Делахь а дерриг а кхоччуш билгалдаьккхина дац, тIе а талла дезаш ду. Сирехь болчу вайнехан ши юкъаралла ю. Цхьа юкъаралла Дамаскехь Iаш берш ю.

Уьш 200 доьзал бу, 1968-чу шарахь Израил пачхьалкх тIелетта Голанан лакхенашкахь йолу шайн **ГIунайтара** (кхузахь орам **гIу, бу -й,** дукх. суф. **-тIа, -ра,** мет. суф.) олу юрт йохийча Дамаске баха хевшина тайпанан аькkхий бу.

Важа юкъаралла Рас-эль Iайни (нохч. хи-коьрте) олучу **Алеппо**-гIалина 350 км гена, къилбаседа Сирехь, Туркойн пачхьалкхан дозанехь йолчу меттехь ю. Уьш кхузахь бехан, цара бахарехь, 140 шо ду. Церан кхузахь 3 юрт ю. Царех шинна цIераш: **Хи-корте, БотIкъин-юрт.** Коьрта ерг **Хи-корте** ю. Кхузахь ишттачу тайпанийн нах бу: **ЦIонтарой (Тесакхаллой), Буьлктой, Харачой, Нихалой** и кх. а. Уьш нохчийн тайпанаш ду. Кхузахь гIалгIайн **КортоевгIар** а бу, эрштхойн **БулгучевгIар** а, **ЦечоевгIар** а, **ГандалоевгIар** а иштта кхиберш а бу. Нохчийн тайпанаш **Хи-кортехь** деха, гIалгIайн, эрстхойн тайпанаш коьрта долчу декъана дукха шина юьртахь деха. Цара массара а шаьш шайх **вайнах** олу. Кегийрхошна вайнехан мотт ца хаьа, баккхийчарна хаьа. Амма церан маттехь Iаьрбийн дешнаш дукха ду, Кавказерачу вайнехан меттанашкахь оьрсийн дешнаш санна.

## КХИН ЦКЪА А ХАМЕКИТЕХ ЛАЬЦНА

«...Кхузахь цхьа хIуьнех дина троглодиташ а (хьехнашчохь бехарш) бу, шийла хиларна хьехнаш чохь беха уьш, шортта ялташ а хуьлу церан. Троглодиташна дехьа беха цхьа хамениташ я полифагаш (дукхаюурш) олу къаьмнаш».

Иштта дуьйцу вайна хьалхалерачу грекийн Iилманчо-географа Страбона вайн зама дIайолалучу юьххьехь герггарчу хьесапехь Нохч-ГIалгIайн хьалхалерачу территори тIехь Iийна долчу а, хетарехь, вайнехан хьалхалера дай бу аьлла Iилманчаша [1] далийна долчу а къаьмнийх лаьцна.

Дуьххьара Нохч-ГIалгIайн хьалхалерачу территори тIехь хилла хила мега аьлла ялийна йолу а, иштта цхьамогIа кхин а Страбона «географи» тIера этнонимаш (къаьмнийн цIераш) гайтина волчу проф. Е. И. Крупновн материалийн буха тIехь «Хамекиты» боху цIе гIалгIайн тайпанан а, меттиган а Хамхи//Хамха олучу цIарца йозу [2]. Цул сов, оцу цIарца цхьана ялийна йолу важа цIе «полифаги» оха ца къастош йитира, хIунда аьлча «Географи» текст тIехь къаьсташ дац, я «хамекиты» олучу

тукхамах лаьцна ялийна ю, я кхин ша къаьсттина долу тукхам гойтуш ялийна ю и цIе.

Гайтина болчу тхан балха тIехь хамекиты цIе гIалгIайн Хамхи//Хамха олучу тайпанан а, меттиган а цIарца а йоьзна, гайтина и цIе йолчу юкъараллин ша гIалгIайн тоьлла долу тайпанаш схьадевлла кхерч хиларе терра йолу агIонаш [3]. Ларамаза дац оцу меттигах гIалгIайн халкъо «ГIалгIачие» «гIалгIа+чие» (нохч. чоь) — дештIаьхьие) олуш хилар. Цо а гойту хамхи//хамха олучу юкъараллин гIалгIайн халкъан исторически кхолламехь хилла долу ша тайпа маьIна.

Лаа дац ерриг а коьрта йолу гIалгIайн дIаяханчу хенан духовни а, материальни а культуран памятникаш кхуззахь, хамхойн кIоштахь хилар. Иштта ю ЦIу делан динан а, керста динан а къуббанаш Ауш-Сиела, Алби-Ерда, Ткъабаерда, бIаьвнаш а, иштта кхиерш а.

Иштта лаа дац догIанан, механ, деррига стигалан беркатан а Тушол-делан къуббанаш кхузахь хилар а.

Кхуззахь гена йоццуш ю кхин а гIалгIайн къома историехь ша къаьсттина Хамхига нийсса аьлла меттиг дIалоцуш йолу КIошта — «ТIаргим» (гIалгI. «ТIаргIам»).

Кхузахь далор бегIийла хета тхуна Картлис Цховреба (Гуьржийн-мехкан истори) тIера иштта аьлларг: «Эрмалойн, картвелийн, ранийн, моваканхойн, геройн, монахийн, мегрельхойн, кавказхойн цхьа да — **Таргамос** хилла... Меттанаш вовшах къаьстинчул тIаьхьа уьш массо а мехкашкахула дIасабаьржира... Цундела **Таргамоса** дуккха а гараша юкъара схьакъаьстира шиъ: лекоссий, кавказоссий. Лекосана цо белира Дарубандски хIорда тIера Ломехи-хи тIе кхаччалц, Къилбаседехь Хазарийн доккхачу хи тIе кхаччалц болу мохк, ткъа Кавказосана цо белира Ломехи-хи тIера Малхбузехьа агIор йисте дIакхаччалц болу мохк [4].

Кхузахь вуьйцуш волу лекос, иза хIинцалера лакцаш, я ма дарра исторически агIор аьлча ДегIастанан къаьмнаш хила мега аьлла хета. Ломехи — иза хIинцалера Терк (хьалха цунах иштта олуш хилла, иза вайнехан маттахь тида а ло «лома-хи» санна (лам+хи//хий). Кавказос олуш хилла коьрта долчу декъана Терка тIера Iаьржачу хIорда тIекхаччалц дехаш хиллачу, тIаьхьуо шайх вайнехан тукхамаш кхолладелла а, хIирашний, балкарашний, кхарачошний меттигара кавказски субстратни бух биллина а долу Кавказан орамера тукхамех.

Амма кхузахь тидам тIебохуьйтуш дерг кхин ду. Иза ду Таргамос (**ос** — грекийн чаккхе) дош хорманца кхоччуш хIинцалерачу Хамхи КIоштахь йолчу меттиган-тайпанан цIарца Таргим (гIалгI. ТIаргIам) дIанислуш хилар. Ткъа и гIуллакх кхин а алсам долу, нагахь гуьржийн вариантера грекийн меттан цIеран дожаран чаккхе **-ос** (ша гуьржаша грекашкара кер-

ста дин тIеэцар бахьанехь схьаэцна йолу) тидаме эцча. Цул сов, кхин цхьа башхалла а ю кхузахь. Иза гIалгIайн вариантехь вайнехан къамкъарган, къовларан-къамкъарган ши аз (гI), (тI) хилар, вай юьйцуш йолчу цIерехь ша иза оьрсийн хорманехь вайга кхаьчна хиларна доцуш долу.

Вайн коьртачу темина юха тIедовлуш хаттар хIоттор вай: мухачу аргументашца чIагIдора хьалхалерачу талламхоша Страбонан хамекиташ хIинцалера Хамхи//Хамха цхьана орамах хилар? Иза цара дора:

1. Ша Страбона меттиг гойтуш хилар — «Троглодиташна дехьа хамекиташ а, дукхаюурш олуш къаьмнаш ду...».

2. Хамекиташ, хамхи//хамха цхьана догIучу аьзнашца хилар.

Амма тахана иза тоьаш дац, кхоччуш и дешнаш цхьана догIу ала. ТIаккха а кхузахь вай таханлерачу хамхи//хамхана а, Страбонан хамекиташна а юкъадоьлла ши эзар шо тидаме эцча, гIуллакх кхин а чолхе долу, хIунда аьлча Страбонан хенахь (вайн эра дIадолалун юьхь) хамекиташ-хамхой баьхна хила мега аьлла гайтинчу меттехь хIинцалера хамхой боцуш вайнехан кхин а, я кхечу къаьмнийн тайпанаш хилла хила а тарло, къаьсттина а вайнехан а, я кхин тIедаьхкинчу къаьмнийн а (аланаш, сарматаш и. дI. кх. а) тукхамаш дIасакхелхаш хилла хилар тидаме эцча муххале а.

Цундела юьйцуш йолу цIераш цхьана орамах хилар чIагIдарехь доккха маьIна долуш хир дара цу дешнийн этимологи къастор. Ткъа иза хьалхалерачу талламашкахь дина дац.

Кхузахь тхан Iалашо тхешан таронашка хьаьжжина и гIуллакх цхьалха даккхар ю. Иза дац кхоччуш и гIуллакх тхоьга дIанислур ду бохург а.

Хамхи (вариант Хамха) хIинцалерачу гIалгIайн кхетамца 1944-гIа шо тIекхаччалц иштта цIе йолу юрт лаьттина меттиг а, цу юьртара схьабевлла гIалгIай а билгалбеш дешнаш ду. Иштталниг кIезиг хаало вайнехан ономастикехь, хIунда аьлча дукха хьолахь юьртахойн цIе тIе суффикс кхетарца кхоллалуш хиларна; дуста:

ТIаргIам — тIаргIамхой «таргимхойцы»,

Наьсарие — наьсархой и. дI. кх. а.

Ткъа оцу дешан масех маьIнехь лелоро гойту иза маттахь суффиксашца дошкхолладалар юкъадалоза долчу хенара, дошкхолладалар дийна дешнаш вовшахдетталуш а, цхьа дош масех маьIнехь лела а хилла хиларан заманера шира дош хилар. Ткъа иштта шира дешнаш дукха хьолахь цхьана дешдекъах а, лаьтташ, дукха маьIнаш долуш а хилла, вайнеха маттахь, кхечу иберийско-кавказски меттанашкахь а санна ду [5]; хьовса: нохч.-гIалгI. пхьа — цIи, адам, адам деха меттиг, юрт, лам — «гора», лам — ламанхо, а — арие, а — арахь веха стаг, дуста:

шира дешнаш: **а а вац хьо, лам а вац хьо, оьрсийн маттахь: не степняк ты, не горец ты**[6] и. дI. кх. а.

Меттан кхиарехь иштта цхьана дешан декъах латтта дешнаш вовшах а детталуш чолхе дешнаш кхолладелла, ткъа уьш дукха хьолахь масех маьIнехь лелаш хилла, масала: пхьагал— делан цIе, пхьагал — экха (пхьа+гал); цхьогал — делан цIе а, экханан цIе а (Цхьа+Гал), стигал//сигал — делан цIе юьхьанца, тIаккха хIинца долчу маьIнехь (сие//стие+гал); ЦIамат— делан цIе, меттиган цIе (ЦIа (→ЦIу)+мат) и. дI. кх. [7].

ТIаьхьуо оцу тайпанчу чолхе дешнашна тIе къаьсттина а меттиг билгалъеш долчушна дошкхолладаларан суффиксаш кхетий, адаман юьхьан маьIнехь и схьадаьлла, деха меттиг гойтуш дош кхоллалуш хилла.

Вай юьйцуш йолу топо-этноним ю оцу тайпанчу дешнех. Иза латтта хIор а цхьана дешдекъех латташ йолчу шина лардах: ха (→хи//хий), мх ( ← мах//муох [8]), **-й//-ие** — меттиган суффикс (дуста: Ачалкхие, СогIалчие, Алхастие — яртийн цIераш. Юьхьанца чеккхенехь дифтонг **-ие** хиллехь, иза тIаьхьуо и — не ерза а тарлуш ду, къаьсттина а оьрсийн меттан тIеIаткъам тидаме эцча. Дуста, масала, оьрсаша нохчийн, гIалгIайн яртийн цIершкахь **-ие** метта **-и** далош хилар: АтагIие — Атаги, Ачалкхие — Ачалуки и. дI. кх. а. Юьхьанца дуьйна а оцу дешнашкахь и чаккхе хилла хила а мега ала йиш ю, къаьсттина а дифтонгаш вайнехан меттанашкахь тIаьхьуо гучаевлла хилар тидаме эцча муххале а.

Оцу тайппана Хамхи латтта иштачу декъех: ха (→хи/хий), мх ( ← мах) (мах ← муох (а→уо), **й//ие.** Гуш махиллара, ши а дакъа а фонетически агIор хийца а делла, ткъа иза иштта хила догIуш а ду: хьалхарчу декъера хила дезачу **и** метта долу а (ха) иза шолгIачу декъехь хиллачу, амма хIинца охьадоьжначу **-а** тIеIеткъаман жамI ду (мх ← мах).

Дийцинарг иштта хила тарлуш хилар гойту цхьаболчу гIалгIайн къамелехь цу дешан хамах//хамха варианташ хааелла хиларо а. Иза цу гIуллакхан лингвистически агIо ю. Ткъа социальни агIо а ю цуьнан.

Гучадаьлла ду нахски меттанийн дукхах йолу этно-топонимаш, кхечу иберийско-кавказски меттанашкахь санна, делийн, цIуйн цIерийн орамех латташ хилар; хьовса, масала, иштта йолу топонимаш, къуббийн цIерш: Ауш-Сиела, Гальерд, ТIумгIойн-ерд, Ауш, Гал, ТIумга делийн, цIуйн цIерех схьаевлла йолу. Кхузара ю тIаккха гIалгIайн тайпанийн цIерш: Аушнаькъан (АушевгIар), ТIумгIой-наькъан, Галай-наькъан (гIалгI. наькъан нохчийн некъийн бохург ду). Хьовса иштта нохчийн: Эрснуой//Эрдснуой, ЦIуонтаруой Эрд, ЦIу бохучу хьалхалерачу делийн цIерех схьаевлла йолу тайпанийн цIераш. Ткъа юьхьанца-м меттигийн, яртийн цIерашкахь хилла уьш (хьовса:

Эрдсана, ЦІоьнтара ярташ), ткъа тІаьхьуо цу яртийн цІерех схьаевлла тайпанийн цІераш -уой суффиксан гІоьнца [9].

Дукхаделанаш лоручу динехь берриг Іаламехь, юкъараллехь хуьлуш болу хийцамаш, дахарехь маьІна долу кхин хІумнаш чІогІа лоруш дела вой лелош а хилла, церан шайн дела-верас а хилла.

Иштта дела вой лоруш хилла Малх, хи, мох, стигал и. дІ. кх. а. Церан шайн деланаш-верасаш а хилла; масала: Ма — маьлхан дела, цу дашах ду малх боху дош а, сиела-стигалан, стиелан хаьштиган, дорцан дела, кхузара ду стигал (Гал — делан цІе), Элта — дийнатийн, тІаьхьуо ялтийн дела (ялта элта дашах ду [10]). Механ верас — меха нана хилла, хи верас — хи нана хилла и. дІ. кх. а.

Оцу тайппана гІуллакхаш хааделла ду кхечу къаьмнийн а — славянийн, хІирийн, тюркийн и. кх. а. Иштта оьрсийн хин верас хилла Русалка, ХІирийн — Донбеттар, тюркийн — Сувапа (Хи нана, сув — хи, апа — нана) и. дІ. кх. а [11].

Вай дуьйцуш долчу дашехь, лакхахь гайтина ма-хиллара, ши лард ю, хІора а ша-ша къаьсттина кхетам а гойтуш: ха (→хи//хий), мха ( ← мах) «муох», лакхахь аьлла ма-хиллара, шен-шен дела-верас а волуш — хи нана, меха нана.

Оцу тайпана дешнийн кхетамийн вовшаххкхетаро кхоьллина шина делах юкъара цхьадела а — Хи меха нана. И ши дош а, церан деланаш цхьана кхетар и Іаламан ши хилам — хий, муох вовшийн гергара, юххера хилар а, вовшашца уьш йозуш хилар а ду. Иштта хьалха мох а болий, цо мархаш меттах йохий, долало догІа, мох ца баьлча мархаш ца йогІу, делахь догІа а ца догІу. Цул сов, мохо догІу лаца а лоцу, цецо санна. ДогІа ца деача хин къелла а хІутту — дакъало догІу хиш, Іаьмнаш, гІунаш и. дІ. кх. а. Вайнехан хьалхалерачу кхетамехь, хи шина тайпана хилла — стигалан, догІанан хи я догІа хи, лаьттан хи — ТІуб-хи. И ши а хи а деза а дарбане а лоруш хилла. Чу йоза тІехь долу кехат диллина хІинца вайнаха а, кхечу къаьмнаша а хи молуш хилар цу генарчу хенара схьадеана ламаст ду.

Кхузара ду вайнехан молха — дош, иза молу-хи «питьевая вода» дешнех кхолладелла юьхьанца, ткъа хІинца маьІна хийцаделла, вайна ма-гарра ду иза.

Гайтина йолу догІанан, механ уьйр маттахь а хааелла ю. Иштта, масала, халкъан маттахь аларш нисло: хих, мехах ларло, хи-механ ун и. дІ. кх. Оьрсийн а ду цамгар маьІнехь олуш: с воды приключилось, «хих яьлла (даьлла)», с ветра приключилось — «махах яьлла (даьлла)» и. дІ. кх. а.

Дуккха а къаьмнийн хадисашкахь хийн, механ уьйр гойтуш материалаш дуккха а яло таро яра. Ткъа вай дуьйцучу дашехь и ши а хІума вовшаххоттаелла хилар, халкъан кхетамехь а

санна (ткъа маттан, кхетаман уьйр хилар Іилмано гайтина ду) тамашийна дац. Иштта вовшах ийна механ, хин ши дела а, хІор зудчун вастехь шаьш хилла волу — хин нана, механ нана — Химеха нана. Кхузара ду даццина аьлла кхолладелла, хІинца наггахь бен олуш доцу нохчийн Хиемхиг (← химеханиг). Иштта олу вай хІинца йоккхачу ирчачу зудчух. Иза химеха нана бохучара кхолладелла, нана охьа а доьжна, лахдара -жималлин суффикс, -иг (-ниг) лардана тІе а кхетта. Иштганиг маттахь хааделла ду, масала: Дарзалг — дарза нана бохучара (суффикс лг), тушуолиг тушуол куотам бохучара, ткъа тушуол котам бІаьстенан, береш даран, Іаламан беркатан (ткъа дерриг дозу догІанах, махах) дела-верас хилла. Дуста иштта: гІалгІ. муцІолг (му ←— ма — малх, цІу — цІеран, кхерчан дела, -лг — суффикс, нохч. ЦІуоьмалг. Кхузара ю хІокху сохьта а йолу гІалгІайн, нохчийн фамилеш: МуцІолговы, ЦІоьмалговы, юста иштта юьртан цІе МоцІара (Нашха), -ра — суффикс. Иштта хааелла ю божарийн цІераш МоцІа, ЦІома оццу орамех (мо, цІа) лаьтташ йолу. Кхузара схьаяьлла фамилеш: Мациев (МоцІиев), Цомаев (ЦІомаев), дуста: Хьаьжа-Іела, Іелахьаьжа (дакъош тІаьхьа-хьалха дІанисделла хиларан масал). Иштта ю оьрсийн туьйранашкахь хуьлучу Кикимора, манья, яга олучу нохчийн хемхиг санна, ирча, цІармат а йолуш, хийн, механ, дарзан нана ларалуш, царна куьйгалла а лелош зуда. Кхечу къаьмнийн туьйранашкахь а ду иштта васташ. Уьш дика а, вон а шайгахь долуш васташ ду. Амма дукха хьолахь вон долу цаьргара. Ткъа шаьш цІармат, ирча. Ткъа цуьнан а шен цхьа бахьана ду. Иза иштта ду.

Дукха деланашна корта беттачу заманахь оцу Іаламан гІуллакхийн деланаш — меха нана, хи нана, иштта кхиберш чІогІа лоруш беза, сийлахь хилла, ткъа цхьа дела ларар коьрта долуш хилла долу керста дин а, бусулба дин а тІедеача цу хьалха хиллачу деланийн сий дайна, уьш а, цара лелориг а дош ца хетачу даьлла гІуллакх. ХІинца цаьрга цабашараллица хьежар кхолладелла. Кхузара ду нохчийн Хемхиг, оьрсийн Кикимора, Яга, манья санна цІармат гайтина хилар.

Цул сов, цара лелош долу гІуллакх а, дукха хьолахь дош ца хетаре а долий берийн ловзаре доьрзу. Иштта ду вайнехан Туьшах ловзар. (Туш — дела хилла) «Гал гІожмех ловзар» (Гал—дела хилла) и. дІ. кх. а. Ишттаниг кхечу къаьмнийн а хааделла ду.

Кхоччуш Хамхи//Хамха//Хамах а, Страбонан Хамекиты цхьаъ ду ала новкъа дерг тІаьхьарчу хорманехь чаккхенехь долу -т — аз ду. Оха, хьалхалерачу тхешан талламехь аьлла махиллара, иза я гуьржийн меттиган суффиксан -ети дакъа ду (хьовса, масала, Ингушетия, Хевсуретия и. дІ. кх. а). Ткъа ишттаниг хила тарлуш ду Страбонан нана Гуьржехара хилла

хилар а, ткъа иза ша Диаскури олуш хиллачу Іаьржачу хІорда йистехь, хІинцалера Сухуми юххехь хиллайолчу грекийн гІалахь вина хилар тидаме эцча. Амма кхечу агІор а хила тарло. И -т вайнехан меттиган тІие гойтуш йолчу топонимашкахь яьржина йолчу суффикса-дештІаьхьенан -тІие//-тІа дакъа хила а тарло: тІ ← т ← д тарлуш ду. Иза иштта хила мега бохург сов долу Хамха//Хамхи лаьттина меттиг Іаьс-хи йистерачу лекхачу меттехь лаьтташ хилла хилар тидаме эцча. Дуста нохч. ГІойтІа, ГихтІа, гІалгІ. ІастІи и. дІ. кх. Вайнехан варианташна а, Страбонан вариантана а юкъахь йолу важа фонетически башхаллаш -х/-к дош аларехь тилкхазваьлла ларамаза нисъелла хила а мега, я Страбонна а, я цуьнан гІоьнчашна а башха вайнехан меттанаш дика ца хууш хилла хиларна нисделла хила а мега иштталиг. Цул сов, цу варианташна юкъайоьлла 2 эзар шо гергга хан а ю кхузахь тидаме эца езаш.

## ЛИТЕРАТУРА


1. Крупнов Е. И. Древняя история Северного Кавказа. М., 1960.
2. Древние свидетельства о названиях и размещениях нахских племен. Известия ЧИНИИИЯЛ. Т. VII. Вып. I. История. Грозный, 1964.
3. Там же. С. 51—52.
4. Мужухоев М. Б. Средневековая материальная культура горной Ингушетии. Грозный, 1977.
5. Картлис Цховреба (история Грузии). Т. I. Тифлис, 1906. С. 5—6.
6. Яковлев Н. Ф. Материалы для кабардинского словаря. Вып. I, М., 1927.
7. Чокаев К. З. Морфология чеченского языка. Ч. II. Грозный, 1970.
8. Современный вариант муох, но древняя структура выявляется в формах косвенных падежей; см. дат. пад. махана, эрг. пад. махуо и т. д.
9. Дешериев Ю. Д. Современный чеченский язык. Ч. I. Фонетика. Грозный, 1960.
10. Далгат Б. Древняя религия чеченцев. Владикавказ. 1895; Шамилев А. И. Религиозные верования чеченцев и ингушей и пути их преодоления. Автореферат канд. дисс. Грозный, 1963.
11. Афанасьев А. Н. Древо жизни. М., 1983.


## ДАИМ А ОЛУШ ХИЛЛИЙ-ТЕ ОРГАНАХ ОРГА?

Муьлххачу а нохчочунна дика довза а девза, цхьа шатайпа ойланаш а кхуллу Орга бохучу дашо. Орга! Эзарнаш шерашкахь сийначу стигале баххьаш кховдийна лаьттачу Кавказан лекхачу лаьмнашкара сийначу Терка тІе хийла йорт йиттина цо. Цу хенан йохаллехь Кавказехь хилла болчу историн хийцамийн къоьжа теш, Орга, хьан шийла хи мийлина скифийн, кипчакийн дойша, хьо цистина аланийн, монголийн мох санна масачу дошлойн ардангаша. Халкъан иллешкахь а, дийцаршкахь а хийлазза декна Орга. Хьехийна иза оьрсийн сийлахь-

воккхачу поэто М. Ю. Лермонтовс шен лийрйоцчу «Измаил-Бей» аьлла йолчу поэми тIехь:

Шумит Аргуна мутною волной;
Она коры не знает ледяной,
Цепей зимы и хлада не боится;
Серебряной покрыта пеленой,
Она сама между снегов родится,
И там, где даже серна не промчится,
Дитя природы, с детской простотой,
Она резвясь, играет и катится! —

Зевне дека Орга нохч-гIалгIайн къоман литературехь. Масала, яздархочо Мамакаев Мохьмада шен «Орган тIехь сатесна», аьлла йолчу стихотворени тIехь иштта яздо:

...Ткъес тоьхна къегина хьун цхьалха ели,
Болатан бос керчош догIу вайн Орга;
Ламанан буьрса хи къийсаме дели,
Берд берде белхабеш, хи догIу кIорга.
. . . . . . . . . . . . . . . .

Ткъевнаца Iаржъелла тIейоьжна стигла
Органа тIехь екхарна воккхаве тахна.
Вайн Iуьйре хестаеш чIегIардиг лиела.
Орга хьо эшаршца декалахь майрра.

Органан цIарах язйо вайн яздархоша дийнна произведенеш. Иштта язйина Н. Музаевс шен «Органан тогIехь», аьлла йолу повесть. Цуьнан цIарца ду альманах «Орга» а.

БIешерашкахь хазарийн, аланийн шина пачхьалкхан доза хилла лаьттина Орга: малхбузехьа аланаш, малхбалехьа хазараш, тIаьхьо кипчакаш болуш а хилла и доза. ХIокху сохьта а Органал дехьарий, сехьарий олуш беш болу тIаьхьабисина бекъам цу буьрсачу ширачу заманийн теш бу. Вай дуьйцуш дерг бакъдеш болу хаамаш болуш бу меттан а, археологин а, этнографин а, антропологин а Iилманашкахь. Тахана а гуш ду шайн гIиллакхашца а, амалца а, буьйцуш болчу маттаца а Органан малхбузехьарий, малхбалехьарий вайнах бекъалуш хилар.

Органан леларан некъ хьалхенгахь кхечу агIор хилла. Иза цхьана хенахь хIинца Дубин-Эвла лаьттачу меттигехула охьаихна, БелгIатойн-Эвла лахахула аьтту агIор дIадоьрзий, Мескар-Эвлана юххехула, хIинца «Шекаран», «Пищемаш» заводаш лаьттачухула охьадоьдуш хилла цуьнан цхьа га, ткъа важа га Чечанний, Йоккхачу-АтагIанний юккъехула аьрру агIор дIа а доьрзий, Ханкалахула (Шина Суьйраюкъ) охьадоьдуш хилла.

Жима АтагӀа а, Йоккха АтагӀа а Органан тогӀи чохь, цхьана хенахь цуьнан хи леллачу меттехь йиллина ю. АтагӀа бохург гӀумкийн а, иштта кхечу а тюркски къаьмнийн маттахь хи тӀедолу меттиг (оьрсаша пойма олу иштачу меттигах) бохург а ду. И ший а дош тюркски ду (хьовса: гӀумкийн ТугӀай).

Дуьнен тӀехь долу массо а хӀума хийцаме ду. ДӀаяханчу хенан йохаллехь кхечу тайпанан йоккхуш хилла Органан цӀе а. Хууш ду вайн зама тӀекхачале долчу 1-чуй, вайн заманан 1-чуй бӀешерашна юккъехь ваьхна волчу гречески географа Страбона шен «Географи» аьлла болчу балха тӀехь, Органах Арагу аьлла яздина хилла хилар (хила-м АрагӀу хилла иза, амма грекийн маттахь и шатайпа элп гӀ цахиларна кхузахь ма-гайтарра далийна Страбона и дош). Ткъа вайн заманан 30-чу шерашкахь а маьлхаша АргӀум, АргӀу, ЖӀарахоша АрагӀва олуш а хилла цунах. (ЖӀарахой маьлхашна дехьа пхийшна юххерчу ЖӀарие олучу юьртахь хилла болчу вайнахах олу, амма цу юьртахь хӀинца бац уьш).

Кхузахь вай дуьйцуш дерг ЧӀаьнтийн Орга ду. Цунах ЧӀаьнтийн Орга хӀунда олу тӀаьхьа дуьйцур ду вай. Амма Шаройн Органах а олуш хилла АрагӀу//АргӀу//АргӀум, Шаройн (я Шикъаройн) тӀе а тухуш.

Пхи-ялх шо хьалха Шеларчу цхьана воккхачу стага «Ӏаьржа айгӀар» олуш хезира суна Органах. Цо кхечухьа а иштта олуш хиларна тоьшалла а дира. Суна кхечара а иштта олуш хилар хааделира. Итон-Кхаьллахь айгӀарие охьавехьна олу, Органо охьавехьна олучу маьӀнехь. Дикка хӀуманаш дагадахкийтира суна цу гӀуллакхо.

Хин бос билгалбеш цӀе хааела ю, масала, ЦӀен ахк (ГаланчӀож), Ӏаьржа ахк (Веданан район), иштта хьовса: оьрсийн Черная речка, Красная речка, тюрк. Карасу (Ӏаьржа хи), Сары-Су (можа хи) и. дӀ. кх. а.

Ткъа вайна хууш ду Орга Ӏаьржа хилар (иза иштта басахь цуьнан бердашкахь тӀулгаш хилар ду). Делахь хӀета, цхьана заманахь Ӏаьржа Орга олуш хилла-кх Органах, нийсса аьлча Ӏаьржа АргӀум, АргӀу, ша тӀаьхьо айгӀарехьа дирзина долу, тера хиларах доьзна халкъан матто цу тӀе далийна иза. Иштта-ниг хуьлуш ду маттехь.

Цул совнаха, Кавказехь кхечу хийх а олу иштта. Масала, Хевсурская АрагӀви (дуста: жӀарахойн-АрагӀва бохучах). Кхузахь «г» элп «гӀ» элпаца хийцаделла, гуьржийн маттахь «гӀ» элп ду. Тушетская АрагӀви (хевсураш, тушинаш — уьш хьалха вайнехан тайпанаш хилла хилар Ӏилманехь билгалдаьлла ду). Белая Арагви, Черная Арагви (дуста: хьалха вай далийна Ӏаьржа аргӀум, Ӏаьржа айгӀар). Делахь хӀета, вай и цӀераш яьхначу меттигашкара хийш цхьана цӀарца хилла хилар а, ткъа и цӀе догӀуш долу хи бохург хилар а гуш ду. Цул совнаха, цу

меттигашкахь цхьана хенахь цхьа мотт буьйцуш долу къам даьхна хилар а, гучудоккху оцу хьоло. Иштта хаамаш исторехь а хаабелла бу. Амма цуьнца чекхдолуш дац и гIуллакх. Дашехь «Аргу» хьалха долуш йолу хийн цIераш Кавказехь кхечу районашкахь а гучуевлла ю. Иштта ГIебартахь Аргудан (дан — хIирийн-аланийн хи бохург ду), цара «Аргу» бохучунна шайн маттахь «хи» (дац) бохург тIе а тоьхна кхоллаелла и цIе. Иштталиг хуьлуш ду топонимехь; хIирийн махкахь Ардон («Ар» бохучохь «гу» охьадоьжна, дон-хIирийн-хи) хийш ду.

Кхечу, Кавказан арахьарчу меттигашкахь а хаало и цIе, масала, скифийн маттахь. Амма кхузахь ларамаза нисделла хила а мега и цIераш цхьаьнаяр, ткъа и дешнаш гергара хила а мега, къаьсттана академикаша Марра а, А. Джавахишвилис скифаш кавказан къам хилла аьлла бина болу чIагIамаш дагалаьцча муххале а. Мухха делахь а вай ялийна йолу Кавказара цIераш цхьана ораман а, цхьана меттан а ю ала йиш ю вайн, ткъа и цIераш догIуш долу хи бохучу маьIнехь хила декхар а ду.

ХIинца долчу Кавказан меттанашкахь лелаш яц и цIе, амма хьалхенгахь иштта хилла хилар гуш ду. Ткъа вайнехан цхьана доккхачу, охьадоьдучу хих Орга олуш ду хIинца а. Генна хьалха вайн маттахь охьадоьдуш долу хи оцу ялийначу цIерашца билгалдеш хиларан лар юй-те, аьлла, хета иза а. Аренгахь ахк олу ламанах охьадогIучу хих, ткъа Шуьйтахь а, Итон-Кхаьллахь а Арка//Арк олу. Орга//Аргу цIеран орамах дуй-те, аьлла хета и дош. Нагахь и иштта делахь Аргу//Арагви боху цIе, ламанан догIуш долу хи бохучу маьIнехь вайн меттан хилар дуьйцийла йоцуш ду. ТIаккха цуьнан этимологи ахка — «копать» аьлла хила а еза.

Хууш ду Орга шиъ хилар — Шарой Орга а (Шикъаройн Орга а олу цунах. Шаройн Орга, Шара бохучу юьртан а, меттиган а цIарах ду. Шикъаройн-Орга Шикъара бохучу цу Шарарчу юьртан цIарах ду). ЧIаьнтийн-Орга а (ЧIаьнтий бохург чIаьнтийн бохучу тайпанан цIарах ду).

Амма кхузахь кхин цхьаъ ду. «Чантио» олучу Органан коьртерчу меттиган цIарах хила а мега и цIе. Схьахетарехь, чIаьнтий шаьш а цигара схьабевлла хила мегаш а бу.

Ткъа Итон-Кхаьлларчу чIаьнтийн дийцарехь и тайпа Гуьржийчуьра схьадеана ду кхуза, шайна хьалха ваьлла Итон а волуш. Цара дийцарехь, оцу Итона и юрт йилларна аьлла цунах «Итон-Кхаьлла», кхузахь тидаме оьцур вай гуьржийн хIокху сохьта а Итонашвили бохуш фамили хилар.

Оцу дийцаран боцца чулацам иштта бу. Гуьржийчуьра ваха охьахаа меттиг лоьхуш вогIуш хIинца Итон-Кхаьлла йолчу метте кхаьчна Итон. Лаьттах шен карара гIаж а йоьллина

охьавижина иза. ХIара самавалале хьозано гIожа тIехь бен бина хилла.

И гIуллакх дикачу агIор тидина, кхузахь шен дахар беркате хир ду, аьлла, цига ваха охьахиъна Итон. Амма и мохк дишнийн хиллачух тера ду. Дишний шаьш лакххахьо «Дишний Мерка» олучу меттехь хилла. Итон хIора аьхка гурралц церан даьхний дажо дезаш хилла. БIаьста дишнаша Итон волчу охьа чулоххкуш хилла даьхний, ткъа Итона гурралц дажа а дой, хьалалоххкуш хилла. Иштта хан дIайоьдуш Итонна кIант вина. Дишнийн элан хаза йоI шен кIантана ехна Итона. Дишнийн элано елла Итонан кIанте шен йоI. И цо луш дишнаша аьлла хилла шайн эле: «Вайн жи бинчу коьмо маIа тухурий-те хьуна?» Ткъа цуьнан маьIна — и хьайн йоIа вина кIант дуьхьал ваьрий-те хьуна бохург хилла.

Цхьа хан яьлча дишнийн элан йоIа Итонан кIантана кIант вина. Ша гIеххьа андаваьлча оцу кIанта хаьттина боху шен дега: — Ва дада, хIара даьхний гурралц дажа а дой, дишнахошна хьала хIунда дуьгу вай? — аьлла. Дас дийцина цуьнга долуш дерг.

Ша гIаметтахIоьттинчу хенахь, цкъа охьалаьхкина шен ненаден даьхний, хьала ца лохкуш шайна дитина кIанта. Цул тIаьхьа дишнийн элийн, чIаьнтийн тIом хилла. Дишни элий эшна, церан чIаьташна тIехь долу олалла доьжна. Иза билггал маца хилла хууш дац. Амма хиллий хууш ду. Цу хенахь Дишний Меркара дIабахана. Дишний гIалгIашна юкъахь а, хIирашна юкъахь а бу. Уьш ЛьяновгIар а (гIалгIашна юкъахь), ДударовгIар а (хIирашна а гIалгIашна юкъахь бу.

Иштта, оцу Чантио олучу Орга схьадолучу меттера схьаюй-те оцу Органан ЧIаьнтийн Орга цIе аьлла хета, ткъа шаьш чIаьнтий гуьржашна юкъара баьхкина бу бохург тидаме эцча-м муххале а.

Дубин-эвла юххехь Шаройн-Оргий, ЧIаьнтийн Оргий вовшахкхетий цхьа Орга хуьлий дIадоьду. Амма басца а къаьсташ ду и ши Орга. Шаройн Орга сирлуо ду. ЧIаьнтийн Орга Iаьржа ду. Делахь хIета «Iаьржа АйгIар» алар ЧIаьнтийн Органна тIедогIуш ду. Делахь а АйгIар олий далош меттигаш а ю (Итон-Кхаьллахь). Хан-зама яларца нохчийн маттахь и дош — АргIу//АргIум долчара Оргу хилла маттахь хуьлуш болчу чоьхьарчу хийцамийн законашца дозаделла. И гIуллакх иштта хилла: **АрагIу** аьлла йолу юьхьанцара хорма юккъера а охьадоьжна **АргIу** хилла, цхьайолчу меттигашкахь тIетухуш хилла йолу суффикс -м дIаяьлла йисина, цу дешан чаккхенгахь, долчу -у-на Iеткъам бахьанехь дешан юьххьера, **а→о** — хьа дирзина — **ОргIу** хилла, **гI→г** дирзина — **Оргу** хилла. Вайн орфографехь хIинца цу дешан чаккхенахь **а** яздахь а, ала ма-аллара,

яздеш хилча Оргу аьлла яздеш хила дезаш а дара и дош. Амма вайн меттан йозанан традици вайн йохо таро яц.

Вайна ма-хаъара, оьрсаша Аргун олу Органах. Оьрсийн маттахь шатайпа нохчийн аз «гI» цахилар бахьанехь ду цу дашехь гI-на метта «г» нисдалар а, ткъа «м»-на меттан «н» чаккхенгахь нисдалар а лерича (цул сов «н», «м» чIогIа цхьатера а ду) и дош хьалхенгахь нохчаша АргIум аларна тIера схьадеана оьрсийн матто.

## МОТТ СХЬАБАЛАРХ А, КХИАРХ А ЛАЬЦНА

Мотт схьабалар бохург уггар халачех лоруш ду меттан Iилманехь, ткъа кхоччуш таханалерачу дийнахь къаьстина а дац.

Адамаша дукха хьалха дуьйна а тIе тидам бахийтина хилла, мотт мичара схьабаьлла те бохучу гIуллакхана. Цунах лаьцна цхьацца кхетамаш кхоьллина цара. Царех коьрта берш иштта бу.

1. Мотт дуьнентIехь хуьлуш долу цхьацца татанаш билгалдечу аьзнех схьабаьлла.

2. Адамаша я шайна там хилча, я хала хетар хилча, иштта кхечу агIор а кхуллуш долчу айдардешнех (междометех) схьабаьлла мотт.

3. Адамаша гул а делла барт бина, тов, шаьш лелош йолчу, хIуманех я Iаламехь, юкъараллехь хуьлуш долчу гIуллакхех ишта я вуьшта цIе йоккхур ю вай, аьлла. Иза бух боцуш хабар хилар гойту иштта барт ба адамаш мотт хууш хила дезаш хилла хиларо. Ткъа и хууш хилча цара шолгIа а и кхоллар догIуш дац.

Важа ши теори а яц вайн марксистски Iилмано къобалъеш.

Вай къобалйина тIеоьцуш йолу теори — иза марксистски теори ю, мотт кхоллабалар адамаша шаьш тобанехь цхьана дехаш долчу хена вовшашца балха тIехь а, Iаламаца а, шаьш санна долчу кхечу тобанерачу адамашца латточу къийсамехь, вовшашца уьйр, хьа-са латто дезаш хилла хилар. Ткъа иза дуьззина маттаций бен хуьлийла яц.

Мотт кхоллабалар адам кхолладаларца дозуш хилла хIума ду.

Ткъа иза, марксистски Iилманан буха тIехь аьлча, маймалх дозуш ду. Ткъа и маймал цхьа ша тайпа, хIинца долчу маймалех къаьсташ хиллачух тера ду. Ткъа хаттар хIутту, хIинца долчу маймалех хIунда ца хуьлу адам, аьлла. Иза, цкъа-делахь, деххачу хенахь хуьлуш гIуллакх ду, шолгIа-делахь, и адам шех схьадаьлла маймал адамехьа дерзар цхьа чIогIа хала киртиг

тIехIоьттина вовшийн а, кхечу дийнатийн а дилха даа доладеллачух тера а ду, ткъа цо цуьнан хье а, дегIан кеп а тодина, адаман куьцехьа дерзо долийначух тера ду. Цул сов, хьуьн тIехула кхиссалуш лела а, юуш йолу буц а яьгна я, кхечу агIор дIаяьлла эрна арахь дисина маймал тIаьхьарчу шина кога тIе хIоьттина лела доладелла. И бахьанехь цуьнан куьг, гIуллакх дан а, герз лело а паргIат даьлла, гонах хьажар шорделла, бIаьрг серла баьлла, хьаж айбаделла, хьекъал ирделла. Ткъа жижиган чам кхеттадолу иза шена ижу лохуш, ша саннарш а, кхийолу дийнаташ яйаре даьлла. Ткъа и гIуллакх карахь ира герз ца хилча дан хала хилла. Цундела я даьIахк, я гIаж, я тIулг ира бой, царех талларехь пайда эца доладелла. Цул сов, тобанехь и гIуллакхдан дезаш хиларо мотт кхоллабаларан гIуллакх кхоьллина. Миллионаш шерашкахь дахделла и гIуллакх. ХIинцалерачу адаман куьце 40 эзар шо хьалха кхаьчна боху Iилмано адам. Уьш дерриг хаарехь, доккха дакъа лоцу археологис.

Юьхьанца вайн мотт хIинца санна чолхе ца хилла, цуьнан грамматика а ца хилла, цхьа кIеззиг бен дешнаш ца хилла, уьш а хIинца санна дешнашца ца хилла, цхьацца вовшашна хаам баран маьхьарийн тайпана, хIинца долу маймалийн, олхазарийн, кхечу дийнатийн а маьхьарий санна, дешнаш хилла. Ткъа хууш ду хIинцалерачу маймалийн и тайпа хаамаш баран маьхьарий 30 тайпа хилар, иштта кхечу дийнатийн а ду и тайпа маьхьарий. Масала, шен кIорнега схьайола олуш цхьа мохь бу шимпанзе, цхьа кхерам бу олуш кхин мохь бу и. дI. кх. а.

Адаман дуьххьарлерачу меттан дешнаш дукха маьIнехь хилла, чолхе доцуш цхьана дешдекъах лаьтташ хилла. Масала, вай лакххахь ма-аллара, пхьа-адам, адам деха меттиг адаман цIи маьIнехь хилла. ХIинца вайнехан маттах схьабаьлла болчу бацой маттахь юьртах пхье олу. И дош нохчийн, гIалгIайн иштташу дешнашца а, къамелашца а далош хаалуш дисина а ду, масала, оцу стагана тIехь тхан цIи ду аларан меттан гIалгIаша оцу сага тIехь тха пхьа ба, олу, ткъа нохчаша и дош иштташу дешнийн лардашкахь даладо: пхьора (зуда), пхьоьха (адам гуллуш меттиг), пхьарс, пхьар, пхьалгIа, пхьалгIат — голи тIера куьган пIелгашка кхаччалц болу бустам, пхьош, пхьола и. дI. кх. а.

Иштта вайн ламанан ширачу топонимашкахь а хаало и дош: пхьамта (пхьамтуой — тайпанан цIе кхузара схьаяьлла), ЦIайпхьеда, пхьа куоч и. дI. кх. а.

Къа бохучу юьхьанцарчу орамах схьадаьлла иштта дешнаш: къо — бер, кIант (дуст. гIалгI. къонгаш — кIентий, нохч. къоьнгий — кIентий), къу, къола, къовла, къалор — чIагIо, къие, къиелла, къа — грех, къовсам, къиг, къиезаг, къила, къутIа, моьлкъа, мулкъуой и. дI. кх. а. И дош черга зойн-гIе-

бартойн меттанашкахь а ду — къо иза кIант бохург ду; дуста: къонгаш (гIалгI.), къоьнгий (нохч.).

**БIа** — дашах схьадаьлла дешнаш: бIаь-рг (дуста: ла—лерг, це—церг (ладогIа, це тоха), бIокъажо, бIаьрмециг, бIалгIа, бIаьрла, бIаьштиг, бIар, баIар, бIангIар, бIо (войско), бIонакъост, бIанекъ, бIелаг, баI, бIов, бIоста, бIал (бIелиг кхузара ду), бIагор, бIаьста. Хьалхара б→м→н дирзина оццу орамах ду иштта дешнаш а: Ма — маьлхан дела, малх, моьлкъа, мекъа (гIалгI.), мекъалг; Мальсаг, моьсаг (цIерш), маIа, мIар, мIаьз, морза, мерза, муоз, моза, накхармоза; Налха (м→н), нах, нох, нохчий; Нашха, Нах-корта, Нохч-Киела, Нахараст (топонимаш), НIаьвла, нIаьна, нана, некх, накхармоза, накха и. дI. кх. а.

**ЦIа** дашах схьадевлла: цIи, цIие, цIу, цIубдар, цIулла, цIа, цIоьмалг, цIом, цIазам, цIаза пIелг, цIелиг, цIоз, цIудела//цIудала, цIормаIа, цIандар; топонимаш: ЦIоьнтара, ЦIунта, МоцIара и. дI. кх. а. И цIе ДегIастанан къаьмнийн (жIой, Окушойн кхечера) меттанийн топонимашкахь а хаало. И кхеташ ду ДегIастанан ораман меттанаш вайнехан меттанаш шайн схьадовларца гергара хилар тидаме эцча. Иштта ю ДегIастанан топонимаш: ЦIудахар, нохч. ЦIадахьруо (даргинский), ЦIумада, ЦIадаса (аварский) и. дI. кх. а.

**ЧIа** орамах ду иштта дешнаш: чIара, чIана, чIанаваккха (верзина ваккха), ЧIана ваха (даар да ваха бохург ду), чIагIуо, чIу, чIуов, топо-этнонимаш: ЧIиннаха, ЧIента (ЧIиннахуой, ЧIентий а кхузара ду), ЧIуо, ЧIуж и. дI. кх. а.

**Тха** срамах ду иштта дешнаш: тхи, тхов, тхум, тхьуз, тхьоз и. дI. кх. а.

**Iа** орамах ду иштта дешнаш: Iа — «зима», Iа — «находиться, жить», Iай, Iу, Iам, Iаж, Iуналла, IаьлдаьIхк, Iайла, Iиела (гIалгI. Iиел), Iахар, Iовла-Iалар, Iовларг (кхузара ю Iавларигов — фамили), Iар, Iура, Iуьйре, Iуьйранна, Iурдне (бацб.), Iаха, гоьрга Iу (гоьрга Георгий бохучара дисина, керстадинан лар ю, Iу сийлахь лоруш, дела Iу бохург санна маьIна долуш далийна и ши дош иштта цхьана), Iалара-юьрта цIе а, Iаларуой тайпа а кхузара долчух тера ду.

Цу юьхьанцарчу орамашна тIекхетта суффиксаш (дешдакъош) тIаьхьуо кхоллаелла, юьхьанца уьш ца хилла, ткъа уьш цхьацца дешнех кхоллаелла а ю. Иштта ду мотт кхиар. Иза тIаьхьа-тIаьхьа шорлуш, стамлуш саццаза, дахарца бозуш кхуьуш схьабогIу. ХIор дахарехь гучайолуш йолу хIума, кхетам дашца билгалболий матта юкъабоьду. Дахарехь доцуш дерг маттехь да а дац, хуьлийла а яц.

## ВАЙНАХАХ А, КАВКАЗАН КХЕЧУ КЪАЬМНИЙХ А ЛИТЕРАТУРЕРА БОЛУ ЦХЬАБОЛУ ХААМАШ

Таргомозиан — иза фарсисийн кIант, кавказан халкъийн — гуьржийн, эрмалойн, нохчийн, чергазийн — верас (П. К. Услар: Древнейшие сказания о Кавказе. Тифлис, 1876), дуста: гIалгI. Таргим а (Ламанан ГIалгIайчуьра юрт), Таргомозиан а — К. Ч.

Сарматаш, Саурматаш, Язаматаш, Агаматаш — Кавказан халкъаш. Мат (мэотийски хIорд), маэты — Кавказан меттигийн цIераш (топонимаш). Маэташ, маоташ — Кавказехь даьхначу къаьмнийн цIераш (П. К. Услар. Гайтина йолу соч., 446—447 агIонаш); дуста: нохч., гIалгI. мат (меттиг, метта-мотт, жа-мотт, мотт — язык, постель); дуста: VII бIешерийн Моисей Хоренскин «Эрмалойн Географин» нахчаматьяне (нахча — нохчийн къоман хIинца а лелаш йолу цIе, мат (—муотт), муотт//мат — къам, тайпа бохург санна лелаш хилла хьалхенгахь — К. Ч.

Кура-хий, Арагви-хий вовшахкхеттачуьра меттигаш гуьржашна даиманна а шайн къоман схьадаларан туш хеташ, а шайн политически дахар кхолладелла а, дIадоладелла а центр лоруш а хилла ю (П. К. Услар. Гайтина соч., 308—309 агIонаш). Дуста цунах нохчаший, гIалгIаший шаьш ламанан Нашх олучу меттера Гих-хи кортошкара схьадевлла лоруш хилар; дуста: Маьлхастара хин цIе Мешхи, гуьржийн цара гуттар хьалха шаьш шайх йоккхуш хилла цIе месх, гуьржийн ламчуьра мосхи олу меттиган цIе а, нохчийн маска олу мIайстойн юьртан цIе а (н—м, м ⟷ н меттан законашца догIуш ду). Цуьнца цхьана мосхаш юьхьанца Iийна меттиг Кура, Чорох схьадолучу коьртехь а хилла.

Лаьзгаша (лезгинаша) бацойх мосохаш олу, амма иза цара вайнехан бацойх ца олу, ткъа гуьржийн пхийх (хевсурех) олу. (П. К. Услар. Гайтина соч., 312 агIо).

Хьалхалерачу Грецин географа Страбона Къилбаседа Кавказера тайпанаш а сарматаш лоруш хилла. (Г. А. Меликишвили. К истории древней Грузии. Тбилиси, 1954). Иштта аьлла ду академика А. П. Джавахишвилис а. Дуста: хьалхалерачу Гуьржийн мехкан тукхамийн паччахь мишкимита (вайн эран VII—VIII-гIа бIешераш), (Г. А. Меликишвили. Гайтина соч.),

нохч. долахь цIе МитIа (кхузара ю Митаев фамили). **Гуьржийн** Къилберачу цхьана областах Са-месхе «Месхин мохк» олуш хилла (Г. А. Меликишвили. Гайтина соч.). Дуста цуьнца нохчичоьнан ламанан яртийн цIераш Сьтта, Санда, Сада (Кхузара са — хьалхалерачу маттахь мохк бохург хилла, гуьржийн хьалхалерачу маттахь санна, **-да, -та** — дештIаьхье ю). — **К. Ч.**

Севан Iоманна гонах йолчу меттигийн цIераш Къилбаседа Кавказерачу меттигийн цIерашца йогIуш ю. (Г. А. Меликишвили. Гайтина соч.).

Скифский, сарматский меттанашкахь арг — кIорга бохург ду; дуста: **нохч.** кIорга, кIаг, **гIалгI.** кIоарги, Орга (хи), чеб. Аргу, итумк. арк, нохч. ахк; хIирийн Ардон ( ← арг+дон — хи (хIир.) гIебарт. Аргудан (хийн цIераш).

Гуьржийн хьостанийн тоьшаллица Арагви чIожахь цанараш боху къам хилла (И. А. Джавахишвили. Введение в историю грузинского народа. Книга II, Тбилиси, 1950). Цанараш вайнехан хьалхалера дай хиллачух тера ду; дуста: нохч. Цана — мангал хьакхал лекха буц; -р (а) — меттиган дожаран чаккхе. Делахь хIета Цанараш бохург Цана йолчу меттехь бехарш бохург ду (дуста: ламарой, хьачарой, цIонтарой (кхузахь а -р — меттиган суффикс); ца ( ← са) мохк латта, **-на.** меттиган суффикс, дуста иштта: бацой аьлла долу дош а буц орамах схьадаьлла долу. Цул сов, VIII-гIа бIешерерачу «Эрмалойн географи» тIехь аьлла ду: Аланийн Ков (Дариалан Дарьял) Цанаройн махкахь ду аьлла, ткъа уьш керста динехь а бу. Хууш ду (хьовса лакхахь) Дарьялан чIожахь а, цунна гонах а юьйцуш йолчу заманахь вайнах бен кхин къам хилла цахилар.

Хьалхазаманан хьалхарчу Азехь (Древняя Передняя Азия) делан цIе Куера хилла (дуста: нохч. Куьйра, гIалгI. Киер (олхазар), нохч. Куьйра — стеган цIе. Кхузахь хааелла ю (Евфрат хин йистехь) хиндан аьлла йолу къоман цIе; дуста нохч. ХIинда — юьртан цIе (ЧIебирла), ХIиндой — тайпанан цIе. Вайнах Iийна хила мега аьлла Евфрата-хи юкъаметтехь гайтина йолчу Цупани (дуста: ЦIу//ЦIув//ЦIуб) олучу меттехь билгал яьлла хилла Цуба (дуста нохч. ЦIупхьа — ЦIу дела гIала, юрт) олу гIала (Г. А. Меликишвили. Гайтина соч.). Дуста иштта Тушпхьа — Урартура гIала (хьовса лакхахь) — К. Ч.

«Хьалхалерачу Латинийн географи», аьлла болчу балха тIехь Плинис Къилбаседа-малхбале Кавказехь ду аьлла гайтина скифски тайпанаш даи, саки (журнал. Вопросы древней истории, 1949, № 1, 276 агIо); дуста: нохч. дIай — тайпанан цIе, юьртан цIе, саг (гIалгI., нохч.), стаг (нохч). Кхузара ду сай бохху дош а, иза скифийн а, тIаьхьуо вайнехан а тотем хилла (Цунах лаций хьовса лакхахь).

Албани олучу пачхьалкхехь, коьрта къам гаргараш олуш хилла (дуста вайнехан гергара). Уьш вайнах бу аьлла ду ис-

торехь (Е. И. Крупнов, Ю. Д. Дешериев, В. Б. Виноградов, К. З. Чокаев). Уьш кхуза Къилбаседа Кавказера амазонкашца цхьана баьхкина аьлла ду. Алазаньхил дехьахь албанаш шен эскарца вогIучу Римски полковцах Поймех летта хилла. Цу тIамехь цаьрца ламарой а хилла. И дерриг а яздина ду: К. А. Тревер. Очерки истории и культуры Албании. М., 1955. Цу балха тIехь (135 агIо) аланийн кевна гонах бехаш бу, аьлла хьахийна бу махолонаш боху нах. Кхузахь дагалоцур вай хIираша хIинца а гIалгIайх макхалон олуш хилар а, ткъа Армхих Макхалдон олуш хилар а. Иза «макхал хи» — бохург ду. Цу хи тIехь беха гIалгIай хIинца а. Цундела тиллина царна иштта цIе а.

Урартухь -да, -та, -хи, -ани тIехьа долуш дукха меттигийн цIераш хилла. Делахь хьовса вайнехан Мешехи, Гихи, Нитхи, Армхи, Ачхи (хийн цIераш), Гуда, МIайста, Эрсана (яртийн цIераш). Оха бинчу талламашкахь гучудаьлла ду урартуйн цIерийн гайтина йолу чаккхенаш а, вайнехан далийначу дешнийн чаккхенаш а цхьана маьIнехь хилар. (Хьовса лакхахь).

Уггар хьалха Грецехь даьхна лелеги боху къам протохеттски мотт буьйцуш хилла. Ткъа и мотт орамерачу Кавказан къаьмнийн меттанашна гергара хилла. Грецин гIаланаш Тисба, Теспии хурритски Тешуба, Тишупа бохучу делаца йозаелла ю. (А. И. Джавахишвили. Гайтина соч.); дуста: урарт. Тушпа, Тешуба, вайнехан Туш//Тушол, пхьа — юьрт, меттиг — К. Ч. Х I и н ж а х I о р д а (Каспийское море) йистехь хилла аьлла гайтина ду сарматийн цхьа тайпа даи (дуста: нохч.) чеб (дIай— юрт а, тайпа а) — К. Ч. ТIаьхьуо Урарту исторически територехь хилла долу пхьа — меттиг, юрт ван даше доьрзу; дуста: Нахиче-ван, Се-ван и. дI. кх. а. — К. Ч.

Грекаша урартойх аляроды олуш хилла; дуста: нохч. Iаларой — тайпа — К. Ч.

Хурритски маттахь (Хьалхалерачу Хьалхарчу Азин къам) деш — тIаьхьенаш дожарийн чаккхенашка йоьрзу. Урартун маттахь и гIулакх кхоччуш чекхдаьлла ду (А. И. Джавахишвили. Гайтина соч.). И гIуллакх нахски меттанашкахь а долуш ду — К. Ч.

Дуста: хурритски sin, нохч., гIалгI. ши (два); доланиг дожар; шина (стеган). Хьалхалера юьхьанцара хорманаш лач дожаршкахь гучуйовлу. Ашура, Ану — Ассирин деланаш, дуста, нохч. Ану, Ашура — зударийн цIераш. Делан цIераш зударийн цIерашка евлла йисина хилар хууш ду (хьовса лакхахь).

Iарбийн юккъерчу бIешерийн историка Масуди тоьшаллица Картлиний (Гуьржимохк), Аланийн гIопаний (Дариалан-Терка чIодж гIалгI., я Дариял) юккъехь дехаш ду керстадинан тукхум Цанараш (цанарой) (антични хьостанашкахь санараш (са-

нарой). Церан паччахьех хорискобос олу. Клавдий Птолемейс уьш гайтина Албанийн махкана дехьа а, Азин сарматийн махкана дехьа а, Азин сарматийн махкахь а (Г. А. Меликишвили. Гайтина соч., 125 агIо).

Хеттски пачхьалкхан коьрта гIала (столица) — Хаттуша хилла (вайнехан меттанашкахь и дош декъало иштта; хат, туша (делан цIе, схьаваьлла меттиг), Грекийн хьостанашкахь нохчех эрмалоша йоккхуш хилла цIе нахчаматеанк — Яксамат аьлла ялийна ю. Цуьнан бахьана грекийн маттахь и аз хилла цахилар ду.

Наирехь (иштта а олуш хилла Урартух) Туали, Кандари олуш (XII бIешо) шайн паччахьаш болуш мехкаш хилла (дуста: нохч. Киндаров — фамили, хIирийн Туаев — фамили, хIирийн, вайнехан дукхах йолу фамилеш цхьана орамах хилар хууш ду).

Гуьржийн историко Мерчули Георгийс (X-гIа бIешо) Къилбаседан Абхазехь ю аьлла гайтина Шаро олу пачхьалкхе (А. И. Джавахишвили. Проблема истории Грузии, Кавказа и Ближнего Востока. В.Д.И., 1939, № 4). (Дуста: нохч. ламанан Шара олу меттиг).

Кавказан меттанашлахь яздора А. Тромбеттис — баскски маттана къаьсттина юххера ду абхазо-черкесски, картвельски, схьахетарехь, нохчийн-бацойн меттанаш. Лезгинийн мотт баскски маттана генаро бу» (хьовса: Н. Немировский. «Из прошлого и настоящего кавказской лингвистики». Известия Ингушского НИИ, т. I, Владикавказ, 1928).

ГIалгIайн дела Тамыж-Ерда ассиро-финикийски Томузу делана а, сумеро-аккадски Думузи (Iалам дендархо), жуьгтийн Тамузу деланашна а гергара ву. Ассирийн и цIе йолуш июль баттаца нислуш бутт а хилла (хьовса: Максутов. История Древнего Востока; (Б. А. Алборов. Ингушское Гальерды и осетинское Аларды балха тIера. Изв. Ингушского НИИ, т. I, Владикавказ, 1928, 410 агIо).

Цагат-ламардон бохучу метте Джейрахан чIажара баьхкина охьахевшина гIалгIай. ХIираша цу меттигах ламардон олу (дуста: вайнехаан лама-ра), дон — хи (хIир.). Ламароша-гIалгIаша кхуза шайн деланаш Очча, Уац а, Тоба а беара. Кхузара ду хIирийн Таба-уац — Илла (Илла — хIирийн стигала къийкъоран а, стелахаьштиган а дела). И деланаш вайнехан а хилла. Цагат-ламардонехь дукха хьалхе дуьйна дехаш ду ши тайпа — ГуццовгIар, КокаевгIар (дуста: гIалгI. Кок — юьртан цIе). И ши тайпа мичара схьадаьлла хIирашна хууш дац, цигара важа долу тайпанаш мичара ду хууш ду. (Б. А. Алборов. Гайтина соч., 415 агIо).

Ламанан БелгIатой-эвлана юххехь ши барз хилла. Царна корта тухуш, уьш лоруш хилла нохчаша. Цхьана борза цIе

Стелла хилла стиела (хаьштиг), вукхуьнан — Эрда хилла, дуста эрдсанна, (А. Попов. Ичкерия. Сборник сведений о Терской области, вып. I, 264 агIо).

В. Томсенна нохчийн, дегIастанан меттанийн грамматиканний, этрусски меттан грамматиканний юкъара цхьана йогIуш меттигаш карийна (Н. Немировский. Гайтина соч.).

Профессоран В. Л. Гукасянан тоьшаллица нахчаматьянаш аьлла йолу вайнехан дайн цIе Моисей Хоренскин «Эрмалойн географи» тIехь (VII-гIа бIешо) гайтина ца Iаш, IV-гIа бIешеран эрмалойн хьостанашкахь ялийна а ю. Цу тайппана хIинцалера нохчийн къоман цIе IV-гIа бIешаре дIайоьду.

Эрмалойн V-чу бIешерерачу историка Фавстос Бузанда шен «История Армении» аьлла болчу белхан 15-чу агIон тIехь (VII-гIа корта) иштта аьлла ду: «...Цу хена Маскутский паччахьо Санесана чIогIа оьгIазвоьдий, шен гергарчу кхечу Эрмалойн паччахьца Хосровца мостагIалла а лоций, гуннех, похойх, тавaспарех, хечматакех, ижмахех, гатех, глуарех, гугарех, шичбех, чилбех, баласицевх, лерсванех, кхечу а тайп-тайпанчу кхелхаш лелачу тукхамех доккха эскар а гулдой, шен дозанах а, доккхачу Кура хих а дехьа а волий, эрмалойн махка сура дарждадо...»

Кхузахь цIе яьхна долу цхьадолу тайпанаш вайнехан хьалхалера дай хилла аьлла ду историхь, масала, **гугары, похой.**

Цул сов, вайнехан истори Iамош пайда эца хьакъду Ереванерачу Матенадаран аьлла йолчу шена чохь Iалашьеш бIе эзар хьалхазаманан рукописаш, зорбанан белхаш болчу музейх.

Цу рукописаш тIехь хаамаш бу вайнехан тайпанех лаьцна а.

ЦIераш йохур вай цигахь болчу цхьаболчу белхийн:

1. Лазарь Парнеца (IV-гIа бIешо). «История Армении (1774-чу шеран рукопись).
2. Агатангелос (IV-гIа бIешо). История Армении.
3. Фавстос Бузанд (V-гIа бIешо). История Армении.
4. История Армении Фавстоса Бузанда (перевод с древнеармянского М. А. Геворгяна). Ереван, 1953.
5. Гевонд Ерец (VIII-гIа бIешо). История Армении (рукопись 1675 года).
6. Гетум (XII—XIV-гIий бIешераш). История рода рубенидов (рукопись XIII—XIV-гIий вв.).
7. Киракос Гандзакеци (1201—1272). История Армении (рукопись 1664 г.).
8. Товма Мецанеци (1376—1446). История Тамерлана (рукопись 1590 г.).
9. Аристакес Ластивертци (XI в.). История Армении (рукопись 1633 г.).
10. География (XV в.).

11. История Грузии (XII в.) (перевод с грузинского, рукопись 1683 г.).

12. Географическая карта (1242 г.) (рукопись XV в.).

13. Ананий Ширакаци. О строении Земли (VII в.) (рукопись XV в.).

14. Мовсес Хоренаци. История Армении. Амстердам, 1695.

15. Месроп Маштоц (рукопись 1308 г.).

16. Повесть об Александре Македонском (перевод с греческого V века).

И белхаш дукхах берш эрмалойн маттахь бу.

Лахахь ялор вай хIокху сохьта а Эрмалойн махкахь йолуш йолчу вайнехан меттанашца йогIучу яртийна цIераш.

Арцах (дуста нохч. Арцах (арц+ах суффикс).

Амагу (юста нохчийн лаьмнашкахь хиллачу юртан цIерца — Амга).

Арагюх, Аран, Арени (дуста вайнехан Аре, Ари-овла олуш юрт хилла ЧIебирлахь).

Акко (дуста вайнехан тайпанан цIарца — Аьккхи, меттиган цIарца — Аьккха).

Болораберд (дуста: вайнехан берд — БердакIел (юрт).

Веди (Итумкхаьллахь Ведичу, олуш юрт ю) (дуста иштта: веда, Ведана и кх. а).

Вастара (Ваштара олуш юрт ю Шуьйта юххехь, ваштарой тайпа а ду, Ваштара хи ду).

Гергера (дуста вайнехан гергара).

Гехи (Нохчичохь Гиха олуш хи а ду, ГихтIа олуш юрт а ю).

Геханист (дуста вайнехан Геханайист).

Берд.

Караберд (вайнехан берд).

Малишка (-шка тIехьа долуш дукха меттигаш ю Нохч-ГIалгIайн лаш чохь: Човхашка, Желашка, Делкъашка и дI. кх. а).

Мулки (Мулкъа олу меттиг а, мулкъой тайпа а ду нохчий). Мулкъ-стеган цIе а ю.

Мартуни (нохчичохь Марта (хи), Мартана-юрт.

Хнаберд (вайнехан а санна **-х, -ни, -т, -берд** (Хьайбах, Гуьна, Сатта, БердкIел) тIехьа долуш дукха ярташ ю Эрмалойн махке тIехь (Ацарат, Хнацах, Шурнух, Гарни, Арзни и дI. кх. а).

И дерриге а хьалхенгахь цу махкаца вайнехан хилла йолу уьйрийн лар юй-те аьлла хета. Цунна мукIарло до эрмалойн историкаша а, меттан Iилманчаша а. Цул сов, цара даре до цхьайолу цIе яьхна а, шайн махкара кхин а цIерш Эрмалойн маттаца а, кхечу индоевропейски меттанашца а тидалуш цахиларна (авторан акад. Б. Г. Джаунянца 1978-чу шарахь аьхка Еуреванехь хилла къамал).

## ЮХХЕДИЛЛАР

### ПХЬАЬРИ

*(ДІаяздина 1940-чу шарахь Сулейманов Ахьмада Зумсарчу воккхачу стагера Гелера. Лахахь далор вай цу Гелех лаьцна Ахьмадан къамел. (Цул тІаьхьа текст а).*

ХІара шира дийцар суна дийцина 90 шо кхаьчна волчу Гелас. Гела шен ворхІе а дехь дуьйна Дзумсойн уггар лекхачу лам тІехь Іаш-вехаш вара. Цунна дика бевзара Гуьржийн мохк. Дукхазза цигахь хилла вара иза, къода дІасхьа кхоьхьуш а, гергарлонаш-доттагІаллаш дІа-схьа кхоьхьуш а. Дика девзара цунна Кавказан лаьмнех дехьа довлуш, Гуьржеха доьлху некъаш: Коче, Китхьаьрие, ТІуьйли. Амма ша дуьненчу ваьлчахьана иза вацара Нохчийн махка охьа араваьлла. Цунна ца хаьара Шела мичхьа ю, Марта мичхьа ю. Иштта цунна юьйцуш хезнера Чечанхойн аре, Соьлжера гІала, Буре-гІала, ГІуоба аренаш, Тарпаз-гІала, Аштаркхие, ХІинжа-ГІала. Цуо боккъал чІогІа тамаша буора, «стиглахула лелаш нах бу, кеманаш тІехь» аьлла ас чІагІдича. Цунна гина дацара цкъа а хІаваа кема. Иштта тамаша бора Гелас цІерпоштах. Цунна иза туьйранахь буьйцуш шена хезначу саьрмаках тера хетара. Гела цхьа ког боцуш вара. Юххец варэ дІадаьккхинера цуьнан. Цуо ша бина дечган ког (протез) бара цуьнан. Дзумсойн лам дукха лекха лам бу. Цунна тІеболу некъ вуно хала а, беха а бу. Гела кхиъна ваьллачу шен масех кІантаца, церан доьзалшца оцу лам тІехь вехаш-Іаш ву. Дерриг цуьнан дайх дисина дакъа а, даьхний а оцу лам тІехь ду. Туьхий, маьхкдаьттий, боззий ду ГелагІара шарахь цкъа-шозза лахабуссий, даьттанаххий, нехчанаххий, уьстагІеххий хуьйций, я уьш ахчанах дуккий, оьцуш дерг. Гелас ша схьадийцарехь, хІокху тІаьххьарчу шовзткъа шарахь шен дай баьхначу лам тІера лаха воьссина вац иза. Иза хІумма а тамашена а дац. Иштта ду ламанийн дахар. Иштта ду ламанхойн Іер-дахар. Гела вехаш ерг, дерриг дуьненах къаьсттина ша тайпа гІайре ю, эзар шо хьалхалера гІиллакхаш а, шира туьйранаш а, хабарш а, иллеш а, кицанаш а пхьаьнош а ю кхузахь ехаш, хІумма а новкъахь а доцуш — я бусулба дин а, я йозанахь кхоллаелла литература а, я паччахьийн закон а. Гела хІинцачул 90 шо хьалха а ша ма-хиллара Гела ву, шен

коьрта чохь лардеш дӀаӀалашдина 90 эзар шарахьлера хена шираниг а долуш.

Со Гелийн хьаша ву...

Гела шен къеналло гӀелвина велахь а, иштта шен дегӀана Ӏемина гӀиллакх делахь а, даима цхьа куьг коьрта кӀел а тесна, шен дечган ког могуш болчу кога тӀе а биллина, агӀорволий хуьлу. ЦӀена йошуш ву иза шен юьхь. КӀайн мекх ду леррина лелош. Цуо Пхьаьрих лаьцна дуьйцуш, суна иза ша а тарло цуо вуьйцуш волчу Пхьаьрех. Оцу Пхьаьрас санна чӀогӀа къахегна Гелас хӀокху шен дай баьхначу лаьтта тӀехь, — охуш, ялта дуьйш, иза кхио гӀерташ, даьхний дажош, уьш Ӏаьнера дохуш, иштта къахьегна луларчу ламанан къаьмнашна-пхейшций (хевсурашций), шейшций (пшавашца), гуьржашций — гергарлонаш лелийна...

Пхьаьрих тарло суна къена Гела...

Цо буьйцуш болчу Башлам тӀехь санна генахь доцуш Ӏуьллуш луо ду, ловза арадевллачу бераша схьа а кхоьхьуш. Гонахарчу ламанашна генна лакхахь бу Дзумсойн ламанан корта. Гонахарчу ярташкахь бехаш болчу наха «Гелийн корта» олу цунах. Иштта дӀаязбина иза, кхуьнан масийтталгӀачу ден цӀе а хилла Гела. Оцу хьалха ваьхначу Гелийн цӀарах цӀе тиллина бу и корта.

1940-гӀа шо. Аьхкенан юкъ. Дийнахь сарралц некъ бира ас говрахь а, гӀаш а Дзумсойн лам тӀе волуш...

Хийлазза говр ирах ца яхалуш, тӀулгах берг дӀа ца леташ, горъетталора. Шерший, нуьйра чуьра гаъ тӀехула лаьтта вусcу со. Говр паргӀатйолий, халла ехьаш, йолало, ткъа со говран цӀога а лоций, тӀулган бердан киртигех когаш туьйсуш, тӀаьххье хьалаволу.

ГӀелъелла сан говр.

ГӀелвелла со.

Хьала мел вели, стигланна герга гӀерта со. Иштта хьалавахча стигла хьалакхача мега. ЧӀогӀа лаьа цига кхача. ХӀун ду-те цу стиглахь? Со дукха ца хьелуш, Гела волчу кхочур ву. Стигла боьдучу новкъахь вехаш ву Гела.

Лам санна къена ву Гела... Цо суна дийцира:

«Оцу дӀогарч баттатӀ доьхь-доьхьал дирзина Ӏаш дола йоӀ, кӀант гухьана? А кӀант — Села ву, вож доьхьалйирзина Ӏаш ерг Сата ю. Оцу шиннен ӀиндагӀаш ду овш. Малха йолач хена чӀогӀа къуьйсуш хилла кӀентиша Сата. Хаза зуда хилла аз. Ӏиэлиэра лачкъийна яьхьна аз Селас. Малха йолуш Селайга ца кхаьшна аз. А дӀогагӀола хьадол «жерочуо ча такхийна тача» гуйхьана? Аз Сатас доьххьара Селайца ша юьжуч буса шаьшшинне кӀел дилла ча даьхьна никъ бу. Оцу ча такхайнач тачанна юккъе цхьа хаза къегаш седарчи гойхьана? Овш седарчи дац, овш Сатин-бӀаьргех ихна хи ду. Сигал севсна овш гӀора а дина.

Овш седарчи дац, Сатин бІаьргех ихна хи ду... Иштта ду аз. Маьлхаленна нур согуш малх бу, Іиэлан нур согуш бутт бу. Оцу батта тІера сурташ Селайн, Сатийн ду, церан ІиндагІаш ду овш...

Тоххур хьалха леттитІ чІогІу шийла хилла. Нах хала Іаш хилла. ЦІи ца хилла ацеран. Селайга хилла ерриг цІи. Вай наьрт-эртихойх бевлла бу. Баккхи нах хилла а аьрт-эртихой. Берриг а ца хилла овш эрти. Цхьа берш овш кхетам болуш, хьекъил долуш хилла.

Пхьаьри цІи йолуш нерт хилла оцу хена вехаш. Цуо дина Іад, цуо бина пха, цуо йина гиэма — эггур дики а, чІогІу а хуьлуш хилла. Дики дин хилла Пхьаьрин. Турпал хилла оцуьнан цІи. Шена барзакъ а кечдина, шена герз а кечдина, цуо аьлла: «Со Селайн кхерчара вайна цІи ян воьда. Суона са ма гатделаш. Нерташа «никъ дика хилбахьан!» аьллера, новкъа дахьа мешдаьттей, кІорей, ерккий деллера Пхьаьрига. «Села хьайна тІехьа валехь, кІора тассалахь новкъа — Іаьржа буьйса хІуттург ю хьана хьоней, Селайней юккъе; буьйсанах аз тІехвалалахь мешдаьтта тассалахь — коча хатта хІуттург бу хьана шуьшшинне юккъе. Бедах санна куьг летайла хьан, бакхах санна ког летайла хьан!»

ВорхІ дийнаххьий, ворхІ бусей никъ бира Пхьаьрис. ВорхІ Іин, ворхІ лам хадайра Пхьаьрис. ДІакхечира аз Баш-ламанан юххе. Баш-лам тІи велира Пхьари шен динаца. Оцу лам тІи хаза бэцашший, зезагашший хиллера. Сигал хьалалаьсна лаьтташ хиллера а Баш-лам. КІайн олхузур деэинера Пхьарийна доьхьал. Вайн маттахь дистхилиэра аз. «Хьо хІуна виэна, хьо мича воьда?»

Со Селайн кхерчара хештиг дахьа виэна. ГІо диэ суона кІайн олхузур аьлла, дехна Пхьаьрис.

«ГІо дерг ду ас. Делехь а хьо кхераме ву. Хала ду Селайца къийса. Къиза ву Села, Лерг семи хила дизза хьан, бІаьрг сирла хила биэза хьан!» — аьлла кІайчу олхузура Села-Сатас, «Селайна халайхь хІуза воврг ву хьо, цунна ца халуш, кхерча кхевдехь тІепаза воврг ву хьо!» «Бадах санна куьг леташ ву со, бакхах санна ког леташ ву со, берзан санна бІаьрг сирла бу сан, лийгаш санна лерг сема ду сан. Со Селайна халург вац, со кхерча вужург вац», — аьлла жоп делира Пхьаьрис.

Села-Сатас элира: «Хьан дин — Турпала берг тухуш, хьа а йоккхуш байн тархаш кхийса еза Селайн кхерча, аз шелбеш, алу йожош. Цул тІехьа кхерча кховда мегарг ду...», — аьллера Села-Сатас олхузура.

Кайчу олхузура Села-Сатас ма-хьеххара Пхьаьри-нертан дино Турпала берг тухуш, йоккху байн тарх а хьа а йоккхуш шен бага а лоцуш аз Селийн кхерача а тухуш, шелбинера аз. Цул тІехьа чухьаьдда, кхерча хьалхара коьгаш тухуш, йоккху байн

тарх а хьа а йоккхуш, ка тоьхна хештиг хьа а оьцуш тІехлилхинера. Махал маса хьаьддера Турпал-дин летта. Гур-гур хазана, самаваьллера Села. ГІовттийнера цуо шен гІуллакх деш долу леча Ида а, маьрс-маьрссал цергаш йолу, кеддал боккху цхьа бІаьрг болу Іужа а, багара цІи етташ болу Саьрмак а. ТІехьа хесниэра Селас шен хьадалчаш Пхьаьрийна. Турпала аьллера:

«Суона тІехьа цхьа дур догІу. Хьажал мила ву». «Іужа ву тІекхийнна вогІуш!» — аьллера Пхьарис.

«Хьайгара ерк Іокхосса, — аьллера Турпалас. Пхьаьрис шегара ерк Іокхуьссинера. Луьста хьун хІоьттинера Іужайна хьалха. Виссаниэра Іужа хьуьна юккъе.

Юха а эллера Турпала: «Хьажал тІехьа. Суона йоккха гІовгІа хаза! Юха хьежнач Пхьаьрийна гинера тІекхийнна богІу Саьрмак.

«Іокхосса хьайгара мешдаьтта!» — аьллера Турпала.

Пхьаьрас Іокхуьссинера шегара мешдаьтта. Коча хотта хІоьттира Саьрмакан новкъа. Бисира саьрмак хотталахь.

«Стигла этткъош санна гІовгІа хаза суона тІехьа. Хьажал хІун ду!» ТІехьа хьажанчу Пхьаьрина гира тІекхачна догІуш инзаре доккха леча Ида.

«Инзарен доккха леча Ида ду тІекхочуш лаьтташ!» — элира Пхьаьрис Нерта. «Іокхосса хьайгар кІору!» — элира Турпала.

Пхьаьри-наьрта Іокхуьссира шен карар кІора.

Пен санна шех чекхвала хала долуш Іаьржа буьйса хІоьттира лечанна хьалха. БІарзделла дисира леча Ида.

ОьгІазвахара Села.

Шен цІерин кхерчара хьаийдеш, майрач нертана тІехьа Селахаьштигаш кхиссира оцо.

Хетара цара сигал лоьлхойту, латта эткъад, ламанаш херцад. Майрач нертаней, Турпал динней тІехьа оьхуш хиллера кІайн олхузур Села-Сата. Шен дегІах хьа ца кхоьтойтуш, шен динан дегІах ца кхоьтойтуш, кер кІел лэьцуш, Селас кхуьссу Селахьаштигаш пеллоьлхойтуш хиллера Пхьаьрис. Готтур оьгІазвахана Села. Ткъа оцо хьадестина шен Іержи буьйса чу йолу кит. Іержи буьйса хІоьттина Пхьаьрина шен динан лергаш ца гуш, шедан кхожа йохалла генара хІума Турпалана ца гуш. КІайн олхузур Села-Сата хьалха а даьлла шен хазачу эшарца никъ хьиэха даьлла. Цуьнан эшарна тІехьа оьхуш хилла Пхьари-наьрттий, цуьнин динний. Селайна гина овш буьйсаней совцалуш цахилар. Ткъа хьадестина оцо шен шело чу йолу кит а, Моххий, шелой, Іержи буьйсей вовшашца цхьаьний нерт Пхьаьри а, цуьнан дин Турпал а сацо, лаца гІоьртина. Ца лацавелла цаьрга, ца сацавелла майра нерт Пхьаьри а, цуьнин дин Турпал а.

«Сигла юха ма йогIойлахьа! Сигла марша ма хилда хьана!» Села-Сата сигал юха ца дахара.

Гоьзун зеIанаш а яхьаш виэнач кеддал бIарг а болуш, маьрсмаьрссал церташ а йолуш волач Iужас дIавигна Баш-Ламанан коьрте дIавиркира Пхьари-нерт. Цига хьагулбелира берриг ша, луо, шело. Нерт-эртхошка Пхьаьри паргIат ца ваккхайта багар хьа соьла Iаттош, оьгIузбахача цIи кхерстош болу саьрмак бижайра Селас цунна гоьнахь, Оцунна Iазап дан шен леча дайтира. Вертаналла цхьацца тIам а болуш, болатан зIок а йолуш, болатан мIараш а йолуш.

Иза Iохайра оцуьнан гуолаштI.

«Къурд аьллейIа, хьуо иешна хиларна? Дорко веллайхьа Iайхьа динчонна?» — аьлла хеттира Ида лечино.

«Къурд ца ола, суо иэшна вац. Ас Селайн кхерчара хештиг диэна нахана. Со дорко ца вела айса динчонна!» — жоп деллера Пхьарис. Шен болатан зIакарца эггур ховхач метта даI диллинера Идас Пхьари. Юха а хеттнера цуо Пхьарайга;

«Къурд аьллей Iа, хьуо иешна хиларна? Дорко веллайхьа динчонна?» Хьалха санна жоп ло, бах, Пхьаьрис.

Кхин цкъа а доккха даI диниэра Идас Пхьарматан дегIатI. Идас динан даIах чов хилла Пхьаьрийна. Иштта бале ву бах Пхьаьри. Цуьнга а бала лала, бах, узар ца боккхуш, бIаьрхи ца догIуш Пхьарийн дин — Турпала а бу, бах, оцу Башламанан хьехачу лаьтташ Дууш доцуш, молуш доцуш.

Села-Сата олхазар ду бах Пхьаьрига шена тIера боккха бала лайта, цунна хаза эшараш лоькхуш. Наггахь, эрке юккъе яьлча, хотеш гIана дукъделча нах бехач догIу хаза олхузур Села-Сата.

ХIунза аз кIайн дац, ткъа можа, цIен, Iаьржа сийна лепаш ду: сиглара хаьштиг дахьаш Селас тIехьакхийсинан хештигаша мерцина аз.

Селайн санна, шен-шен цхьацца кхерач а болуш кхерач буьззина цIи а йолуш бехаш бу хIунза нах.

Кхерач — сийлахь бу. Эггур хаза, шера кхераг хоржуш кечба беза кхерач.

А кхерач вайна белларг Пхьаьри ву. Пхьармат ву.

## ПХЬАРМАТ

(ДIаяздина 1937-чу шарахь Сулейманов Ахьмада шен дегара Муртазалиев Сулимера Итумкхаьллахь).

Хьуона дала дикин дийцарг, дикинца хьуо дукха вахарг, вуонна хьуо тIиэхьа тийттарг, дикинна хьуо хьалхавахарг, дийциней, аьллей хIундо хьуона, ас цхьа туьйра дуьйцург ду

хьуона, тур-тамаша буьйцург бу хьуона... Лийган лергаш самадахалахь, бертин бIаьргаш серладахалахь!

Мацах хьалха а дIога гуш долу шан-ламанаш хIунцачол кхин а лекха долача хенахь, церан кортошка хIунца санна лой, шай а доцуш, тайп-тайпана зезагашший, хаза хьожа йолу бецашший йолача хенахь, ткъа кIоргача Iаннашкей, ламанан басашкей даиманна а ца дешаш луой, шай долача хенахь хилла аз.

Ас хьуона дуьйцург ду дIогарчу Баш-Ламанани коьрте луо маца дуьйна Iаллаш ду, ас хьуона дуьйцург ду шерачу аренешкей, ламанан басешкей хаза хьожа йолу бецашший, тайп-тайпана зезагашший маца дуьйна ду. Оцу хенахь вайн дай, наьрт-аьрстхой кIоргачу Iаннашкей, лекхачу бIаьвнашкей, хьехаршкей бехаш-Iаш хилла.

ДIогара ламан тарх санна баккхин хилла овш. Церан говраш а хилла иштта яккхин.

Черчий санна ницкъ болуш хилла наьрт-аьрстхой, берти санна майра хилла, цIокъаш санна каден хилла, цхьогалаш санна мекара хилла наьрт-аьрстхой.

Катохе, атта хьаякккхе, ламанан тарх дIакхуссуш хилла ацара, мохь тохе ламанаш декош хилла ацара, цIогIа тохе сигланаш егош хилла, делахь а гIорусиз хилла овш — цIи ца хилла ацеран.

Шийла хилла наьрт-аьрстхой, гIийла хилла наьрт-аьрстхой, балехь хилла наьрт-аьстрохй — цIи ца хилла церан.

Ткъа ницкъ болу Села къиза хилла, Iазапен хилла.

Аз хилла сиглан да, цIи а цуьнан долахь хилла.

ХIун пайда бу ницкъан, цунах адамашна дикин долуш ца хилча?

ХIун пайда бу ницкъан, цунах адамашна Iазап-бала хуьлуш хилча? Наьрт-аьрстхошна шегара ницкъ гайта, хьоркунаш тIи а хоий, сиглан Iаьрчешна тIигIола дIай-схьай херкалуш хилла Села. Сигла къекъаеш, инзарен йоккху гIовгIа гIиттош а, сигла каглуш санна, декъанаш хуьлуш тIийоьлхуш санна хотойтуш хилла оцо.

О! Ма инзардохуш хилла оцо адамаш!

О! Ма кхерам боссош хилла оцо летта!

Села Iаш волу сиглан Iаьрчеш даиманна а Iаьржачу мархаша хьулдина хилла. ДогIунах юзайей мархаш летта йоркойтуш хилла Селас. Ткъа а догIу баккхайра ша-къору хиллиэ летта боьлхуш хилла, нахана тIи кхин а боккха бала боссош, кхин а доккха Iазап доссош. ЦIарах-нуьрах дина Села-Iад буйна лацае, летта селахаьштигаш кхуьссуш хилла оцо, дерриг а хIаллакдеш.

Дикиннеий, воннеий а Селин долахь дера.

Вонна комердча вера Села, дикинна мекир-сутур вера.

Дики — къаьхьичу къица къовссе доккхура наха, вон — Селас луш дера. Стигланней, леттиней юккъе даиманна а мостагIал хилла!

Саганей, Селиней юккъе даиманна а къийсам хилла!

Наьрт-аьрстхой баланей, халаной чIогIаха мал таIин, гIадоьхуш хиллера Села, Села гIад мал ихи гIайгIане хиллера Сата, Селин езар, наьрт-аьрстхойн нана. Сатина чIогIа лаьра наьртаьрстхошна гIо дан, делехь а Селих кхоьрура аз.

Оцу хенахь ломахь вехаш хиллера ницкъ болу наьрт Пхьармат. Говза пхьар хилла Пхьармат. Дикичу дашах наьрташна таррашший, турсашший, гIагIанашший деш хиллера цуо шийлачу боьрзанах. Ткъа дикин дош дезин лоруш ду ломахь: ирс хилда хьан! Аьтто болдахь! Толам-хьоьгахьа! Марша лелалда!

Пхьармат эсала, комаьрша, ницкъ болуш ший наьрт хилла. КIезиг луьйш хилла аз, дукха ойла еш хилла цуо. Цуо ойла еш хиллера хIун дича гIо хирг дара техь нехан бохуш, хIун дича ялург ера техь жоьжахатара цIи, бохуш. Селас луш ма ца хилла аз бертахь!

Ша дуьне чу ваьлчахьана нахана юккъера дикин мел дерг хьагулош хилла оцо: ницкъ, каден хилар, ира хьекъал, хIилла, собур. Цуьнан дин Турпал гIоттуш ломахь поркъат лелаш хилла.

Наьрташа олуш хилле: — Дин нуьйраней, берачонней кIелахь бахчала, къонаха — къинхьегамней, къийсамеххьий вахчала. Хьан Турпал даим паргIат лелаш хIуна ю?» — Пхьармата жоп луш хиллера: «Сан говр яхчаелла ю. Шен хан кхаьчча, сан говра жоьжахатара хештиг дахьарг ду!» — Наьрт-аьрстхой Пхьармата дуьйцучох догцIена буьйлуш хиллера. Ткъа Пхьармата нехан гIайгIанна хIун гIоли ерг ера техь, бохуш, шен ойланаш еш хиллера.

Цхьана дийнахь Пхьармата шен Турпале мохь туьйхира Оргунан чIож декош, ламанаш декош, сигларачу ницкъ болу Селайга, самаваькххина, ха харцойтуш. Гена лама ехаш лела Турпал дена доьхьал терсара Оргунан толгIеш санна ламанаш меттахьхьадеш, Оргунан хиш шайн бердашкара арахьовдуш, шаш лаьтта-лаьттача лацаделла совцуш. Ткъес санна маса кхечира Турпал шен дена доьхьал.

Кара ийцира чхьонкар, пхьаьрсах къевлира булин неIарах йина турс, коча тессира секхаIад, хентIа уьллира кхерайх юьззина хумпIара, дегIа дерзайра гIагIа, юкъах диркира тур. Шен Турпална нуьйр а тиллина, хьехан маIа юьззина йий дIа а мелла, «Бакхах санна ког латайталахь, бадах санна куьг латайталахь!» аьлла дина а хайна, цкъа а цхьа а ца ваханчу, ваханарг юха ца венчу новкъа велира аз.

Наьрт-аьрстхоша Пхьармт воьдача новкъа барц херцира никъ хилайта, аьлла, макхах буьззина морк хIоттайра «воьдаш вайн-веса, вогIуш веза-вуьзна хилда!» аьлла.

Дукха ихира Пхьармат. ВорхI дийнаххьий, ворхI бусей никъ бира цуо. ВорхI Iин, ворхI лам хадайра цуо. Шена тIи Села вехаш йолу сигал хьалалаьсна лаьттачу эггур лекхачу Баш-Ламанан дуьххье дIакхечира аз.

Халачу басашкагIола никъ бира Пхьармата Баша-Ламанан коьрте волуш. Баш-Ламанан коьрте хаза хьожа йолу бецашший, тайп-тайпана зезагашший, хаза дека олхазаршший дера.

Оцу Баш-Ламанан коьрте наггахь садаIа юссуш хиллера мелхан кур догу Сата, Села-Сата, Селин езар, наьрт-аьрстхойн нана.

КIайн олхазар хилла доьхьал елара аз Пхьарматана. Адаман маттара йист хилира аз: — ХIей ницкъ болу наьрт! Хьо лан-тара ца ваьлла окху Баш-Ламанан коьрте.

— Бакъду аз, комерча олхазар, со лан-тара ца ваьлла Баш-Ламанан коьрте. Со Селин кхерчара хештиг дахьа вена, аз доцуш юхавоьрзург волуш а вац, — аьлла жоп делла Пхьармата.

— Дикачу гIуллакхана араваьллачун никъ дика хирг бу. Ас гIо дерг ду хьан. Дин маса буй хьан? — хеттинера Села-Сатас.

— Махал маса бу сан дин.

— Ницкъ болуш буй хьан дин?

— Ницкъ болуш бу сан дин. Цуо берг тоьхча хьоста болу.

— Ницкъ болуш вуй хьо хьуо?»

— Сан буйна шийла боьрза бакхал, балозал кIеда ду, — аьлла, жоп деллера Пхьармата Села-Сатийна.

Села-Сатас дийцинера Пхьарматана, муха, мича некъа Селин кхерча кхачалург ву а, цу чуьра хештиг муха эцалург ду а.

— Села хIинца вижана ву. Мох санна черка хьайн дин дIа а харке, Селин кхерча тIигIола кхоссабалайта. Оцу метте чукховде, катохе Iа хештиг хьаэца, юха хьайн дин нисса Баш-Ламанехьа харка. Коьртах ларделахь! Инзарен ву Села! Къиза ву Села! Аз самавалахь дийна дIагIорг вац хьо, я хештиг летта дIа а кхачорг дац Iа.

Иштта Сатас ма-хьеххара дира Пхьармата гIуллакх.

Черка харкабелла, жоьжахатана тIигIола кхоссабелира Пхьарматан дин. Оццу хена Iокхевдана жоьжахатана чоьра хештиг хьа а эцна, Баш-Ламанан коьртехьа херкира Пхьармата шен дин. Турпалдин дукха маса хьадарна, хештига тIера гIевттанача сараша деха цIога дира Пхьарматана тIехьа. А сараш меран Iуьрга а дахана самавелира инзарен Села.

ЦIи караеча саг ницкъ болуш а, майра а хирг вуйла ховш,

шена, Селайна доьхьалваларг вуйла ховш, чIогIа кхеравелира Села.

Ницкъ болу орцу декхира цо майрачу наьртана тIаьхьа. Iержа буьйса чу йолу кит хьадестира Селас. Пхьарматана шен куьйган пIелгаш ца гуш, динан лергаш ца гуш, Iаржъелира. Наьрт а, цуьнан дин а са ца гуш дисира. Эрка дахана хIаллакьхиларан кхерам бера царна, ткъа тамашен-хазан олхазар Села-Сата хьалха а даьлла шен хазачу эшаршца никъ хьехан делира царна.

Селайна гира Iержичу буьйсанан Пхьармат а, цуьнан дин а сацо ницкъ цакхачар. Ткъа цуо хьадестира черка дарц чу шен шоллагIа кит. ЧIагIачу дарцой, Iержичу буьсаной цхьаьни хIаллакврра майра наьртий, цуьнан динний. Амма хазачу олхазаро никъ хьоьхура царна шен эшаршца. Майрачу наьртана гира дарцо шен хештиг дойуш. Ойла ца еш шен чие дуьллира цуо аз. Iаьаллин хелхарца майрачу наьртана гоьнахь хьийзара чIогIа дарц. Дукха чIогIа лесторна Оргунан хиш мокхазаран чIожара юьстахкхиссинера, даккхи нежнаш орамашца бухдаьхна, чомхаьлгаш санна, сиглогIала идош хиллера. Селайна гира я Iержича буьсане а, я чIогIача дарце я майран наьртий, цуьнан динний ца сацалуш, зен-зулам доцуш сиглан орцунах овш кIелхьарабовлуш хилар. Ткъа хьадестира Селас шен морца шело чу йолу кхозлагIа кит. Морцачу шелоной тархаш лелхайтара, ламанаш хьабайнера, делахь а майра наьрт Пхьарматтий, цуьнин Турпал-динний хьалхахье дIауьхуш хиллера. ЧIогIа кхеравеллера Села.

Цунна гира майра наьртий, цуьнин динний Баш-Ламанан Iо дуьхе кхочуш, хьеха чу бахана овш къайлабовлуш. Эццига инзаре-чIогIа чIирвоьлла, цIерах-нуьрах дина Села-Iад хьа а эсна, наьртана тIехьа Селахьаштигаш кхисса велира аз.

Селахаьштигаша ламанаш лестодора, гIорайна шовдана довладеллера, ткъа Оргунан толгIеш къеркана жа-матта санна ламанан басеш-кагIола дIай-схьай хьеддера, ламанан лекха терхаш, дийна йолуш санна меттаххьера. Морцачу шелоней а, чIогIачу дарце а, Iержачу буйсеней а, селахештагашка а ца хьавзавелира, ца сацавелира майра наьрт Пхьармат а, цуьнин дин Турпал а. Шаьшка хьуьйсуш наьрташ лаьттачу йоккхачу хьеха чу дIакхечира овш.

— ХIан! Яр ю шуна цIи! — элира Пхьармата цецбевллачу наьрт-аьрстхошк.

ХIора бIавна чу, хIора хьеха чу, хIора цIа чу йоккху ало гIаттаелаш! ХIора цIа чу хилайталаш цIиэ хилайталаш йовхо, серло! Хилда шу ирс долуш!» — элира Пхьармата. Ткъа цу хенахь лаьмнашка инзарен-йоккху гIовгIа ера. Сигла ера летте гуттаренна а къийсам хьебеш!

— Ирс долуш хилда шу! — юха а мохь туьйхира майрачу

наьрто. Оцу хена лаьмнашка инзаре-йоккху гIовгIа ера. Деттара селахаьштигаш, къекъара сигла...

— Ирс долуш хилда шу! — юха а мохь туьйхира майрачу наьрто. — Со Iазапе вуожа везаш ву! Селан оьгIазал шуна тIера дIааййа ас суо дIалург ву! Суона гIайгIане ма хилалаш!

Майра нарт Пхьармат, хьеха чуьра араваьлла, селахаьштигашней, шелоней, Iержичу буьйсанней, дарцаней доьхьал дIавахара, Баш-Лам тIи.

Цуьнан коьрта тIигIолла селахаьштигаш лелхара, дарцо аз дIайохьай веттара, цуьнан куьйгаш, коьгаш шелонна дахканера. Iержачу буьсане гуо бинера цунна, — аз Села вера оьгIазал Iетто, оьгIаз ваханчара васта ца луш.

Шен сиглан Iаьрчешка Баш-Лам тIе хьалавогIуш майра наьрт Пхьармат вайча, Селас маьллаша катташна дIачууьйзира дарцций, шелой, буьйсей. Аренашкара, Iаннашкара, ламанийн басешкара луо дешаш, гIура йовлалуш, мIеллиша Пхьарматана тIехьа хьалайоьдара Баш-Ламанан коьрте. Баш-Ламанан корта лайн, шайн йийсаре бахана дIахIоьттара, цкъа а кхин дIа а ца яккха цуо шен коьртах лайн кIайн башлакх хьарчайна.

Мохь туьйхира Селас: — Айхьа сиглара ехьначу дIарах хьегавойла хьо, йовхонах хьегавойлахь! — аьлла.

Шен тешаме лай цха бIаьрг болу Iужа вахайтара Селас боьрзанан зIенаш а эсна Пхьарматана дуьхьал. Цхьа бIаьрг болачу Iужас боьрзана зIенашца Баш-Ламанан коьрте дIавиркира Пхьармат.

Селас сардам боьллира цунна.

Эта дуьйна иштта ду: дерриг а дикин мел долчонна дала наьIалт кхайкхайна! Дала наьIалт мал кхайкхайнарг адамо декъала дина!

Сигланней, леттиней юккъе даиман мостагIал ду!

Саганий, Селайней юккъе къийсам бу!

Массо а Iура, дIавиркина воллачу Пхьарматана тIи а догIа дерриг олхазарийн эла Ида. Пхьарматан голаш тIи Iо а хой, моссузза а цхьа хаттар до оцо:

— ХIей, декъаза Пхьармат! ХIей, къинен Пхьармат! Дорко ваьллайхь айхьа динчонна? Хьо дорко ваьллехь, ас хьаверг вац хо, ца ваьллехь, хьан даIах дуург ду ас!

Шен хин долча инзареча Iазапан ойла ца еш, готтура а цхьа жоп ло бах Пхьармата:

— ХIан-хIа! Со дорко ца ваьлла. Ас нахана ирс делла, ас нахана йовхо, серло елла! Дина ваьллачу дикача гIуллакхана дорко вал амегарг вац!» — Ткъа Ида шен болатан зIок мокхазан терхах хьакхе, ир а яй, Пхьарматан даIах даа долала бах.

Пхьармата-наьрта цхьа узар ца боккху. Цуьнин бIаьргаш цкъа а тIун ца ла. Доккхачу доьналлайца, воха ца вухуш лов

цуо а доккха Іазап а, доккха лазар а. Оццу хена дуьйна хьа ду вайнехан, наьрт-аьрстхойн: къонаха велха мегарг дац!

Оццу хенахь дуьйна хьа Іалаш ду-кх Баш-Ламана коьрте луо, ша. Пхьармат дІавиркича Баш-Ламанан коьрте Селас хьалагулайнакх аз. Аренашкара, Іаннашкара, ламанийн басешкара Пхьарматана Іазапна, аз даиман йовхонах хьего.

Оццу хенахь дуьйна хьа ю-кх ламанан басешка, Іаннашка, аренашка йовха. А йовхо Пхьармата сиглара йиэначу цІарах хьалаяьлла ю-кх. Оццу хенахь дуьйна хьа ю-кх ламанийн, лахенашка хаза хьожа йолу бацашший, тайп-тайпана зезагашший, хаза дека олхазаршший, ткъа Баш-Ламанан кортошка шийла гІура ю, даима хьоькхуш дарц, цкъа ца баша чІагІбелла ша бу. Цигга дІавиркина ву-кх Пхьармат. Аз даиманна а доккхача Іазапехь валлорг ву, амма цкъа лерг вац аз.

Турпал ца ле!

Турпал даим веха!

ИЗДАТЕЛЬСТВЕРА

Хьоме доттагIий! Аша тидамтIебохуьйтуш йийшира хIара книга. Вайн маттах, исторех лаьцна дуккха а керланиг, хьалха девзинадоцург хиъна шуна. Делахь а дуккха а хаттарш а кхолладалийтина шун ешначу книго. Ларамаза дац иза.

Ешархошна тIекхачале дукха шерийн некъ бина кхо. Цхьа ша тайпана ю хIокху книгин истори. Пхийтта шо хьалха зорба а тоьхна, тираж кечъйинaчу хенахь, административно-омаран системан — Нохч-ГIалгIайн директивни органийн векалша хIара книга араялар зуламен лерира. Туьканашка дIасаяхьа кечъйина йолу кху книган тираж къинхетам боцуш хIаллакйира. Жоьпе озийра книга зорбане яла магийнарш а. Авторана дихкина дара книги тIехь юьйцу тема зорбане яккха.

Делахь хIета и гIуллакх хилла а, лелла а дукха хан яьлла. Замано шен хорша дерзийна дерриге а. Авторна-Iилманчина шен талламаш шуьйрачу халкъашка бовзийтар доьхкуш йолу хан юхаерзар доцуш дIаяьккхина гласность а, демократи а вайн дахаре юкъаялоро. Амма цхьаьнаметтехь лаьтташ дац вайн дахар. Iилма а кхиъна, хIокху книгина тIерачу цхьа йолчу проблемашка хьежар кхечу кепара ду тахана.

Ларaме книгашъешархой! Шун карарчу книгина тIехь билгаладинчу цхьадолчу хIумнашка хьежар издательствон а, авторан а цхьаьна ца догIу. Делахь а хетарийн плюрализм тидаме а оьцуш, книгина зорба тоьхна.

## ДАЦДАРАН СПИСОК

Нохч. — нохчийн
скиф. — скифийн
балк. — балкарийн
авест. — авестийский
хIир. — хIирийн
гIалгI. — гIалгIайн
акад. — академик
агульск. — агульский
табас. — табасаранский
адыг. — адыгейский
ав. — аварский
абаз. — абазинский
лак. — лакский
абхаз. — абхазский
каб. — кабардинский
хакуч. — хакучинский
итумк. — итумкалинский
шат. — шатойский
гIумк. — гIумкийн
тюрк. — тюркски
монг. — монголийн
оьрс. — оьрсийн
соч. — сочинени
АКАК — акты кавказской археологической комиссии.




**Шира заманлерачу хьалхарчу Азин карта.**

**Ткъаба-Ерда Къилба-Малхбален агIора йолу чуволийла.**





Эгикхал юьртал бIаьвнаш.



ЖIаран сурт тIехь тIулг.



Каш.

**Ыов.**





Ламанан Нохчийчоь.



Тьэзбича. Ламанан Нохчийчоь.



Эрзи. Ламанан ГӀалгӀайчоь.



Чурт.



Хьалхалера каш.



Таьзбичуьра ши бІов.
Шуьйтан район.



ТІаргим. Ламанан ГІалгІайчоь.



Эрзи. Фрагмент.



ВIовнушка.

Эрзи.





Эгикхал. ГӀалгӀойчоь.



Шелара маьждиг. 1910 шо.

## ЧУЛАЦАМ


Авторера . . . . . . . . . . . . . 3

Мичахь баьхна вайнах хьалха заманахь? . . . . . 5
Вайнах схьабовларх лаьцна . . . . . . . . . 8
Вайнехан меттан Урарту пачхьалкхан маттаца хилла йолу уьйр 8
Вайнехан, скифийн юкъаметтигаш . . . . . . . 27
Муха хилла вайнехан Іер-дахар генна хьалха заманахь . . . 32
Юкъараллин дІахІоттам муха хилла вайнехан хьалха заманахь . . 40
Муха лоруш хилла хьалхалерачу вайнаха шайн тотемаш а, деланаш а? . . . . . . . . . . . . . . 43
Керста динехь хиллий-те вайнах? . . . . . . . . 49
Кхечу къаьмнашца вайнехан хилла юкъаметтигаш . . . 51
Вайнехан фольклоран кхечу къаьмнийн фольклорашца йолу уьйраш . . . . . . . . . . . . . . 54
Вайнехан тайпанийн схьадовларх а, церан цІерех а лаьцна . . . 58
ХІун боху вайнехан тайпанийн цІераша? . . . . . . 62
Нохчмахкарчу тайпанийн цІераш . . . . . . . . 67
ЧІебирлойн тайпанийн цІераш . . . . . . . . . 72
Шуотуойн тайпанийн цІераш . . . . . . . . . 75
Нохчийн кхидолчу тайпанийн цІераш а, фамилеш а . . . 77
ГІалгІайн тайпанийн, фамилийн цІерех лаьцна . . . . 80
Эрстхойн тайпанаш а, церан цІераш а . . . . . . 86
Вайнехан меттан адамийн долахь цІераш . . . . . . 88
Муха тоххуш хилла вайнаха шайн берашна цІераш . . . 88
Вайнехан ваьран (родан) дІахІоттамах бухадисинчу цхьадолчу гІиллакхех лаьцна . . . . . . . . . . . . 92
Нохчийн цхьайолчу яртийн исторех лаьцна . . . . . 93
Вайн яртийн, хийн цІераш мичара схьаевлла? . . . . 98
ХІирийн-аланийн меттан меттигийн, хийн цІераш . . . . 99
ГІебартойн меттан яртийн цІераш . . . . . . . 100
Тюркски меттанийн цІераш . . . . . . . . . 100
Кхечу къаьмнийн меттан яртийн цІераш . . . . . 104
Вайнехан меттан цхьайолчу яртийн цІераш . . . . . 105
Вайнехан хийн цІераш . . . . . . . . . . 109
Мичара схьадаьлла-те нохчий боху дош? . . . . . . 117

Мичара схьаяьлла-те гӀалгӀа боху цӀе? . . . . . . . 124
Устрадуой — оьрсий, нохчий, гӀумкий . . . . . . 129
Муьлаш бу хурриташ? . . . . . . . . . . 136
Іуьйре, суьйре . . . . . . . . . . . 139
Шубриа — кхин цхьаъ хуррийтийн пачхьалкхе . . . . 142
Шемахула . . . . . . . . . . . 145
Кхин цкъа а хамекитех лаьцна . . . . . . . 148
Даим олуш хилий-те Органах Орга? . . . . . . 154
Мотт схьабаларх а, кхиарх а лаьцна . . . . . . 158
Вайнехах а, Кавказан кхечу къаьмнийх а литературера цхьаболу хаамаш . . . . . . . . . . . . 162
Юххедиллар . . . . . . . . . . . 168
Пхьаьри . . . . . . . . . . . 168
Пхьармат . . . . . . . . . . . 172
Издательствера . . . . . . . . . . 179
Дацдаран список . . . . . . . . . . 180

Кати Зайндинович Чокаев

**НАШ ЯЗЫК — НАША ИСТОРИЯ**

Редактор **И. А. Ирисханов**
Художественный редактор **М. Б. Магомаев**
Технический редактор **С. П. Липатова**
Корректор **А. В. Арсамирзаева**

ИБ № 1946
Сдано в набор 18.02.1991 г. Подписано к печати 8.07.1991 г.
Бумага офсетная № 2. Формат 60x84 1/16. Гарнитура школьная.
Печать высокая. Усл. печ. л. 11,16 Усл. кр.-отт. 11,62. Уч.-изд. л. 12,08.
Тираж 5 000. Цена 3 р. Заказ № 954.

Чечено-Ингушское издательско-полиграфическое объединение «Книга» Государственного комитета Чечено-Ингушской Республики по делам издательств, полиграфии и книжной торговли. 364907, Грозный, ул. Субботников, 35.